# Гугъэ Орэдхэр

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр
Москва 2007

# ГУГЪЭ ОРЭДХЭР

ЗэзыдзэкIыгъэр **Къуекъо Налбый Юныс ыкъу**
Тхылъыр зыгъэкIэрэкIагъэр **Бырсыр Абдулахь Махьмудэ ыкъу**

**ЯшIошIыхэр къыраIолIэнхэм пае**
**ibt_inform@ibt.org.ru**

ISBN 978-5-93943-115-6 

# Пэублэ гущыI

## *Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэр!*

Библием щыщ тхылъэу «Ижъырэ Зэзэгъыныгъэр» зыфиIорэм иIахьыгъоу «Гугъэ Орэдхэр» адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэхэу уапашъхьэ илъых.

«Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм» хэхьэх: Тауратыр, ащ Мосэ и ТхылъитфыкIэ еджэхэуи мэхъу, тхьэлIыкIомэ ятхылъхэр, гъэсэпэтхыдэхэр, тарихъхэр, усэхэр зыдэт тхылъхэр.

«Гугъэ Орэдхэр» – усэкIэ тхыгъэ тхылъэу Библием дэтмэ ащыщ, ахэр куп заулэ хъухэу зэхэгъэуцогъэ дин орэдых. Урыс синодальнэ Библием мы тхылъыр «Псалтирь» ыцIэу дэхьагъ, ащ къежьапIэу иIэр Септуагинтыр, урымыбзэкIэ зэдзэкIыгъэ «Ижъырэ Зэзэгъыныгъэр» ары. Тхылъым ыцIэу «Псалтирыр» «Орэдхэр» ыIоу зэбдзэкIыми хъущт. ЩыIэх «ЗабуркIэ» зэджэгъэхэ зэдзэкIыгъэхэри.

Тхьэ гупшысэр мэхьэнэ купкIэу зиIэ а орэд зэхэугъоягъэхэм джуртмэ шъхьэу фашIыгъэр «Щытхъу тхылъ» е «Щытхъур». Тхылъым гухэлъ шъхьаIэу

иIэмэ ащыщыр щытхъум къегъэлъагъо: сыд фэдэ къэIуакIэ яIэми, зэкIэ орэдхэм Тхьэм ищытхъурэ илъэкIырэ къаIуатэ. Орэдэу 71:20-м нэмыкI шъхьэ къыхагъотагъ: «тхьэлъэIухэр». Ари тхылъым имэхьанэ къыпкъырэкIы, сыда пIомэ лъэкI пстэури зыIэ илъ Тхьэу гукIэгъушIым непэ цIыфым ищыкIэгъэ шъыпкъэхэр лъыгъэIэсыгъэнхэм усэхэр фэлажьэх. Арышъ «Гугъэ Орэдхэр» – гъэшIэнмэ апхырыкIэу Тхьэм ицIыфмэ ягимн-тхылъ, ятхьэлъэIу-тхылъ.

ГушIуагъом, Тхьэм ищытхъу, Ащ цыхьэу фашIырэм анэмыкIэу «Гугъэ Орэдмэ» къыраIотыкIы цIыфхэм агу зыгъэкIодыхэри, зыгъэгубжхэри, пыим щынагъоу фыряIэри, япсэкIодшIагъэхэмкIэ зэрэкIэгъожьхэри. Орэдмэ ащыщыбэхэм къэхъущт-къэшIэщтыр къащыIотагъ, ахэм тызщагъэгугъырэм ащыщ Тхьэихэх къызэрэкIощтыр. Исус Тхьэихэхэу зэрэщытым ехьылIагъэу орэдмэ зигугъу къашIыгъэхэр къызэрэшъыпкъэжьыщтхэр Ежь Исуси Ащ иапостолхэми «ЗэзэгъыныгъакIэм», «КъэбарышIум», къыщаIо. Джащ фэдэу орэд заулэмэ къагъэлъагъо Исус чIыгур ыгъэIорышIэнэу Тхьэм зэригъэнэфагъэри (я 2-рэ, я 109-рэ Орэдхэр) цIыфлъэпкъым ипсэкIодшIагъэмэ апае къин ылъэгъужьынэу (я 21-рэ Орэдыр) къызэрэпыщылъри.

Тхылъым ыцIэ адыгабзэкIэ къызэрэIуагъэм – «Гугъэ Орэдхэр» Тхьэм зэрэщыгугъыхэрэр къегъэнафэ, орэдмэ янахьыбэ зыфэгъэхьыгъэри джары.

«Гугъэ Орэдхэр» орэди 150-у зэхэтых. Мы гъэпсыкIэм ахэр еуцофэхэ охътабэ блэкIыгъ, ащ фэдизым орэдмэ ащыщхэр зэхагъахьэхэзэ, зы ашIыгъэх. Дин Iофыгъохэу, Тхьэ фэIо-фашIэхэу гъэпсыкIэ зэкIэлъыкIуакIэ зиIэхэм илъэс мин е нахьыбэ хъоу уахътэ къызэрэзэпачыгъэр «Гугъэ Орэдхэм» къахэщы.

Орэдмэ анахьыбэр тызхэт лъэхъаным ыпэкIэ илъэс шъиплIыкIэ узэкIэIэбэжьмэ атхыгъэх, джащ дэжьыр ары (тилъэхъан ыпэкIэ илъэс 1000-600 фэдизым) Даут илIакъо Израиль ыIэ зилъыгъэр. Даут нэмыкIэу, орэдмэ ацIэмэ къызэраIорэмкIэ, ахэр зытхыгъэмэ ащыщых Мосэ (я 89-рэ Орэдыр), Сэлмэн (я 71–рэ, я 126-рэ Орэдхэр), Къорахъ ыкъохэр (я 41–48-рэ, я 83-рэ, я 84-рэ, я 86-рэ, я 87-рэ Орэдхэр), Асаф е ащ ыкъохэр (я 49-рэ, я 72–82-рэ Орэдхэр), Езрахъ ыкъоу Етан (я 88-рэ Орэдыр).

«Гугъэ Орэдхэр» зыфэтIорэ тхылъыр джуртхэр бабилэн гъэрыпIэм къызекIыжьхэм къыщегъэжьагъэу щыI.

ЯпчъагъэкIэ 150-рэ хъухэу зэхэугъоегъэ орэдхэр тхылъитфэу бгощынхэ плъэкIыщт: Апэрэ тхылъыр – 1–40-рэ орэдхэр, ЯтIонэрэ тхылъыр – я 41–71-рэ орэдхэр, Ящэнэрэ тхылъыр – я 72–88-рэ орэдхэр, ЯплIэнэрэ тхылъыр – я 89–105-рэ орэдхэр, Ятфэнэрэ тхылъыр – я 106–150-рэ орэдхэр.

Тхылъ пэпчъ Тхьэм инэшIущыфэныгъэкIэ къеухы, гущыIэм пае, я 40-рэ Орэдым ия 14-рэ стих: «ЛIэуж зэкIэлъыкIохэм щытхъур ий Зиусхьаным, Израиль и Тхьэ! Амин, амин!»

Апэрэ Орэдым тхылъым кIэкIэу ущегъэгъуазэ, Тхьэм ыпашъхьэ щыкъабзэм Ащ ынэшIу зэрэщыфагъэр къыщеIо. Я 150-рэ Орэдыр – ятфэнэрэ Iахьэмрэ зэкIэ «Гугъэ Орэдхэмрэ» яаужырэ нэшIущыфэныгъэ гущыIэхэмкIэ къеухы. Ащ къызэрэщиIоу, зэкIэ псэ зыпытхэм Тхьэм щытхъу фашIын фае.

Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхмэ афэдэу, адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэ орэдмэ янахьыби шъхьэхэр яIэх. Ахэр къызтегущыIэхэрэм елъытыгъэу уцогъуитфэу зэтеуутынхэ плъэкIыщт: орэдыр зытхыгъэм

ыцIэ къэзыIохэрэр, (гущыIэм пае, я 15-рэ Орэдыр: «Даут иорэд»), ащ орэдыр зыщатхыгъэ лъэхъаным инэшанэхэр къегъэнафэ (гущыIэм пае, я 3-рэ Орэдыр: «Даут ежь ыкъоу Абищэлэм зыIэкIэкIыжьым ытхыгъэ орэд»), орэдыр къезгъаIохэрэм афэгъэхьыгъэхэр (гущыIэм пае, я 59-рэ Орэдыр: «ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай»), жанрэу орэдыр зэрэтхыгъэр (гущыIэм пае, я 7-рэ Орэдыр: «Гъыбзэ»), Тхьэм фэлажьэхэ зыхъукIэ, орэдыр зэрэбгъэфедэщтыр (гущыIэм пае, я 91-рэ Орэдыр: «Шэмбэт мафэм къаIорэ Орэд»), нэмыкIхэри.

Урысхэм, чIынэлъэ зэфэшъхьафхэм ащыпсэурэ цIыф лъэпкъхэм абзэхэмкIэ зэдзэкIыгъэ зырызхэр зэрэгъэпсыгъэхэм фэдэу, адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэ «Гугъэ Орэдхэми», шъхьадж къызтегущыIэрэм елъытыгъэу, шъхьэхэр яIэх. (ГущыIэм пае, я 4-рэ Орэдыр – «Пчыхьэшъхьэ орэд»). Орэдхэр зэкIэ зэнэшэнэгъухэу куп заулэу зэтеуутынхэ плъэкIыщт: Тхьэм щытхъу фэпшIыныр, Тхьэм уфэрэзэныр, гъыбзэр, Ерусэлэм ищытхъу пIоныр, Тхьэм шIошъхъуныгъэу фыуиIэм фэгъэхьыгъэ орэд, израиль пачъыхьэхэр пачъыхьагъум техьэхэ зыхъукIэ, къафаIорэ орэдхэр, Iушыгъэмрэ Тхьэм ыпашъхьэ ущыкъэбзэнымрэ яшIуагъэ къэзыIотэрэ орэдхэр, Тхьэм и Унэ къыщаIорэ орэд-мэкъамэхэр.

Орэдхэр зыусыгъэм гухэлъэу иIагъэмрэ ащ орэдым гъэпсыкIэу фишIыгъэмрэ ялъытыгъэу «Гугъэ Орэдхэр» мыщ фэдэу зэтеуутынхэ плъэкIыщт:

1. Щытхъу пшIыным и Орэдхэр

Зэрэхабзэу, Iахьыгъуищэу зэхэтых: (1) Тхьэм щытхъу фашIыным фэгъэблыгъэнхэр, (2) Тхьэм щытхъу фэпшIыным иушъхьагъу, (3) Тхьэм щытхъу фашIынэу

къызыряджэгъагъэхэр джыри зэ къэпIожьыныр, ушъыйхэр, лъэIухэр. – Гугъэ Орэдхэу 27-р, 32-р, 104-р, 110-р, 112-р, 116-р, 134-р, 135-р, 146-р, 147-р.

2. Рэзэныгъэм и Орэдхэр

Хабзэу зэрэщытымкIэ, зы нэбгырэр е цIыфхэр мыкIодынхэу къызэригъэнэжьыгъэхэм пае Тхьэм щытхъу зэрэфашIырэр, кIодыпIэ чIыпIэм Тхьэм къызэрэрищыжьыгъэхэр, кIэух псалъэу Тхьэм зэрэфэразэхэр ары мы орэдхэм къаIуатэрэр.

– Гугъэ Орэдхэу 17-р, 20-р, 29-р, 31-р, 33-р, 39-р, 40-р, 65-р, 105-р, 115-р, 137-р.

3. Гъыбзэ Орэдхэр

Мы орэдхэмкIэ зы нэбгырэм е куп псэум Тхьэм зыфегъазэ, чIыпIэ зэжъу зэрифагъэм пае етхьаусхылIэ, IэпыIэгъу кIэлъэIу, ащ ипэгъокIэу, Тхьэм зэрэхищыжьыгъэм пае зэрэфэразэм ишыхьатэу къурмэн ышIыжьынэу гущыIэ реты.

а) Зы нэбгырэм къыIорэ гъыбзэхэр:

– Гугъэ Орэдхэу 3-р, 6-р, 12-р, 41-р, 42-р, 50-р, 53-р, 54-р, 58-р, 60-р, 61-р, 63-р, 68-р, 69-р, 70-р, 108-р, 142-р.

б) Куп хъухэу къаIорэ гъыбзэхэр:

– Гугъэ Орэдхэу 43-р, 59-р, 73-р, 78-р, 79-р, 82-р, 136-р.

4. Пачъыхьэм фэгъэхьыгъэ Орэдхэр

Мы орэдхэр зэхьылIагъэхэр Тхьэм къахихыгъэу зышъхьэ дагъэ щыфагъэ израиль пачъыхьэр, Тхьэм Даут дишIыгъэ зэзэгъыныгъэу Израилым нэмыкI ипачъыхьэхэми Ар зэрафыщытым лъапсэу иIэр ары.

– Гугъэ Орэдхэу 2-р, 17-р, 19-р, 20-р, 44-р, 71-р, 88-р, 100-р, 109-р, 143-р.

5. Ерусэлэм фэгъэхьыгъэ Орэдхэр

Мы орэд купыр Ерусэлэм (Цион) ехьылIагъ – Израиль политикэмкIи, культурэмкIи, динымкIи игупчэу щытым.

6. УдэкIоеным фэгъэхьыгъэ Орэдхэр

Мы орэдхэр Тхьэр зышIошъ хъурэ цIыфхэу Ерусэлэм екIурэ гъогум тетхэм къаIощтыгъэх.

– Гугъэ Орэдхэу 119-р, 133-р.

7. МэфэкI Тхьэщытхъу Орэдхэр

Мы орэдхэм къахиубэтэхэрэр джуртхэм ямэфэкIышхуищ хагъэунэфыкIхэ зыхъукIэ къаIощтыгъэх. ГущыIэм пае, Пэсахъ мэфэкIым, пчыхьэшъхьашхэр къэмысызэ, я 112–113-рэ Орэдхэр, пчыхьэшъхьашхэм ыуж – я 114–117-рэ Орэдхэр къаIощтыгъэх.

8. АкъылышIугъэм фэгъэхьыгъэ Орэдхэр

Мы орэдхэр анахьэу зыфэлажьэхэрэр Тхьэм и Хабзэ цIыфхэм ягъэшIэгъэныр ары. Ахэм тэрэзэу узекIоным ищытхъу къаIуатэ, гужъ зыхэлъ зекIуакIэр аумысы, Тхьэр зышIошъ хъурэр Тхьэм и Хабзэ зэрэфэIорышIэрэмкIэ агъэгушхо, сыда пIомэ ащ елъытыгъэуи щыIэкIэшIурэ псэуныгъэрэ огъотых.

ГущыIэм пае, Орэдхэу: 1-р, 37-р, 49-р, 73-р, 118-м ызыныкъо нахьыбэр.

9. Пачъыхьэ тахътэм фэгъэхьыгъэ Орэдхэр

Мы орэдхэм бэрэ Тхьэр пачъыхьэм фэдэу агъэлъапIэ. УшэтэкIо зырызхэм ахэр ИлъэсыкIэ мэфэкI хъярым рапхых. А мэфэкIым шIыкIэ зэфэшъхьафхэмкIэ Израили дунэе псэуми Тхьэм тетыгъо зэращиIыгъыр къыщаIощтыгъэ. Ау ащ фэдэ еплъыкIэр еIолIэнчъэу щытэп.

– Гугъэ Орэдхэу 28-р, 46-р, 92-р, 94-98-р.

10. Тхьэ фэІо-фашІэхэу гъэпсыкІэ зэкІэлъыкІуакІэ зиІэхэм яхьылІэгъэ Орэдхэр

Мы орэдхэр Тхьэм и Унэ ущылэжьэным епхыгъэх.

– Гугъэ Орэдхэу 14-р, 24-р, 49-р, 84-р.

## ТхэкІэ-гъэпсыкІэ амалхэр

«Гугъэ Орэдхэм» усэм инэшанэхэр ахэлъых. Ижъырэ джурт усэ гъэпсыкІэм инэшанэмэ ащыщ параллелизм зыфаІорэр: ятІонэрэ сатырэм апэрэр къызэригъэлъэшырэр, къызэриухырэр е къызэригъэнафэрэр къыбгурегъаІо.

Джащ фэдэу орэдхэм ащыщхэм яапэрэ сатырэхэм мэкъамэ зэрэбгъэпсыщтым ущызгъэгъозэрэ гущыІэ е гущыІэ заулэ ахэт. Израиль мэкъамэхэр, ахэмэ якъэІуакІэ, къызэрэрагъаІощтыгъэ пщынэхэр икъу шъыпкъэу гъэунэфыгъэхэпышъ, а гущыІэхэр зэдзэкІыгъэхэп, адыгэбзэ мэкъамэм егъэкІугъэх нахь. ГущыІэм пае, гущыІэхэу «аламот», «гъытыт» «малахат». Джащ фэдэу «ОрэдыІохэмрэ пщынаомрэ апае» зыфиІорэ гущыІэхэмкІэ орэд тІокІырэ тфырэр къегъэжьагъэх. УзэренэгуещтымкІэ, ахэр орэдыІохэу Тхьэм и Унэ щылажьэхэрэм афэгъэхьыгъэх.

«Гугъэ Орэдхэр» адыгабзэкІэ зэрадзэкІыхэ зэхъум, зэрыгъозагъэхэр ижъырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытххэр ары.

Шъхьэрышъхьэу адыгабзэкІэ зэрэзэтеутыгъэхэр урыс синодальнэ Библием зэрэщызэдзэкІыгъэм дештэх, ау зэтемыфэхэри хэтых, сыда пІомэ урысыбзэкІэ зэдзэкІыгъэм лъапсэ фэхъугъэр ижъырэ джуртыбзэ закъор арэп, ижъырэ урымыбзэкІэ тхыгъэхэри ащ щыгъэфедагъэх.

АдыгабзэкІэ къэпІон умылъэкІырэ гущыІэхэр къехьыхыгъэхэу, къарыкІырэр ахэм къащыІуагъ.

ЦIыфыцIэхэу, чIыпIацIэхэу ижъырэ джурт Iэпэрытхмэ атетхагъэмэ къахафэхэрэр адыгэ фонетикэм ишапхъэхэм атетэу тхыгъэх.

«Гугъэ Орэдмэ» ятхылъ анахь зэдзэкIыгъуаемэ ащыщ. Къин къэзышIырэр Гугъэ Орэдхэр усэ гъэпсыкIэм фэIорышIэхэшъ ары. Ащ къыхэкIэуи мы зэдзэкIыгъэмкIэ пшъэрылъэу тиIэри зы: ар зытехыгъэ Iэпэрытхэу ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэм еджэхэрэми едэIухэрэми зэхашIэщтыгъэмрэ фыщытыкIэу яIэ хъущтыгъэмрэ адыгабзэкIэ еджэхэрэми едэIухэрэми зэхашIэнхэр, фэдэ фыщытыкIи яIэ зэрэхъунхэр ары. Мы зэдзэкIыгъэм ащ фэдэ амал къытынэу тэгугъэ.

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр афэраз зэдзэкIакIохэм, редакторхэм, мы IофшIагъэм зэкIэ зиIахь хэзылъхьагъэхэм. Адыгэхэр яныдэлъфыбзэкIэ мы тхылъым еджэнхэ алъэкIынэу амал яIэ зэрэхъугъэр лъэшэу тигуапэ.

*Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр, Москва*

# Апэрэ тхылъ

## 1-рэ Орэд

### Тхьэм ыгу зэIурэ цIыфыр

1 Сыхьатмафэ ежьагъ,
цIыф бзэджэ-наджэхэм ямыдэIоу,
псэкIодышIэхэм ягъогу рымыкIоу,
Тхьэр зыгъэпыутхэрэм
язэIукIэ хэмысрэр.
2 Ау ар зыгъэгушIорэр Зиусхьаным ихабз,
чэщи мафи Ащ ихабзэ ар егупшысэ.
3 ПсычъапIэмэ адэжь
щагъэтIысхьэгъэ чъыгым ар фэд,
къыпыкIэрэр иуахътэм тIыргъоу,
итхьапи мыгъуанлэу; сыд Iоф ышIэми,
ар ащ къыдэхъу.
4 Ащ фэдэхэп цIыф бзаджэхэр;
жьыбгъэм чIым щызэрихьэрэ къурэм
ахэр яхьыщырых.

5 Джащ пай цIыф бзаджэхэр
Тхьэм ихьыкумы хые щыхъущтхэп.
Шъыпкъагъэ зиIэхэм язэIукIэ
псэкIодышIэхэм уцупIэ щыряIэщтэп.
6 Сыда пIомэ Зиусхьаныр
зыгукIэ шъыпкъагъэ зиIэхэм
ягъогу щыгъуаз,
ау цIыф бзаджэхэм ягъогу
кIодыпIэм екIу.

## Я 2-рэ Орэд

### Щынагъо фышъуиIэу Тхьэм шъуфэлажь

1 Сыд пае цIыф лъэпкъхэр зэкIокIхэра,
цIыфхэми Iоф пкIэнчъхэр рахъухьэра?
2 Сыд зыкъызфаIэтрэр чIым ипачъыхьэмэ,
зыфызэзэгъхэрэр тетыгъо зиIэхэр,
Зиусхьанми, Ащ Ихэхи* апэуцужьхэу:
3 «Зэпытыутыщтых ахэмэ япшъэхъухэр,
яIэхъу-лъэхъухэм таIэкIэкIын» – аIозэ?
4 Адэхьащхы уашъомэ ащыпсэурэр,
акIэнакIэ ахэмэ Зиусхьаныр.

---

* 2:2 Ихэхи – агъэлъапIэу, агъэлъэрыхьэрэ цIыфым ышъхьэ мэ IэшIу зыпихырэ дагъэр зэрэщафэщтыгъэр ары зыфиIорэр. Мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр Израиль ипачъыхь ары.

5 ЕтIанэ Ар губжым хэтэу адэгущыIэщт,
Ащ губжышхоу ышIырэм
ахэр ыгъэщынэщтых.
6 «СиIошъхьэ лъапIэу Цион*
тетыгъор щиIыгъынэу
сипачъыхьэ Сэры тезыгъэуцуагъэр».
7 Зиусхьаным рихъухьагъэр къэсIон:
Ащ сэ къысиIуагъ: «Оры Скъор,
непэ Ты сыпфэхъугъ.
8 Сэ къысэлъэIуи,
цIыф лъэпкъхэри
чIылъэри зэрэщытэу
егъэшIэрэу пIэ илъынхэу къыостыщтых;
9 уитетыгъо гъучI бэщкIэ ахэмэ уяощт;
къошыным фэдэу, ахэр о зэхэпкъутэщтых».
10 Арышъ, пачъыхьэхэр, акъыл къэжъугъот;
зыжъугъас, чIым тетыгъо щызиIэхэр.
11 Зиусхьаным шъушIолIыкIзэ шъуфэлажь,
щынагъо фышъуиIэу шъугушIу.
12 Зиусхьаныр жъугъэлъапIэ.
Ар къышъуфэмыгубжынэу,
шъузэрыкIорэ гъогум шъутемыкIодэнэу;
сыда пIомэ Ащ игубж шIэхэу
къызэкIэблэщт.
Сыхьатмафэ ежьагъэх шъхьэегъэзыпIэкIэ
Ащ зыфэзыгъазэхэрэр зэкIэ.

---

* 2:6 Цион – мэхьэнэ зэфэшъхьафхэр иIэх: Даут икъал (Даут идзэлIхэм аубытыгъэ пытапIэр ары); Тхьэм и Унэ зытетыгъэ Iуашъхьэр; Ерусэлэм.

## Я 3-рэ Орэд

**Щынэгъо уахътэм Тхьэм ущыгугъыныр**

*1 Даут ежь ыкъоу Абищэлэм зыIэкIэкIыжьым, ытхыгъэ орэд*

2 Зиусхьан! Сыдэу бэ хъугъэха сипыйхэр!
Сагъэпыеу, бэмэ зыкъыспаIэты.
3 Сэ къыстегущыIэхэу бэмэ аIо:
«Пчэгум ар Тхьэм къыринагъ».
4 Ау Оры, Зиусхьан, сыкъэзыухъумэрэ мэIоу,
щытхъур сэзыгъэгъотэу,
сшъхьэ лъагэу сэзыгъэIэтырэр.
5 Зиусхьаным седжэ,
Цион Iошъхьэ лъапIэм тетэу,
Джэуап Ащ къысетыжьы.
6 Гупсэфэу сэгъолъыжьы,
сэчъые, сыкъэущыжьы,
сыда пIомэ къыскIэIэ Зиусхьаныр.
7 Джащ пае лъэныкъо пстэумкIи къикIхэу
сэ сызыгъэпыйрэ
цIыф мин пчъагъэхэм сащыщынэщтэп.
8 ЗыкъэIэт, Зиусхьан!
СымыкIодынэу сыкъэгъэнэжь, си Тхь!
ЗэкIэ сэ пыеу сиIэмэ
анэгушъохэр О кIэоуты,
цIыф бзаджэхэм ацэхэр О огъэтакъо.
9 Зиусхьаныр ары текIоныгъэр къытэзытрэр.
О плъэпкъ унэшIу щэрэф.

## Я 4-рэ Орэд

### Пчыхьэшъхьэ тхьэлъэIу

1 *ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Бзэпс зэрылъ пщынэмэ къарагъаIо. Даут иорэд*
2 СыкъызыджэкIэ, сыкъызэхэх,
Тхьэу сихьакъ сэ къысэзытырэр!
ЧIыпIэ зэжъум сызетым,
ар хъоо-пщао сфэпшIыгъ.
ГукIэгъу къысфэшI,
ситхьэлъэIу къызэхэх.
3 Шъо, зызшIошIыжьхэрэр, сыд фэдизрэ
щытхъоу сиIэм емыкIу ешъухыщта?
Сыд фэдизрэ
Iоф пкIэнчъэхэм зыдяжъугъэхьыхэу,
пцIым шъупылъыщта?
4 Зиусхьаным ищынагъо зыгу илъыр
Ежь пай къызэрахихыгъэр зэжъугъашIэ:
сэ сызеджэкIэ, Зиусхьаным сыкъызэхехы.
5 Гузэжъогъум шъухэтми,
псэкIод шъумышIэ;
шъуигъолъыпIэ шъущылъэу,
шъугукIэ шъугупшыс, зыжъугъэIас.
6 Хабзэм тетэу къурмэн шъушIы,
цыхьэ фэшъушI Зиусхьаным.
7 Бэмэ аIо: «ФэшIыгъэу тыщыIагъэмэ!»
Унэгу инэф къыттегъапс, Зиусхьан!

8 ЦIыфхэу хьалыгъумрэ санэмрэ
зыфэбэгъуагъэхэр зэрэгушIуагъэхэм нахь
лъэшэу сэ О сыбгъэгушIуагъ.
9 Гупсэфэу сэгъолъышъ, сэчъые,
сыда пIомэ О Зым, Зиусхьан,
щынэгъончъэу сыщыогъаIэ.

## Я 5-рэ Орэд

### Тхьэм укъиухъумэным илъэIу

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Запщэхэрэ пщынэхэм къарагъаIо. Даут иорэд*
2 Къызэхэх сигущыIэ, Зиусхьан,
сихэщэтыкI макъэ къедэIу.
3 КъыкIэдэIукI сикуо макъэ,
си Пачъыхь,
си Тхь,
Орышъ сыкъызэлъэIурэр.
4 Зиусхьан! Нэфылъэм къыпэу
сымакъэ къызэхэохы,
нэфшъагъом сиIофхэр*
уапашъхьэ къэсэшIы, сыкъыожэ,
5 О тэрэзыджагъэр шIу зымылъэгъурэ Тхьэу
ущытышъ ары;
бзэджагъэр уигъогогъун ылъэкIыщтэп.

---

* 5:4 Е: къурмэн уапашъхьэ щэсэшIы.

6 Шъхьэщытхъужьхэр уихьэнэ-гъунэ
къихьащтхэп.
Бзэджаш1эхэм зэк1эмэ
нэмыплъ О яохы.
7 Пц1ы зыусхэрэр О огъэк1одых;
лъыгъачъэмрэ хьилэмрэ
Зиусхьаным еуджэгъух.

8 Ау сэ, ш1улъэгъу мык1одыжь
къысфэпш1ыгъэшъ,
сыкъихьащт уи Унэ,
сыпш1ол1ык1эу уи Унэ лъап1э
зыфэзгъэзагъэу
узгъэлъэп1эщт.
9 Зиусхьан! Сипыйхэмк1э гуаоу,
уишъыпкъагъэ игъогук1э сызещ.
Уигъогу занк1э къысфэш1.
10 Сыда п1омэ ахэмэ а1упэмэ
шъыпкъагъэ ателъэп,
агухэм арылъыр – узэк1одыл1эн,
ачыйхэр – бэн зэ1ухыгъ,
абзэгумэ щытхъу нэпц1 къатек1ы.
11 Ямысагъэ арэшхыжь ахэмэ, Тхьэ,
ягухэлъ бзаджэхэм ярэк1одыл1эжьых;
псэк1одэу аш1агъэр бэ,
зыкъыпфа1этыгъэшъ,
уапашъхьэ ахэр имыгъэтых.
12 Шъхьэегъэзып1э О узыш1ыхэрэр
зэк1э орэгуш1ох,
гъэш1эным гуш1ошхом хэтхэу

орэд къарэIу.
Къэгъэгъунэх О ахэр;
щытхъур пфаIощт
О пщIэ шIу зылъэгъухэрэм.
13 Сыда пIомэ шъыпкъагъэ зиIэм
унэшIу щэофэ, Зиусхьан;
уинэгушIугъэ, мэIум фэдэу,
ащ ухъумакIо фэошIы.

## Я 6-рэ Орэд

### Мэфаем итхьэлъэIу

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Бзэпсий зэрылъ пщынэмэ къарагъаIо. Даут иорэд*

2 Зиусхьан! Губж мэшIуаем ухэтэу
сымыгъэмыс,
узыщыгубжырэм сымыгъэпщын.
3 СыкIочIаджэшъ, Зиусхьан,
гукIэгъу къысфэшI;
скъупшъхьэхэр къэкIэзэзыгъэхэшъ,
Iэзэгъу къысфэхъу, Зиусхьан.
4 Псэу схэлъри гумэкIыгъом зэлъиштагъ;
адэ О, Зиусхьан, сыд фэдизрэ себгъэжэщта?
5 Зыкъысфэгъаз, О, Зиусхьан,
къэгъэнэжь спсэ мыкIодынэу,

уишIулъэгъу мыкIодыжькIэ
кIодыпIэм сищыжь.
6 Сыда пIомэ хьадэгъу зыгъотыгъэм
О ыгу укъэкIыжьыщтэп:
хьадрыхэ щыIэу
уищытхъу хэта языIотэщтыр?
7 СищэIу сиухыгъ;
чэщы къэс сигъолъыпIэ
нэпсыр щэсэгъачъэ,
сипIэ сынэпсхэмкIэ сэгъэшъокIы.
8 Нэшхъэигъом сынэку ыукъэпыгъ,
жъы хъугъэ сипыйхэм яягъэкIэ.
9 Спэчыжьэ зышъушI, бзэджашIэхэр –
къызэхихыгъ сигъы макъэ Зиусхьаным.
10 Къызэхихыгъ Зиусхьаным силъэIу;
ситхьэлъэIу Ащ ыштэщт.
11 АгъэукIытэжьыщтых зэкIэ сипыйхэр,
анэгухэр щынагъом зэлъиштэщтых;
зэкIагъэкIожьыщтых ахэр,
нэгъэупIэпIэгъукIэ анапэ тырахыщт.

## Я 7-рэ Орэд

### Зэфагъэм ехьылIэгъэ тхьэлъэIу

*[1] Бинямин лIакъом щыщэу Куш иIоф фэгъэхьыгъэу, Зиусхьаным фиIопщэу, Даут къыIогъэ гъыбзэр*

[2] О Зиусхьанэу си Тхь!
Сэ шъхьэегъэзыпIэкIэ зыкъыпфэсэгъазэ;
сыкъезыфэкIырэмэ зэкIэмэ
сащыухъум, саIэкIэх;
[3] IэпыIэгъу къысфэхъун зыщымыIэрэм,
аслъаным фэдэу,
къысатхъохэмэ, сызэралъашъозэ,
сызэхарэмыупIаIу.
[4] Зиусхьан, си Тхь! Зыгорэ сIэкIэшIагъэмэ,
сIэмэ ашIэрэм хэмылъмэ зэфагъэ,
[5] мамырэу къыздэпсэугъэм
бзэджагъэкIэ сыдэзекIуагъэмэ, –
сэ лажьэ зимыIэу
пыи къысфэхъугъэр схъункIагъэмэ*,
[6] ащыгъум спсэ пыир
къылъыхъоу къылъерэжь, къыкIэрэхь,

* 7:5 Имэхьанэ нафэп, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ нэмыкI мэхьани иI: «сэ лажьэ симыIэу зиягъэ къысэзыгъэкIырэм гукIэгъу фэсшIыгъэмэ».

сигъашIи ятIэм херэщытIыхь,
щытхъоу сиIэри сапэ ерэшI*.
7 ЗыкъэIэт, Зиусхьан, уигубж ухэтэу,
сипыйхэм ягубжышхо пэшIуекIу,
сихьатыркIэ зыгъэхъый –
хьыкум атепшIыхьанэу уухэсыгъ.
8 ЦIыф лъэпкъ бэ дэдэ къыорэуцокI;
ахэмэ лъагэу ашъхьагъ къиуцу.
9 Зиусхьаным цIыф лъэпкъхэм
хьыкум атырешIыхьэ.
Зиусхьан, сэ сишъыпкъагъэрэ
сикъэбзагъэрэкIэ хьыкум къыстешIыхь.
10 БзэджашIэхэм ягухьэ-гужъыгъэ орэуцу,
шъыпкъагъэ зиIэр гъэпытэ:
Оры цIыфхэм агуи ашъуи
зыушэтырэр, Тхьэ заф!
11 ЗыгукIэ зафэхэр
мыкIодхэу Тхьэу къэзыгъэнэжьырэр ары
сэ сыкъэзыухъумэрэ мэIур.
12 Тхьэр хьыкумэшI заф,
Тхьэм мафэ къэс пхъашэу ер егъэмысэ.
13 ЗипсэкIодхэм афыкIэмыгъожьырэмэ апае
Тхьэм цашIо ешIы ичатэ,
ищэбзэпкъ къеуфэ,
бзэпсыр пегъэнэжьы;
14 хьадэгъу Iашэхэр феухьазырых,
ищэбзащэхэр уалыбжьэнэу ешIых.

---

* 7:6 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иI: «псэ схэмылъыжьэу чIыгум сыкъытырегъанэ».

15 Мары цIыф дэим ыгу
бзэджагъэм лъапсэ щедзышъ,
гухьэ-гужъ ышъо хэлъышъ,
нэпцIыр ащ къелъфы.
16 Мэшэ куур етIы, еухы,
ыгъэхьазырыгъэ машэм
ежь-ежьырэу ефэжьы.
17 Ащ игухьэ-гужъ ежь ышъхьэ къыфэкIожьы,
ибзэджагъэ ышъхьэшыгу къытефэжьы.
18 Зиусхьаным ишъыпкъагъэ пае
щытхъу фэсэшIы,
зэкIэмэ анахь Лъагэу Зиусхьаным ыцIэ
щытхъу орэд къыфэсэIо.

## Я 8-рэ Орэд

**Тхьэм ищытхъурэ цIыфым илъытэныгъэрэ**

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Гъытыт* пщынэм къырагъаIо. Даут иорэд*

2 Зиусхьанэу ти Тхь!
ЧIыгум тыдэкIи сыдэу О пцIэ щылъапIа,
уашъомэ анахь лъагэу
О уищытхъу зеIэты!

* 8:1 Гъытыт: е пщынэ лъэпкъ, е орэд мэкъам.

3 Сабыйхэмрэ сабый быдзашъохэмрэ
яжэдэкIэу щытхъу къызфябгъэшIыгъ,
уипыйхэм ягуаоу,
пыимрэ лъышIэжьакIомрэ бгъэкIодынхэу.
4 ПIапэкIэ пшIыгъэ уиуашъо,
мазэу, жъуагъоу бгъэуцугъэхэм
сэ сяплъы зыхъукIэ,
5 сыда цIыфыр зилIэужыгъор,
уегупшысэнэу О ащ,
цIыфлъэпкъым ыкъуи,
О ащ укIэлъыплъэнэу?
6 ТIэкIукIэ Ощ нахьи нахь цIыкIоу*
О пшIыгъэ;
фэбгъэшъошагъэх щытхъушхорэ
лъытэныгъэшхорэ.
7 УиIэшIагъэхэр зэригъэзекIонхэу
тетыгъор ептыгъ;
щыIэ пстэури
ылъэгу чIэгъ чIэбгъэуцуагъ:
8 зэкIэ пчэн-мэлхэр, былымхэр,
джащ фэдэу,
губгъомэ арыс хьакIэ-къуакIэхэр,
9 ошъогу бзыухэр, хы пцэжъыехэр,
хым хэс псэушъхьэхэр.
10 Зиусхьан, ти Тхь!
ЧIыгум тыдэкIи
сыдэу О пцIэ щылъапIа!

---

* 8:6 «Ощ нахь цIыкIоу»: е тхьэхэм анахьи, е мэлэIичхэм анахьи нахь цIыкIоу.

# Я 9-рэ Орэд*

## Тхьэм изэфагъэ ищытхъу

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. «Мут-лабен»** орэдым имэкъамэ илъэу къырагъаIо. Даут иорэд*

[2] Щытхъу пфэсшIыщт, Зиусхьан, гоу сиIэмкIэ;
уиIэшIэгъэ гъэшIэгъонхэр зэкIэ
къэсIотэщтых;
[3] СыгушIощт, О уихьатыркIэ сычэфыщт,
О пцIэ щытхъу орэд къыфэсIощт,
О зэкIэми анахь Лъагэр.
[4] УкъызылъагъокIэ, зэкIэкIожьых сипыйхэр,
алъакъохэр зэрэнэх, мэкIодых.
[5] Сыда пIомэ сиIоф хьыкум тепшIыхьи,
сихыягъэ къыхэбгъэщыгъ.
О тахътэм укъытетIысхьагъ, хьыкумышI
зафэр.
[6] Хымэ лъэпкъхэр бгъэмысагъэх,
бгъэкIодыгъэх цIыф бзаджэхэр,
ацIэхэр лIэшIэгъу зэкIэлъыкIохэм
ахэпцIэтхъукIыгъэх.

* Я 9-рэ Орэдым къыщегъэжьагъэу ижъырэ джуртбзэмрэ ижъырэ урымыбзэмрэкIэ атхыгъэ IэпэрытххэмкIэ якъэлъытакIэ зэтекIы. Я 22-рэ усэр ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым ия 10-рэ Орэд иапэрэ ус.

** 9:1 Музыкальнэ Iэмэ-псымэ горэн фае.

7 Пыйхэр лъэпсэкIодэу бгъэкIодыгъэх,
къалэхэри О зэхэбгъэтэкъуагъэх;
агу къэмыкIыжьынхэу кIодыгъэх.
8 Ау Зиусхьаныр гъэшIэным итахътэ тесыщт;
хьыкум ышIынэу
итахътэ къыгъэуцугъ Ащ.
9 Дунаишхом шъыпкъагъэкIэ
хьыкум Ащ тырешIыхьэ,
зэфагъэ хэлъэу цIыф лъэпкъхэм
яIофхэр зэхефых.
10 Зиусхьаныр пытапIэ афэхъу егъэзыгъэхэм,
мэфаем – Ар ухъумапI.
11 О пцIэ зышIэхэрэм цыхьэ къыпфашIы,
сыда пIомэ, Зиусхьан,
О зыкъыпфэзгъазэхэрэр гум иунэхэрэп.
12 Цион Iуашъхьэм тес Зиусхьаным
ищытхъу шъуIуатэ,
Ащ Iофэу ышIагъэхэм якъэбар
цIыф лъэпкъхэм алъыжъугъэIэс!
13 Сыда пIомэ лъы зыгъачъэрэр
егъэпщынэжьы.
Гу лъетэ, зэхехы
егъэзыгъэмэ ягукъэо макъэ.
14 ГукIэгъу къысфэшI, Зиусхьан;
сызылъэгъу мыхъурэмэ
къинэу сагъэщэчырэм еплъ,
О, хьадэгъум икъэлапчъэ
сыкъыIузыщцыжьырэр.

15 Цион Пхъум* икъэлапчъэмэ О уищытхъу
зэкIэ ащысIотэным пае, –
сымыкIодэу сыкъызэрэбгъэнэжьыгъэмкIэ
сыгушIощт.
16 Ежьхэм атIыгъэ машэм
хымэ лъэпкъхэр ифэжьыгъэх;
гъэбылъыгъэу агъэуцугъэ хъытыум
алъакъохэр ылъэхъэжьыгъэх.
17 ХьыкумэуатыришIыхьагъэмкIэ
Зиусхьаным Ежь зыфэдэр аригъэшIагъ;
цIыф бзаджэр
ежь ыIитIукIэ ышIагъэм тыриубытэжьыгъ.

## Егупшысэгъу

18 ЦIыф бзаджэхэр зэкIэ
хьадрыхэ кIощтых,
зэкIэ Тхьэр зыщыгъупшэрэ лъэпкъхэр.
19 Сыда пIомэ тхьамыкIэр
егъэшIэрэу Тхьэм щыгъупшэщтэп,
екIагъэмэ ягугъэ кIодыпэщтэп.
20 ЗыкъэIэт, Зиусхьан,
тетыгъор цIыфым ерэмыубыт,
хымэ лъэпкъхэр
О уихьыкум тахътэ ыпашъхьэ къерэуцох.
21 Щынагъо агу игъэлъ, Зиусхьан;
зэрэцIыф къодыехэр
зыдарэшIэжь лъэпкъмэ.

* 9:15 «Цион Пхъум» къикIырэр: Ерусэлэмрэ ащ дэсхэмрэ апае гъэкIэрэкIагъэу «Цион Пхъум» къаIо.

22 Сыд пай, Зиусхьан,
укъытпэчыжьэу ущыта?
Мэфаем сыд пае О зыбгъэбылъра?
23 ЦІыф бзаджэр пэгагъэкІэ
тхьамыкІэм егуао:
ежьхэм къаугупшысырэ хьилагъэмэ
ахэр аІэкІэрэфэжьых.
24 Сыда пІомэ цІыф бзаджэм
ыгукІэ зыкІэхъопсырэр щытхъоу
зыфелъэгъужьы;
мылъкум кІэхъопсырэм Зиусхьаныр еубы,
пхъэтэпэмыхь ешІы.
25 ЦІыф бзаджэм зышІошІыжьызэ,
Тхьэм зыфигъазэрэп,
«Тхьэр щыІэп» ыІозэ, мэгупшысэ зэпыт.
26 Сыд фэдэ уахъти ащ игъогухэр Іухыгъэх;
О уихьыкум Іэтыгъэхэм ащ инэплъэгъу
анэсырэп,
ипый пстэуми яплъы къыримыдзэхэу.
27 Ащ ыгукІэ зэреІожьы: «Сылъэпэощтэп
егъашІэми;
лІэужэу зэкІэлъыкІощтхэми
егъашІэми мыхъун къащысэхъулІэщтэп».
28 Ащ ыжэ къызызэтырихыкІэ,
цІыфхэр еубых, пцІы афеусы, регъэзых,
ЫІбзэгу чІэгъ чІэлъых
мыгъуагъи, бзэджагъи.
29 Къуаджэхэм защегъэбылъы,
апэтІысхьэ цІыфхэм;
тІэсхъэпІэ чІыпІэмэ

лажьэ зимыIэр ащеукIы;
тхьамыкIэ-екIэгъэжъым еплъакIо;
30 аслъаныр ибы илъэу зэряшэу,
зигъэбылъыгъэу,
тхьамыкIэм етхъонэу пэтIысхьэ;
тхьамыкIэр еубытышъ,
ихъытыу релъашъо.
31 Зеуфэ, атебанэ –
тхьамыкIэхэр аIэкIафэх
ылъэбжъэ лъэшмэ.
32 ЫIукIэ зэреIожьы: «Тхьэм щыгъупшагъ,
ынэхэр ыупIыцIагъ,
егъашIэми къылъэгъущтэп».
33 Сыкъэлъэгъу, Зиусхьан, си Тхь,
О пIэ атещай,
екIагъэхэр зыщымыгъэгъупшэх.
34 Сыда цIыф бзаджэм
Тхьэм фигъазэра ыкIыб,
ыгукIэ зэриIожьызэ:
«О сыбгъэпщынэщтэп»?
35 О олъэгъу, уалъэплъэ
къытэхьылъэкIырэми къытэгуаорэми,
О ахэр пIэ къибгъэхьэнхэу;
IэпыIэгъу зимыIэм Iэрылъхьэ О
зыкъыпфешIы;
ибэм О кIэгъэкъонэу уриIэ зэпытыгъ.
36 ЦIыф бзаджэмрэ
шIэпхъэджашIэмрэ гъэтакъох,
гъэпщынэх ахэр,
нэмыкI мыхъо-мышIэ амышIэжьыным
нэсыфэхэ.

[37] Зиусхьаныр
лIэшIэгъум лIэшIэгъур къыкIэлъыкIоу
пачъыхьэщт.
Ащ ичIыгу хымэ лъэпкъхэр
текIодыкIыщтых.
[38] Зиусхьан! О цIыф IорышIэхэм
яшIоигъоныгъэхэр
пхъэтэпэмыхь пшIыхэрэп;
ахэмэ агухэр бгъэпытэщтых;
О птхьакIумэ афэбгъэзэщт,
[39] ибэмрэ егъэзыгъэмрэ яхьакъ
ябгъэгъотыжьынэу,
лIэжьыщт цIыфым адрэ цIыфхэр
жъалымыгъэкIэ ымыгъэпщынэжьынхэу.

## Я 10-рэ Орэд

### Зиусхьаным ущыгугъыныр

*ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Даут иорэд*

[1] Зиусхьаныр шъхьэегъэзыпIэ зыфэсшIыгъ;
сыдэущтэу къысашъуIора:
«Шъуикъушъхьэ быбыжь, бзыум фэдэу?*
[2] Мары цIыф бзаджэхэм
ящабзэ къакъудыигъ,

* 10:1 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: «О, бзыу, уикъушъхьэ быбыжь».

ящэбзащэ бзэпсым къыдалъхьагъ –
шIункIым хэтхэу
шъыпкъагъэр зыгу илъхэм яонхэу.
3 Хабзэхэр зэхэкъутагъэхэмэ,
зэфагъэ зыгу илъым
сыда ышIэн ылъэкIыщтыр?»
4 Ау и Унэ лъапIэ ис Зиусхьаныр,
Ащ итахътэ ошъогумэ ащыгъэIагъ,
Ащ ынэмэ алъэгъу; Ащ инэплъэгъухэм
дунаим ицIыфхэр аушэтых.
5 Зиусхьаным шъыпкъагъэ зиIэмрэ
цIыф бзаджэмрэ еушэтых,
жъалымыгъэкIэ езыгъэзыхэрэр
Ащ ыгу фэщэчыхэрэп.
6 МэшIожъокури тхъомзашхъори,
ощхыр къызэрещхырэм фэдэу,
Ащ цIыф бзаджэхэм къафыригъэхыщт,
стырэу узылыбжьэрэ жьыбгъэр –
Iахьэу афегъэшъуашэ Зиусхьаным.
7 Сыда пIомэ Зиусхьаныр зафэ –
шIушIагъэхэр икIасэх;
шъыпкъагъэ зиIэр Ащ ынэгу кIэт.

# Я 11-рэ Орэд

## IэпыIэгъум фэгъэхьыгъэ тхьэлъэIу

*[1]ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Бзэпсий зэрылъ пщынэмэ къарагъаIо. Даут иорэд*

[2]ЦIыф бзаджэхэм таIэкIэхыжь, Зиусхьан:
сыда пIомэ Зиусхьаным ищынагъо
зыгу илъ къэнэжьыгъэп,
дунаим ицIыфхэм
шъыпкъагъэ къыпфызиIэ ахэтыжьэп.
[3]Нэбгырэ пэпчъ пцIы зэфаусыжьы;
абзэгукIэ щытхъу нэпцI къаIуатэ,
шъорышIыгъэкIэ мэгущыIэх.
[4]Зиусхьаным ерэгъэуцух
щытхъу нэпцI къэзыIорэ жэхэр зэкIэ,
зыщытхъужьырэ бзэгухэр,
[5]моущтэу зыIохэрэр: «Тыбзэгу хэлъ ткIуачIэ,
тилъэкIыныгъэ – тыжэ; хэта
тизиусхьаныр?»
[6]«ТхьамыкIэхэм къинэу алъэгъурэм,
зи зимыIэхэм ятхьаусыхэмэ апае
джы зыкъэсIэтыщт, – еIо Зиусхьаным, –
зэрашIоигъом фэдэу,
щынагъо ямыIэу згъэпсэущтых».
[7]Зиусхьаным игущыIэхэр – гущыIэ къабзэх,
щыдыбжь машIом блэунае щагъэткIуи,
щаукъэбзыгъэ тыжьыным фэдэх.

8 О, Зиусхьан, къытфэсакъ,
афэдэ цIыфхэм тащыухъум.
9 ЦIыф бзаджэхэр тыдэкIи щэзекIох,
бзэджагъэм ищытхъу
цIыфхэм защыхэIэтыкIыгъэ уахътэм.

## Я 12-рэ Орэд

**IэпыIэгъум фэгъэхьыгъэ тхьэлъэIу**

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Даут иорэд*

2 Сыд фэдизрэ, Зиусхьан,
сыпщыгъупшэпагъэу сыкъэнэщта,
сыд фэдизрэ унэгу сшIобгъэбылъыщта?
3 Сыд фэдизрэ сигупшысэхэм
сагъэгумэкIыщта*,
чэщи мафи гукъаом симыбгынэу
сыхэтыщта?
Сыд фэдизрэ сипый сашъхьагъ итыщта?
4 Къысэплъи, джэуап къысэт,
Зиусхьан, си Тхь!
Сынэхэр къэгъаплъэх,
хьадэгъу чъые къысэрэмыкIу.

* 12:3 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: зэрэгъэIушыжьыгъэх.

5 Сипый ыIонэу орэмыхъу:
«Сэ ащ сытекIуагъ».
Сэрэмылъэпау, къыспэуцухэрэр
мыгушIонхэу.
6 Сэ уишIулъэгъу мыкIодыжь сицыхьэ телъ;
сымыкIодынэу О
сыкъызэрэбгъэнэжьыщтым
сыгу ыгъэчэфыщт;
си Зиусхьанэу шIукIэ къысфыщытым
сэ щытхъу орэд къыфэсIощт.

## Я 13-рэ Орэд

### ЦIыфхэм ябзэджагъэ фэгъэхьыгъ

*ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Даут иорэд*

1 Акъылынчъэм ыгукIэ зэреIожьы: «ЩыIэп
Тхьэ».
Ахэмэ нэпэнчъагъэхэр зэрахьэ,
ахэр зэщыкъуагъэх,
шIу зышIэрэ щыIэп.
2 Зиусхьаныр ошъогум къеплъыхышъ,
дунэе цIыфхэм къахэплъэ,
акъыл зиIэрэ
Ежьым лъыхъурэ ахэтмэ зэригъэлъэгъунэу.
3 ЗэкIэри Тхьэм игъогу текIыгъэх,
зэфэдэу зэщыкъуагъэх;
шIу зышIэрэ ахэтэп – зы нэбгыри щыIэп.

4 Бзэджагъэ зезыхьэхэрэм зэкIэмэ
зэхэшIыкI ямыIэу ара –
хьалыгъур зэрашхырэм фэдэу,
сицIыф лъэпкъ зышхыхэу, Зиусхьаным
емылъэIухэрэм?
5 Щынэгъошхом зэлъиубытыщтых ахэр,
сыда пIомэ Тхьэр шъыпкъакъэ зиIэхэм
акIыгъу.
6 ЦIыф тхьамыкIэм гухэлъэу иIэхэр
жъугъэкIодынхэу шъуIуагъэ,
ау Зиусхьаныр ары ащ ишъхьэегъэзыпIэр.
7 Пыйхэм къаIэкIэзыхыжьырэр,
Цион Iошъхьэ лъапIэм къикIэу,
Зиусхьаным ицIыф лъэпкъ
щыIэкIэшIу къызыритыжьыкIэ,
ОрэгушIо лъэшэу Якъубэ,
Орэчэфы Израиль!

## Я 14-рэ Орэд

### Тхьэм ихьакIэр

*Даут иорэд*

1 Зиусхьан! Хэта
О уиунэ исынэу зифэшъуашэр?
Хэта О уиIошъхьэ лъапIэ
тесынэу зэупэсырэр?

2 Мыхъун зи зымышIэу,
зэфагъэм рыпсэоу,
шъыпкъагъэу ыгу илъыр
къэзыIорэр ары;
3 етIани цIыфхэм пцIы атезымылъхьэу,
бзэгухьэныр зимышэнэу,
иныбджэгъу иягъэ езымыгъэкIэу,
зигъунэгъу зымыубырэр ары.
4 Тхьэм пыдзы ышIырэ цIыфыр къизымыдзэу,
ау Зиусхьаным щынагъо фызиIэхэм
лъытэныгъэ афэзышIырэр ары;
ежь иягъэкIэ арыми,
тхьэрыIо фишIэу фыкIэмыгъожьырэр ары.
5 Тегъахъо иIэу къыратыжьынэу,
иахъщэ зымытэу,
хьакъынчъэм егоонэу,
къуалъхьэ къаIызымыхырэр ары.
Аущтэу псэурэр гъэшIэным лъэпэощтэп.

## Я 15-рэ Орэд

### Тхьэм щыгугъырэм итхьэлъэIу

*Даут иорэд*

1 Сыухъум, Тхьэ,
шъхьэегъэзыпIэ зыфэсшIыгъэр орышъ.

2 Зиусхьаным сэ есэIо:
«Оры си Зиусхьаныр;
шIоу сиIэр къызыбгъодэкIырэр* Оры».
3 Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэу
чIыгум тетхэр арых
щытхъу зыпылъхэр,
сэ сызгъэгушIохэрэр**.
4 НэмыкI тхьэхэм афэлажьэхэрэм
гукъэуабэ къызфахьыжьы,
ахэмэ якъурмэнхэм сахэлэжьэщтэп,
ятхьэхэм сялъэIущтэп,
ацIэхэм ягугъу къэсшIыщтэп.
5 Зиусхьаныр, Оры IахьышIоу сиIэр,
синасып зыIэ илъыр Оры.
6 Гуапэх къысфэбгъэшъошэгъэ гъогухэр,
Iахьэу къыстефагъэм сегъэразэ.
7 ЗгъэлъэпIэщт
сызыгъэгъозэрэ Зиусхьаныр;
аужыпкъэм чэщыми сэ сыгу къысэушъыи.
8 Сэ сыдрэ уахъти
Зиусхьаныр сыгу изгъэкIырэп;
ар сиджабгъушъ, сылъэпэощтэп.
9 Джары сыгу зыкIэгушIорэр,
сшъхьэкIи сызкIэчэфырэр;
щынагъо сыхэмытэуи сэпсэу.
10 Сыда пIомэ хьадрыхым сыкъиунэщтэп,
сэ, Зиусхьаным ищынагъо зыгу илъым,
лIагъэхэм ядунай себгъэкIолIэщтэп.

* 15:2 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ мэхьанэр нафэп.
** 15:3 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ мэхьанэр нафэп.

11 ЩыIэныгъэ гъогур къысэогъэлъэгъу;
О уадэжь щыIэр гушIогъо закI,
О пIэ джабгъу
гъэшIэрэ тхъагъор къэзытырэр.

## Я 16-рэ Орэд

### ЦIыф хыем итхьэлъэIу

*Даут итхьэлъэIу*

1 Къызэхэх, Зиусхьан, силъэIу,
зэфагъэ схэлъышъ;
сикуо макъэ унаIэ къытедз,
хьилагъэ зыхэмылъ IупшIэмэ ялъэIу
О птхьакIумэ фэгъаз.
2 Сихыягъэ къэгъэлъагъу,
О унэхэм шъыпкъэр арэлъэгъу.

3 О сыгу уушэтыгъ,
садэжь чэщэу укъэкIуагъ,
сыууплъэкIугъ,
ау мыхъун зи къысхэбгъотагъэп;
Iэягъэ гори сIорэп.
4 ЦIыфхэм сыд бзэджагъэ ашIагъэми,
ужэ къыдэкIырэ гущыIэхэм сатемыкIэу,
жъалымыгъэ зезыхьэхэрэм
ягъогу зыщысыдзыягъ.

5 Силъэбэкъухэр уигъогу тетыгъэх,
слъакъохэр лъэпэуагъэхэп.
6 О сэ зыкъыпфэсэгъазэ, сыда пIомэ
джэуап укъысфэхъущт О, Тхьэ;
птхьакIумэхэр сэ къысфэгъази,
сигущыIэ О къызэхэх.
7 ШIулъэгъу мыкIодыжьэу О пхэлъыр
къыслъыгъэIэс –
къапэуцужьыхэрэм ащыуухъумэнхэу,
пIэ джабгъу дэжь
шъхьэегъэзыпIэ лъыхъухэрэм я
КъэгъэнэжьакIу.
8 Нэкум фэдэу сыкъэухъум,
птамэхэм яжьау чIэгъы сышI.
9 БзэджашIэхэу сэ къыстебанэрэмэ
самылъэгъунэу,
сызыукIы зышIоигъохэу сипыйхэу
сыкъэзыуцухьэхэрэм сащыухъум.
10 Ахэмэ агухэр гукIэгъушIыным
фызэфэшIыгъэх,
ахэр жахъоу мэпсалъэх.
11 Лъэубэкъоу сэ сшIырэм пэпчъ
лъэпэмыгъакIохэу сыкъауцухьэ;
анэхэр къыстырагъэдыягъэх,
чIыгум сытырадзэнэу;
12 цунтхъэным фэхьазыр аслъаным яхьщырых, –
чIыпIэ тIэсхъапIэм щыс аслъан щырым.
13 ЗыкъэIэт, Зиусхьан,
ахэмэ апэуцу, алъэ кIэут.
БзэджашIэмэ О уичатэкIэ саIэпыхыжь,

[14] О пIэкIэ, Зиусхьан, цIыфхэм,
мы дунаим щэхъурэ щыIакIэ зимыIэхэм;
ахэмэ янэ-ятэхэм зарагъэшхэкI;
ялъфыгъэхэми къярэлыжь,
ахэмэ къялыжьыгъэр ялIэужхэми къафэрэн,
къялыжьыгъэр къафэрэн.
[15] Сэ унэгу сыкъыкIэплъэщт шъыпкъагъэкIэ;
сыкъэущыжьмэ,
узэрэслъэгъурэм сигъэрэзэщт.

## Я 17-рэ Орэд*

### ТекIоныгъэм фэгъэхьыгъэ орэд

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд Зиусхьаным иIумэт Даут, Зиусхьаным*
*ар Саули, зэкIэ ипыйхэми ямыкIодылIэнэу*
*къызаIэкIехым, Зиусхьаным факIоу мы орэдым*
*хэлъ гущыIэхэр мырэущтэу къыIуагъэх:*

[2] О шIу осэлъэгъу, Зиусхьан,
Оры скIуачIэр.
[3] Зиусхьаныр ары сыкъэзгъэнэжьырэ
мыжъобгыр,
пытапIэу сиIэр, сакъыIэкIэзыхыжьырэр,

* Мы Орэдыр зэхьылIагъэр тхылъэу «Апэрэ Самуел» ия 23-рэ шъхьэ къеIуатэ.

си Тхьэ – сыкъэзгъэнэжьырэ къушъхьэ
цакI,
шъхьэегъэзыпIэу сызфачъэрэр,
симэIур, сипыйхэм сакъыIэкIэзыхыжьэу
сиухъумапIэр.
4 Щытхъу зифэшъошэ Зиусхьаным селъэIушъ,
саIэкIегъэкIыжьы сипыйхэм.
5 Хьадэгъу лъахъэмэ сафызыгъ,
псыор ябгэмэ сапхъотагъ.
6 Хьадрыхэ пшъэхъумэ зыкъысащэкIыгъ,
сарыфагъ хьадэгъу хъытыумэ.
7 ЧIыпIэ зэжъум сифагъэу,
Зиусхьаным зыфэзгъэзагъ,
къыздэIэпыIэнэу си Тхьэ селъэIугъ.
И Унэ щыIэу,
Ащ сымакъэ щызэхихыгъ,
лъыIэсыгъ Ащ сикуо макъи.
8 ЧIыгур къэсыси, къэолъагъ,
къушъхьэ лъачIэхэр къэкIэзэзхи
зэщыкIукIыгъэх,
Тхьэр къэгубжыгъэшъ.
9 Ащ игубж зыкъыригъэIэтыгъ пщэсым,
узыхьырэ машIор ыжэ къыдэкIыгъ;
мэшIо жьокур Ащ къыдиутхыпкIыгъ.
10 Ар къехыгъ, – уашъор зэпкъыритхъи,
Ащ ылъэкъо чIэгъ щышIункIыбз.
11 ТетIысхьи къэрыубым*,
Ащ зиIэти, быбыгъэ,
жьым ытамэмэ Ар рахьыжьагъ.

* 17:11 Къэрыуб: ошъогу псэушъхьэ тэмабгъу.

12 ШIункIыр Ащ техъон зыфишIыгъ,
ащ нахьэуи псыр зыхиз ошъопщэ Iужъухэр
къызэрищэкIыгъэх.
13 Ащ нэфынэу къыпыкIрэм хэтхэу,
зэрэхьыщтыгъэх ошъуапщэхэр,
ошъури, мэшIо тэпхэри.
14 Къащыгъогъуагъ Зиусхьаныр ошъогумэ,
зэкIэмэ анахь Лъагэм ымакъэ къыгъэIугъ.
15 КъытIупщхи ищэбзащэхэр,
рипхъыхьагъэх ипыйхэр,
ритэкъухьагъэх пчыкIэкIэ ахэр.
16 Хым ычIэ къыгъэлъэгъуагъ,
дунаишхом ылъапсэхэри къычIигъэщыгъэх
О уигубжы, гъозэу къыпIуихырэм,
Зиусхьан.
17 ЛъэгапIэм ыIэ къырищэехи, сиубыти,
сакъыхихыжьыгъ Ащ псы орхэм.
18 Сипый лъэш сыкъыIэкIихыгъ,
сызылъэгъу мыхъухэу,
сэщ нахь кIочIэшхомэ сащиухъумагъ.
19 ТхьамыкIагъом сызхэт мафэм
сэ ахэмэ зыкъыспаIэтыгъ,
ау Зиусхьаныр кIэгъэкъонэу сиIагъ.
20 ЧIыпIэ хъоо-пщаум сыкъищи,
сэ Ащ сыкъигъэнэжьыгъ;
сыда пIомэ сэ Ащ ыгу къысэIугъ.
21 Шъыпкъагъэу фысиIагъэм ипэгъокIэу
Зиусхьаныр къысфэшIугъ;
сIэхэм якъэбзагъэ тефэу къысфэшIушIагъ.

22 Сыда пIомэ сэ Зиусхьаным
игъогухэм сафэшъыпкъагъ,
си Тхьэ игъогу бзэджагъэкIэ сытекIыгъэп.
23 Сыда пIомэ Ащ игъэнэфагъэхэр
зэкIэ сапашъхьэх,
Ащ рихъухьагъэхэм
сэ защысыдзыягъэп.
24 Ащ ыдэжькIэ зи мыхъун сшIагъэп,
мысагъэм сыхэмыфэнэу сысакъыгъ.
25 Ащ пае шъыпкъагъэу фысиIэм,
сIэхэм якъэбзагъэ тефэу
Зиусхьаныр къысфэшIугъ.
26 Къыпфэшъыпкъэм
фэшъыпкъэныгъэ пхэлъэу удэзекIо,
мыхъун зи зыбгъодэмылъым
икъоу шIукIэ удэпсэу.
27 Къабзэм – къабзэу,
хьилэм – ихьилагъэ
ипэгъокI О еотыжьы.
28 Сыда пIомэ О цIыф егъэзыгъэхэр
хэощыжьых,
ау зызшIошIыжьхэрэр огъэцIыкIух.
29 Сиостыгъэ О хэогъанэ,
сызхэт шIункIыр О зэбгырэофы,
Зиусхьанэу си Тхь.
30 УкъыскIыгъумэ, сэ дзэлI куп сытекIощт,
си Тхьэ сигъусэу
къалэм идэпкъ сызэпырыпкIыщт;
31 Тхьэр! Ащ игъогу щыкIэгъэнчъ,
Зиусхьаным игущыIэ цыхьэшIэгъу;

Шъхьэегъэзыпlэкlэ къыфэкlорэ пстэуми
Ар ямэlу.
32 Сыда пlомэ Зиусхьаным нэмыкlэу
хэта Тхьэр,
мыжъобгыр хэта,
ти Тхьэ нэмыкlэу?
33 Тхьэр ары кlуачlэ къысэзытырэр,
сигъогу щынэгъончъэу сфэзышlырэр.
34 Шъыхьэ лъакъохэм афэдэу,
егъэпсынкlэх сэ слъакъохэр,
лъэгапlэмэ сатырегъэуцо,
щынагъо хэмылъэу.
35 Сlэхэр бэнэным фегъасэх,
джэрз щабзэм ыпкъ къауфэнэу.
36 Сыкъызэрыбгъэнэжьыщт мэlур
О къысэптыгъ,
пlэ джабгъу къыскlаlэ,
укъысфэгумэкlызэ, сэогъэлъэшы*.
37 Силъэбэкъухэм чlыпlэ хьоо-пщао яотышъ,
слъакъохэр сэ щэо-плlаохэрэп.
38 Сэ сипыймэ салъежьэ, сакlэхьэ,
сымыгъэкlодыхэуи къэзгъэзэжьырэп.
39 Сэ ахэмэ лъэбэкъу лые язгъэкlурэп,
къэтэджыжьынхэ алъэкlырэп;
ебэджыхэшъ, слъэгу чlэгъ чlэфэх.
40 Сыда пlомэ О ахэмэ сязэон сэогъэлъэкlы,
зыкъыспэзыlэтыгъэхэр
сапашъхьэ О еофых.

* 17:36 Ижъырэ джуртыбзэмкlэ: «уишъэбагъэ сегъэлъэшы».

41 Сипыймэ акIыб къысфяогъэззэжьы,
сызфэмылъэгъухэрэр сэ сэгъэкIодых:
42 IэпыIэгъу фаехэу мэкуох,
ау щыIэп къэзыгъэнэжьынхэ,
ау щытми, Зиусхьаным зыфагъазэ,
ау Ар IэпыIэгъу афэхъурэп.
43 Жьым сапэр зэрэзэрилъасэу,
сэ ахэр сэгъэутысэх,
урам псынжъым фэдэу сэщытIэх.
44 ЦIыф лъэпкъэу зыкъыспэзыIэтыгъэм
сыщыуухъумагъ,
лъэпкъ хымэхэм пащэ сафэпшIыгъ.
СымышIэщтыгъэ цIыф лъэпкъхэр
къысфэIорышIэхэ хъугъэ.
45 Сымакъэ зэхахы къодыеми,
сIорэр агъэцакIэ,
хымэхэр сапашъхьэ къыщысфэубзэх зафыззэ;
46 хымэ лъэпкъхэр
гъэбылъыпIэу зэрысхэм къарэкIых,
ашъо пэзы, мэкIэзэзых.
47 Зиусхьанып псэу!
Мыжъобгым щытхъу фэшъушI.
Тхьэм ищытхъу лъагэу шъуIэт,
Тхьэу сыкъэзгъэнэжьырэм.
48 Тхьэу сэщ пае зыгъэпщынэжьхэу,
сIэ цIыф лъэпкъхэр къизылъхьэрэм.
49 О Тхьэ, сипыйхэми сакъыIэкIэзыхыжьырэр,
къыстебанэрэмэ ашъхьагъ сэошIы,
цIыф жъалымым сыкъыIэкIэохыжьы.

50 Джащ пае сэ хымэ лъэпкъхэм
апашъхьэ уищытхъу щысІотэщт,
Зиусхьан, пцІэ щытхъу орэд къыфэсІощт,
51 Тхьэм Ежь ипачъыхьэ
къыдырегъэхых текІоныгъэшхохэр –
цІыфэу къыхихыгъэм,
Даути, ащ къытекІыгъэхэми ягъашІэкІэ
мыкІодыжьын шІулъэгъу къафегъэшъуашэ.

## Я 18-рэ Орэд

### Зиусхьаным ихабз

1 *ОрэдыІохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

2 Уашъомэ Тхьэм ищытхъу аІэты,
иІэшІагъэхэм якъэбар еІуатэ –
ошъо гъэІагъэм.
3 Зы мафэм
Тхьэм ищытхъу лъегъэІэсы адрэ мафэм,
зы чэщым,
адрэ чэщым регъашІэ Тхьэм икъэбар.
4 ЩыІэп бзэ, щыІэп гущыІэ,
ахэмэ амакъэ къэІурэп.
5 ЗэрэчІыгоу ахэмэ амакъэ къыщекІокІы,
дунэе гъунапкъэмэ ягущыІэхэр анэсых.

Тыгъэм ипсэупІэ
Тхьэм ахэмэ ахигъэуцуагъ.
6 Къэзыщэгъакlэр ишъуз зэрыс унэм,
къызэрикlырэм фэдэу,
ар къыкъокlы, цlыф чъэрэу,
къэчъапlэр къызэричъыхьащтым
кlэгушlурэм фэдэу.
7 Ар зы ошъо гъунэм къыщежьэ,
адрэ ошъо гъунэм нэсэу къекlухьэ,
зынэмысрэ щыlэп ифабэ.

8 Зиусхьаным ыгъэуцугъэ хабзэр щыкlэгъэнчъ,
угу ыкlуачlэ егъэпытэ,
Зиусхьаным игущыlэ гъуазэ, шъыпкъэ закl,
цlыф къызэрыкlохэр ащ акъылышlо ешlых.
9 Зиусхьаным пшъэрылъэу къытфишlыгъэхэр
тэрэзых,
гур агъэчэфы, Зиусхьаным иунашъохэр
нэфынэх,
уагъэлъэгъу шlэныгъэр.
10 Зиусхьаным ищынагъо къабзэ,
ар егъашlэм щыlэщт.
Зиусхьаным игъэнэфагъэхэр –
шъыпкъагъ ыкlи зэфагъ.
11 Тхьэм ихьыкумхэр дышъэм нахь хъопсагъох,
ары пакlошъ, дышъэ къэбзэ бэдэдэм,
хьэкlо шъоу гъуаткlом нахь lэшlух.
12 О уиlумэтыр ахэмэ агъасэ,
уарэгъуазэмэ ахэмэ – джар lахьышlу.

13 Хэт зидагъохэр зыдэзышIэжьырэр?
Зыдэсымышlэжьырэ дагъохэмкlэ сыукъэбз.
14 ЗыдэсшIэжьырэ псэкIодхэми
сэ, уиIумэтым, сащыухъум,
ахэмэ аIэ илъ сымыхъунэу.
Джащыгъум сызэрагъэмысэн гори
къызбгъодэлъыщтэп,
псэкIодышхохэмкIи сыкъэбзэщт.
15 Сыжэ къыдэкIырэ гущыIэхэри сыгу илъхэри
О угу рихьынхэу орэхъух, Зиусхьан,
Орышъ мыжъобгыри
сшъхьэ къэзыщэфыжьырэри.

## Я 19-рэ Орэд

**ТекIоныгъэм фэгъэхьыгъэ тхьэлъэIу**

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

2 Мэфэ къиным Зиусхьаным укъызэхерэх,
Якъубэ и Тхьэ укъерэухъум.
3 IэпыIэгъу къыуерэт,
чIыпIэ лъапIэм къыригъэкIэу,
Цион Iуашъхьэ тетэу
кIэгъэкъонэу къыпфэрэхъу.
4 Ыгу къэрэкIыжьых тынэу фэпшIыгъэхэр,
о уикъурмэнгъэстхэми
нэшIукIэ ярэплъ.

5 Къыуерэт угукIэ пшIоигъор,
къыбдерэгъэхъух зэкIэ гухэлъэу уиIэхэр.
6 Типыйхэм узэратекIуагъэм паекIэ
мэкъэшхокIэ тэрэгушIу,
ти Тхьэ ыцIэкIэ тэрэIэт быракъыр.
УзкIэлъэIурэр зэкIэ Тхьэм къыпферэшI.
7 Джы къэсшIагъ
Зиусхьаныр къахихыгъэм
зэрэдэIэпыIэщтыр.
ЫIэ джабгъоу текIоныгъэ къэзыхьырэм
илъэкI инкIэ ошъо лъапIэмэ къарыкIэу,
джэуап къыфэхъу.
8 Ащэгугъых зыхэр ку псынкIэхэм,
адрэхэр – шыхэм,
тэ Зиусхьанэу ти Тхьэ цыхьэ фэтэшIы.
9 Ахэр, зэхэфэнхэшъ, ебэджыщтых,
ау тэ тыкъэтэджыжьынышъ, пытэу
тыщытыщт.
10 О, Зиусхьан, пачъыхьэм
текIоныгъэр къыдегъэх,
тыкъызэхэх тыкъыуаджэ зыхъукIэ*.

* 19:10 Е: «тэ тыкъеджэ зыхъукIэ, пачъыхьэр джэуап къытфэрэхъу».

# Я 20-рэ Орэд

## ТекIоныгъэм ехьылIэгъэ щытхъу

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

2 О Зиусхьан! О лъэкIэу уиIэм
щэгушIукIы пачъыхьэр,
лъэш дэдэу рэгушIо зэратебгъэкIуагъэм.
3 О ащ ыгукIэ шIоигъор фэпшIагъ,
илъэIу гущыIи щыбгъэзыягъэп.
4 О ащ унэшIу щыпфагъ,
укъыпэгъокIыгъ,
дышъэ къабзэм хэшIыкIыгъэ танджыр
щыплъагъ.
5 ШIукIэ бгъэпсэунэу къыолъэIугъ ар –
О ащ гъэшIэ мыухыжь ептыгъ,
6 О ар зэратебгъэкIуагъэм пае
щытхъу ин дэдэ ыгъотыгъ.
Лъытэныгъэшхо дызепхьагъ,
пачъыхьэ ин пшIыгъэ.
7 ЕгъэшIэрэу унэшIу ащ щыпфагъ,
О ащ укIыгъушъ, мэчэфы.
8 Сыда пIомэ пачъыхьэм
цыхьэ фешIы Зиусхьаным,
ЗэкIэми Анахь Лъагэм
ишIулъэгъу мыкIодыжь ихьатыркIэ
ащ итахътэ зэтетыщт.

9 О, пачъыхь, пIэ къихьащтых уипыйхэр,
О узфэмылъэгъухэрэр зэкIэ
пIэ джабгъу IэкIэкIыщтхэп.
10 УкъызылъагъокIэ, ахэр
мэшIо жъокушхо зыкIатэкъуагъэм фэдэу
пшIыщтых;
игубжыгъом Зиусхьаным ахэр
IэкIэкIыщтхэп,
ахэр машIом ышхыщтых.
11 Ахэмэ атекIыгъэхэр
чIыгум О тебгъэкIодыкIыщтых,
ябынхэри, ялIэужи щымыIэжьынхэу,
ахэбгъэкIодыкIыщтых О цIыфхэм.
12 Ахэмэ бзэджагъэ О къыуашIэн агу хэлъыгъ,
яягъэ къыуагъэкIын яхьисапыгъ,
ау агъэцэкIэн алъэкIыгъэп.
13 Сыда пIомэ ахэмэ О кIябгъэIэжьыщт,
щэбзащэхэр уищабзэхэмкIэ анэгумэ
яптIупщыщт.
14 ЗыкъэIэт, Зиусхьан,
кIуачIэу уиIэр къэгъэлъагъу.
Джауштэу орэдкIэ
пкIуачIэ ищытхъу тIотэщт.

## Я 21-рэ Орэд

### Гузэжъогъу куо макъэрэ щытхъу орэдрэ

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Нэфшъагъом къэлъэгъорэ мэзпчэным ехьылIэгъэ орэдым имэкъамэ илъэу къырагъаIо. Даут иорэд*

[2] Си Тхь! Си Тхь! Сыд пае О сыкъэубгынагъа?
Сыд пае укъыспэчыжьа,
сыкъэмыгъэнэжьыра,
сигухэкI макъэ зэхэмыхыра?
[3] Си Тхь! Сыгырзызэ, сыкъыоджэ мафэм –
ары шъхьае О джэуап къэптыжьырэп,
чэщыри ары, ау згъотырэп гупсэф.
[4] Ау О улъапI,
тахътэм утесэу
израиль цIыфхэм щытхъу къыпфашIы.
[5] Тятэжъхэм О цыхьэ къыпфашIыгъ;
хэпщыжьыгъэх цыхьэ къыпфашIыгъэти;
[6] ахэр О къыоджагъэхэти,
псэоу къэнэжьыгъэх;
О цыхьэ къыпфашIыгъэти,
кIэбгъэгъожьыгъэхэп ахэр.
[7] Сэ сыхьамлыу нахь, сыцIыфэп,
цIыфхэм нэмыплъ къысахы,
лъэпкъым сызэрипэсырэп.

8 Къыздэхьащхых сызылъэгъухэрэр зэкIэ,
къыскIэнакIэхэзэ, ашъхьэ агъэсысы.
9 «Мор Зиусхьаным щыгугъыщтыгъэ,
херэщыжь,
Ащ ыгу еIумэ, къерэгъэнэжь», –
aIо ахэмэ.
10 Ау Оры сыкъизыщыгъэр ныбэ кIоцIым,
сянэ ыбгъэгу сыкIэрылъзэ,
укъысфэсакъыгъ.
11 Ныбэм сыкъызэрекIэу, О сыкъыплъэхэнагъ;
сянэ ыныбэ сыкъызикIыгъэм къыщыублагъэу
Оры си Тхьэр.
12 Спэчыжьэ зымышI; нэшхъэигъор благъэ,
IэпыIэгъури щыIэп.
13 ШкIэхъужъыбэмэ сыкъауцухьагъ;
Бащан ишкIэхъужъ лъэшыбэмэ
сыкъаухъурэигъэу,
14 аслъаным фэдэу зэкIэкъыгъэу ажэ,
къысатхъохэзэ мэгъуахъох.
15 Сэ, псым фэдэу, сызэхэчъыгъ;
зэкIэ скъупшъхьэхэр зэрыпкIыгъэхэм фэд,
сыгу шаком фэдэу хъугъэ,
сыбгъэгу дэлъ гур ткIугъэ.
16 Хьакъу-шыкъу къутафэм фэдэу,
счый* гъукIагъэ;
сыбзэгу счыишъхьэ епкIылIагъ,
О хьадэгъум исэпацэ сыхъуным
нэмыкI къысфэбгъэнэжьыгъэп.

* 21:16 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: скIуачIэ.

17 Ары, сыкъауцухьагъ хьэмэ,
цIыф ябгэмэ сыкъаухъурэигъ,
сIэхэм, слъакъохэм къахэпыджагъэх.
18 Къэплъытэнхэ плъэкIыни скъупшъхьэхэр,
ау сипыйхэр къысэплъых,
анэхэр къыстырагъэдыкъагъэу
къысэплъых.
19 Сищыгъынхэр зэфагощых,
сишъуашэхэм апае пхъэдз радзэ.
20 Ау О спэчыжьэ зымышI, Зиусхьан,
Оры сикIэгъэкъоныр!
УкъыздеIэнэу къэпсынкI;
21 спсэ щыухъум чатэм,
хьэмэ ащыухъум сищыIэныгъэ.
22 Аслъаным ыжэ сыкъыдэхыжь,
домбаим ибжъакъомэ сашIомыгъаф зэсэIом,
джэуап укъысфэхъугъ.
23 Силъэпкъэгъухэм уикъэбар язгъэшIэщт,
цIыф зэIукIэмэ уищытхъу ащысIотэщт.
24 Зиусхьаным щынагъо фызиIэхэр,
Ащ шъущытхъу!
Якъубэ илIэужхэр,
Ащ ищытхъу шъуIуатэ!
Израиль лъэпкъым зэрэпсэоу
Ащ щынагъо фышъуиI!
25 Сыда пIомэ Ащ егъэзыгъэр
пхъэтэпэмыхь ышIыгъэп,
ынэгу Ащ шIуигъэбылъыгъэп,
ау зэхихыгъ ымакъэ,
IэпыIэгъукIэ ар къызелъэIум.

26 ЗэIукIэшхом Оры зищытхъу щысIорэр;
О щынагъо къыпфызиIэхэм апашъхьэ
тхьэлъанэу сшIыгъэхэр
щызгъэцэкIэжьыщтых.
27 ТхьамыкIэхэр шхэщтых,
загъэшхэкIыжьыщт;
Зиусхьаным зыфэзгъазэхэрэр Ащ щэрэтхъух;
гъэшIэ кIыхьэу, насыпышIохэу орэхъух ахэр!
28 ЧIыгум икъопэ пстэуми
Зиусхьаныр агу къыщыкIыжьынышъ,
Ащ зыкъыфагъэзэжьыщт;
цIыф лъэпкъ пстэуми
Ащ ыпашъхьэ шъхьащэ щашIыщт.
29 Сыда пIомэ тетыгъошхо зиIэр
Зиусхьаныр ары,
Ащ ыIэмычIэх цIыф лъэпкъхэр.
30 Зышъо икIыгъэу чIыгум тет пстэуми
шъхьащэ фашIыщт Ащ;
зэкIэ хьадрыхэ кIожьыщтхэм
шъхьащэ фашIыщт Ащ, –
зигъашIэ зыIэ имылъхэм.
31 Къэхъущт цIыфхэри Ащ фэлэжьэщтых,
къэкIощт лIэужым
Зиусхьаным икъэбар раIотэщт.
32 Джыри къэхъущт цIыфхэм араIощт
Зиусхьаным зэфагъэу хэлъыр.
Сыда пIомэ Зиусхьаныр ары
ар зиIэшIагъэр.

## Я 22-рэ Орэд

### Зиусхьаныр симэлахъу

*Даут иорэд*

1 Зиусхьаныр – симэлахъу,
сэ зыми сыфэныкъощтэп.
2 Ащ хъупIэ шIагъохэм
гупсэфэу сащегъэпсэу,
саIуещэ псы рэхьатхэм.
3 Спсэ къегъэпсэужьы;
Ежь ыцIэ пае
шъыпкъэм игъогу сытырещэ.
4 Хьадэгъум иныбжьыкъу* хъуатэ
сыдэхьагъэми,
сыщыщынэнэп ем,
О укъыскIыгъушъ;
Уимэлэхъо бэщырэ
гъогум щыпIыгъырэ бэщымрэ
сэ сагъэгупсэфыжьы.
5 О сэ сипыймэ алъэгъоу
къысфэбгъэхьазырыгъ Iэнэ шыгъэ,
сшъхьэ дагъэр къыщэофэ,
сиIэгубжъэ изыбзэ къэошIы.
6 Джауцтэу уишIугъэ, мыкIодыжьын
уишIулъэгъу

* 22:4 «Хьадэгъум иныбжьыкъу» е «ШIункIыгъэ куум ихъуатэ».

мэфэ пстэоу сэ къэзгъэшIэщтхэм
скIыгъущтых,
Зиусхьаным и Унэ
егъашIэм сыщыпсэущт.

## Я 23-рэ Орэд

### Щытхъушхо зиIэ Пачъыхьэр

*Даут иорэд*

1 ЫIэ илъых Зиусхьаным:
чIыгури, ащ щыIэ пстэури,
дунаишхори, ащ щыпсэурэ пстэури,
2 ар Ащ хыхэм атыригъэуцуи,
псыхъохэм ащигъэпытагъэшъ*.
3 Хэт Зиусхьаным иIуашъхьэ** дэкIоен,
хэта Ащ ичIыпIэ лъапIэ иуцон фитыр?
4 ЗыIэхэр къабзэхэу зыгу хыер,
бзэджагъэм зыгу фэзымыгъазэу,
тхьэрыIо нэпцI зымышIырэр ары.
5 А цIыфыр ары –
Зиусхьаным ынэшIу къызщифэщтыр,
а цIыфым ихыягъи
Тхьэу КъэгъэнэжьакIом къыхигъэщыщт.

---

* 23:2 Еплъ: «УблапIэ» 1:9-10.

** 23:3 Ерусэлэм щыIэ Iуашъхьэу Тхьэм и Унэ зыщагъэуцугъэр ары.

6 Джащ фэдэх Ащ лъыхъухэрэр,
ынэгу зыфэзгъазэрэр Якъубэ и Тхьэ!
7 Шъо, къэлапчъэхэр, шъукъызэIукIых,
егъэшIэрэ пчъэхэр, зыкъызэIушъух,
щытхъушхо зиIэ Пачъыхьэр къыдэхьанэу!
8 Хэт щытхъушхо зиIэ Пачъыхьэр? –
Зиусхьанэу пытэр, кIочIэшхор,
заом щыкIочIэшхо Зиусхьаныр ары.
9 Шъо, къэлапчъэхэр, шъукъызэIукIых,
егъэшIэрэ пчъэхэр, зыкъызэIушъух,
щытхъушхо зиIэ Пачъыхьэр къыдэхьанэу!
10 Хэт щытхъушхо зиIэ Пачъыхьэр? –
Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэр ары
щытхъушхо зиIэ Пачъыхьэр.

## Я 24-рэ Орэд

**Охътэ щынагъом итхьэлъэIу**

*Даут иорэд*

1 Сыгу О къыпфызэIосэхы, Зиусхьан.
2 О цыхьэ къыпфэсэшIы, си Тхь!
ЕмыкIу къысэрамыгъэхь,
сипыйхэр къысщэрэмыгушIукIых.
3 ЕмыкIу къысэрамыгъэхь
зэкIэ О къыпщыгугъхэрэм;

емыгъэзыгъэхэу, къумалыгъэкIэ
зыкъэзыIэтхэрэм
емыкIу къафарэхь.
4 Къысэгъэлъэгъу, Зиусхьан, уигъогухэр,
сащыгъэгъуаз уилъагъомэ.
5 О уишъыпкъагъэ игъогу
сытегъэуцуи, сыщыгъас,
Орышъ Тхьэу сыкъэзгъэнэжьырэр;
мэфэ реным сыпщэгугъы.
6 УигукIэгъурэ уишIулъэгъу мыкIодыжьрэ
угу ерэмыкIых, Зиусхьан, –
пасэм зэрэщытыгъэу.
7 СикIэлэгъум псэкIодэу сшIагъэхэр,
сихэбзэнчъагъэхэр угу ерэмылъых.
УишIулъэгъу мыкIодыжь, уишIугъэ
яхьатыркIэ
угу сигъэлъ зэпыт, Зиусхьан!
8 ШIу, зафэ Зиусхьаныр;
джащ пае Ащ псэкIодышIэхэм
гъогу тэрэзыр агурегъаIо.
9 ЦIыф шъырытхэр шъыпкъагъэм феузэнкIых,
афегъасэх игъогумэ шъырытхэр.
10 Зиусхьаныр ишIулъэгъу мыкIодыжькIэ,
ифэшъыпкъэныгъэкIэ адэзекIо ренэу –
Ащ иIуагъэрэ
игущыIэ гъуазэхэмрэ зыгъэцакIэхэрэм.
11 О пцIэ ихьатыркIэ, Зиусхьан,
къысфэгъэгъу сэ симысагъэ,
ар ин дэдэшъ.

12 Зиусхьаным щынагъо физиIэм
хихын фэе гъогур къыригъэлъэгъущт Ащ.
13 Ар фэшIыгъэ щыIакIэм хэт зэпытыщт,
бынэу къытекIыхэрэми чIыгур
аIукIэжьыщт.
14 Зиусхьаным щынагъо физиIэхэр
игухэлъхэм ащегъэгъуазэх,
адишIыгъэ Iуагъэхэр
агу къегъэкIыжьы.
15 Сэ синэплъэгъу Зиусхьаным
ренэу фэгъэзагъ,
сыда пIомэ Ащ хъытыум къырехыжьых
слъакъохэр.
16 Зыкъысфэгъази, гукIэгъу къысфэшI,
сэ сизакъошъ, сыекIагъэшъ.
17 Ахэхъуагъ синэшхъэигъомэ,
сигузэжъогъумэ, – сакъыхэщыжь.
18 Къинэу сызыхэти сигукIаий унаIэ къатедзи,
къысфэгъэгъух сэ зэкIэ сипсэкIодхэр.
19 Сипыймэ къяплъ,
сыдэу ахэр бэ хъухэра,
жъалымхэу, сыдэу ахэмэ сафэмылъэгъура!
20 Къэухъум спсэ, сыхэщыжь,
емыкIу къысарэмыгъэхь,
шъхьэегъэзыпIэу О зыкъыпфэсэгъазэшъ.
21 Сыкъарэухъум зэфагъэмрэ шъыпкъагъэмрэ,
О сыпщэгугъышъ.
22 Израиль итхьамыкIагъомэ зэкIэмэ
ахэщыжь, О си Тхь.

## Я 25-рэ Орэд

### ЦIыф хыем итхьэлъэIу

*Даут иорэд*

1 Сихыягъэ къыхэгъэщ, Зиусхьан,
мыхъун шIагъэ збгъодэмылъэу
сызекIуагъэшъ,
Зиусхьаным сэ цыхьэ фэсэшIы,
сыгу щэч къисымыгъахьэу.
2 Сыушэт, Зиусхьан, сыуплъэкIу;
сыгуи спси ушэтых;
3 Сыда пIомэ О уишIулъэгъу мыкIодыжь
сынитIукIэ сэлъэгъу,
фэшъыпкъэныгъэ къыпфысиIэу сэпсэу*.
4 ЦIыф хьилэхэм сэ садэтIысырэп,
нэпитIу зиIэ цIыфхэми сахахьэрэп.
5 БзэджашIэхэм якуп сфэлъэгъурэп,
цIыф шIэпхъаджэхэми гъусэ сафэхъурэп.
6 СIэ хыехэр стхьакIыхэзэ, Зиусхьан,
хъураеу къэсэкIухьэ уикъурмэншIыпIэ,
7 рэзэныгъэм иорэд къасIозэ,
уишIэгъуашIэхэр къафэсэIуатэ.
8 Зиусхьан! О уи Унэ псэупIэ
сэ шIу сэлъэгъу –
уищытхъу псэупIэу иIэр.

---

* 25:3 Е: «О уифэшъыпкъэныгъэкIэ сэпсэу».

9 Спсэ адыхэмых псэкIодышIэмэ,
лъым фэIумацэхэм садэмыгъэкIод.
10 Ер зышIэхэу, зыIэ джабгъу
къуалъхьэр изы зышIыгъэхэм.
11 Сэ сызэрэкъабзэу сыщыI;
сыхэщыжь, гукIэгъу къысфэшI.
12 Сэ гъогу зафэм сытет;
зэIукIэшхом Зиусхьаным ищытхъу
къыщысIощт.

## Я 26-рэ Орэд

### Щытхъу тхьэлъэIу

*Даут иорэд*

1 Зиусхьаныр сэ синэфын, сикъэгъэнэжьакIу:
хэта сызщыщынэщтыр?
Зиусхьаныр – сищыIэныгъэ икъэухъумапI:
хэт щынагъо зыфысиIэщтыр?
2 БзэджашIэхэр, сипэрыохъухэри сипыйхэри
къыстебанэх сызэпкъыратхъынэу;
лъэпэонхэшъ, тефэщтых.
3 Сыкъэщынэщтэп дзэр къыспэшIуекIоми,
къысфэкIоми заор –
джащыгъуми Тхьэм цыхьэ фэсшIыщт.
4 Зызакъу ныIэп
сэ Зиусхьаным сызэрелъэIугъэр,

зызакъу сызкIэхъопсырэр:
къэзгъэшIэщт мафэхэм къакIоцI
сыщыIэнэу Зиусхьаным и Унэ,
Зиусхьаным ишIугъэ слъэгъунэу,
Ар и Унэ щызгъэлъэпIэнэу.
5 Сыда пIомэ мэфаем
шъхьэегъэзыпIэ сфэхъущт, ащ
сыщиухъумэщт,
ищэтыр* чIэгъ сыщигъэбылъыщт,
мыжъобгым сыдихьыещт щынэгъончъэу.
6 Аущтэу сэ сшъхьэ
сипыйхэу сыкъэзыуцухьэрэмэ
ашъхьагъ зыщиIэтыщт,
сэри Ащ ищэтыр
гушIогъо мэкъэшхокIэ
щысшIыщтых къурмэнхэр,
Зиусхьаным орэд къыфасIозэ,
ищытхъу сIотэщт.
7 Къызэхэх, Зиусхьан,
сымакъэу сыкъызэрэуаджэрэр;
гукIэгъу къысфэшIи, джэуап къысфэхъу.
8 Сыгу къысиIощтыгъэ Ощ пае:
«Сызфэдэр зэжъугъашI».
Зиусхьан, узфэдэр зэзгъэшIэщт.
9 СшIомыгъэбылъ унэгу;
губжым ухэтэу сэ, уиIумэт, сыIумыгъэкI.
IэпыIэгъоу сэ О усиIагъ;
сычIэмыдз, сыкъэмыбгын,
Тхьэу си КъэгъэнэжьакIу!

---

* 26:5 Ищэтыр: Тхьэм и Ун.

10 Сыда пIомэ сэ сяни сяти сыкъабгынагъэми,
Зиусхьаным сыригъэблэгъэщт.
11 Уигъогу сэгъашIэ, Зиусхьан,
сипыймэ саIэкIэмыфэным пае,
гъогу зэшъхьэзашъом сытегъахь:
12 къыспэуцухэрэм саIэкIэмыгъаф,
шыхьат нэпцIхэр къыспэтэджыгъэхэшъ –
ахэр жъалымхэу.
13 Ау псэ зыпытмэ ядунай
щыслъэгъунэу Зиусхьаным ишIушIагъэ
шIошъхъуныгъэ фысиI.
14 Зиусхьаным щыгугъ,
зыгъэпыт, угуи орэпытэ,
Зиусхьаным щыгугъ, зыщыI.

## Я 27-рэ Орэд

### Тхьэм зызщиушъэфырэм

*Даут иорэд*

1 Сыкъыоджэ, Зиусхьан:
симыжъобгыр, мэкъэнчъэ зымышI,
зыуушъэфэу, зи къысэмыIомэ,
хьадрыхэ ехыжьхэрэм афэдэ сыхъущт.
2 Къызэхэх силъэIу макъэ,
сыкъыуаджэ зыхъукIэ,
сIэхэр уи Унэу лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым
фэсщэйхэзэ, къэсIэтхэ зыхъукIэ.

[3] БзэджашIэхэу ер зилэжьыгъэмэ
садэмыгъэкIод,
гъунэгъухэм ахэтхэ зыхъукIэ,
ахэр мамырныгъэм рэгущыIэх,
ау агу бзэджагъэр илъ.
[4] Алэжьыгъэм елъытыгъэу адэпсэужь,
яфэшъуашэмкIэ ахэмэ ятэжь;
ябзэджэшIагъэ ягъэпщыныжь,
яIэшIагъэ ипэгъокI ягъэгъотыжь.
[5] Зиусхьаныр зэрэзекIорэм,
Ащ иIэшIагъэ анаIэ тетэпышъ,
зэхигъэтэкъонхэшъ, къыгъэшIыжьыщтхэп.
[6] Щытхъур ий Зиусхьаным,
сыда пIомэ силъэIу макъэ Ащ
къызэхихыгъ.
[7] Зиусхьаным кIуачIэ къысеты, мэIу
къысфэхъу;
цыхьэ фэсэшIы Ащ сыгукIэ,
сэ Ар къыздеIэ,
сыгуи Ащ къегъэчэфы;
ащ пае сиорэдкIэ Ащ рэзэныгъэ фэсэшIы.
[8] Зиусхьаныр – ицIыф лъэпкъ кIуачIэ къезыт,
къыхихыгъэ пачъыхьэм икъэгъэнэжьакIу,
ипытапI.
[9] УицIыф лъэпкъ къэгъэнэжь мыкIодэу,
Iахъо фэхъу, унэшIу щыгъаф
уиIахьэ хъурэ цIыф лъэпкъым!

# Я 28-рэ Орэд

**Тхьэм ымэкъэ лъэш**

*Даут иорэд*

[1] Уашъом щыIэхэр*, фэжъугъэшъуаш
Зиусхьаным,
фэжъугъэшъуаш щытхъури,
лъэкIыныгъэри Ащ.
[2] Фэжъугъэшъуаш Зиусхьаным ыцIэ щытхъур,
лъэпIагъэр шъуишъуашэу
Зиусхьаным шъхьащэ фэшъушI!
[3] Псымэ ашъхьагъы
Зиусхьаным ымакъэ къыщэIу;
Тхьэу щытхъу зиIэм ымакъэ
шыблэ макъэм фэд.
Зиусхьаным ымакъэ
псыбэмэ ашъхьагъ ит.
[4] Зиусхьаным ымакъэ лъэшы,
Зиусхьаным ымакъэ щытхъузехь.
[5] Кедрэ чъыгхэр Зиусхьаным ымакъэ
егъэтакъох;
Зиусхьаным ымакъэ егъэтакъох
Ливан къушъхьэм тет кедрэхэр.
[6] ЕгъэхъушIэх, шкIакIэм фэдэхэу,
Ливан къушъхьэхэр,

* 28:1 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: «тхьэхэм акъохэр».

Сирион къушъхьэри –
домбай ныбжьыкIэм фэдэу.
7 МэшIо тхъуабзэхэр къыхегъэлъэтых
Зиусхьаным ымакъэ.
8 Зиусхьаным ымакъэ
шъоф нэкIыр егъэсысы;
Зиусхьаным Къадэщ шъоф нэкIыр
егъэтIыгурыгу.
9 Зиусхьаным ымакъэ
чъыгаехэр егъэсысых*,
мэзхэр еупцIэных;
Ащ и Унэ чIэс пстэуми
Ащ щытхъушхо щыфашIы.
10 Зиусхьаныр псыкъиушхом ышъхьагъыкIэ
итахътэ тес;
Зиусхьаныр пачъыхьэ тахътэм
гъэшIэным тес.
11 Зиусхьаным ицIыф лъэпкъы
кIуачIэ къырерэт;
Зиусхьаным ицIыф лъэпкъы
мамыркIэ ынэшIу къыщерэф.

* 28:9 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: «бланэхэр егъалъфэх».

## Я 29-рэ Орэд

### Щытхъу тхьэлъэIу

[1] *Тхьэм и Унэ зэрагъэлъэпIагъэр. Даут иорэд*

[2] Сыхэпщыжьыгъэшъ, Зиусхьан,
сипыйхэр къыскIэбгъэнэкIагъэхэпышъ,
узгъэлъэпIэщт,
[3] Зиусхьан, си Тхь! СыкъыолъэIугъэти,
сэ О сыбгъэхъужьыгъ.
[4] Зиусхьан! Хьадрыхэ сыкъипщыжьыгъ,
ащ ехыжьыгъэхэм сакъыхэпхыжьи,
сыкъэбгъэпсэужьыгъ.
[5] Орэд къыфашъуIу Зиусхьаным,
шъо, Ащ ищынагъо зыгу илъхэр,
Ар зэрэлъапIэр зыщышъумыгъэгъупшэу,
рэзэныгъэ фэшъушI.
[6] Сыда пIомэ нэгъэупIэпIэгъу – Ащ игубж,
Ащ ишIугъэ – сыщэIэф:
пчыхьэм гъыныр сихьакI,
пчэдыжьым – гушIуагъор.
[7] ЗыщысишIугъом сэ сIуагъэ:
«ГъэшIэным сылъэпэощтэп».
[8] УкъысфэшIушIи, Зиусхьан,
О къушъхьэ пытэу сыбгъэуцугъ,
ау етIанэ О унэгу ашIобгъэбылъыгъэти,
щынагъом сызэлъиштагъ.

9 Джащыгъум О, Зиусхьан,
сэ сыкъыуаджэщтыгъ.
Зиусхьаным гукIэгъу къысфишIынэу
селъэIугъ:
10 «СылIэмэ, сыд ишIуагъэу къыокIыщтыр,
хьадрыхэ сехыжьыхэмэ?
Хьадрыхэ сапэм уищытхъу ыIощта?
Фэшъыпкъэныгъэу О пхэлъыр
ащ зэлъаригъэшIэщта?
11 Сыкъызэхэхри, Зиусхьан, гукIэгъу
къысфэшI;
Зиусхьан, IэпыIэгъу къысфэхъу».
12 Джащыгъум сишъыгъон
гушIогъо къашъокIэ О къысфызэблэпхъугъ,
сишъыгъо щыгъынхэр сщыпххи,
чэфыгъо шъуашэр къысэпщэкIыгъ.
13 Ащ пае сыгукIи сыпсэкIи
зысымыушъэфэу уищытхъу сэIуатэ.
Зиусхьанэу си Тхь! ГъэшIэным
сэ О щытхъур пфэсшIыщт.

# Я 30-рэ Орэд

## Тхьэм ущыгугъыным итхьэлъэIу

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

[2] О, Зиусхьан, шъхьэегъэзыпIэ осэшIы,
емыкIу къысарэмыгъэхь егъащIэми,
сикъин сыхэщыжь уишъыпкъагъэкIэ.
[3] ПтхьакIумэ къысфэгъази,
псынкIаIоу сакъыIэкIэхыжь.
О мыжъобг ухъумапIэу,
пытэпIэ лъэшэу къысфэхъу.
[4] О умыжъобг, упытапI сэркIэ,
О пцIэ ихьатыркIэ
сызещ сэ, сыгъэIорышI.
[5] Шъэфэу къысфагъэуцугъэ хъытыум
сыкъищыжь,
сишъхьэегъэзыпIэр Орышъ.
[6] О пIэ зыкъесэлъхьэ;
сшъхьэ пщэфыжьыгъэ, О, Зиусхьан,
Тхьэу фэшъыпкъэныгъэ зиIэр.
[7] Сэ сфэлъэгъухэрэп
тхьэ мышъо-мылхэр зыгъэлъапIэхэрэр,
ау Зиусхьаным сэ цыхьэ фэсэшIы.
[8] СигъэгушIощт уишIулъэгъу мыкIодыжь О,
сигъэчэфыщт,

сыда пIомэ къэплъэгъугъ ситхьамыкIагъэ,
сикъинхэм О уащыгъуаз.
9 Сипыйхэми аIэ сиплъхьагъэп;
хьоо-пщаоу слъэ бгъэуцугъэ.
10 ГукIэгъу къысфэшI, Зиусхьан,
гузэжъогъум сызэлъиубытыгъэшъ;
сынэ ригъэгъукIыгъ нэшхъэигъом,
сыгуи, сIэпкъ-лъэпкъхэри усхъэпыгъэх.
11 Нэшхъэигъом еухы сигъашIэ,
сиилъэсхэр – гырз-щэIуным,
къарыунчъэ сашIы сикъинхэм*,
мэукъэпых скъупшъхьэхэр.
12 ЗэкIэ сипыйхэми
сигъунэгъу дэдэхэми саубы,
синэIуасэхэмкIи щынагъо сыхъугъ:
урамым сыщызылъэгъухэрэм кIатхъужьы.
13 ЛIагъэм фэдэу сащыгъупшагъ;
хьакъу-шыкъу къутагъэм сыфэд.
14 Сыда пIомэ цIыфыбэ зэIушъашъэу зэхэсэхы;
лъэныкъо пстэумкIи щынагъор къысфекIы,
сэ къыспэшIуекIохэу зэрэгъэIушыжьхэзэ,
спсэ хахынэу зэхалъхьэ зыхъукIэ.
15 Ау сэ цыхьэ къыпфэсэшIы, Зиусхьан;
сэ къэсэIо: «Сэ си Тхьэр – Оры».
16 Симафэхэр О пIэ илъых;
сипыйхэми сыкъезыфэкIыхэрэми
саIэкIэхыжь.

---

* 30:11 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: бзэджагъэхэм.

17 Унэгу инэф сэ, уиIумэтым, къыстегъапс,
уишIулъэгъу мыкIодыжькIэ
сымыкIодэу сыкъэгъэнэжь.
18 Зиусхьан! ЕмыкIу къысарэмыгъэхь,
сызэлъэIурэр Орышъ:
бзэджашIэхэм къафарэхь емыкIу,
хьадрыхэ бзэмыIум орэкIох.
19 Бзэгу пцIыусхэр бзако орэхъух –
пагэхэу, шъыпкъагъэ зиIэхэр къырамыдзэхэу,
мыхъун языIуалIэхэрэр.
20 О уищынагъо зыгу илъхэм апае
сыдэу ба шIугъэу О уиIэр,
цIыфхэм апашъхьэкIэ шъхьэегъэзыпIэу
О зыкъыпфэзгъазэхэрэм
апае бгъэхьазырыгъэу.
21 О ахэр бырсыр къэзыIэтхэрэм
унэгу кIэтхэу ащэоухъумэх,
убакIохэр къямыгоонхэу,
ухъумапIэ яогъэгъоты.
22 Зиусхьаным щытхъур ыдэжь,
ишIулъэгъу мыкIодыжь гъэшIэгъон
къыслъигъэIэсыгъэшъ,
пыйхэр зытебанэхэрэ къалэм сызыщэIэм!
23 Гузэжъогъум сыхэтэу сэ сIогъагъэ:
«Сыкъипфыгъ уиIэгъо-блэгъу»,
ау IэпыIэгъукIэ сыкъызыолъэIум,
силъэIу макъэ къызэхэпхыгъ.
24 Шъо, зэкIэ Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр,
шIу шъулъэгъу Зиусхьаныр;

Зиусхьаным къеухъумэх
къыфэшъыпкъэхэр,
ау пагэу зекIохэрэр
егъэпщынэх Ащ икъу фэдизэу.
25 Зыжъугъэпыт, лIыгъэ зыхэжъугъэлъ,
Зиусхьаным щыIагъэкIэ щыгугъыхэрэр!

## Я 31-рэ Орэд

**ПсэкIодхэм уафыкIэгъожьынымрэ Тхьэм ахэр къыпфигъэгъунхэмрэ**

*Даут ытхыгъэ усэр*

1 Сыхьатмафэ ежьагъ
зихэбзэнчъагъэ зыфигъэгъуи,
Тхьэм зипсэкIод зыфигъэкIодыгъэр.
2 Сыхьатмафэ ежьагъ Зиусхьаным
бзэджагъэ зыфимылъэгъурэр,
зыгу хьилагъэ имылъыр!
3 СипсэкIод зэрэсыушъэфыгъэм,
мэфэ реным сигъэщэIузэ,
ыукъэпыгъэх скъупшъхьэхэр.
4 Сыда пIомэ чэщыми мафэми
О пIэ къыстеIункIагъ,
кIуачIэу схэлъри, гъэмэфэ огъум
ыгъэфэлагъ пIонэу, сIэкIэкIодагъ.

5 Ау сэ псэкӀодэу сшӀагъэр къыосхьылӀагъ,
бзэджагъэу сшӀагъэри пшӀосыушъэфыгъэп;
сэ къэсӀуагъ:
«КъыфэсӀотэщтых Зиусхьаным
сихэбзэнчъагъэхэр»;
джащыгъум сипсэкӀод сфэбгъэгъузэ,
симысагъэ О степхыжьыгъ.
6 Джащ пае зыщигъом
хэти Тхьэм ищынагъо зыгу илъыр
къыорэлъэӀу,
джащыгъум, псышхохэр къызиухэкӀэ,
ахэр ащ къылъыӀэсыщтхэп.
7 О – усиухъумапӀ;
къин сыхафэмэ, сэоухъумэ,
сызэрэхэпщыжьырэм игушӀуагъомэ
сахэогъэты.
8 «Акъыл озгъэшӀын,
гъогоу узэрыкӀощтыр озгъэшӀэн,
къыбгурызгъэӀон, сынаӀэ къыптезгъэтызэ».
9 «Шым, къыдырэу зэхэшӀыкӀ зимыӀэм
шъуафэрэмыд, –
ӀорышӀэ пфэхъуным пае,
зыжэпкъ шхорэ шхомылакӀэрэ
зытеплъхьан фаемэ афэдэу».
10 Къиныгъор цӀыф бзаджэм къебэкӀы,
ау Зиусхьаным цыхьэ фэзышӀырэм
шӀулъэгъу мыкӀодыжьыр къешӀэкӀыгъ.
11 Зиусхьаным пае шъучэф,
шъугушӀу, шъыпкъагъэ зиӀэхэр;
гушӀогъошхом шъухэтэу Зиусхьаным

щытхъу фэшъушI мэкъэ Iэтыгъэкlэ,
зэкIэ зыгукIэ зэфагъэ зиIэхэр.

## Я 32-рэ Орэд

### Щытхъу орэд

1 Зиусхьаным гушIуагъо хэжъугъуат,
шъыпкъагъэ зиIэхэр;
зафэхэм щытхъур ашIыныр къякIу.
2 БзэпспщынэмкIэ Зиусхьаным шъущытхъу,
орэд къыфашъуIу
бзэпсипшI зэрылъ пщынэтIаркъомкIэ.
3 ОрэдыкIэ Ащ къыфашъуIу;
фэIазэу бзэпсымкIэ къежъугъаIу,
макъэр хэшъуIэтыкIызэ къашъуIо.
4 Зиусхьаным игущыIэхэр зафэх.
ЗэкIэ Ащ иIофхэм фэшъыпкъэныгъэ ахэлъ.
5 Ащ икIасэх шъыпкъагъэр, зэфагъэр,
Зиусхьаным ишIулъэгъу мыкIодыжь
чIыгум тиз.
6 Ежь игущыIэкIэ Зиусхьаным
ошъогухэр къыгъэшIыгъэх,
иунашъокIи – огум къыщынэфхэрэр.
7 Зэтезэрэгохэу Ащ хыпсыхэр ыугъоигъэх,
куупIэхэр угъоипIэхэм
Ащ аригъэкIугъэх.

8 Щэрэщцын зэрэчIыгоу Зиусхьаным;
дунаишхом щыпсэурэ пстэури
Ащ ыпашъхьэ щэрэкIэзэз.
9 Сыда пIомэ Ащ къыIуи, – къэхъугъ;
унашъо къышIи, – къэлъэгъуагъ.
10 Зиусхьаным хымэ лъэпкъхэм рахъухьэрэр
зэщегъакъо,
зэхегъэтакъох гухэлъэу ашIыхэрэр
цIыф лъэпкъмэ.
11 Зиусхьаным рихъухьагъэхэр
егъэшIэрэу щыIэщтых;
игупшысэхэри лIэуж пстэуми
адыщыIэщтых.
12 Сыхьатмафэ ежьагъ
цIыф лъэпкъэу Зиусхьаныр зи Тхьэр,
лъэпкъэу Ежь иIахьышIу зыфишIыгъэр.
13 Уашъом щыIэу Зиусхьаныр къеплъыхы,
цIыф пстэури къелъэгъу,
14 зэрэтесэу итахътэ
чIыгум щыпсэурэ пстэури къелъэгъу.
15 ЗэкIэмэ агухэр Ащ къегъэпсых,
зэхешIыкIых зэкIэ яIофхэр.
16 Дзэшхоми фэгъэгъунэщтэп пачъыхьэр;
къыфэухъумэжьыщтэп зэолIыр ыкIуачIэ,
сыд фэдиз иинагъэкIи.
17 ЦыхьэшIэгъоп укъигъэнэжьынымкIэ шыр,
ащ ыкIочIэ лъэшии ухищыжьыщтэп.
18 Мары, Зиусхьаным щыщынэхэу,
Ащ ишIулъэгъу мыкIодыжь щыгугъхэрэм
Ащ ынаIэ атырегъэты,

19 щиухъумэнхэу хьадэгъум,
гъаблэм игъом ыгъэшхэкIынхэу.
20 Тэ тыгукIи тпсэкIи
Зиусхьаным тыщэгугъы:
Ар – тиIэпыIэгъу, тимэIу;
21 Тэ тыгухэр Ащ къегъэчэфых;
сыда пIомэ Ащ ыцIэ лъапIэ
тэ цыхьэ фэтэшIы.
22 Тыкъыпщэгугъышъ, Зиусхьан,
уишIулъэгъу мыкIодыжь ташъхьагъ ерэт.

## Я 33-рэ Орэд

### Тхьэм изэфагъэ ищытхъу

*1 Абимэлэх ыпашъхьэ иакъыл имыежь фэдэу зыкъыщишIи, ащ ыдэжь къырафи, зыхэхьажьым, Даут ытхыгъэ орэдыр**

2 Сыдрэ уахъти Зиусхьаным
щытхъу фэсшIыщт;
Ащ ищытхъу сыбзэгу сэ телъ зэпытыщт.
3 ЗиусхьанымкIэ зыщытхъужьыщт гоу сиIэр,
къызэхахынышъ, къэгушIощтых
цIыф егъэзыгъэхэр.

* 33:1 Мы орэдым икъэбар тхылъэу «Апэрэ Самуел» ия 21-рэ шъхьэ ия 10-рэ усэ къыщегъэжьагъэу я 22-рэ шъхьэм иапэрэ усэ нэс къеIуатэ.

4 ШъукъыскIыгъоу жъугъэлъапI Зиусхьаныр,
тызэгъусэу ыцIэ лъагэу къэтэжъугъэIэт.
5 Зыфэзгъэзагъ сэ Зиусхьаным,
Ащ джэуап къысити,
щынагъоу зэкIэ сиIэмэ сакъыIэкIихыжьыгъ.
6 Зинэплъэгъу Ащ фэзыгъазэхэрэм
анэгу нэфынэр кIиз,
нэпэнчъэ хъущтхэп ахэр.
7 Мы тхьамыкIэр Тхьэм елъэIугъ –
Зиусхьаным ар къызэхихи,
зэкIэ икъинмэ ахищыжьыгъ.
8 Зиусхьаным ищынагъо зыгу илъхэр
къеухъумэх Ащ имэлэIич,
ахещыжьых къиныгъоу яIэмэ.
9 ШъуупльэкIуи Зиусхьаныр зыфэдэр,
зэрэшIур шъулъэгъущт.
Сыхьатмафэ ежьагъ шъхьэегъэзыпIэкIэ
Ащ зыфэзгъазэрэр.
10 Зиусхьаныр жъугъэлъапIэ шъо,
Ащ ищынагъо зыгу илъхэр,
сыда пIомэ Ар зыгъэлъапIэхэрэр
зыми фэныкъохэп.
11 Аслъан ныбжьыкIэхэм щыкIагъэ яI,
мэлакIэх,
ау Зиусхьаным зыфэзгъазэхэрэм
сыдрэ шIугъэкIи щыкIагъэ яIэп.
12 НыбжьыкIэхэр, шъукъакIуи садэжь,
шъукъысэдэIу,
Зиусхьаным щынагъо фышъуиIэнэу
сэ шъузгъэсэщт.

13 ГъэшIэ кIыхьэ иIэу,
шIугъэ ыгъотэу
щыIэнэу арыба цIыфыр,
цIыфхэр зэкIэ зыфаер?
14 Убзэгу къемыгъаIу бзэджагъэ,
ужэ къыдэмыгъэкIых хьилагъэхэр.
15 Бзэджагъэм зыщыдзый, шIугъэр шIэ;
мамырныгъэм зыфэгъази, ыуж ихь!
16 Шъыпкъагъэ зиIэхэм
Зиусхьаным инэплъэгъу афэгъэзагъ,
ытхьакIумэхэр – якуо макъэ.
17 Ау Зиусхьаным ынэгу афигъазэрэп
бзэджашIэхэм – егъэшIэрэу ахэр
агу къыщымыкIыжьынхэу чIыгум.
18 Зыгу шъыпкъагъэ илъхэр
къадэIэпыIэнэу зелъэIухэкIэ,
Зиусхьаным ахэр зэхехых,
ятхьамыкIэгъо пстэуми ахещыжьых.
19 Зиусхьаныр апэблагъ зыгу кIодыгъэмэ,
зыгукIэ зэхэукIагъэхэр
Ащ къиныпIэм рещыжьых.
20 Зыгу шъыпкъагъэ илъым
къинэу ыщэчырэр бэ мэхъу,
ау ахэмэ зэкIэмэ
ар ахещыжьы Зиусхьаным.
21 Ащ икъупшъхьэмэ зэкIэмэ Ар афэсакъы:
ахэмэ ащыщ гори фыкъощтэп.
22 Ем екIодылIэщт цIыф бзаджэр;
Зыгу шъыпкъагъэ илъыр

зылъэгъу мыхъухэрэм
ямысагъэ къалъысыжьыщт.
23 Ежь иIумэтхэм
ашъхьэ ещэфыжьы Зиусхьаным,
шъхьэегъэзыпIэу Ащ зыфэзгъазэхэрэр
ыгъэмысэщтхэп.

## Я 34-рэ Орэд

**Егъэзыгъэ цIыфым итхьэлъэIу**

*Даут иорэд*

1 Сызгъэпыйхэрэр гъэпыих, Зиусхьан,
къысэбэнхэрэм ябэн.
2 МэIури ашъоджанэри къаштэхи,
IэпыIэгъу къысфэхъу.
3 Пчыри ощыри къэIэтых,
сыкъезыфэкIыхэрэм ябэн;
спсэ къеIу: «Сэры ухэзыщыжьыщтыр!»
4 ЕмыкIу къарэхь, хьэйнапэ орэхъух,
сэ спсэ къешэхэрэр;
къарэфыжьых, анапэ тырарэх,
бзэджагъэ зыгу къысфихьэхэрэм.
5 Жьыбгъэм чIым щызэрихьэрэ къурэм фэдэ
ахэр орэхъух,
Зиусхьаным имэлаIич рерэфыжьэх.

6 Ахэмэ ягъогу шIункIэу,
цIэнлъагъоуи орэхъу,
Зиусхьаным имэлэIич къырерэфэкIых.
7 Сыда пIомэ лажьэ симыIэу
ахэмэ сэщ пае агъэбылъыгъ яхъытыу;
лажьэ симыIэу ахэмэ машэ сфатIыгъ.
8 ОшIэ-дэмышIэу хьадэгъур
ахэмэ къафэрэс,
хъытыоу сфагъэбылъыгъэми
ежьхэр ерэфэжьых;
икIодэнхэу ащ ерэфэжьых.
9 Ащыгъум гушIуагъо хэзгъотэщт
Зиусхьаным;
Ащ сыкъигъэнэжьыгъэшъ, сычэфыщт.
10 СыгукIи спсэкIи къэсIощт:
«Зиусхьан! Хэт О пфэдэр –
кIочIаджэр кIочIэшхом IэкIэзыхэу,
тхьамыкIэмрэ зи зимыIахэмрэ
езгъэзыгъэхэм къаIэпызыхыжьырэм!»
11 Шыхьат жъалым нэпцIхэр сэ къыспэуцух:
сагъэмысэ сызщымыгъуазэхэмкIэ.
12 СишIушIагъэ пае
бзэджэшIагъэр къыспагъохы,
сыгу агъэкIоды.
13 Ахэр зэсымаджэхэм,
сэ зыщыслъагъэх шъыгъо щыгъынхэр,
Тхьэм IорышIэ сыфэхъугъ
джэуапынчъэу ситхьэлъэIу къызэнэм.
14 Синыбджэгъу, сшы сафэшъыгъорэм фэдэу
садэзекIуагъ;

сянэ пае шъыгъоным
сыхэт пӀонэу сыкъекӀокӀыгъ
сшъхьэ уфагъэу, сынэшхъэеу сэ сыхэтыгъ.
15 Ау сэ сызэлъэпаом,
ахэр гушӀохэзэ зэкъохьагъэх,
къыздэхьащхыхэзэ, зэкӀыгъухэу саубызэ,
Ӏэягъэу къысаӀощтым
къогъанэ фашӀыгъэп.
16 УкӀытэ ямыӀэу
кӀэнэкӀалъэ сашӀызэпытыгъ,
ацэхэр къысфызэрагъэшхыгъ.
17 Зиусхьан! Сыд фэдизрэ ащ уеплъыщта?
Яжъалымыгъэхэм саӀэпыхыжь,
сигъашӀэ ащыухъум аслъанмэ.
18 ЗэӀукӀэшхом сэ уищытхъу щысӀощт,
цӀыф жъугъэмэ азыфагу
щытхъур сэ щыпфэсӀощт.
19 Хьилэхэу сэ сызгъэпыйхэрэр
синасыпынчъагъэ щэрэмыгушӀукӀых,
сыхьакъынчъэу сызлъэгъу мыхъухэрэр
ситхьамыкӀагъо ерэмыгъэгушӀох.
20 Сыда пӀомэ ахэр зылъыхъухэрэр
зэгурыӀоныгъэп,
мамырэу чӀыгум тетхэм апэшӀуекӀохэу,
хьилагъэхэр ахэмэ зэхалъхьэ.
21 Ажэхэр къысфызэкӀакъы;
къаӀо: «Дэгъу! Дэгъу!
ПшӀагъэр тынэкӀэ тлъэгъугъэ».
22 О плъэгъугъэ, Зиусхьан, зымыушъэф,
спэчыжьэ зымышӀ, Зиусхьан!

23 ЗыкъэIэт, сихьакъ къысэптынэу,
къэтэдж,
сидэогъу сыщыуухъумэнэу,
си Тхь, си Зиусхьан!
24 О шъыпкъагъэу пхэлъымкIэ
сихыягъэ къыхэгъэщ, Зиусхьан, си Тхь,
ситхьамыкIагъо щэрэмыгушIукIых.
25 АгукIэ арэмыIу: «Дэгъу! Тыгу тепщэхагъ!»
Ахэмэ арэмыIу: «Ащ иIоф тыухыгъэ».
26 ЕмыкIу къарэхь, нэпэнчъэ орэхъух
синасыпынчъагъэ щыгушIукIыхэрэр;
укIытэм, емыкIум хэрэтых
къыспыщытхэу зызгъэинхэрэр.
27 Сихыягъэ къыхэщынэу фаехэр
орэгушIох, орэчэфых,
зэпымыоуи арэIу: «Ежь иIумэты
шIугъэ ыгъотыным щыгушIукIырэ
Зиусхьаныр ины!»
28 О уишъыпкъагъэрэ уищытхъурэ
сэ сыбзэгу мэфэ реным ыIотэщт.

# Я 35-рэ Орэд

## ЦIыфым ибзэджагъэрэ Тхьэм ихьалэлыгъэрэ

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Зиусхьаным иIумэт Даут иорэд*

[2] ЦIыф бзаджэм
хэбзэнчъагъэу зэрихьэрэм ымакъэ
сэ сыгу къыщэIу;
Тхьэм ищынагъо ащ ыгу илъэп,
[3] Сыда пIомэ ар зыщэтхъужьы,
ащ ихэбзэнчъагъэ риуджэгъунэу
Тхьэм ымыгъотынэу еIо.
[4] Ащ ыжэ къыдэкIырэ гущыIэхэр –
бзаджэх, хьилагъэх;
акъылыгъэкIи зекIожьырэп, шIу
ышIэжьырэп.
[5] ИгъолъыпIэ ащ гухэлъ бзаджэхэр
щырехъухьэх,
гъогу дэим техьэ,
ер ышIэным зыщидзыежьырэп.
[6] Зиусхьан! О уишIулъэгъу мыкIодыжь
уашъомэ анэсы,
фэшъыпкъэныгъэу къытфыуиIэр
ошъуапщэмэ анэсы!
[7] Тхьэм икъушъхьэмэ афэд уизэфагъэ,
уихьыкумхэр хым икуупIэхэм яхьыщцырых!
ЦIыфи былыми О уафэгумэкIы, Зиусхьан!

8 Сыдэу лъэпIэ дэда, Тхьэр,
О уишIулъэгъу мыкIодыжь!
О птамэхэм
цIыфхэм шъхьэегъэзыпIэ ачIагъуатэ;
9 уиунэ ибаиныгъэкIэ ахэмэ загъэшхэкIы,
уишIугъэ ипсыхъо
ахэмэ зыщяогъэшъокIы.
10 Сыда пIомэ Оры щыIэныгъэм икъэкIуапIэр;
О уинэфынэ щэтэлъэгъу тэ нэфынэр.
11 О узышIэрэмэ
шIулъэгъу мыкIодыжь афэшI зэпыт,
гъогу занкIэм рыкIохэрэм
уишIугъэ алъыгъэIэс зэпыт.
12 Къыстерэмыуцу цIыф пагэм ылъакъо,
цIыф бзаджэм ыIэ сырерэмыф.
13 БзэджашIэхэр аIу егъэзыхыгъэу щылъых,
къырадзыхыгъэх,
къэтэджыжьынхи алъэкIырэп.

## Я 36-рэ Орэд

## ЦIыф бзаджэмрэ цIыфышIумрэ янасып

*Даут иорэд*

1 ЦIыф бзаджэхэм зямыгъэгъап,
мыхъунэу зекIохэрэм уямыхъуапс –

2 сыда пIомэ уцым фэдэу кIодыжьыщтых,
къэкIырэ уц шхъуантIэм фэдэу
гъонлэщтых.
3 Зиусхьаным цыхьэ фэпшIызэ, шIур шIэ;
джауцтэу чIым ущыпсэущт щынэгъончъэу.
4 Зиусхьаным гушIуагъо хэгъуат –
угу шIоигъохэр Ащ къыпфишIэщтых.
5 Зиусхьаным уигъогу фэгъаз,
цыхьэ фэшIи,
Ащ къыпфишIэщт.
6 Уихыягъэ нэфынэм фэдэу,
уизэфагъи щэджагъом фэдэу,
къыхигъэщыщтых.
7 Зыгъэсамбыр Зиусхьаным ыпашъхьэ,
зыщыI, Ащ щыгугъ.
Уемыхъуапс зиIоф къыздэхъурэм,
хьилагъэ зезыхьэрэм земыгъэгумэкI.
8 Губжыным зыщыдзый,
зызэкIэмыгъэплъыхь,
зымыстыжь, ащ шIу къыхэкIырэп.
9 Сыда пIомэ лъэпсэнчъэ хъущтых цIыф
бзаджэхэр,
Зиусхьаным щыгугъхэрэм
IахьышIу афэхъущт чIыгур*.
10 Джыри тIэкIу тешIэмэ,
цIыф бзаджэр щыIэжьыщтэп;
ащ ичIыпIэ уеплъымэ –
ар нэкIыщт.

* 36:9 ЧIыгур: Тхьэм къызэригъэгугъэгъэ Израиль хэгъэгур ары.

11 ЦIыф шъырытхэм аIукIэжьыщт чIыгур,
мамыр нэхъоим
ахэмэ хагъотэщт гушIуагъо.
12 ЦIыф бзаджэм шъыпкъагъэ зиIэ цIыфым
мыхъунхэр ыгу къыфехьэх,
ыцэхэр ащ фызэрегъэшхых.
13 А цIыф бзаджэм дэхьащхы Зиусхьаныр,
зыкIодыжьыщт мафэр
ащ къызэрэфакIорэр елъэгъушъ.
14 ТхьамыкIэри, зи зимыIахэри агъэкIодынхэу,
гъогу занкIэм рыкIохэрэр аукIын яхьисапэу
цIыф бзаджэхэм ячатэ къырахы,
къаукъудыи ящабзэ.
15 Ахэмэ ячатэ
ежьхэм агу хэIугъэ хъужьыщт,
ящабзэхэри зэпыкIыкIыщтых.
16 Шъыпкъагъэ зиIэм имакIэр
бзэджэ нэбгырабэмэ
ямылъкушхо нахь дэгъу,
17 сыда пIомэ цIыф бзаджэхэм аIэхэр
зэпыкIыщтых,
ау шъыпкъагъэ зиIэхэм акIуачIэ
Зиусхьаным егъэпытэ.
18 Мыхъун зи зыбгъодэмылъхэм
афэгумэкIы Зиусхьаныр,
ахэмэ егъэшIэрэ IахьышIу афешIы.
19 Мэфаем ахэр Iахьынчъэ хъущтхэп,
гъэблэ мафэхэм гъэшхэкIыгъэщтых.
20 Ау цIыф бзаджэхэр кIодыщтых,
Зиусхьаным ипыйхэри

шъоф къэгъагъхэм афэдэхэу гъонлэщтых,
Iугъом фэдэу текIыщтых ахэр.
21 ЦIыф бзаджэм чIыфэр аIехышъ,
аритыжьырэп;
ау шъыпкъагъэ зиIэм –
хьалэлышъ, еты.
22 Сыда пIомэ Зиусхьаным ынэшIу
зыщыфагъэмэ
IахьышIу афэхъущт чIыгур,
Ащ ынае зыщифагъэхэр лъэпсэнчъэ
хъущтых.
23 Зиусхьаным ыгу рихьымэ
цIыф горэм игъогу,
ылъакъохэр игъогупэ щегъэпытэх,
24 ар лъэпэуагъэкIи, тефэщтэп,
ащ ыIэ Зиусхьаным ыIыгъышъ.
25 СыныбжьыкIагъ, жъы сыхъугъ,
ау слъэгъугъэп сэ шъыпкъагъэ зиIэр
гум ринагъэу,
ащ ибыны хьалыгъу къылъэIуфэу.
26 Ащ игукIэгъу зэпыурэп,
чIыфи ареты зэпыт,
ибын ихьатыркIи Тхьэм ынэшIу ащ
къыщефэ.
27 Зыщыдзый бзэджагъэм,
шIу шIэ,
аущтэмэ гъэшIэным чIым утетыщт.
28 Сыда пIомэ Зиусхьаным зэфагъэр икIас,
Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр гум
ринэщтхэп;

Ежь фэшъыпкъэхэр гъэшIэным
къыухъумэщтых;
цIыф бзаджэхэм ябынхэр лъэпсэнчъэ
хъущтых.
29 Шъыпкъагъэ зиIэхэм
чIыгур IахьышIоу къаIукIэжьыщт,
ащ щыпсэущтых гъэшIэным ахэр.
30 Шъыпкъагъэ зиIэм къыжэдэкIырэр –
акъылышIуагъ,
ащ ыбзэгу къыIорэр – зэфагъ.
31 Ащ ыгу илъ и Тхьэ ихабзэ;
ащ ылъакъохэр гъогум дэхыщтхэп.
32 ЦIыф бзаджэр шъыпкъагъэ зиIэм ешэ,
лъэхъу зэригъэкIодыщтым.
33 Ау Зиусхьаным ар ащ ыIэ рилъхьащтэп,
ащ хьыкум тырашIыхьэ зыхъукIи,
аригъэгъэмысэщтэп.
34 ЗыщыI, Зиусхьаным щыгугъ,
Ащ игъогу удэмых;
чIыгур IахьышIу пфэхъунэу
Ащ уигъэиныщт;
цIыф бзаджэхэр зэрагъэкIодыхэрэр
плъэгъущтых.
35 Зыгъэщынэхэрэ цIыф бзаджэр
слъэгъугъ сэ,
чъыг бырабэу,
лъэпсэ пытагъэкIэ зызыушъомбгъурэм
фэдэу;

36 ау етIанэ ащ сызыблэкIым*
ар щыIэжьыгъэп,
сэ сылъыхъугъ – згъотыгъэп.
37 ЦIыфэу мысагъэ зимыIэм кIырыплъ,
гъогу занкIэ тетым еплъ,
сыда пIомэ цIыф мамырыр бэгъощт.
бын къытекIыщт.
38 Хэбзэнчъэу псэухэрэр зэкIэ
агъэкIодыщтых;
цIыф бзаджэхэм къатекIыщтхэр
лъэпсэкIод хъущтых.
39 Шъыпкъагъэ зиIэхэр
Зиусхьаным къыгъэнэжьыщтых;
къиныгъом ахэмэ шъхьэегъэзыпIэ
Ар афэхъущт.
40 Зиусхьаныр ахэмэ адеIэнышъ,
хищыжьыщтых;
ащиухъумэнхэшъ бзэджашIэмэ,
къыгъэнэжьыщтых,
шъхьэегъэзыпIэу яIэнэу Ащ щэгугъхэшъ.

* 36:36 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: «ар блэкIыгъ».

## Я 37-рэ Орэд

### Къин зыщэчырэм итхьэлъэIу

[1] *Тхьэм ыгу зыкъэдгъэкIыжьыным пае. Даут иорэд*

[2] Зиусхьан! Губжышхом ухэтэу
укъысэмыгый,
сымыгъэпщын уипхъэшэгъум.
[3] Сыда пIомэ О уищэбзащэхэр
къысхэIугъэх,
О пIэ къыстеIункIэ.
[4] Губжэу къысфыуиIэм чIыпIэ псау
спкъынэ-лынэ къыхигъэнагъэп;
псэкIодышIагъэу сэ сиIэмэ
сыщагъаIэрэп узынчъэу.
[5] Сыда пIомэ сибзэджэшIагъэхэр
зэтелъхэу къысэлъэгэкIых,
хьылъащэу къыстегъэкIагъэх;
[6] сиакъылынчъагъэ уIагъэу къысфихьыгъэхэм
шъумэр къапэу,
къарэкIы щыныр.
[7] СыутIыIугъэу, сIу егъэзыхыгъэу сыщылъ,
мэфэ реным сэтхьаусыхэ.
[8] Сыда пIомэ сIэпкъ-лъэпкъыхэр
зэлъиштагъэх плъыр-стыр узым;
чIыпIэ псау къысхэнэжьыгъэп.
[9] КIочIаджэ сыхъугъ, сызэхэукIэгъап;
сыгу ихьазаб сегъэщэIу.

10 Зиусхьан! СишIоигъоныгъэхэр О ошIэх,
сищэIу макъи пшIогъэбылъыгъэп.
11 Сыгу мэкIэзэзы;
скIуачIэ сыкъибгынагъ,
сынитIу янэфыни – ари сиIэжьэп.
12 Синыбджэгъухэм, сигъусэхэм
сиузы пэчыжьэ зашIыгъ,
сиблагъэхэри чыжьэкIэ щытых.
13 Спсэ къешэхэрэм агъэуцух хъытыухэр,
мыхъун къысэхъулIэ зышIоигъохэр
тегущыIэх сызэрагъэунэхъущтым,
мэфэ реным гухэлъ бзаджэхэр
къысфаугупшысы.
14 Сэ зэхэсхырэп, дэгум сыфэд,
бзэмыIоу зыжэ къызэтезымыхрэм сыфэд;
15 Зэхэзымыхэу, джэуап зымытыжьырэ цIыфым
фэдэ сыхъугъ.
16 Сыда пIомэ Оры, Зиусхьан,
сызщыгугъырэр.
Зиусхьан, си Тхь, Оры джэуап язытырэр.
17 Сэ къэсIуагъ:
къыздэмыгъэхьащхых сипыйхэр;
слъакъохэр хъыртэхэмэ,
ахэмэ зыкъысфагъэбэгы.
18 Себэджыным сэ сынэсыгъ,
сиуз сыкъибгынахэрэп.
19 Бзэджагъэу сшIагъэр
уапашъхьэ къысэлъхьэ,
сипсэкIоды сырыкIэгъожьы.

20 Симылажьэу сызгъэпыйхэрэр кIочIэшхох,
сыхыеу сызыуджэгъухэрэр мэбагъох.
21 ШIум ипэгъокIэу ер къыспагъохы,
сагъэпыи – шIушIэным сызэрэпылъым пае.
22 Утыгум сыкъимын, Зиусхьан,
си Тхь! Спэчыжьэ зымышI.
23 ПсынкIаIоу IэпыIэгъу къысфэхъу,
Зиусхьан, си КъэгъэнэжьакIу!

## Я 38-рэ Орэд

### Къиным хэтым ыгу зэIуехы

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэу Едутун пае.*
*Даут иорэд*

2 Сэ сIуагъэ:
сыбзэгукIэ псэкIод сымышIэнэу,
сысакъыщт;
цIыф бзаджэр сапашъхьэ етыфэ,
сыжэ пытэу сIыгъыщт.
3 Сыбзэкуагъ, сымэкъэнчъагъ,
зысыушъэфыгъ, сишIуагъэ къэмыкIуагъэми,
сигуузы хэхъуагъ.
4 Сыгу машIом сэ зэлъиштагъ,
машIор къакIэнагъ сигупшысэмэ;
джащыгъум сыкъэгущыIэу сыфежьагъ
сыбзэгукIэ:

5 СигъашIэ, Зиусхьан, зыщысыухыщтыр
къысаIу –
згъэшIэщт мафэмэ япчъагъэ зыфэдизыр,
пIэлъэ гъэнэфагъэ зэрэсиIэр сэгъашI.
6 Мары, бжизым фэдэу,
О мафэхэр сэ къысэптыгъэх,
ОркIэ сигъашIи щымыIахэм фэд.
Шъыпкъэ дэдэу, хэтрэ цIыфэуи
дунаим тетыр зы жьы къэщэгъу къодый.
7 Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ныбжьыкъу горэу
цIыфыр къекIокIы;
пкIэнчъэуи мэIэчъэ-лъачъэ,
мэугъуае, къызфэнэжьыщтри ымышIэу.
8 Сыда джы гугъапIэу сиIэр, Зиусхьан?
Сэ зысщыIэу, Оры сызщыгугъырэр.
9 Хэбзэнчъагъэу сшIагъэмэ зэкIэмэ
сахэщыжь, акъылынчъэм нэмыплъ
къысерэмых.
10 Сэ бзако сыхъугъ,
сыжэ къызэтесхырэп –
О пшIыгъэшъ аущтэу.
11 Уиутынхэр къыстемыгъэфэжьых,
секIодылIэшъ сызэрыбгъэпщынэрэ Iэм*.
12 ИбзэджэшIагъэмэ апае
цIыфыр бгъэпщынэмэ,
хъунэмэ зэряхъулIэу щыгъыныр,
ащ уасэ зыфишIырэр огъэкIоды.
Ары, хэтрэ цIыфи зы жьы къэщэгъу!

* 38:11 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: «секIодылIэщт пIэ сызэригъэпыйрэм».

13 Зиусхьан, ситхьэлъэIу къызэхэх,
къыкIэдэIу сикуо макъэ;
сынэпсхэр джэуапынчъэ умыщI,
сыда пIомэ сыгъогурыкIу ныIэп сэ OркIэ,
сятэмэ афэдэу, сыхэхэс.
14 СылIэу, сыщымыIэжьы мыхъузэ,
Сыгу гушIуагъом зэлъиштэн ылъэкIынэу,
Нэ IаекIэ укъысэмыплъ.

## Я 39-рэ Орэд

### IэпыIэгъум фэгъэхьыгъэ тхьэлъэIу

[1] *ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

2 ЗысщыIэзэ, сэ Зиусхьаным сежэти,
Ащ зыкъысфигъази,
сикуо макъэ къызэхихыгъ;
3 Хьадэгъум имашэ*
сэ Ащ сыкъырихыжьыгъ, –
хьадрых** сыкъырищыжьи,
слъэ мыжъобгъым тыригъэуцуи, ыгъэпытагъ.
4 СIупэ къыритыгъ орэдыкIэ –
ти Тхьэ фэгъэзэгъэ щытхъу орэд.

---

* 39:3 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: кIодыпIэм имашэ.
** 39:3 Хьадрых е: орыжъ шIоим.

Бэмэ къалъэгъунышъ, щынэщтых,
ахэм цыхьэ фашIыщт Зиусхьаным.
5 Зиусхьаным цыхьэ фэзышIырэ цIыфыр
сыхьатмафэ ежьагъ –
пагэмэ, нэпцIым фэщагъэмэ
зафэзымыгъэзэрэ цIыфыр.
6 Зиусхьанэу, си Тхь,
уиIоф гъэшIэгъонхэри,
тэркIэ уигухэлъхэри – бэ;
хэт Ощ фэдэ хъуна!
Ахэмэ якъэбар афэсIуатэ сшIоигъоми
цIыфхэм,
къэсIотэн сымылъэкIынэу
япчъагъэ гъунэнчъ.
7 Уафэягъэп къурмэни, тын лъапIи;
стхьакIумэхэм зэхахын алъэкIынэу
О пшIыгъэ;
псэкIод къурмэни
къурмэнгъэсти сшIынэу О укъыкIэдэугъэп.
8 Джащыгъум къэсIуагъ сэ:
мары, сыкъэкIо;
Хабзэр зэрыт тхылъым
сэ къысэхьылIагъэу итхагъ:
9 Си Тхь, сыгушIозэ сэгъэцакIэ
О пшIоигъор,
уихабзэ сыгу илъ.
10 ЗэIукIэшхом О къиным цIыфхэр
зэрэхэпщыхэрэм икъэбар сэ къыщысIотагъ;
сыбзэгу пэрыохъу сыфэхъугъэп;
О, Зиусхьан, ар ошIэ.

11 КIодыпIэм тыкъызэрипщыжьыгъэр
цIыфхэм ашIозгъэбылъыгъэп,
шъыпкъагъэ къызэрэтфыуиIэмрэ
тыкъызэрэбгъэнэжьырэмрэ
афэсIуатэщтыгъэ,
зэIукIэшхом сыхэтэу
уишIулъэгъу мыкIодыжьрэ
фэшъыпкъэныгъэу зепхьэрэмрэ
сыушъэфыгъэхэп.
12 УигукIэгъу сыхэмыгъэн, Зиусхьан;
уишIулъэгъу мыкIодыжьрэ
фэшъыпкъэныгъэу къысфыуиIэмрэ
сыдигъокIи сыкъягъэухъум.
13 Сыда пIомэ гъунэ зимыIэ тхьамыкIагъомэ
сэ сахэфагъ;
сапэ ишъыгъэх сибзэджэшIагъэхэр,
сыплъэн сымылъэкIэу сашIыгъ;
шъхьацэу стетым ахэр нахьыбэх;
сыгуи сыкъибгынагъ.
14 ШIу къысфашIи, Зиусхьан, сыхэщыжь;
Зиусхьан, уиIэпыIэгъу бэрэ сыкъемыгъаж.
15 ЕмыкIу къарэхь, нэпэнчъэ орэхъух
зэкIэ спсэ къешэхэрэр!
Арарагъэззжь, мыскъарэ арэшIых
мыхъун къысэхъулIэ зышIоигъохэр!
16 Ерэгъэщынэжьых емыкIоу къахьыгъэм
къысэзыIохэрэр: «Дэгъу! Дэгъу»!
17 ОрэгушIох, орэчэфых О къыплъыхъухэрэр,
къызэрэбгъэнэжьыщтхэр зигуапэхэр,
зэпымыоуи арэIу: «Зиусхьаныр ины дэд!»

18 Сэрмэ, Сэ сытхьамыкI, сыекIагъ,
ау Зиусхьаныр къысфэгумэкIы.
СиIэпыIэгъур, сыхэзыщыжьырэр Оры;
си Тхь! Зыкъэмыгъэгужъу.

## Я 40-рэ Орэд

### ЦIыф сымаджэм итхьэлъэIу

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

2 Сыхьатмафэ ежьагъ тхьамыкIэм
фэгумэкIырэр.
Мэфаем ар хищыжьыщт Зиусхьаным.
3 Зиусхьаным ар къыухъумэнышъ,
псэоу къыгъэнэщт;
чIыгум ар щынасыпышIощт.
Ипыйхэм ар аIэ рилъхьащтэп.
4 Иуз ар зигъэгъолъкIэ,
кIуачIэ къыритыщт Зиусхьаным.
Сымаджэ зыхъукIэ, Ащ ыгъэхъужьыщт.
5 Сэ къэсIуагъ: Зиусхьан! ГукIэгъу къысфэшI,
сыгъэхъужь,
сэ О уапашъхьэ псэкIод щысшIагъэшъ.
6 КъысаIуалIэ сипыйхэм Iаехэр:
«Мыр лIэжьынышъ,
ыцIэ зыкIодыжьыщтыр сыдигъуа?»

7 Силъэгъу шIоигъоу зыгорэ къакIомэ,
ащ пкIэ зимыIэ гущыIэхэр къеIох:
ыгу къэбар Iаехэр щызэхелъхьэшъ,
зикIыжькIэ, афеIотэжьы.
8 ЗэкIэ сызлъэгъу мыхъухэрэр
къыспэшIуекIохэу зэIушъэшъэжьых,
бзэджагъэ къысашIэнэу гухэлъ ашIы.
9 АIо: «ЗыгъэлIэн уз ащ иIэр,
ащ нахьыбэкIэ къэтэджыжьыщтэп».
10 Аужыпкъэм анахь синыбджэгъоу,
цыхьэ зыфэсшIэу сихьалыгъу
зыдэзгощыгъэр
ыкIыб къысфигъази, пыи къысфэхъугъ.
11 Ау О, Зиусхьан, гукIэгъу къысфэшI,
сызэтегъэуцожьи,
ахэмэ яфэшъуашэр язгъэгъотыжьыщт.
12 Сипый къызэрэстемыкIорэм
нэшIукIэ укъызэрэсэплъырэр къысегъашIэ.
13 Сызэрэхыем пае укъыскIэIэ,
егъэшIэрэу уапашъхьэ сибгъэуцуагъ.
14 ЛIэуж зэкIэлъыкIохэм щытхъур ий
Зиусхьаным,
Израиль и Тхьэ! Амин, амин!*

* 40:14 Мы усэмкIэ «Гугъэ Орэдхэм» яапэрэ тхылъ къеухы.

# ЯтIонэрэ тхылъ

## Я 41-рэ Орэд

### Тхьэм уфэзэщыныр

*[1]ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Къорахъ ыкъомэ атхыгъэ усэр**

[2]Бланэр псэу чъэрэмэ зэракIэхъопсэу,
сэ спсэ О къыпфэзэщы, Тхьэр!
[3]Тхьэм, спсэ фэзэщы Тхьэ псэум:
сыкIоу, Тхьэм ынэгу сыдигъо слъэгъуна?
[4]«Уи Тхьэ тыдэ щыI?» –
аIозэ, зэпамыгъэоу къысэупчIыхэ зэхъум,
чэщи мафи сынэпсхэр сшхыщтыгъэх.
[5]Гукъэошхом сызэлъиштагъэу а Iофхэр
сыгу къэсэгъэкIыжьых,
сыда пIомэ цIыф жъугъэмэ сакIыгъоу
мэфэкI зиIэ купмэ ягушIуагъорэ

---

* 41:1 Мыщ къыкIэлъыкIорэ я 42-рэ Орэдыр пасэм я 41-рэ Орэдым къыхиубытэщтыгъ.

ящытхъу макъэрэ сахэтэу,
сэ сихьагъ Тхьэм и Унэ.
6 Сыда узфэчэфынчъэр, сыгу,
сыда узфэгумэкІырэр?
Тхьэм щыгугъ, зыщыІ,
сыда пІомэ сэ джыри Ащ щытхъу
фэсшІыщт –
си КъэгъэнэжьакІоу си Тхьэ.
7 Спсэ чэфынчъэгъум зэлъиштагъ;
джащ къыхэкІэу Иордан чІыгум,
Хъэрмон, Мицар* къушъхьэхэм сащыІэу,
сыгу укъэкІыжьы.
8 Уипсыорхэм амакъэкІэ хъоу чІэнчъэр
чІэнчъэм еджэжьы;
зэкІэ уипсыорхэри уипсыхэри
сэ сшъхьапырыкІыгъэх.
9 Зиусхьаным ишІулъэгъу мыкІодыжь
мафэм къыслъэІэсы,
чэщым Ащ орэд къыфэсэІо,
щыІэныгъэ къысэзытырэ Тхьэм
ситхьэлъэІу фэсэгъазэ.
10 ЕсэІо Тхьэм, сыкъэзыухъумэрэ мыжъобгым:
сыд пае сыпщыгъупшагъ?
Сэ пыим сыкъырифэкІызэ,
сыд пае сигъэнэшхъэеу сыкъекІокІырэ?
11 Сэ скъупшъхьэхэр зэхацІыщІэрэм фэдэу,
къысаІуалІэ сипыймэ мыхъунхэр,
зэпамыгъэоу къысаІо зыхъукІэ:
«Тыдэ щыІа уи Тхьэ?»

* 41:7 Мицар е: Цоар.

12 Сыд узфэчэфынчъэр, сыгу,
сыда узфэгумэкIырэри?
Тхьэм щыгугъ, зыщыI;
сыда пIомэ сэ джыри Ащ щытхъу фэсшIыщт
си КъэгъэнэжьакIоу си Тхьэ.

## Я 42-рэ Орэд

1 О си Тхь, сиIоф къызэхэф,
уищынагъо зыгу имылъ цIыф лъэпкъым
сыщыуухъумэзэ, сихыягъэ къыхэгъэщ.
ЦIыфхэу хьилагъэ зезыхьэхэрэм,
зэфэнчъэхэм саIэкIэхыжь.
2 Сыда пIомэ – шъхьэегъэзыпIэу
зызыфэзгъазэрэ Тхьэр – Оры.
Сыд пай сычIэбдзыгъ?
Пыим сыригъэзызэ,
сигъэнэшхъэеу сыд пай сыкъекIокIырэ?
3 Уинэфынэрэ О фэшъыпкъэныгъэу
пхэлъымрэ
къыслъыгъэIэсых;
ахэмэ сырарэщажьи,
сыкъарэщ уиIошъхьэ лъапIэ,
Узыщыпсэурэ уи Унэу ащ тетым.
4 СекIолIэщт Тхьэм икъурмэншIыпIэ,
Тхьэу лъэшэу сызыгъэгушIорэм ыдэжь;

бзэпспщынэмкIэ О, Тхьэр, си Тхь,
уищытхъу сэ сIотэщт.
5 Сыд узфэчэфынчъэр, сыгу,
сыда узфэгумэкIырэри?
Тхьэм щыгугъ, зыщыI;
сыда пIомэ сэ джыри Ащ щытхъу
фэсшIыщт –
си КъэгъэнэжьакIоу си Тхьэ.

## Я 43-рэ Орэд

### ЦIыф лъэпкъым итхьаусых

1 *ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Къорахъ ыкъомэ атхыгъэ усэр*
2 О Тхьэ, тэ зэхэтхыгъэттхьакIумэхэмкIэ,
ижъы дэдэкIэ, тятэхэр зэпсэухэм,
О бгъэхъагъэхэр
ахэмэ къытфаIотэжьыгъэх тэ.
3 О пIэкIэ хымэ лъэпкъхэр ипфыгъэх,
ахэмэ яхэгъэгу тятэжъхэр
ибгъэтIысхьагъэх;
хымэ лъэпкъхэр бгъэунэхъугъэх,
ау тятэжъхэр бгъэунагъэх.
4 Сыда пIомэ ахэмэ ячатэп
чIыгур зэраубытыгъэр,
акIуачIи арэп текIоныгъэр къафэзыхьыгъэр

О пIэ джабгъу, О пкIуачI, унэгу инэф ары;
сыда пIомэ О ахэмэ уяплъыщтыгъэ
нэшIукIэ.
5 Оры сипачъыхьэр, си Тхьэр!*
Израиль лъэпкъым текIоныгъэр къыхьынэу
унашъо шIы.
6 Утигъусэшъ, типыйхэм тэ тятIыргун;
ЗыкъытпэзыIэтхэрэр
О пцIэкIэ лъакъокIэ зэхэтщытIэных.
7 Сыда пIомэ цыхьэ зыфэсшIырэр сищабзэп,
сыкъэзгъэнэжьырэр сичатэп;
8 О типыймэ таIэкIэпхыжьыгъ,
тызлъэгъу мыхъухэрэм емыкIу
къябгъэхьыгъ.
9 Сыдигъуи Тхьэм щытхъу фэтшIыгъ,
О пцIэ тыщытхъущт тэ гъэшIэным.
10 Ау джырэкIэ гум тиунагъ,
О емыкIу къэтэбгъэхьыгъ,
тидзэхэми уакъыдыдэкIырэп;
11 О пыим тыребгъэфыжьагъ,
тызлъэгъу мыхъурэмэ тэ тахъункIагъ.
12 Мэлмэ афэдэу тышIуябгъэбзыгъ,
хымэ лъэпкъ зэфэшъхьафмэ
итэкъухьагъэу тахэбгощагъ.
13 Федэ хэмылъэу уицIыф лъэпкъ пщагъэ,
къэпIэтыгъэп ыуаси;
14 мыхъунхэр къытаIолIэнхэу
тыздэпсэурэ хымэхэм тяптыгъ,

* 43:5 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: «Тхьэ, О сипачъыхь!»

тызхэсхэр къыддэхьащхынхэу,
пхъэтэпэмыхь ташIынэу пшIыгъэ.
15 ЦIыф лъэпкъхэр къыткIэнакIэхэу,
хымэ лъэпкъхэм
ащъхьэхэр зэфагъэсысыжьэу О пшIыгъэ.
16 Мэфэ реным сызфэукIытэжьы,
укIытэм сынэгу есты,
17 мыхъун къысэзыIуалIэу,
сызыубырэмэ амакъэ зэхэсхымэ,
сипыйрэ къысэгоожьыщтымрэ
синэплъэгъу къыпэкIафэхэмэ.
18 Тэ утщымыгъупшагъэми,
тымыукъуагъэми уиIуагъэ, –
а пстэури тэ къыттеуагъ.
19 Тэ тыгукIэ тыкъызэкIэкIуагъэп,
тлъакъохэри уигъогу дэхыгъэхэп,
20 ау щытми бэджэшъхэм ячIыгу
тыщызэхэбгъэтакъуи,
хьадэгъум иныбжьыкъу къыттепхъуагъ.
21 Ти Тхьэ ыцIэ тщыгъупшэу,
тхьэ хымэм телъэIунэу
фэтщэигъагъэхэмэ тIэхэр,
22 Тхьэм ар ышIэныеба?
Сыда пIомэ гум ишъэфхэр Ащ ешIэх.
23 Ау тыуиешъ, мэфэ реным тпсэ хахы,
шIуабзыщт мэлмэ афэдэу талъытэ.
24 Къэущыжь, сыд узфэчъыерэр, Зиусхьан!
Къэтэджыжь, тычIэмыдз егъэшIэрэу.
25 Сыд зыкIэбгъэбылъррэр унэгу?
Къиным тызэрэхэтыр,

егъэзыгъэу тызэрэщыIэр
сыда зыкIыпщыгъупшэрэр?
26 Тэ тIу егъэзыхыгъэу тыщылъ,
таушъхьакIу, чIыгум тепкIылIагъэу.
27 ЗыкъэIэт, укъыддэIэпыIэнэу,
уишIулъэгъу мыкIодыжь ихьатыркIэ
О тыхэщыжь.

## Я 44-рэ Орэд

**Пачъыхьэм инысэщэ орэд**

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Орэдэу «Шушаним»* имэкъамэ игъусэу къаIо.*
*Къорахъ ыкъохэм атхыгъэ шIулъэгъу орэд*

2 Сыгу къикIутыкIыгъэх гущыIэ дахэхэр;
сэ къэсэIо: пачъыхьэм пай сиорэд;
сыбзэгу – тхэкIо Iазэм икъамзый.
3 ЦIыфхэм акъомэ о уанахь дах;
шIугъэр о пIупшIэмэ къатекIы;
джащ пае Тхьэм егъэшIэрэу
ынэшIу о къыпщыфагъ.
4 Уичатэ зыгуапх, лIыблан,
уидэхагъэрэ уищытхъурэ уахэтэу.

* 44:1 Шушаним – зэралъытэрэмкIэ, ижъырэ джуртыбзэмкIэ: лилие къэгъагъэхэр.

5 ТекIоныгъэр къыдэх, купсынкIэм итIысхьи,
шъыпкъагъэм, зэфагъэм, IорышIагъэм апае;
пIэ джабгъу иIоф шIагъохэр
о уигъэлъэгъущтых.
6 ПапцIэх о уищэбзащэхэр; –
ахэр пачъыхьэм ипыймэ агу хэIугъэх,
щыфэхыщтых цIыф лъэпкъхэр уапашъхьэ.
7 Тетыгъоу Тхьэм къыуитыгъэр* егъэшIэр.
Уитетыгъо бэщ –
зэфагъэм ибэщ занкI.
8 Шъыпкъагъэр шIу олъэгъу,
бзэджагъэр о оуджэгъу;
джащ пае Тхьэу, уи Тхьэ,
гушIуагъо уигъэгъотыгъ уигъусэмэ
анахьыбэу.
9 О зэкIэ уищыгъынхэм –
смирнэ, алое, касие дагъэм
ямэ IашIу къапехы.
Пыл къупшъхьэкIэ агъэдэхэгъэ
къэлэсэрай тегъэпсыхьагъэмэ
бзэпс зэрылъ пщынэмэ уащагъэгушIо.
10 О къыпфэлэжьэнхэу
зыфэбгъэшъошэгъэ бзылъфыгъэхэм
пачъыхьэмэ апхъухэр ахэтых;
анахь дышъэ къабзэр зишъуашэу,
шъхьэгъусэ пфэхъущт пшъашъэр
о уиджабгъу лъэныкъокIэ щыт.
11 ДаIо, пхъур, плъэ, птхьакIумэ фэгъаз,
зыщыгъэгъупш уилъэпкъи, уятэ иуни.

* 44:7 Е: Уитахътэ, О, Тхьэр, егъэшIэр.

12 Къыфэещт уидэхагъэ пачъыхьэр;
сыда пIомэ о Ар уи Зиусхьан,
арышъ Ащ шъхьащэ о фэшI.
13 Цэур къалэм ицIыфхэми*
шIухьафтынхэр аIыгъхэу,
лъэпкъым хэтхэри анахь бай дэдэхэу,
угу зэрагъэIуным пае, о къыолъэIущтых.
14 Пачъыхьэм шъхьэгъусэ фэхъущт
пачъыхьэпхъур
къэлэсэраим ехьэ,
ащ ищыгъын дышъэкIэ дыгъэ.
15 Шъошэ къолэн щыгъэу пачъыхьэм ар фащэ;
ащ ыуж итыхэу пшъашъэхэр,
ащ ипшъэшъэгъухэр игъусэхэу къыдэкIох.
16 Къащэх чэфхэу,
ягушIогъошхоу ехьэх
пачъыхьэм икъэлэсэрай.
17 О уятэмэ ачIыпIэкIэ
пкъохэр къэхъущтых;
чIыгум тыдэкIи о ахэр
пщэу щыбгъэуцущтых.
18 ЛIэуж зэкIэлъыкIомэ о пцIэ
ащымыгъупшэжьынэу сэ сшIыщт;
джащ пае цIыф лъэпкъхэм гъэшIэным
о пцIэ щытхъур фашIыщт.

---

* 44:13 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: Цэур пхъур.

## Я 45-рэ Орэд

### Тхьэр тигъусэ

*[1]ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Къорахъ ыкъохэм атхыгъэ орэдыр.*
*«Аламот» имэкъамэ цлъэу къырагъаIо*

2 ТэркIэ шъхьэегъэзыпI
кIуачIэ къэзытырэ Тхьэр,
къиныгъом Ар тыушэтыгъэ IэпыIэгъу.
3 Джащ пае тыкъэщынэщтэп,
чIыгур къэкIэзэзыгъэми,
хы гузэгум
къыщыкощыгъэхэми къушъхьэхэр,
4 мэкъэшхо апэIукIыми,
хым ипсымэ зыкъаIэтыми,
яолъэны къушъхьэхэр егъэсысыхэми.
5 Тхьэм икъалэ егъэчэфы псэу чъэрэм,
ЗэкIэми Анахь Лъагэм ипсэупIэ лъапIэ.
6 Тхьэр ащ ыгузэгу;
зэщыкъощтэп а къалэр:
нэфшъагъом Тхьэр
ащ IэпыIэгъу фэхъущт.
7 Хымэ цIыф лъэпкъхэр къэбырсырых;
пачъыхьагъухэр мэхъыех:
Тхьэм ымакъэ
къыIэтыгъэшъ, чIыгур къэткIу.

8 Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэр
тигъус,
тятэжъэу Якъубэ и Тхь шъхьэегъэзыпIэу
тиIэр.
9 ШъукъакIуи, зэжъугъэлъэгъух
Зиусхьаным иIофхэр –
чIыгум Iоф шIагъохэу щишIагъэхэр.
10 ЧIыгу гъунэм нэс заохэр щегъэуцух,
зэпекIы щабзэр, зэпеуты пчыр,
машIом регъэстых мэIухэр*.
11 «Шъукъэуцури, Сэ сызэрэ Тхьэр
зэжъугъашIэ:
цIыф лъэпкъхэми сагъэлъапIэ,
сыщагъэлъапIэ чIыгуми».
12 Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэр
тигъус,
тятэжъэу Якъубэ и Тхь шъхьэегъэзыпIэу
тиIэр.

* 45:10 МэIухэр – мы гущыIэм ижъырэ джуртыбзэмкIэ мэхьанэ зэфэшъхьафхэр иIэх. Ахэм зэу ащыщ: «купсынкIэхэр».

## Я 46-рэ Орэд

### Пстэуми анахь Лъагэр

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Къорахъ ыкъомэ яорэд*

[2] Iэгу шъутеу, зэкIэ цIыф лъэпкъхэр,
гушIуагъом ымэкъэ лъэшкIэ
Тхьэм зыфэжъугъаз;
[3] сыда пIомэ Зиусхьанэу
ЗэкIэми анахь Лъагэр щынагъу, –
чIыгум зэфэдэкIэ́и Пачъыхьэшхор.
[4] ЦIыф лъэпкъхэр тIэ къырилъхьагъэх,
тлъэкъо чIэгъ къышIыгъэх ахэр;
[5] IахьышIу* къытфэхъущтыр тфыхихыгъ,
израиль лъэпкъэу шIу ылъэгъугъэр
зыгъэгушIорэ Iахьэр.
[6] ГушIогъо мэкъэшхомэ ахэтэу
Зиусхьанэу Тхьэр дэкIоягъ,
бжъэмые макъэхэр къэIухэзэ.
[7] Ти Тхьэ щытхъу орэдыр къыфашъуIу,
щытхъу орэд къыфашъуIу;
ти Пачъыхьэ щытхъу орэд къыфашъуIу,
къыфашъуIу.
[8] Сыда пIомэ Тхьэр –
зэрэчIыгоу ипачъыхь;

* 46:5 IахьышIу: КъэнаIан хэгъэгур ары.

щытхъу орэд къашъуIозэ,
щытхъу фэшъушI.
9 Тхьэм хымэ цIыф лъэпкъхэр егъэIорышIэх,
итэхътэ лъапIэ Ар тетIысхьагъ.
10 Ибрахьимэ ыгъэлъэпIэрэ Тхьэм
ицIыф лъэпкъ дэжь щызэрэугъоигъэх
хымэ цIыф лъэпкъмэ япщыхэр;
сыда пIомэ чIыгум илъэрыхьхэр
Тхьэм иIэ илъых;
Ар ахэмэ лъэшэу агъэлъэпIагъ.

## Я 47-рэ Орэд

### Цион – Тхьэм икъал

1 *Орэд. Къорахъ ыкъомэ аусыгъэр*
2 Ины дэд Зиусхьаныр,
ти Тхьэ икъалэ, Ащ иIошъхьэ лъапIэ
Ащ щытхъушхо щыфарэшI.
3 Ащ иIошъхьэ лъапIэ чIыIэтыгъэ дэхэ дэд,
Цион Iуашъхьэу зэрэчIыгоу игушIуагъор
Тхьэм иIошъхьэ шъыпкъ*
Пачъыхьэшхом икъал.

* 47:3 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: Iуашъхьэу Цион – Цафон къушъхьэм ишыгу, Цафон – къэнэIан лъэпкъхэм ятхьэхэм япсэупIэу къашIошIыщтыгъэ. Ау орэдыр къэзыIохэрэм Цион Iуашъхьэр Тхьэ шъыпкъэм ипсэупIэу къырагъэкIы.

4 Ащ пытапӀэу дэтхэм
Тхьэр ухъумакӀоу ащашӀэ.
5 Мары, пачъыхьэхэр
зэӀукӀагъэх,
екӀолӀагъэх тебэнэнхэу зэкӀэ;
6 алъэгъугъ Цион Ӏуашъхьэр,
гъэшӀэгъонышхоуи къащыхъугъ,
кӀатхъужьыгъ къэщынэхи..
7 Щынагъом, сабый къызфэхъурэ
бзылъфыгъэм
игузэжъуапӀэ фэдэм,
ахэр хэфагъэх.
8 Жьыбгъэшхом
Тарщыщ* кӀорэ къухьэшхохэр зэрифыхэу,
зэхэбгъэтэкъуагъ О зэкӀэ.
9 Зэрэзэхэтхыгъэм фэдэу,
ошъогу дзэхэр зиӀэрылъхьэ Зиусхьаным
икъалэу,
ти Тхьэ икъалэ,
Тхьэм щишӀэгъэ Ӏофхэр тэ щытлъэгъугъэх,
Тхьэм зэщымыкъонэу ар ыгъэуцугъ
егъэшӀэрэу.
10 Уи Унэ тычӀэтэу, Тхьэ,
уишӀулъэгъу мыкӀодыжь тегупшысэщтыгъэ.
11 О пцӀэ фэдэу, щытхъушхоу О уиӀэри,
Тхьэ, чӀыгу гъунэмэ анэсы.
О пӀэ джабгъу
текӀоныгъэри шъыпкъагъэри къехьышъ,

* 47:8 Тарщыщ: Испания.

12 орэчэфы Цион Iуашъхьэр,
О уихьыкум зафэшъ, ехъудэпхъухэр,
Зиусхьан, орэгушIох.
13 Цион Iуашъхьэ шъукъыдырекIокIызэ,
хъураеу къэшъукIухь;
ащ иплъэпIэ лъагэхэр къэшъулъыт;
14 Ащ идэпкъыхэм шъугу афэжъугъаз;
ипытапIэхэр къэшъуплъыхьэх,
къэхъущт лIэужым къыфэшъуIотэжьынэу:
15 мы Тхьэр
лIэшIэгъум лIэшIэгъур къыкIэлъыкIоу –
ти Тхьэ;
Ар гъуазэу къытфэхъущт егъэшIэрэу.

## Я 48-рэ Орэд

### Мылъкум узэригъапцIэрэр

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Къорахъ ыкъомэ яорэд*

2 Мыщ шъукъедэIу,
зэкIэ цIыф лъэпкъхэр;
мыр къызэхэшъух,
дунаишхом щыпсэурэ пстэуми –
3 цIыф къызэрыкIуи, цIэрыIуи,
баий, джащ фэдэу тхьамыкIи!

4 СигуцыIэхэм акъылышхо ахэлъ,
сигупшысэхэм – зэхэшIыкI.
5 ГуцыIэжъым стхьакIумэ фэзгъэзэн;
бзэпспщынэм ымакъэкIэ
зэхязгъэшIыкIын сихырыхыхьэ.
6 Сыда къиным имафэхэм сызкIэщынэщтыр,
сыкъезыфэкIыхэрэм
ябзэджагъэ къызысэуцокIыкIэ?
7 Ахэм ябаиныгъэ цыхьэ фашIы,
ямылъкушхо зыщегъэтхъужьых!
8 ЦIыфым сыдэу зишIыгъэкIи,
ыпсэ* ыщэфыжьын ылъэкIыщтэп,
ащ ыуаси Тхьэм ритын ылъэкIыщтэп.
9 Ащ ыпсэ щэфыжьыгъуай,
ащ ыуасэ тыгъуай,
10 ар егъашIэм щыIэнэу,
хьадрыхэ ымылъэгъунэу.
11 Хэти елъэгъу
акъылышIохэри зэрэлIэхэрэр,
мыкъмыджхэри цIыф акъылынчъэхэри
зэрэкIодхэу –
къафагъанэ ямылъкуи нэмыкIмэ.
12 Ахэмэ ябэн** гъэшIэн унэу афэхъущт,
лIэуж зэкIэлъыкIохэм япсэупIэщт
чIыгу яунаеу яIагъэми.
13 Ау цIыфым щытхъури мылъкури иIэми,
ар амыгъэлъапIэу,
псэушъхьэу кIодырэмэ афэдэ хъущт.

---

* 48:8 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: ыш.

** 48:12 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: зэгупшысэхэрэр.

14 Мары ежь зыщыгугъыжьыхэрэм
къяхъулIэщтыр, Iахьэу яIэм рыразэхэм
кIэух афэхъущтыр:
15 мэлмэ афэдэхэу, хьадрыхэ афыщтых,
хьадэгъур Iахъоу яIэщт,
бэным псынкIэу ехыжьыщтых*,
яIэпкъ-лъэпкъхэр кIодыжьыщтых,
ахэмэ япсэупIэр – хьадрых**.
16 Ау Тхьэм спсэ ыщэфыжьыщт,
хьадэгъум сыIэкIихзэ, сиштэжьыщт.
17 ЦIыфыр баи мэхъуми,
ащ ибын ищытхъу мэбагъоми,
ащ земыгъэгъэгумэкI,
18 зи зыдиштэщтэп зылIэкIэ;
ыуж ихьащтэп ищытхъуи.
19 ЩэIэфэ насыпышIоу зелъытэми,
зыфаер зэрэзыфишIэжьырэм пае
ищытхъу аIуатэми,
20 ар ятэжъхэм – ныбжьи
нэфынэр зымылъэгъущтмэ –
адэжь кIожьыщт.
21 АгъэлъапIэми, цIыф акъылынчъэр
псэушъхьэу кIодырэмэ афэд.

* 48:15 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: «пчэдыжьым шъыпкъагъэ зиIэхэм тетыгъо афыряIэщт».
** 48:15 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэ нафэп.

## Я 49-рэ Орэд

### ГукIи псэкIи Тхьэр гъэлъэпIэгъэныр

*Асаф иорэд*

1 Тхьэмэ я Тхьэу Зиусхьаныр къэпсалъэ,
чIыгум ицIыфхэм къяджэ,
тыгъэр къызщыкъокIырэм щегъэжьагъэу
зыщыкъохьажьырэм нэс.
2 Цион Iуашъхьэу, дэхагъэм ишапхъэм,
Тхьэр нэфынэу къыщепсы.
3 КъэкIо ти Тхьэ, Ащ зиушъэфырэп:
Ащ ыпэ ит мэшIо лыбжьэр,
жьыбгъэшхор Ащ къешIэкIыгъ.
4 Ар ицIыф лъэпкъ хьыкум
зэрэтыришIыхьэрэр
къаушыхьатынэу къяджэ
ошъогоу ышъхьагъыми чIыгуми:
5 «Сищынагъо зыгу илъхэр къысфэшъуугъоих,
къурмэн шIыгъом
Iуагъэ къыздэзышIыгъэхэр».
6 Ащ ишъыпкъагъэ ошъогумэ къаIо;
Ежь Тхьэр арышъ хьыкумышIыр.
7 «КъэдаIу, сыкъэгущыIэщт, сицIыф лъэпкъ;
Израиль, О сыкъыппэшIуекIоу
шыхьат сыхъущт;
Сэ сы Тхь, сэры о уи Тхьэр!

8 Къурмэнгъэстэу пшIыхэрэр арэп
узфэзгъэмысэрэр,
къурмэнгъэстэу пшIыхэрэр
Сэ ренэу сэлъэгъух.
9 Уиунэ къикIыгъэ шкIэхъужъи,
уищагумэ къадэкIыгъэ ачъэхэри –
Сэ сищыкIагъэхэп;
10 Сэ сиехэшъ мэз хьакIэ-къуакIэхэр зэкIэ,
былымхэуи къушъхьэ минмэ атетхэри.
11 Къушъхьэмэ ахэс бзыу пстэури Сэ сэшIэ,
шъофмэ арыс псэушъхьэхэри зэкIэ сэ сыех.
12 МэлакIэм сыригъэзыгъэкIи,
о къыосIоныеп;
сыда пIомэ Сэры дунаишхор зиер,
ащ щыпсэурэ пстэури ары.
13 Цулыр, зыгорэкIэ, сэшха,
ачъэмэ лъэу акIэтым сешъуа?
14 Тхьэм щытхъукIэ къурмэн фэшI,
ЗэкIэми Анахь Лъагэм
тхьэлъанэу фэпшIыгъэхэр гъэцэкIэжьых.
15 Къин зыплъэгъурэ мафэм къысадж,
щытхъу сфэпшIыщт, ухэсщыжьыщтышъ».
16 Ау цIыф бзаджэм Тхьэм къыреIо:
«Сыда о сиихъухьагъэхэр зыкIэпIуатэхэрэр,
сиIуагъэ игугъу зыкIэпшIырэр?
17 Ау сиушъый пфэлъэгъу мыхъоу,
сигущыIэхэм защыодзые.
18 ТыгъуакIор зыплъэгъукIэ, угохьэ,
хэтакIохэми уакIыгъу.

19 Бзэджагъэр къэпIонэу,
пIупшIэхэр къызэтеохых,
убзэгуи хьилагъэхэр зэхеухъытэх.
20 Ущысэу о пшы оубы,
уянэ ыкъо имыхьакъ еоIуалIэ.
21 Ар о зэошIэм, Сэ зи сIуагъэп,
Аш пае О сыпфэдэу плъытагъэ.
УкъычIэсэгъэщы джы, уапашъхьэ
къесэлъхьэх уипсэкIодшIагъэхэр.

22 ЗэхэшъушIыкI ар, шъо Тхьэр
зыщыгъупшэхэрэр,
армырмэ шъузэхэсцунтхъэщт,
шъухэзыщыжьын шъумыгъотэу.
23 Къурмэным фэдэу,
ЩытхъукIэ къурмэн къысфэзышIырэм
сегъэлъапIэ;
зигъогу лъыплъэжьрэм
умыкIодэу укъигъэнэжьын
Тхьэм зэрилъэкIырэр езгъэлъэгъущт».

# Я 50-рэ Орэд

## ПсэкIодгъэгъуным итхьэлъэIу

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд.*
*[2] Даут БатщэбаI бзылъфыгъэм зыгохьэм ыуж,*
*тхьэлIыкIоу Натан къызыфэкIом ытхыгъэ орэд**

[3] ШIулъэгъу мыкIодыжьэу пхэлъымкIэ, Тхьэр,
гукIэгъу къысфэшI,
сихэбзэнчъагъэхэр
сфэгъэкIодых уигукIэгъушхокIэ.
[4] Сфэукъэбзыжь бзэджагъэу сшIагъэр,
сипсэкIод къысфэгъэгъуи, къабзэ сышIыжь.
[5] Сыда пIомэ сихэбзэнчъагъэхэр
зыдэсэшIэжьых,
псэкIодэу сшIагъэри ренэу сапашъхь.
[6] О зыр, О зыр ары псэкIод зэсшIагъэр,
мыхъункIэ О плъытэрэр сэ зэспэсыжьыгъ,
арышъ О къыстеплъхьэрэр зафэ,
сызыбгъэмысэкIи, О ухый.
[7] Мары, шъыпкъэмкIэ,
псэкIодышIэу сэ сыкъэхъугъ,
псэкIодышIэу сянэ
ышъо сэ сыхэфагъ.

* 50:2 Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэм ехьылIагъэу еплъ тхылъэу «ЯтIонэрэ Самуел», 11:1 – 12:15.

8 Мары, О пшIоигъор –
цIыфым ыгу илъынэу фэшъыпкъэныгъэр,
арышъ акъылышIуагъэм ишъэфхэр
сэгъашIэх.
9 Къыстеутхи иссопымкIэ*, сыкъэбзэщт,
осым сынахь фыжьыщт, сытхьакIи.
10 КъыслъыгъэIэс гушIуагъорэ чэфыгъорэ,
сыбгъэгужъыягъэми, сыгушIожьыщт.
11 ПсэкIодэу сшIагъэмэ О уямыплъ,
гъэкIодыжьых сипсэкIодхэр зэкIэ.
12 Тхьэр, къысхэлъхьажь сэ гу къабзэ,
къызэблэхъу сыгу, къэгъэпыт спсэ.
13 Уапашъхьэ симыгъэкI,
О Упсэ ЛъапIэ сыгу имылъынэу умышI,
14 сыкъызэрэбгъэнэжьырэм
игушIуагъо къыслъэрэIэс,
гу хьазыр сиIэнэу сыгъэпыт.
15 Хэбзэнчъэхэр афэзгъэсэнхэшъ уигъогумэ,
уадэжь зыкъагъэзэщт псэкIодышIэмэ.
16 О Тхьэр, лъыгъэчъэным сыщыухъум.
О Тхьэу сымыкIодэу сыкъэзыгъэнэжьырэр,
сыбзэгукIэ уишъыпкъагъэ щытхъу
фэсшIыщт.
17 Зиусхьан! Сыжэ къызэтехыри,
О щытхъу пфэсшIыщт.

* 50:9 Иссоп: къэкIырэ кондэ цIыкIу, псым е лъым хагъаозэ, пкъыгъохэми е цIыфхэми атыраутхэ, ахэмэ агухэр Тхьэм ыдэжькIэ зэрэкъабзэхэм инэшанэу.

18 Сыда пIомэ О къурмэным уфаеп –
сэ ар къыпфэсшIыщтгъагъэ;
къурмэнгъэстми угу факIорэп.
19 ТхьэмкIэ къурмэн шъыпкъэр –
зыгу тэкъуагъэр ары,
гоу зэхэукIагъэу, кIэгъожьырэр
пхъэтэпэмыхь пшIыщтэп О, Тхьэр.
20 ШIугъэу пхэлъымкIэ Цион къалэм ешIушI;
Ерусэлэм идэпкъхэр гъэуцужьых.
21 Джащыгъум О уигуапэ хъущтых
шъыпкъагъэкIэ къыпфашIырэ къурмэнхэр,
тын лъапIэхэр, къурмэнгъэстхэр;
джащыгъум къытралъхьащтых
О уикъурмэншIыпIэ шкIэхъужъхэр.

## Я 51-рэ Орэд

**Тхьэм ихьыкумрэ ишIулъэгъу мыкIодыжьрэ**

*1 ОрэдыIохэм япащэ пай. Даут ытхыгъэ усэр.*
*2 Едом цIыфэу Доигъ Саул дэжь къакIуи,*
*Даут Ахъимэлэх иунэ къызэрэкIуагъэм икъэбар*
*къызыфехьым, Даут ыусыгъ**

3 Сыда о, цIыф лъэшыр,
бзэджагъэу пшIагъэмкIэ
узкIызыщытхъужьырэр?

* 51:2 Еплъ тхылъэу «Апэрэ Самуел» 21:7; 22:9-10.

Тхьэм ишIулъэгъу мыкIодыжь ренэу
щыIэщт.
4 ЦIыфыр зэрэбгъэунэхъущтым уегупшысэ,
убзэгу чанштъхьаупс гъэпсыгъэм фэд,
о, хьилагъэ зезыхьэрэр!
5 ШIум нахьэу бзэджагъэр угу рехьы,
шъыпкъагъэр къэпIоным нахьи
нэпцIыр о нахь къэоштэ.
6 УзэкIодылIэщт псалъэу щыIэхэр
о шIу олъэгъух,
о, бзэгу хьил.
7 Джащ пае узэхигъэтэкъопэщт о Тхьэм,
укъыритхъынышъ, уиунэ укъыридзыщт,
псэ зиIэу чIыгум щыпсэурэмэ
ахигъэкIодыкIыщт плъапсэ.
8 Шъыпкъагъэ зиIэмэ ар алъэгъунышъ,
Зиусхьаным щыщынэщтых;
а цIыфым дэхьащхыхэзэ, аIощт:
9 «Мары цIыфэу
Тхьэр шъхьэегъэзыпIэ зымышIэу,
имылъку цыхьэ фэзышIэу,
ибзэджагъэ шъхьэегъэзыпIэ
зыфэзышIыжьыгъэр».
10 Сэ Тхьэм и Унэ
къыщытIэмрэ зэйтун чъыгым сыфэд,
Тхьэм ишIулъэгъу мыкIодыжь –
сэрмэ егъэшIэрэу цыхьэ фэсэшIы,
11 О пшIагъэм пае
егъашIэм щытхъу пфэсшIыщт;
пцIэ икъэбар зэлъязгъэшIэщт,

уищынагъо зыгу илъхэм сахэтэу,
узэрэшIур къэсIощт.

## Я 52-рэ Орэд

### ЦIыфхэм ябзэджагъэ фэгъэхьыгъ

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

2 ЫгукIэ зэреIожьы акъылынчъэм:
«Тхьэ щыIэп».
Ахэмэ нэпэнчъагъэхэр зэрахьэ,
бзэджэгъэ Iаехэр ашIагъэх;
шIу зышIэрэ ахэмэ ахэтэп.
3 Тхьэр ошъогум къеплъыхышъ,
цIыфхэм акъохэм къахэплъэ
акъылышIоу,
Ежь лъыхъурэ ахэтмэ ышIэнэу.
4 ЗэкIэри Тхьэм игъогу дэхыгъ,
зэфэдэу зэIыхьагъэх;
шIу зышIэрэ ахэтэп,
зы нэбгырэ закъуи.
5 Бзэджагъэ зезыхьэхэрэм
зэхэшIыкI ямыIэу ара,
хьалыгъур зэрашхэу,
сицIыф лъэпкъ зышхыхэу,
Тхьэм емылъэIухэрэм?

6 Щынэгъошхом зэлъиубытыщтых,
зыфэдэ мыхъурэ щынагъом;
о къыппэшIуекIорэмэ якъупшъхьэхэр
Тхьэм ритэкъухьащтых.
Хьэйнапэ ахэм о къябгъэхьыщт,
сыда пIомэ Тхьэм пыдзы ышIыгъэх.
7 Цион Iуашъхьэмкlэ къикIэу,
хэта израиль лъэпкъым къыфэкIощтыр,
пыйхэм къаIэкIихыжьынэу?
Тхьэм илъэпкъ гъэрыпIэм
къызырищыжькIэ,
Якъубэ къытекIыгъэхэр
гушIогъошхом зэлъиштэщтых,
израиль цIыфхэм къафэкIощт чэфыгъошхо.

## Я 53-рэ Орэд

### Пыйхэм уащиухъумэнымкIэ тхьэлъэIу

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Бзэпс зэрылъ пщынэхэм къарагъаIо.*
*2 Зиф цIыфхэр Саул дэжь къакIохи,*
*«Даут тадэжь зыщегъэбылъы» къызыраIом.*
*Даут иорэд**

3 Тхьэр! О пцIэкIэ сыкъэгъэнэжь,
О пкIуачIэкIэ сиIоф къыигъэкI.

---

* 53:2 Еплъ тхылъэу «Апэрэ Самуел» 23:15-21; 26:1-5.

4 Тхьэр! СитхьэлъэIу къызэхэх;
сигущыIэмэ О птхьакIумэ къафэгъаз.
5 Сыда пIомэ зыкъыспаIэтыгъ нэпэнчъэмэ,
сэ спсэ къешэх цIыф жъалымхэр;
ахэмэ Тхьэр пхъэтэпэмыхь ашIы.
6 Мары, Тхьэр сэ сиIэпыIэгъу;
Зиусхьаныр къыскIэIэ.
7 Сипыйхэм ябзэджэшIагъэ
аригъэпщыныжьыщт;
УифэшъыпкъэныгъэкIэ ахэр гъэкIодых.
8 Сэ къурмэн къыпфэсхьыщт сигуапэу,
О пцIэ щытхъу фэсшIыщт, Зиусхьан,
сыда пIомэ ар шIу.
9 Сыда пIомэ ситхьамыкIагъомэ зэкIэмэ
О сакъыхэпщыжьыгъ,
сызтекIогъэ сипыйхэр слъэгъугъэ.

## Я 54-рэ Орэд

### КъырафэкIырэ лIым итхьэлъэIу

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.
Бзэпс зэрылъ пщынэхэм къарагъаIо. Даут иорэд*

2 Къызэхэх, Тхьэр, ситхьэлъэIу,
зышIомыгъэбылъ силъэIу.
3 КъысэдэIуи, джэуап къысэт;
сезэщыгъ къинэу сызыхэтым;
сигъэгупсэфырэп

4 пый макъэу зэхэсхырэм, цIыф бзаджэм
егъэзыгъэ сэ сызэришIырэм;
сыда пIомэ ахэмэ къиным сыхадзэ,
губжым хэтхэу, сэ сагъэпыи.
5 Сыгу мэкIэзэзы,
сахэфагъ хьадэгъу щынэгъошхохэм.
6 Сэщынэ сэ, сэкIэзэзы,
щынэгъошхоми сызэлъиубытыгъ.
7 Джащыгъум сэ къэсIуагъ:
«Тхьаркъом тамэу иIэмэ
афэдэ сиIагъэмэ,
чыжьэу сыIубыбыкIыжьыныешъ,
сыгупсэфыжьыныгъи;
8 чыжьэу сыхэхьажьыныешъ,
шъоф нэкIым сыкъинэныгъи;
9 жьы хьарзэмрэ жьыуаемрэ
защысыухъумэнэу сыгуIэныгъи».
10 ЗэIыгъахьэх ягухэлъхэр, Зиусхьан,
абзэхэр зэхэгъэкIухь;
сыда пIомэ жъалымыгъэр, зэщыхьаныгъэр
щэсэлъэгъух къалэм.
11 Чэщыми мафэми ахэмэ
ащ идэпкъхэр хъураеу къакIухьэ;
бзэджагъэрэ тхьамыкIагъорэ къыщэхъу.
12 УзэкIодылIэн ащ щыхъурэр:
егъэзыныгъэр, хьилагъэр
ащ иурамхэм атекIырэп.
13 Сыда пIомэ сэ сызыубырэр пыир арэп,
ар сщыIэн слъэкIыщтыгъэ;

сызфэмылъэгъурэр арэп сызыгъэпыутрэр,
ащ сэ зышIозгъэбылъыныгъи;
14 ау оры сэ къыспэшъуIекIорэр –
синыбджэгъур, сиблагъэр,
синэIосэ дэгъур;
15 шъхьэихыгъэу тызэдэгущыIэу,
тызэгъусэу Тхьэм иунэ
къыщыткIухьэщтыгъэ.
16 КъафэрэкIу хьадэгъур ахэмэ,
амышIахэу, псэ апытзэ,
хьадрыхэ орэкIох;
сыда пIомэ бзэджагъэр яунэхэм арыз,
агухэми арыIэкIагъ.
17 Ау сэ Тхьэм зыфэзгъэзэнышъ,
Зиусхьаным сыкъигъэнэжьыщт.
18 Пчыхьэуи, пчэдыжьэуи, щэджагъоуи
сэ сытхьаусыхэщт, сыгурымыщт,
Ащ сэ сымакъэ къызэхихыщт.
19 МамыркIэ спсэ ащиухъумэщт
къыспэуцухэрэм – ахэр бэ мэхъухэшъ.
20 Тхьэм къызэхихынышъ,
гъэшIэным итахътэ тесым
ахэр ыгъэIэсэщтых;
сыда пIомэ ахэр зэхъокIыхэрэп;
Тхьэм ахэр щыщынэхэрэп.
21 Тэ, мамырэу дэпсэухэрэм,
ыIэхэр къыттырищэягъэх гъусэу сиIагъэм,
Iуагъэу зэдытиIэр ыукъуагъ ащ;
22 ыIупшIэхэр тхъум нахь шъэбагъэх,
ау ыгу джэгъогъуныгъэ илъыгъ;

игущыIэхэр дагъэм нахь шъэбагъэх,
ау ахэр чэтэ упцIэныгъагъэх.
23 УигумэкIхэр* Зиусхьаным фэгъаззхи,
Ар о къыпкIэIэщт.
Шъыпкъагъэ зиIэр
Ащ нибжьи ыгъэпэрыохъуджэщтэп.
24 О, Тхьэр, ахэр хьадэгъум имашэ ипщэщтых;
лъым кIэнэцIхэрэм, хьилэхэм
ягъашIэ ызыныкъуи агъэшIэщтэп.
Ау сэ О цыхьэ къыпфэсэшIы.

## Я 55-рэ Орэд

### Тхьэм ущыгугъыныр

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. «Чъыгэе мэзым хэс тхьаркъобзыр» имэкъамэ илъэу къырагъаIо. Фылистхэм Даут Гъат къалэм зыщаубытым, ытхыгъэ орэд***

2 Тхьэр, гукIэгъу къысфэшI!
Сыда пIомэ цIыфхэм саулъэгу;
мэфэ реным къыстебанэхэзэ,
гузэжъогъум сыхадзэ.
3 Мэфэ реным сипыйхэм саулъэгу;
загъэпагэзэ, бэ мэхъух къыстебанэхэрэр!

* 54:23 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: къыптырилъхьагъэх.
** 55:1 Еплъ тхылъэу «Апэрэ Самуел» 21:10-15; 27:1-4.

4 СызиубыткIэ щынагъом,
Тхьэр, сэ Оры цыхьэ зыфэсшIырэр.
5 Тхьэу зигущыIэ щытхъу фэсшIырэм
цыхьэ фэсэшIы, сыщынэрэп;
сыд къысишIэн лIэщт цIыфым?
6 Мэфэ реным сымыIуагъэр къыстыралъхьэ;
агу къысфэкIырэр зэкIэ – бзэджагъ.
7 Зэрэугъоих, заушъэфы,
къысэшэх спсэ агъэгъунэу.
8 Ябзэджагъэ ягъэпщыныжь уигубжыгъом,
Тхьэр, цIыф лъэпкъхэр къедзыхых.
9 Синэшхъэигъохэр зэкIэ плъытагъэх,
сынэпсхэр зыфэдизыр зэгъашI, –
О уитхылъ ахэр итхагъэхэба?
10 Сэ О сыкъызыолъэIурэ мафэм
зэкIэкIожьых сипыйхэр;
мыр сэ сэшIэ: Тхьэр къыскъот.
11 Тхьэу зипсалъэ щытхъу фэсшIырэм,
Зиусхьанэу зигущыIэ щытхъу фэсшIырэм.
12 Тхьэм цыхьэ фэсэшIы, сыщынэрэп;
сыд сэ къысишIэн цIыфым?
13 Тхьэр, сэ стелъых згъэцэкIэнхэу
гущыIэ пытэу къыостыгъэхэр –
щытхъукIэ къурмэн пфэсшIыщтых.
14 Сыда пIомэ О спсэ
хьадэгъум щыуухъумагъ,
слъакъохэри мылъэпэонхэу пшIыгъэ, –
Тхьэм ыпашъхьэкIэ
щыIэныгъэ къытэзытырэ нэфынэм
сыщызекIонэу.

## Я 56-рэ Орэд

### IэпыIэгъум пае тхьэлъэIу

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Мэкъамэу «СымыгъэкIод» зыфиIорэм илъэу къырагъаIо. Саул зышIуигъэбылъэзэ, Даут гъочIэгъым зычIэлъэдэжьым, ытхыгъэ орэд**

[2] ГукIэгъу къысфэшI О, Тхьэр, гукIэгъу
къысфэшI;
спсэ шъхьэегъэзыпIэ зыщигъотырэр
Орышъ,
сызхэт тхьамыкIагъохэр текIыфэ
сэ О птамэмэ ачIэгъ сычIэтыщт.
[3] Тхьэу ЗэкIэми Анахь Лъагэм селъэIу,
шIугъэкIэ Тхьэу къысфыщытым.
[4] КъыригъэхынышЪ ошъогум IэпыIэгъу,
сызыулъэгухэрэм Ащ емыкIу
къаригъэхьыщт;
ишIулъэгъу мыкIодыжь сигъусэщт,
фэшъыпкъэныгъэкIи къыздэзекIощт.
[5] Сэ сахэфагъ аслъанмэ;
сахэлъ цIыфыр зэхэзышхыхьэрэмэ;
ахэмэ ацэхэр – пчыхэм, щэбзащэхэм
абзэгухэр – чэтэ кIэлъыкIыгъэхэм афэдэх.

* 56:1 Еплъ тхылъэу «Апэрэ Самуел» 24.

6 Ошъогумэ анахьы лъагэу
уIэтыгъэу орэхъу О, Тхьэр,
тыдэкIи чIыгум ышъхьагъ
уищытхъу щэрэгъэIагъ!
7 Сэ слъакъомэ лъахъэ къафагъэхьазырыгъ;
сыгу кIодыгъапэ;
сапашъхьэ машэ щыратIыкIыгъ,
ежьхэр ащ ифэжьыгъэх.
8 СыгукIэ сыпыт, Тхьэр;
орэд къэсIощт,
Уищытхъу орэд фэсIощт.
9 Къэущ, спсэ.
Къэущ, пщынэтIаркъор, бзэпспщынэр!
Сэ нэфшъагъор къэзгъэущын.
10 ЦIыф лъэпкъмэ сахэтэу уищытхъу,
Зиусхьан, сэ сIотэщт;
хымэ лъэпкъхэм сахэтэу,
уищытхъу орэдкIэ сIотэщт.
11 Сыда пIомэ мыкIодыжьын уишIулъэгъу
ошъогумэ анахьы лъаг,
уифэшъыпкъэныгъэ ошъуапщэхэм анэсы.
12 Ошъогумэ анахьы лъагэу
уIэтыгъэу орэхъу О, Тхьэр,
тыдэкIи чIыгум ышъхьагъ
уищытхъу щэрэгъэIагъ!

# Я 57-рэ Орэд

**Дунаим ихьыкумышIхэм хьыкумышI афэхъурэр**

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Мэкъамэу «СымыгъэкIод» зыфиIорэм илъэу къырагъаIо. Даут иорэд*

[2] Шъо, зиусхьан лъэшхэр*,
шъыпкъэм тетэу къэшъоIуа Iофхэр,
хьыкумыри зэфагъэкIэ
цIыфхэм акъохэм атешъошIыхьа?
[3] Хьау, ащишъохъухьэ
шъо шъугухэм мызэфагъэр,
шъуIэхэмкIи хэбзэнчъагъэр афэшъогощы.
[4] Къызщыхъугъэхэм щегъэжьагъэу
цIыф бзаджэхэр мэгъуащэх;
ным ыныбэ къызикIыгъэхэм щегъэжьагъэу
пцIы аусы, хэукъох.
[5] Ахэмэ ящэнаут –
зытхьакIумэ зыкудэрэ блэшхом
ищэнаут яхьыщыр –
[6] ушхъухьакIом ымакъэ зэхихрэп,
анахь ушхъухьэкIо Iазэм.
[7] Тхьэр! Ахэмэ ацэхэр
ажэмэ ащыгъэтакъох;

* 57:2 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ ехьылIагъэу мэхьэнэ зэфэшъхьафхэр итых. Ахэмэ зэу ащыщ: тхьэхэр.

гъэтакъох, Зиусхьан,
аслъан жэпкъхэр!
8 ОрэкIодых, псэу блэчъырэм фэдэу;
щэбзащэхэр къызагъэпкъыехэкIэ,
зэпыкIыкIыгъэхэм фэдэу орэхъух.
9 ОрэкIодых,
псынжъым хэкIодэжьырэ хьамлашкIом
яхьщырэу;
бзылъфыгъэм шIокIодыжьырэ сабыеу,
тыгъэр зымылъэгъурэм фэдэу.
10 МашIор шъуищыуанмэ къямыIэзэ,
пырэжъые пхъэу, палъхьэгъакIэри,
ныкъостри,
жьы хьарзэм зэбгырерэхых*.
11 Шъыпкъагъэ зиIэр, зэрэпщынэхэрэр
зилъэгъукIэ,
къэгушIощт;
цIыф бзаджэм ылъкIэ
ылъакъохэр ащ ытхьакIыщтых.
12 КъаIощт цIыфхэм: «Шъыпкъагъэ зиIэм
шъыпкъэ дэдэу егъоты IахьышIу!
ЩыI Тхьэу чIыгум хьыкум щызышIырэр!»

* 57:10 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэ нафэп.

# Я 58-рэ Орэд

## КъэухъумэныМ итхьэлъэIу

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Мэкъамэу «СымыгъэкIод» зыфиIорэм илъэу*
*къырагъаIо. Даут ытхыгъэ орэд,*
*Саул ар ыукIынэу иунэ къэрэгъулэнэу зегъакIом**

[2] СакъыIэкIэхыжь сипыймэ, си Тхь!
Сащыухъум зыкъыспэзыIэтрэмэ!
[3] СакъыIэкIэхыжь бзэджашIэхэм;
лъым кIэнэцIырэмэ саIэкIэхыжь.
[4] Сыда пIомэ, мары, ахэр спсэ къешэх;
цIыф мэхъаджэхэр зэкъотых,
къыстебэнэнхэ агу хэлъэу;
бзэджагъэ сшIагъэкIэ,
псэкIод-зесхьагъэкIэ арэп, Зиусхьан;
[5] лажьэ симыIэми,
зэрэугъойхэшъ, загъэхьазыры
къысэзэонхэу;
укъыздеIэнэу къэтэдж, сыкъэлъэгъу.
[6] О, Зиусхьаныр,
ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Тхьэр,
Оры Израилым и Тхьэр,
хымэ лъэпкъхэр бгъэпщынэнхэу къэтэдж,
уашъхьамыс къумал гъэпцIакIохэм.

---

* 58:1 Еплъ тхылъэу «Апэрэ Самуел» 19:11-17.

7 Ахэр пчыхьэм къэкIожьых
хьэхэм афэдэу быухэзэ,
къэлэ хьэнэ-гъунэр къакIухьэ.
8 Мары, ахэмэ убэн гущыIэхэр
къыстраупцIэ ажэкIэ;
абзэгухэр чатэхэм афэдэх,
сыда пIомэ егупшысэх:
«Хэта тызэхэзыхырэр?»
9 Ау О, Зиусхьан, ахэмэ уадэхьащхыжьы,
хымэ лъэпкъхэр зэкIэ мыскъарэ ошIых.
10 Оры кIуачIэ къысэзытырэр;
Оры сызэплъыщтыр,
сыда пIомэ О, Тхьэр, пытапIэу усиI.
11 ШIулъэгъу мыкIодыжь къысфызиIэу
си Тхьэ къыздеIэщт;
Тхьэм сипыйхэм атекIуагъэхэу
сигъэлъэгъущт.
12 Ахэмэ уашъхьамыс, ау умыгъэкIодыпэх,
сицIыф лъэпкъ щымыгъупшэнхэу;
итэкъухьэх унэнчъэхэу;
О пкIуачIэкIэ къедзыхых,
Зиусхьанэу тимэIу.
13 Ахэмэ ажэ къыдэкIырэ псэкIодым,
аIупшIэмэ ателъ гущыIэхэм апае
япэгагъэ ерэлъэхъэжьых.
Бгыбзэ зэрашIырэм, пцIы зэраусрэм пае,
14 губжым ухэтэу гъэкIодых,
гъэкIодых щымыIэжьынхэу;
чIыгу гъунапкъэхэм анэсэуи

Израилым и Тхьэ
тетыгъо зэрэфыриІэр арэшІ.
15 Ахэр пчыхьэм къэкІожьых,
хьэхэм афэдэхэу быухэзэ,
къэлэ хьэнэ-гъунэр къакІухьэ.
16 КъекІокІых, ашхыщтым лъыхъухэу,
замыгъэшхэкІымэ мэгъуахъох.
17 О пкІуачІэ ищытхъу орэд къэсІощт,
нэфшъагъом къыщегъэжьагъэу
уишІулъэгъу мыкІодыжь игушІогъо орэд;
сыда пІомэ гузэжъогъу мафэм сызыхэтым,
Оры сэ пытапІэуи шъхьэегъэзыпІэуи
сиІагъэр.
18 Оры кІуачІэ сэ къысэзытырэр!
Щытхъу орэд пфэсІощт,
сыда пІомэ Оры, Тхьэр, пытапІэу сиІэр,
Оры Тхьэу
шІулъэгъу мыкІодыжь къысфэзышІырэр.

## Я 59-рэ Орэд

**Къиным Тхьэм ухищыжьыным итхьэлъэIу**

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Орэдэу «Шушан-Эдут»* имэкъамэ илъэу*
*къырагъаIо. Рагъэджэнхэм пае Даут иорэд.*
*[2] Мэсэпэтам хэгъэгумрэ Цэубэ къалэмрэ ащыщ*
*арам цIыфхэм Даут язао зэхъум, Иоаб дзэпащэр*
*къэкIожьызэ, едом цIыф мин пшIыкIутIур*
*КIэй щыугъэм зыщеукIым, Даут ытхыгъэ орэд***

[3] О Тхьэр!
Тыщыбгъэзыягъ, тызэхэбгъэтэкъуагъ,
укъытфэгубжыгъ: зыкъытфэгъаз.
[4] Бгъэсысыгъэ О чIыгур, зэхэптэкъуагъ,
зэщыкъуагъэу ащ иIэхэр
зыпкъ игъэуцожьых,
сыда пIомэ – ар мэтIыгурыгу.
[5] О уицIыф лъэпкъ ебгъэщэчыгъ къинхэр,
тызгъэщэоплIэорэ санэ тебгъэшъуагъ.
[6] Уищынагъо зыгу илъхэм къафэIэт быракъыр –
ят быракъыр –
уишъыпкъагъэ пае къаIатынэу,
[7] О шIу плъэгъугъэхэр
къиным хэкIыжьынхэм пае;

---

* 59:1 Шушан-Эдут – ижъырэ джуртыбзэмкIэ: зэзэгъыныгъэм икъэгъагъэхэр.
** 59:2 Еплъ тхылъэу «ЯтIонэрэ Самуел» 8:1-13.

сыкъэгъэнэжьи пӀэ джабгъукӀэ,
сыкъызэхэх.
8 И Унэ лъапӀэ Тхьэм къыщиӀуагъ:
«СыгушӀонышъ, Щэхэм згощыщт,
Сукъот кӀэйри зэтесыутыщт.
9 ГъылыӀад, Мэнасэ сэсый,
Ефраим – ситандж,
Ехъудэ – ситетыгъо бэщ.
10 Моаб – зызэрыстхьакӀырэ Ӏэгубжъ,
Едом – тесщэен сицуакъэхэр,
фылист чӀыгум сымакъэ
гушӀогъошхокӀэ Сэ щысӀэтыщт».
11 Къэлэ гъэпытагъэм хэта сыдэзыщэщтыр?
Едом хэта сынэзгъэсыщтыр?
12 Орыба, тычӀэзыдзыгъэу,
тидзэхэм ягъусэу,
Тхьэу къыдэмыкӀырэр?
13 Къин тыхэтышъ, къытэт ӀэпыӀэгъу, –
пкӀэнчъэ цӀыфым ущыгугъыныр.
14 Тхьэр тигъусэмэ, текӀоныгъэр тиещт.
Ар атекӀощт типыйхэм.

## Я 60-рэ Орэд

### Тхьэр сишъхьэегъэзыпI

*[1]ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Бзэпс зэрылъ пщынэмэ къарагъаIо. Даут иорэд*

[2]Къызэхэх, Зиусхьан, сигухэкI макъэ,
ситхьэлъэIу къедэIу!
[3]ЧIыгум икъуапэ сыщыIэу,
сыгу нэшхъэигъом хэтэу
сыкъыоджэ: сыдэщай мыжъобгэу
сэ сызнэсын сымылъэкIыщтым;
[4]сыда пIомэ сишъхьэегъэзыпIэр Оры,
Оры сипыйхэмкIэ
пытэпIэ лъэшэу сэ сиIэр.
[5]ГъэшIэным сыщэрэпсэу уи Унэ,
О птэмэ чIэгъымэ
шъхьэегъэзыпIэ ащысерэI.
[6]Сыда пIомэ тхьэлъанэу пфэсшIыгъэхэр,
О, Тхьэр, къызэхэпхыгъэх,
О пцIэ щынагъо фызиIэхэм
агъотырэ IахьышIур къысэптыгъ.
[7]Пачъыхьэм имафэмэ мафэхэр
ахэгъахъох;
ащ иилъэсхэр кIыхьэ ащышIых
лIэуж зэкIылъэкIохэми.
[8]ГъэшIэным ар Тхьэм ыпашъхьэу
итахътэ терэс;

шIулъэгъу мыкIодыжьымрэ
фэшъыпкъэныгъэмрэ
къарэухъум ар.
9 Мафэ къэси тхьэлъанэу пфэсшIыгъэхэр
сэри сэгъэцакIэх,
О пцIэ орэдкIэ щытхъу фэсэшIы.

## Я 61-рэ Орэд

**Тхьэм укъиухъумэным щыгугъыгъэныр**

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэу Едутун пае.*
*Даут иорэд*

2 Тхьэ закъор ары
спсэ гупсэфыгъо зэригъотылIэрэр;
Ары сымыкIодэу сыкъэзыгъэнэжьыщтыр.
3 А зыр ары
сыкъэзгъэнэжьырэ къушъхьэ цакIэр,
пытапIэу сиIэр, –
сэ сыпэрэохъуджэщтэп.
4 Сыд фэдизрэ цIыфэу,
дэпкъ ебагъэм фэдэм,
чэу хъыбыим яхьщырым,
ишъуутынэу шъутебэнэщта?
5 Ар лъэгапIэм къырадзыхынэу
ахэмэ гухэлъ яI,
ахэмэ пцIыр якIас;

аIупэкIэ шIур фаIо,
агукIэ бгыбзэм рагъэхьы.
6 Тхьэ закъор ары
спсэ гупсэфыгъо зэригъотылIэрэр,
сыда пIомэ Ары сызщыгугъырэр.
7 А зыр ары сыкъэзгъэнэжьырэ мыжъобгъыр,
пытапIэу сиIэр,
сэ сыпэрэохъуджэщтэп ныбжьи.
8 Сыхэзыщыжьырэри,
щытхъу къысэзытырэри Тхьэр ары;
лъэкIышхо зиIэ мыжъобгэу
сишъхьэегъэзыпIэр Тхьэр ары.
9 ЦIыф лъэпкъыр!
Сыд фэдэрэ уахъти Ащ цыхьэ фэшъушI;
Ащ ыпашъхьэ шъугу илъыр
къыщышъуIуат;
Тхьэр тэркIэ шъхьэегъэзыпI.
10 ЦIыфым ыкъохэр – жьы къэщэгъу ныIэп,
лIымэ акъохэр – нэпIэхъых;
щэчалъэм теплъхьэмэ,
зэрэзэгъусэхэу зэкIэ
нэкIым нахь псынкIэх.
11 КъонтхъшIыным цыхьэ фэшIумышI,
хъункIэным шъурымыкъэй;
мылъкур багъомэ,
ар шъугу ешъумыгъэкIу.
12 Тхьэм зэ къыIуи,
сэ ятIонэрэу зэхэсхыгъэ –
кIуачIэр Тхьэм ыдэжь щыIэу,

13 Орышъ зиIэр, Тхьэ, шIулъэгъу мыкIодыжь.
О шъхьаджи фэолъэгъу
ышIагъэм фэшъуашэр.

## Я 62-рэ Орэд

### Тхьэм уфэзэщыныр

1 *Ехъудэ шъоф нэкIым щыIэу Даут ыусыгъэ орэдыр**

2 О Тхьэр! Оры си Тхьэр,
сыплъэхъу, сыкъыпфэлIэ сыпсэкIэ;
чIыгу нэкIым сыщыIэу
сыгукIи сшъхьэкIи сыкъыпфэзэщы,
чIыгу гъукIагъэу, гупсэф зыщымыгъотэу,
псы зэрымытыжьым фэдэу.
3 ЧIыпIэ лъапIэм ущэсэрэлъэгъу,
О пкIуачIэрэ уищытхъурэ сярэплъ.
4 УишIулъэгъу мыкIодыжь
щыIэныгъэм нахьышIушъ,
сIупэмэ щытхъу пфашIыщт.
5 Щытхъу къыпфэсшIыщт сыщэIэфэ,
сыолъэIузэ, сIэхэр сIэтыщтых.
6 Шхын IэшIум сызэригъэразэу,
гушIогъо макъэкIэ уищытхъу сэIо.

* 62:1 Тхылъэу «ЯтIонэрэ Самуел» ия 15-рэ шъхьэ ия 23-рэ усэ къыщегъэжьагъэу мы орэдыр зэхьылIагъэм игугъу къыщешIы.

7 ПIэм сыхэлъэу сыгу укъэкIыжьы,
чэщ къэрэгъулэгъум иуахътэ
сыкъыогупшысэ,
8 сыда пIомэ уIэпыIэгъу О сэркIэ,
О птэмэ чIэгъымэ яжьау
гушIо орэд къыщысэIо.
9 О спсэ къыопкIыгъ;
О пIэ джабгъу сэ къыскIэIэ.
10 Ау адрэхэу спсэ къешэхэрэр
хьадрыхэ ерэхых.
11 Чэтэ кIуачIэкIэ ахэр арэукIых,
арэубытых бэджэшъхэм.
12 Ау пачъыхьэр Тхьэм кIэгушIужьыщт,
Тхьэм ыцIэкIэ
хэтми тхьэрыIо зышIырэр гушIожьыщт,
сыда пIомэ пцIы зыусхэрэм
ажэхэр Тхьэм зэфишIыжьыщтых.

## Я 63-рэ Орэд

**Тхьэм укъиухъумэным итхьэлъэIу**

1 *ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

2 Ситхьаусыхэ макъэ зэхэх, О, Тхьэ,
сипыйхэм сащэщынэ –
спсэ къэгъэнэжь.

3 СашIогъэбылъ мэхъаджэхэм ягухэлъхэм,
бзэджашIэхэм – ягухэлъ шъэфхэм.
4 Гъэчаныгъэ чатэу абзэгухэр;
къагъэпкъыягъ ящабзэ –
атIупщынэу щынаут гущыIэр,
5 мыхъун зыбгъодэмылъым
шъэфэу еонхэу;
ошIэ-дэмышIэу ахэр ащ еох,
щынэхэрэп.
6 Гухэлъ бзаджэмкIэ зэрэгъэгушхожьых;
зэрэгъэIушыжьых агъэбылъынхэу
лъахъэхэр;
аIо: «Хэта къэзылъэгъущтыр?»
7 Ахэмэ гухэлъ бзаджэхэр ашIых,
къаугупшысыгъэ хъор-шэрыгъэр
агъэбылъы;
цIыфым иакъылрэ игупшысэрэ куу шIэгъуае.
8 Ау ахэмэ Тхьэм атыригъэфэщт щэбзащэр;
ошIэ-дэмышIэу ахэр ауIэщтых.
9 Ежь-ежьырэу абзэгукIэ
ахэмэ загъэкIодыжьыщт,
ашъхьэ агъэсысыщт
ахэр зылъэгъурэ пстэуми.
10 ЗэкIэ цIыфхэр Тхьэм щыщынэщтых,
Ащ иIофхэр зэлъарагъэшIэщт,
ахэмэ ягупшысэщтых;
11 Шъыпкъагъэ зиIэхэр Зиусхьаным кIэгушIухэу,
шъхьэегъэзыпIэу зыфарэгъэзэжь;
цIыф зафэмэ зэкIэмэ
Ащ щытхъу фарэшI.

## Я 64-рэ Орэд

### Тхьэм щытхъур фэшъуаш

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

[2] Оры, Тхьэр, зифэшъуашэр
Цион къалэм щытхъу къыщыпфашIынэу.
Оры цIыфхэм тхьэлъанэу къыпфашIыгъэр
къызфагъэшъыпкъэжьыщтыр.
[3] Оры къызэхэзыхырэр тхьэлъэIур:
цIыф пстэури уадэжь къэкIощт.
[4] ТипсэкIодхэм ябжь ттелъэу,
Тихэбзэнчъагъэхэр хьылъащэ къытфэхъумэ,
ахэр о къытфэогъэгъух.
[5] Сыхьатмафэ ежьагъ О къахэбгъэщэу,
къыппэблагъэ пшIырэр
О уищагумэ ащыпсэунэу!
Уи Унэ ишIугъэхэмкIэ, О уи Унэ лъапIэ
ишIугъэхэмкIэ зыдгъэтхъэжьын.
[6] Шъыпкъагъэ зыхэлъ уиIофышхохэмкIэ
укъытпэгъокIы, тыкъэзгъэнэжьырэ Тхьэр,
чIыгум икъопэ пстэуми ащыпсэурэ
цIыфхэри,
хы чыжьэмэ атетхэри къыпщэгугъых.
[7] ПкIуачIэкIэ къушъхьэхэр бгъэуцугъэх,
лъэкIыныгъэшхор уишъуаш,

8 Хыхэм ягъохъо макъэ,
хыор макъэр,
къэбырсырырэ цIыф лъэпкъхэр огъэIасэх!
9 ЧIыгум икъуапэхэм ащыпсэурэ цIыфхэм
агъэшIагъох О уиIоф лъэшхэр.
ТыгъэкъокIыпIэми тыгъэкъохьапIэми
гушIогъо мэкъэшхо яогъэгъэIу.
10 О чIыгум уфэгумэкIы,
зыфэныкъор еогъэгъоты,
хьалэлэу имылъку хэогъахъо.
Тхьэм ипсыхъо псыр диз;
лэжьыгъэр къэогъэкIы,
аущтэу зэкIэ бгъэпсыгъэшъ;
11 огъэшъокIых хьасэбэкъухэр,
такъырышхохэр зэщизы ошIых,
ощхыцэхэмкIэ ахэр огъэушъэбых,
ащ къыгъэкIыхэрэм унэшIу ащыофэ.
12 Гъэм тынышIухэр фэогъэшъуашэ.
О узэрыкIорэм лэжьыгъабэ къыщэкIы;
13 шъоф нэкIым ихъупIэхэми
уц шхъуантIэр къащыхэкIы,
гушIуаґъом зэлъеубытых Iуашъхьэхэр.
14 Гъэхъунэмэ Iэхъогъухэмкiэ зафапэ,
кIэйхэр зэлъаупIыцIэ коц хьасэмэ;
орэд къаIо, гушIо макъэр аIэты.

# Я 65-рэ Орэд

## Тхьэм уелъэIунымрэ щытхъу фэпшIынымрэ яорэд

*ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай*

1 ГушIогъо макъэр Тхьэм фэшъуIэт зэрэчIыгоу.
2 Щытхъу орэдыр Ащ ыцIэ къыфашъуIу;
ЖъугъэлъапIэзэ, щытхъушхо Ащ фэшъушI.
3 Тхьэм ешъуIу: «О уиIоф шIагъохэм
лъэшэу уагъэщынэ!
КIуачIэу О пхэлъыр бэдэдэшъ,
уипыйхэр уапашъхьэ щэцуахъох.
4 Шъхьащэ къыпфашIы зэрэчIыгоу,
къыпфаIо щытхъу орэд,
О пцIэ щытхъу фашIы».
5 ШъукъакIори, шъуяплъ Тхьэм иIэшIагъэхэм,
Ащ цIыфхэм азыфагу
щызэрихьэрэ Iофхэр щынагъох.
6 Ащ хыр чIыгу ышIыгъ;
лъэсэу псыхъом икIыгъэх цIыфхэр,
Ащ дэжьым тыщигъэгушIуагъ.
7 ЛъэкIыныгъэ инэу иIэмкIэ
Ащ гъэшIэным тетыгъор ыIыгъ;
Ащ ынэхэр хымэ лъэпкъмэ яплъых,
Ар къырамыдзэу
зызгъэкъаигъэхэрэм зыкъарэмыIэт.

8 ЦIыф лъэпкъхэр, жъугъэлъапIэ ти Тхьэ,
Ащ ищытхъу макъэ зэхарэх цIыфхэм.
9 Тпсэ къыгъэнэжьыгъ Ащ псэухэрэм
тахэтынэу,
тлъакъохэри ыгъэцIэнлъагъэхэп.
10 Тыуушэтыгъ тэ О, Тхьэр,
тыжьыныр зэраукъэбзэу тыуукъэбзыжьыгъ.
11 Тэ хъытыум тибгъэфагъ,
хьылъэхэр ттамэхэм О къатеплъхьагъэх,
12 тябгъэулъэгугъ цIыфхэм,
псыми машIоми тапхырыкIыгъ,
О ахэмэ тэ такъыхэпщыжьи,
гупсэфыпIэм тыпщэжьыгъ.
13 Къурмэнгъэстхэр сшIынхэу,
О уи Унэ сыкъихьан,
тхьэлъанэу пфэсшIыгъэхэр
згъэцэкIэжьыных –
14 къиным сыхэтэу сIупэмэ къаIуагъэр,
сыжэ къыдэкIыгъэр.
15 Агъэпщэрыгъэ былымхэр
къурмэнгъэст О къыпфэсшIыных,
мэл къурмэныпхъэмэ яIугъо пфэзгъэузэ;
цухэр, ачъэхэр къурмэн пфэсшIыных.
16 Тхьэм щынагъо фызиIэхэр зэкIэ
шъукъакIори, шъуедэIу,
сэ Ащ къысфишIагъэхэр
къышъуфэсIотэщтых.
17 Сэ мэкъэшхокIэ Ащ селъэIугъ,
сыбзэгукIэ ищытхъу сIэтыгъэ.

18 Сэ сыгу бзэджагъэ изгъэлъыгъэмэ,
Зиусхьаным сыкъызэхихыныеп.
19 Шъыпкъэмкlэ Тхьэм сыкъызэхихыгъ,
силъэlу ымакъэ къыкlэдэlукlыгъ.
20 Щытхъур ий Тхьэу,
ситхьэлъэlухэр щызымыгъэзыягъэм,
ишlулъэгъу мыкlодыжь сыхэзымыныгъэм.

## Я 66-рэ Орэд

### Iоныгъэ орэд

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Бзэпс зэрылъ пщынэхэмкIэ къырагъаIо*

2 О Тхьэ! ГукIэгъу къытфэорэшI,
унэшIу къытщэорэф;
унэгу инэф къыттерэогъапс,
3 дунаим ицIыфхэм
О уигъогу зэрагъэшIэнэу,
зэкIэ цIыф лъэпкъхэм
къэбгъэнэжьынхэу
кIуачIэ зэрэуиIэр ашIэнэу.
4 Тхьэр, цIыф лъэпкъмэ щытхъу къыпфарэшI,
щытхъу къыпфарэшI цIыф лъэпкъ пстэуми!
5 ОрэгушIох,
щытхъу орэд къарэIу цIыф лъэпкъхэм!
Сыда пIомэ О цIыф лъэпкъ пстэуми

хьыкум зафэ атеошIыхьэ,
цIыф лъэпкъхэр огъэIорышIэх.
6 Тхьэр, цIыф лъэпкъмэ щытхъу къыпфарэшI,
щытхъу къыпфарэшI цIыф лъэпкъ пстэуми!
7 ЧIыгум илэжьыгъэ къытерэт:
Тхьэм ынэшIу къытщерэф, ти Тхьэ!
8 Тхьэм ынэшIу къытщерэф,
чIыгум тыдэкIи щыпсэурэ цIыфхэм
Ащ щынагъо фарэшI!

## Я 67-рэ Орэд

### Тхьэм илъэкIыныгъэшхорэ ищытхъушхорэ

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд*

2 Къэрэтэдж Тхьэр,
Ащ ипыйхэр зэбгырэрэкIыжьых.
Ар зылъэгъу мыхъухэрэр
ерэкIыжьых ыпашъхьэ псынкIэу!
3 Зэбгырыфых О ахэр,
Iугъор зэрэзэхэкIыжьырэм фэдэу;
МашIом шакор зэригъэткIурэм фэдэу,
Тхьэм ыпашъхьэ щэрэкIодых
бзэджашIэхэр.

4 Шъыпкъагъэ зиIэхэр къэрэчэфыжьых,
Тхьэм ыпашъхьэ щэрэгушIожьых,
хьяр гушIогъошхо ярэI.
5 Ти Тхьэ орэд къыфашъуIу,
Ащ ыцIэ щытхъу орэд къыфашъуIу,
ошъуапщэмэ* ащызекIорэм щытхъу
фэшъуIэт;
Ащ ыцIэр – Зиусхьан;
Ащ ыпашъхьэ шъущыгушIу.
6 Ибэмэ ятэу,
шъузабэмэ яухъумакIоу
Тхьэр ипсэупIэ лъапIэ щыI.
7 Зизакъохэр Тхьэм унэм щегъэпсэух,
Iэхъу-лъэхъухэр атырехыжьых,
Ащ зызгъэкъаигъэхэрэр
шъоф нэкI жъоркъым къырегъэнэжьых.
8 Тхьэр! УицIыф лъэпкъ ыпэ уитэу
шъоф нэкIым О къыщыпкIухьэу зыщэтым,
9 чIыгур щысысыщтыгъэ,
къыщебзэбзэхыщтыгъэ ощхыр,
О, Тхьэу, Израиль и Тхьэу –
Синай къушъхьэм**
къыщылъэгъогъэ Тхьэм уапашъхьэ.
10 Ощхышхо къебгъэщхыгъ О, Тхьэр,
уихэгъэгу кIочIаджэ зэтебгъэуцожьыгъ.

---

* 67:5 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэритыр: «шъоф нэкIым».

** 67:9 Израиль лъэпкъыр Мысыр икIи, КъэнаIан хэгъэгум зэкIом, Тхьэм Синай къушъхьэм зыкъыщаригъэлъэгъугъ (Мосэ иятIонэрэ тхылъ 19:16–25).

11 Ащ итIысхьагъ О уицIыф лъэпкъ;
О уишIугъэ ихьатыркIэ, Тхьэр,
бгъэхьазырыщтыгъэ ищыкIагъэр
тхьамыкIэм.
12 Зиусхьаным унашъо ышIыгъ:
бзылъфыгъабэмэ текIоныгъэм икъэбар
зэрахьагъ.
13 Дзэмэ япачъыхьэхэм кIатхъужьы,
мачъэх,
ау унэм къинэгъэ бзылъфыгъэхэм,
къонтхъыр агощы –
14 мэлэщым зыжъугъэбылъэу шъудэлъыщтми –
зытамэхэр тыжьын егъэшъуагъэхэу,
зикъамзыйхэр дышъэ къабзэкIэ
гъэпкIагъэ тхьаркъобзым фэдэ
пкъыгъохэр*.
15 ЛъэкIыныгъэ пстэури зиIэ Тхьэм
пачъыхьэхэр зызэбгырегъэкIыжьым,
Цалмон Iуашъхьэм ос къыщыригъэсыгъ.
16 Тхьэм икъушъхь – Бащан къушъхьэр!
Шыгубэ зиIэ къушъхьэ лъаг –
Бащан къушъхьэр!
17 Сыд, о, шыгубэ зиIэ къушъхьэр,
уехъуапсэу узкIеплъырэр
Тхьэм псэупIэкIэ ыгу рихьыгъэ
къушъхьэм**,
гъэшIэным зыщыпсэущтыр Зиусхьаныр?

* 67:14 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ мэхьанэр нафэп.
** 67:17 Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэр Цион къушъхьэр ары.

18 Тхьэм икупсынкIэхэр бэдэдэх,
минмэ яминыжьых.
Ахэмэ ахэтэу Зиусхьаныр
Синай къушъхьэм къехи,
ичIыпIэ лъапIэ къэсыгъ.
19 Ар Iошъхьэ лъагэм дэкIоягъ,
гъэрхэр зыдыдищэягъэх,
цIыфхэм тынхэр къыратыгъэх,
Тхьэр къырамыдзэу,
зызгъэкъаигъэхэрэри ахэтхэу.
Зиусхьанэу Тхьэр ащ щыпсэущт.
20 Щытхъур Зиусхьаным ий,
мафэ къэс тикъинхэр зезыхьэрэм;
Тхьэр ары тыкъэзыгъэнэжьырэр.
21 Ти Тхьэ – Тхьэ къэгъэнэжьакIу;
Зиусхьанэу ти Зиусхьаныр ары
аджалым тыIэкIэзыхыжьырэр.
22 Тхьэм ыкъутэщтых
ипыймэ ашъхьэхэр,
шъхьэшыгу пырацэхэу
гъогу хэбзэнчъэм щыкъаигъэхэрэр.
23 Зиусхьаным къыIуагъ:
«Бащан къыщязгъэгъэзэжьыщт,
къычIэсщыжьыщтых хычIэм,
24 уихьэмэ абзэгу зэрэхагъэощтым фэдэу,
плъакъохэр пыймэ ялъы хэбгъэуцонэу».
25 Тлъэгъугъэ укъызэрэщекIокIырэр,
О, си Тхьэу, си Пачъыхь,
уичIыпIэ лъапIэ укъызэрэщекIокIырэр;

26 орэдыIохэр апэ итыгъэх,
Iэмэ-псымэмэ къязгъаIохэрэр
аужкIэ кIощтыгъэх,
шъонтIырыпIэхэр зыIыгъ пшъашъэхэр
агузэгу итыгъэх:
27 «ЗэIукIэшхом Тхьэу Зиусхьаным
щытхъур щыфашъуIу,
шъо Израиль къытекIыгъэхэр!»
28 Бинямин лIакъоу анахь цIыкIур апэ ит;
Ехъудэ пщыхэм акъомэ якуп хэтэу,
Зэбулун, Нафталый пщыхэм
акъохэри къакIэлъэкIох.
29 Зэхэугъуай пкIуачIэ, си Тхь,
къычIэгъэщ кIуачIэу къытфэбгъэлъэгъуагъэр.
30 Ерусэлэм дэт уи Унэ къахьых
Ощ пае пачъыхьэмэ яшIухьафтынхэр.
31 ГъэIас Мысырыр:
хьэкIэ-къуакIэу къамылым щыпсэурэр,
гъэIасэх цIыф лъэпкъхэу
шкIэхэр зыхэт цу Iэхъогъухэм афэдэхэр;
ахэмэ зэкIэмэ шъхьащэ къыпфашIэу,
ятыжьын къыпфахьыфэ,
итэкъухьэх заом кIэхъопсырэ цIыф
лъэпкъхэр*.
32 ЦIыф лъэрыхьхэр Мысыр къикIыщтых;
Тхьэм фащэищтых аIэхэр –
Ефиопием** щыщ цIыфхэм.

---

* 67:31 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ мы сатырэм имэхьанэ нафэп.
** 67:32 Ефиопие, ижъырэ джуртыбзэмкIэ Куш, – а зэманым Мысырым икъыблэ гъунапкъэ дэжь щыIэгъэ хэгъэгу.

33 ЧIыгум ипачъыхьагъухэр,
Тхьэм орэд къыфашъуIу,
Зиусхьаным орэдкIэ ищытхъу шъуIуатэ, –
34 гъэшIэрэ ошъогумэ яошъогужьмэ
къащызыкIухьэрэм.
Мары, Ащ Ежь ымакъэ къеIэты,
кIочIэшхо зиIэ макъэр.
35 Тхьэм кIуачIэ зэриIэм шъуеуцуалI!
Тетыгъошхо Ащ Израиль фыриI,
кIочIэ ин дэдэу Ащ хэлъыр
ошъуапщэмэ ахэолъагъо.
36 Уи Унэ О, Тхьэр,
щынэгъошхо щыуиI.
Израиль и Тхьэ ицIыф лъэпкъ
кIуачIэрэ лъэкIыныгъэрэ къырета.
Тхьэм щытхъушхор ий!

## Я 68-рэ Орэд

### Къин зэрагъэщэчырэм итхьэлъэIу

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Орэдэу «Шушаним»*. имэкъамэ илъэу къырагъаIо.*
*Даут иорэд*

2 О Тхьэр, сыкъэгъэнэжь сымыкIодэу –
псыхэр спшъэтыкъ къынэсыгъэхэшъ.

* 68:1 Еплъ я 44-рэ Орэдым.

3 Орыжь куум сэ сыхэнагъ,
сызтеуцони щымыIэу;
псы хьалыгъуанэмэ сэ сарыфагъэшъ,
сырехьыжьэ псы къиугъэшхом.
4 Сыкуозэ, кIочIаджэ сыхъугъ,
иукъэпыкIыгъ счыишъхьэ,
си Тхьэ сыфалIэу сыпаплъэзэ,
сынэхэр пшъыгъэх.
5 Лажьэ симыIэу,
сызгъэкIоды зышIоигъо сипыйхэр
сшъхьэ цэу тетым нахьыб;
сызыгъэкIоды зышIоигъо сипыйхэу,
пцIыкIэ сыкъэзыуцухьэхэрэм кIуачIэ яI;
ястыжьын фая къатесымыхыгъэр?
6 О Тхьэ! О ошIэ сызэрэакъылынчъэр,
мыхъунэу сшIагъэхэр
OркIэ шъэфэп.
7 Зиусхьанэу,
ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Тхьэр,
О къыпщыгугъырэмэ зэкIэмэ,
анапэ тесэрэмых.
О, Израиль и Тхь, зыкъыпфэзыгъазэхэрэм
сэрыкIэ емыкIу къарэмыхь,
8 сыда пIомэ Ощ пае сэ саубы,
нэпэнчъагъэр нэгурыхъо къысфашIы.
9 СшыхэмкIэ сэ хымэ сыхъугъ,
сянэ ыкъохэм сащымыщыжьэу.
10 Сыда пIомэ сэ О уи Унэ
сызэрэкIэхъопсырэм сеухы,

О узыгубырэмэ яубэ гущыIэхэр
сэ къыстефэжьых.
11 Сэ сыгъызэ сызэнэкIым,
зызысэгъэцIыкIужьым саубыгъ;
12 шъыгъо щыгъынхэр зызыщысэлъэхэм,
къыздэхьащххэу къэбар зэрахьагъ.
13 Сэ къыстегущыIэх къэлапчъэмэ аIусхэр,
ешъуакIомэ яорэдмэ сахалъхьэ.
14 Сэ ситхьэлъэIукIэ, Зиусхьан,
зыкъыпфэсэгъазэ;
О игъоу плъытэрэ уахътэм, си Тхь,
уишIулъэгъу мыкIодыжь ихьатыркIэ
сыкъызэхэх.
УифэшъыпкъэныгъэкIэ IэпыIэгъу
къысфэхъу
15 псынжъым сыхэмынэнэу,
сыкъыхэщыжь: сызфэмылъэгъухэрэми,
псы куухэми саIэкIэрэкIыжь.
16 Псы къиугъэшхом сырерэмыхьыжь,
псы куум серэмыдыр,
хьадрыхэ ыжэ зэкIэхыгъэ
сашъхьагъ щызэферэмышIыжь.
17 Джэуап къысэт, Зиусхьан, сыда пIомэ
уишIулъэгъу мыкIодыжь – шIу:
зыкъысфэгъаз, уигукIэгъу бэдэдэшъ.
18 УиIумэтым унэгу шIомыгъэбылъ,
гузэжъогъум сыхэт,
джэуап къысэт псынкIаIоу.

19 Спэблагъэ зыкъэшI,
сшъхьэ щэфыжь,
сыкъэгъэнэжь, пыибэ сиIэшъ.
20 О ошIэ сызэраубырэр,
сынапэ зэрэтырахырэр,
хьэйнапэ сызэрашIырэр;
сэ сипыйхэр зэкIэ уапашъхьэ итых.
21 Сыгу ыухыгъэшъ убэным,
сфэлъэкIыжьырэп;
гукIэгъу къысфашIыным сежагъ,
ау ар щыIэп,
сызыгъэгупсэфын сыпэплъагъ,
ау ари згъотырэп.
22 Щэнаутыр къысатыгъ гъомлапхъэу,
дыджыпсым сырагъэшъуагъ,
псыфалIэ сызыщылIагъэм.
23 Яшхэн ахэмэ лъахъэ афэрэхъу,
якъурмэн ешхэ-ешъо
убытыпIэу къафычIэрэкI.
24 Анэхэр орэушIункIых
алъэгъужьын амылъэкIэу,
алъакъохэр орэкIэзэзых зэпымыоу.
25 АтеунакI уигубж О ахэмэ,
уигубжышхо имашIо
ахэр зэлъерэубытых.
26 ЯпсэупIэхэр нэкIы орэхъух,
ащыпсэун щэрэмыI ящэтырхэм,
27 сыда пIомэ О узэуагъэр
джыри ахэмэ къырафэкIы,
О ууIагъэхэм къинэу ащэчырэм хагъахъо.

28 Ахэмэ яхэбзэнчъагъэхэр
афэлъыт чэзыу-чэзыоу,
мыкIодхэу къэбгъэнэжьынхэм
ныбжьи щэрэмыгугъых.
29 Ахэмэ ацIэхэр харэтхыкIыжьых
щыIэныгъэ зиIэщтхэм ятхылъ,
шъыпкъагъэ зиIэмэ
ахарэмытхэх.
30 СыекIагъ сэ, гузэжъогъум сыхэт;
сыкъэгъэнэжьи, Тхьэр, сызэтегъэуцожь.
31 ОрэдкIэ Тхьэм щытхъу фэсшIыщт,
сыфэразэу, иинагъэ язгъэшIэщт.
32 Ар Зиусхьаным нахь ыгу рихьыщт
цум нахьи,
бжъакъо зытетэу,
лъабжъэ зиIэ шкIэхъужъыми нахьи.
33 Егъэзыгъэхэм ар къарэлъэгъури,
орэгушIожьых.
Тхьэм лъыхъухэрэм гу арэшIыжь.
34 Сыда пIомэ Зиусхьаным
тхьамыкIэмэ амакъэ зэхехы,
ицIыфхэу Iэхъу-лъэхъу зытелъхэм
нэмыплъ арихырэп.
35 Щытхъур фарэшI Ащ ошъогухэми, чIыгуми,
хыхэми, зэкIэ ахэмэ ащыпсэухэрэми.
36 Сыда пIомэ Тхьэм
Цион къалэр къыухъумэщт,
ыгъэпсыщтых Ехъудэ икъалэхэр,
Тхьэм ицIыфхэр а хэгъэгум итIысхьащтых;
ар ахэмэ яIахьэ хъущт.

37 Тхьэм иӀумэтхэм ялӀэуж
ие хъущт а хэгъэгур,
Тхьэм ыцӀэ шӀу зылъэгъухэрэр
ащ итӀысхьащтых.

## Я 69-рэ Орэд

### ӀэпыӀэгъум фэгъэхьыгъэ тхьэлъэӀу

*1 ОрэдыӀохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Даут иорэд. Тхьэм ыгу зыкъэдгъэкӀыжьыным пае*

2 О, Тхьэ, сыхэщыжь, Зиусхьан,
уиӀэпыӀэгъу бэрэ сыкъемыгъаж.
3 Хьэйнапэ орэхъух, емыкӀуи къарэхь
спсэ къешэхэрэм!
Бзэджагъэ къысэхъулӀэ зышӀоигъохэр
анапэ тырахыгъэу зэкӀэрэкӀожьых!
4 Ерэгъэпщынэжьых емыкӀоу къахьыгъэм
къэзыӀохэрэр: «Дэгъу! Дэгъу!»
5 ОрэгушӀожьых, орэчэфых
зэкӀэ О къыплъыхъухэрэр.
Къызэрэбгъэнэжьыхэрэр зигуапэхэм
зэпымыоуи арэӀу: «Тхьэр ин дэд!»
6 Сэ сытхьамыкӀ, сыекӀагъ.
Тхьэр, псынкӀаӀоу садэжь къакӀо!
Оры сиӀэпыӀэгъури, сыхэзыщыжьыщтыри.
Зиусхьан! Укъэмыгужъу.

## Я 70-рэ Орэд

### ЛIыжъым итхьэлъэIу

1 О, Тхьэ, шъхьэегъэзыпIэ осэшIы,
гъэшIэными емыкIу къэсэмыгъэхь!
2 О шъыпкъагъэу уиIэмкIэ
сыхэщыжьи, сыкъэгъэнэжь.
ПтхьакIумэ къысфэгъази, сыхэщыжь.
3 Сыкъэзыухъумэрэ къушъхьэ цакIэу,
мыжъобгэу ренэу къысфэхъу.
Сыкъэбгъэнэжьынэу унашъо О пшIыгъэшъ,
Шъхьэегъэзыпіэ пытапIэу О усиIэшъ.
4 Си Тхь! ЦIыф бзаджэхэм,
мызафэхэм, жъалымхэм саIэкIэх.
5 Оры, Зиусхьан,
сызыщыгугъырэр,
сицIыкIугъом къыщыублагъэу
сицыхьэшIэгъур.
6 Сыкъызыхъугъэм къыщегъэжьагъэу
сэ Оры къыскIаIэрэр;
сянэ ышъо сызщыхэфагъэм
къыщегъэжьагъэу укъысфэгумэкIы*.
Щытхъоу пфэсшIырэр О зэпыущтэп.

---

* 70:6 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэ нафэп.

7 Сэ бэмэ щысэтехыпӀэ сафэхъугъ;
ау О шъхьэегъэзыпӀэ шъыпкъэ сэ
укъысфэхъу.
8 СыжэкӀэ сыкъыпщэтхъу зэпыт,
мэфэ реным О уищытхъу
зэпымыоу сэӀуатэ.
9 Сижъыгъом сычӀэмыдзыжь.
СкӀуачӀэ къыхаӀэ зыхъукӀэ,
сизакъоу сыкъэмыгъан.
10 Сыда пӀомэ гоо гущыӀэхэр
сипыймэ сэщ пае аӀо,
спсэ къешэхэрэр зэрэгъэуӀушыжьых.
11 «Тхьэм ар ыбгынагъ, – къысаӀуалӀэ, –
шъулъежьэри къэшъуубыт,
хэзыщыжьын ар щыӀэпышъ».
12 Си Тхь! О спэчыжьэ зымышӀ.
ӀэпыӀэгъу укъысфэхъунэу,
си Тхь, псынкӀэу къысфэс.
13 ЕмыкӀу къарэхь,
орэкӀодых пыи зыкъысфэзышӀыхэрэр;
сызыгъэунэхъунэу фаехэр
хьэйнэпэ-цӀэӀужьы орэхъух!
14 Ау О сыдигъуи сэ сыпщыгугъыщт,
щытхъоу пфэсшӀырэми сэ хэзгъэхъощт.
15 Сэ сӀотэщт мафэ къэси
О пхэлъ шъыпкъагъэри,
тымыкӀодэу
тыкъэбгъэнэжьыным пае пшӀагъэхэри,
япчъагъэ къэплъытэн умылъэкӀыщтми.

16 О Зиусхьанэу Тхьэ, сыкъыпфэкIощт,
уиIэшIэгъэшхохэм, уишъыпкъагъэ
ящытхъу нэмыкI зэлъязгъэшIэщтэп.
17 СицIыкIугъом къыщыублагъэу
укъысэушъыигъ О, Тхьэ.
УишIэгъуашIэхэр джы къызнэсыгъэми –
сэ ясэIуатэх.
18 Жъы сэхъуфэ, сшъхьац фыжьы охъуфэ,
сыкъэмыбгын, О, Тхьэ,
мы лIэужми къыкIэлъыкIощтхэми
пкIуачIэрэ лъэкI инэу уиIэмрэ
зыфэдэхэр ясэгъэшIэфэ.
19 КIуачIэу пхэлъыри О шъыпкъагъэу уиIэри,
Тхьэ, уашъохэм анэсых.
Iофыгъошхохэр О зэшIопхыгъэх;
Зиусхьан, хэта О пфэдэр?
20 Щэчыгъуаеу, тхьамыкIэгъуабэхэр
сэ О къысфэбгъэкIогъагъэх,
ау джыри сыкъэбгъэпсэужьыщт,
чIыгу куупIэхэм сакъычIэпщыжьыщт.
21 СыпIэтыщт О лъагэу,
сыбгъэгупсэфыжьыщт.
22 ПщынэтIаркъом къезгъаIозэ,
О щытхъур пфэсшIыщт,
фэшъыпкъэныгъэу къытфыуиIэм, си Тхь,
ищытхъу орэд
бзэпспщынэм сэ къезгъэIощт,
Израиль и Тхьэ лъапIэр!

23 СIупшIэхэр гушIом зэлъештэх
орэд мэкъэ лъэшкIэ къыпфасIо зыхъукIэ,
спсэу къэбгъэнэжьыгъэри ары.
24 Бзэу сIулъым сэ мэфэ реным
уишъыпкъагъэ О къыIотэщт,
сыда пIомэ мыхъун къысэзышIэ
зышIоигъохэр ушъхьакIугъэх,
хьэйнапэ хъугъэх ахэр.

## Я 71-рэ Орэд

**Пачъыхьэм пае тхьэлъэIу**

*Сэлмэн иорэд*

1 О, Тхьэ!
Типачъыхьэ иIоф къыгъэкI,
шъыпкъагъэкIэ ащ къыдэзекIу.
2 Уилъэпкъы – шъыпкъагъэкIэ,
тхьамыкIэу уиIэхэм – зэфагъэкIэ
адэзекIозэ, тетыгъо ерэI.
3 Къушъхьэхэмрэ Iуашъхьэхэмрэ
шъыпкъагъэкIэ
цIыфхэм мамыр къафарэхь.
4 ЦIыф лъэпкъым тхьамыкIэу хэтхэм
яIоф къерэухъум,
къерэгъэнэжьых екIагъэхэр,

цIыфхэр егъэзыгъэ зышIыхэрэр
зэхерэкъутэх.
5 Тыгъэри мазэри щэIэфэ
ущэрэI –
лIэуж къызэкIэлъыкIохэу.
6 АупкIэгъэхэ губгъор къыгъэкIэжьэу
бзыбзыбзэу къытещхэрэ ощхэу,
чIыгур зыгъэшъокIырэм фэдэу,
типачъыхьэ орэхъу.
7 Мазэр щэIэфэ: пачъыхьэм еIыгъыфэ
тетыгъор,
зерэушъомбгъу зэфагъэм,
орэбагъо бэрчэтыгъэри.
8 Хым щегъэжьагъэу хым нэсыфэ,
псыхъом* щегъэжьагъэу чIы гъунэмэ
анэсэу ащ тетыгъор ерэI.
9 Шъоф нэкIым ис цIыфхэм ащ ыпашъхьэ
бгъэгукIэ зыщырарэдзых,
ипыйхэр сапэм ерэбзэих.
10 Хыгъэхъунэхэм, Тарщыщ** япачъыхьэмэ
ащ хьакъулахь къырарэт;
Щэбэмрэ Сэбэмрэ*** япачъыхьэхэм
тын къыфарэхь.

---

* 71:8 Псыхъо: Ефрат псыхъор.
** 71:10 Тарщыщ: Испания.
*** 71:10 Щэбэ: Арабые хэгъэгум икъыблэ лъэныкъомкIэ щыIэгъэ пачъыхьэгъу, Сэбэ – Хы Плыжьым иадрабгъукIэ щыIэгъэ пачъыхьэгъу.

11 ЗэкIэ пачъыхьэмэ
шъхьащэ ащ къыфарэшI;
фэрэлажьэх хымэ лъэпкъхэр.
12 ЕлъэIурэ екIагъи,
тхьамыкIи, IэпыIэгъу зимыIи
якъинхэм ащ ахещыжьых.
13 Къарыунчъэхэм, егъэзыгъэхэм ыгу афэгъу,
апсэ къегъэнэжьы екIагъэхэм.
14 Езыгъэзыгъэ цIыфхэр
жъалымыгъэкIэ адэпсэухэрэм
аIэкIехыжьых;
ицIыфмэ алъ ащ егъэлъапIэ.
15 Пачъыхьэр бэрэ орэпсэу,
Щэбэ идышъэ щыщ ащ къырарэт!
ФэрэлъаIох зэпымыоу,
Тхьэм ынэшIу ащ къыщифэнэу.
16 Щэрэбагъу хэгъэгум лэжьыгъэр,
Iуашъхьэхэми гъэбэжъу ащэрэхъу;
Ливан къушъхьэм зэрэщыбагъорэм фэдэу,
хъои орэхъу;
чIым уцыр зэрэтизыбзэу,
цIыфхэр къалэмэ ащэрэбагъу;
17 ыцIэ ащ гъэшIэным щэрэI,
орэмыкIод тыгъэр щэIэфэ!
ЗэкIэ цIыф лъэпкъхэр щытхъухэзэ,
«Тхьэм ынэшIу ащ щыфагъ» арэIу.
18 Щытхъур ий Израиль и Тхьэу Зиусхьаным,
шIэгъуашIэхэр зышIэхэрэ закъом.
19 Щытхъушхо зыпылъ ыцIэ
гъэшIэным лъытэныгъэ фарэшI.

Ащ ищытхъу чIыгум изэфэдэкIэ
тизы орэхъу.
Амин, амин.
20 Даут, Ищай ыкъом,
итхьэлъэIухэр къыухыгъэх*.

* 71:20 Мы усэмкIэ «Гугъэ Орэдхэм» яятIонэрэ тхылъ къеухы.

# Ящэнэрэ тхылъ

## Я 72-рэ Орэд

### Тхьэм изэфагъ

*Асаф иорэд*

1 Сыдэу Тхьэр израиль цӀыфхэу
зыгукӀэ къабзэхэм къафэшӀуа!
2 Сэрымэ – себэнджынкӀэ макӀэ иӀэжьыгъэр,
слъакъо щыцӀанлъэ пэтыгъ.
3 БзэджашӀэмэ яшӀугъоу зэсэлъэгъум,
а зызшӀошӀыжьхэрэм сэ сяхъопсагъ.
4 Сыда пӀомэ ахэмэ къин алъэгъурэп,
псауныгъи кӀуачӀи яӀ.
5 Адрэ цӀыфхэр гузэжъогъу зэрэхэтхэу,
ежьхэр хэтхэрэп,
тхьамыкӀагъоми хафэхэрэп.
6 Джащ къыхэкӀэу ахэмэ пэгагъэм
щыгъыжъыеу закъыришӀэкӀыгъ,
жъалымыгъэр ахэмэ яшъуаш.

7 Япщэрыгъэ анэ къырефы,
гухэлъ бзаджэхэр агу къыщекIокIых.
8 Ахэр мэубэх,
гухьэ-гужъыкIэ бзэгур зэрахьэ;
ашъхьэ гъэкIыгъэу
агъэщынэхэзэ, мэгущыIэх.
9 Ошъогур ажэкIэ аубы,
ЧIыгур къецIэлъыхьэ абзэгу.
10 Арышъ Тхьэм ицIыфхэм ахэмэ зафагъазэ,
псэу зыфаехэри арагъотылIэ*.
11 ЦIыф бзаджэмэ аIо: «Сыдэущтэу
Тхьэм хъурэр къышIэщта?
Анахь Лъагэр ащ щыгъозэщта?»
12 Джары а бзаджэхэр зэрэгущыIэхэрэр,
зыгъэгумэкIыхэрэ зи щыIэп,
агъэбагъо ахэмэ ямылъку.
13 Адэ пкIэнчъэу сыгу згъэкъабзэу,
сIэ хьакъынчъэхэр стхьакIыщтыгъэха?
14 Мэфэ реным къин сэлъэгъу,
пчэдыжь къэс утын сэщэчы.
15 Ау сэ «Ащ фэдэу сIощт» сIогъагъэмэ, –
О уицIыф лъэпкъ ыпашъхьэкIэ
мысэ сыхъуныгъи, Тхьэр.
16 Сегупшысагъ сэ: сыдэущтэу
ар къызгурыIощта? КъызгурыIуагъэр
къысэхьылъэкIыгъ сэ лъэшэу.
17 Ау Тхьэм и Унэ сычIэмыхьэфэ,
цIыф бзаджэхэм къарыкIощтыр сшIагъэп.

---

* 72:10 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэ нафэп.

18 Ары! Ахэр О гъогу цIэнлъагъомэ
атеогъэуцох;
О ахэр еогъафэх кIодыпIэм.
19 Сыдэу адэ ошIэ-дэмышIэу
унэхъугъэха ахэр – щыIэжьхэп,
щынэгъошхомэ якIодылIагъэх!
20 Ахэр, укъызыущыжьыкIэ,
кIодыжьырэ пкIыхьапIэм фэдэх;
пкIыхьапIэр зэрэкIодыжьэу,
О ахэр бгъэкIодыжьыщтых, Зиусхьан.
21 Сыгу дыджэу,
шъугъоным сызыхэтым,
22 джащыгъум сымыкъ-мыджыгъ сэ,
зэхэшIыкIи сиIагъэп,
О уапашъхьэкIэ хьайуаным сэ сыфэдагъ.
23 Ау сэ ренэу сыпкIыгъу,
сIэ джабгъуи О пIыгъ.
24 КъызгурыогъаIо, О сызеощэ,
нэужым О щытхъукIэ сыпштэжьыщт.
25 Ощ нэмыкI сэ огум щысиIэп.
О укъыскIыгъумэ, чIыгуми
зи тетэп сэ сызыфэежь.
26 Спкъи сыгуи афэмылъэкIыжьынэу
къыхэкIми,
Тхьэр ары сыгу зыгъэпытэрэр –
сиIахьышIур гъэшIэным.
27 Сыда пIомэ О ппэчыжьэхэрэр мэкIодых;
О къыпфэмышъыпкъэхэр лъэпсэкIоды
ошIых.

28 Тхьэм пэблагъэ зысшIыныр сэркIэ шIугъэ!
Зиусхьанэу Тхьэр
сишъхьэегъэзыпIэ сэ сшIыгъэ,
иIэшIэгъэ пстэури зэлъязгъэшIэным пае.

## Я 73-рэ Орэд

### Тхьэм лъэпкъыр къыгъэнэжьыным пае тхьэлъэIу

*Асаф ытхыгъэ усэр*

1 Сыд пае, Тхьэр, тычIэбдзыжьыпагъа?
УихъупIэмэ арыт мэлмэ
уигубж сыд пае афызэкIэплъыхьагъа?
2 Угу къэгъэкIыжь уицIыф лъэпкъэу
бэшIагъэу зыфыхэпхыжьыгъэу,
зышъхьэ пщэфыжьыгъэр –
О уилъэпкъ хъунэу.
Цион Iуашъхьэу уипсэупIэ зыдэщыIагъэри
угу къэгъэкIыжь.
3 ЛIэшIэгъубэ зыныбжь къутафэмэ
нахь благъэу якIуалI:
уи Унэ ыкIоцI зэкIэ
зэхигъэтэкъуагъ пыим.
4 Уи Унэ дэпкъхэр
къызэлъагъэджагъэх пыймэ амакъэ,
ащыгъохъуагъэх;
ахэмэ ябыракъхэр ащыпалъагъэх.

5 Ахэр мэзым хэт лIыхэу,
ощкIэ чъыгхэр изыупкIырэмэ афэдагъэх*.
6 Джы ощырэ уатэрэкIэ
сурэт хэбзыкI дахэхэр зэкIэ
зэогъукIэ зэхагъэтэкъуагъэх;
7 Уи Унэ машIом
лъачIэм нэсэу рагъэхьыгъ;
О узщагъэлъапIэрэ Унэр ауцIэпIыгъ.
8 АгукIэ зэраIожьыгъэ:
«КъедгъэуцолIэщтых тэ ахэр».
Джаущтэу зэкIэ Тхьэм изэIукIапIэу
хэгъэгум итхэр зэлъагъэстыгъэх.
9 Тызгъэгъозэн нэшэнэ шIагъо тлъэгъужьырэп,
тхьэлIыкIори щыIэжьэп,
аущтэу зэрэщытыщтым ибагъэ
къытэзыIони къытхэтыжьэп.
10 Сыд фэдизрэ, Тхьэр,
пыим мыскъарэ уишIыщта;
О пцIэ ыгъэпыутыщта гъэщIэным?
11 Сыд пае О пIэ,
пIэ джабгъу репхьакIыра?
Сыд пае О пIэ
угужъуакIэ дэбгъэлъыра?
12 Тхьэр, ижъыкIэ къыщегъэжьагъэу
пачъыхьэу утиIэшъ,
текIоныгъабэ тихэку къыфэпхьыгъ!
13 О кIуачIэу уиIэмкIэ хыр зэгопщыгъэ,
псым хэс хьэкIэ-къокIэжъмэ
ашъхьэхэр О бгъэтэкъуагъэх.

* 73:5 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэ нафэп.

14 Лэбятан* ышъхьэхэр О бгъэтакъохи,
шъоф нэкIым ис цIыфмэ
ар гъомлапхъэ ашIынэу яптыгъ.
15 Псы къыкIэчъыпIэ къэпшIыгъ О,
псыр къэбгъэкIуагъ,
О псыхъошхохэр ибгъэгъукIыгъэх.
16 Мафэр О уий, чэщыри ары;
тыгъэмрэ къэзгъэнэфхэмрэ
О къэбгъэуцугъэх.
17 ЧIыгу гъунапкъэхэр О бгъэуцугъэх,
гъэмрэ кIымрэ О бгъэнэфагъэх.
18 Адэ угу къэгъэкIыжьыба:
пыим Зиусхьаныр къеубы,
акъылъынчъэ цIыфхэм
О, Зиусхьаныр, пцIэ агъэпыуты.
19 УицIыфхэу, уитхьэркъо Iасэхэр
хьэкIэ-къуакIэмэ аIэкIэмылъхьэх;**
уицIыфхэу тхьамыкIэ-екIагъэхэр
зыщымыгъэгъупшэх.
20 О Iуагъэу къыддэпшIыгъэм еплъыжь,
зэкIэ чIыгум икъопэ шIункIыхэм
цIыф жъалымхэм япсэупIэхэр атизых.
21 Егъэзыгъэу псэурэ цIыфым
ынапэ тырямыгъэх;
тхьамыкIэмрэ екIагъэмрэ
О пцIэ арэгъэлъапI.

* 73:14 Псэушъхьэ щынагъу.

** 73:19 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: «уитхьэркъо Iасэ ыпсэ хьэкIэ-къуакIэмэ аIэкIэмылъхь».

22 ЗыкъэIэти, Тхьэр,
къэухъумэжь О уиIоф,
акъылъынчъэ цIыфым мафэ къэс
узэриубырэр угу къэгъэкIыжь;
23 уипыймэ якуо макъи
къыппэшIуекIохэрэм зэпымыурэ яжъот
макъи
зыщымыгъэгъупш.

## Я 74-рэ Орэд

### Тхьэу хьыкумышIыр

*1 Пщынаохэмрэ орэдыIохэмрэ япащэ пай.*
*«СымыгъэкIод» зыцIэ орэдым имэкъамэ илъэу*
*къырагъаIо. Асаф иорэд*

2 Тыпфэраз О, Тхьэр,
ШъыпкъэмкIэ тыпфэраз,
О уиинагъэри
уиIоф шIагъохэри афэтэIуатэ*,
3 «Уахътэ къызыхэсхыкIэ,
шъыпкъагъэкIэ хьыкум Сэ атесшIыхьащт.
4 ЧIыгур мэсысы,
мэкIэзэзых ащ зэкIэ щыпсэухэри;
ащ ипкъэухэр сэ сэгъэпытэх».

* 74:2 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: «О пцIэ благъэ ыкIи агъэIу».

5 ЯсэIо сэ зыщытхъужьыхэрэм:
«Шъузыщымытхъужь»,
цIыф бзаджэхэми:
«ШъукIуачIэ инэу къызшIошъумыгъэшI.
6 ШъукIуачIэ ин дэдэу къызшIошъумыгъэшI,
нэпэнчъэу шъукъэмыгущыI».
7 ЦIыфыр зыIэтырэр къыздикIырэр
къокIыпIэп, къохьапIэп, шъоф нэкIэп, –
8 Тхьэр ары хьыкумыр зышIырэр:
зыр егъэцIыкIу, адрэр дехьые.
9 Сыда пIомэ Iэгубжъэр Зиусхьаным ыIыгъ,
ащ санэр щэпшIатэ
изэу зэхэгъэкIухьагъэу,
ащ итыр къафырегъахъо.
Аужырэ ткIопсым нэсэу,
цIыф бзаджэхэр ащ зэкIэ ешъощт.
10 Ау сэ гъэшIэным къафэсIотэщт
Якъубэ и Тхьэ ищытхъу,
орэдкIэ щытхъур фэсшIыщт.
11 БзэджашIэхэм акIуачIэ
Тхьэм ыгъэтэкъощт,
ау шъыпкъагъэ зиIэр
лъагэу ыIэтыщт.

# Я 75-рэ Орэд

## ТекIоныгъэ къэзыхьырэ Тхьэр

[1] *ПщынаохэмрэорэдыIохэмрэ япащэ пай. Бзэпс зэрылъ пщынэмэ къарагъаIо. Асаф иорэд*

[2] Ехъудэ хэкум Тхьэр щашIэ;
Ащ ыцIэ Израиль щагъэлъапIэ.
[3] Ащ ипсэупIэ Щалэм* щигъэуцугъ,
иунэ – Цион Iуашъхьэм.
[4] Ащ дэжьым щэбзэщэ псынкIэхэр,
чатэр, мэIур, нэмыкI Iашэхэри
Ащ щикъутагъэх.
[5] О сыдэу уин, уищытхъушхо
егъэшIэрэ къушъхьэмэ
ящытхъу нахьи нахь ин.
[6] ДзэкIолI бланэхэм атырахыгъ яIагъэр,
къэмыущыжьынхэу чъыягъэх,
къаIэтын алъэкIыгъэп зэолIмэ аIэхэр.
[7] О узафэгубжым, Якъубэ и-Тхь,
шыри шым тесыри зэтекъагъэх.
[8] Ау О ущынагъу; уигубжыгъом
хэт уапашъхьэ итын ылъэкIын?
[9] Уашъом къикIэу О уихьыкум
цIыфхэм ябгъэшIагъ;
чIыр къэщыни Iэсагъэ,

* 75:3 Ерусэлэм къалэм пасэм мы цIэмкIэ еджэщтыгъэх. Ащ имэхьанэр: гупсэфыныгъ.

10 чIым егъэзыгъэу щыпсэурэр
зэкIэ къыгъэнэжьынэу,
Тхьэр хьыкум ышIынэу къызежьэм.
11 ЦIыфмэ ягубжи
О щытхъу пфэхъужьыщт:
къэнэгъэ губжыр О бгъэIэсэщт*.
12 Тхьэлъанэ дэшъушI,
тхьэлъанэу Зиусхьаным, шъуи Тхьэ,
дэшъушIыгъэр жъугъэцакIэ;
зэкIэ Ащ кIэлъырытхэм тынхэр
щынэгъошхо зыфыряIэнэу щытым
фарэхьых.
13 Ащ пщыхэр егъэIасэх,
пачъыхьэшхохэри егъэщынэх.

## Я 76-рэ Орэд

### Гузэжъогъум Тхьэм цIыфхэм ягукъао ашъхьащехы

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэу Едутун пае.*
*Асаф иорэд*

2 Сикуо макъэ Тхьэм фэсэгъазэ,
сымакъэ сэIэты,
Ащ сэ сыкъыхихыным пае.

* 75:11 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэ нафэп.

3 Къин сызщыхэт мафэм
Зиусхьаным сылъэхъу;
чэщым сIэ щэигъэ семызэщэу;
гупсэф згъотын слъэкIырэп.
4 Тхьэр сыгу къэкIыжьышъ, сыхэщэтыкIы;
спсэ гупсэфыгъо ыгъотырэп.
5 СынапIэ зэтесэбгъалъхьэрэп;
гукIодыгъом сыкъыгъэпсалъэрэп.
6 Сягупшысэ ижъырэ мафэхэм,
блэкIыгъэ илъэсхэм яуахътэ;
7 чэщ гупшысэмэ сагъэгупсэфырэп,
сегупшысэ, сызэупчIыжьы:
8 «Зиусхьаным тычIидзыпагъэу,
зыкIи къытфэшIужьыщтба?
9 Ащ ишIулъэгъу мыкIодыжь зэпыугъапа,
тыкъызэригъэгугъагъэр
къащышъыпкъэщтба лIэуж зэкIэлъыкIомэ?
10 Щыгъупшагъа Тхьэм гукIэгъу
къытфишIынэу?
Губжым хэтэу игукIэгъу
къытлъимыгъэIэсыжьынэу ара?»
11 Джащ пае къэсэIо:
«Мары сыгу къеорэр –
зэкIэмэ анахь Лъагэм
ыIэ джабгъу сэрыкIэ кIочIаджэ хъугъэ».
12 Зиусхьан, О уиIэшIагъэхэр
сыгу изгъэлъыщтых;
ижъыкIэ Iоф гъэшIэгъонхэу О пшIагъэхэр
сыгу къэзгъэкIыжьыщтых.

13 ЗэкIэ О Iофэу зепхьагъэхэр
сыгу изгъэлъыщтых,
Iофышхоу зэшIопхыгъэмэ сягупшысэщт.
14 О Тхьэр! О уигъогу лъапIэ.
Ти-Тхь, хэта тхьэу Ощ фэдэу иныр!
15 Оры Тхьэу
гъэшIэгъон дэдэхэр зышIэрэр;
лъэкIыныгъэшхоу О уиIэр
къябгъэлъэгъугъ цIыф лъэпкъмэ.
16 О пкIочIэ инкIэ пщэфыжьыгъ
уицIыф лъэпкъ ышъхьэ,
Якъубэрэ Юсыфрэ атекIыгъэхэр.
17 О, Тхьэ, уалъэгъугъ псымэ,
узалъэгъум псымэ, къэщынэхи,
псычIэ куухэр зэлъытхыуагъэх.
18 Ошъуапщэмэ псыр къыракIыхэу,
ошъогум шыблэр къыгъаоу,
уипчыкIэхэр тыдэкIи щыджэгущтыгъэх.
19 Уишыблэ къэгъуагъощтыгъ,
зэо шыку щэрэхъым ымэкъэшхо фэдэу;
пчыкIэмэ дунаишхор къагъэнэфыщтыгъ;
чIыгур, тIыгурыгоу, кIэзэзыщтыгъ.
20 О уигъогу хым хэхьагъ,
уилъагъо псы ин дэдэмэ азэпырыкIыгъ,
ау О уилъэужхэр къэлъэгъуагъэхэп.
21 Мосэрэ Хьарунэрэ аIэкIэ,
Iэхъогъу фэдэу, зепщагъ уицIыф лъэпкъ.

## Я 77-рэ Орэд

**Израиль итхыдэ щыщэу зэдгъэшIапхъэхэр**

*Асаф ытхыгъэ усэр*

1 Къедэlу, сицIыф лъэпкъ, сихабзэ,
гущыIэу сыжэ къыдэкIыхэрэм
шъуитхьакIумэ къафэжъугъаз.
2 ГущыIэжъ къезгъажьэ сшIоигъу,
ижъырэм къэбар шъэфхэу
аIуагъэхэр къэсIотэщтых,
3 зэхэтхыгъэр, тэ зэдгъэшIагъэр,
тятэжъхэм къытфаIотагъэр.
4 Тисабыймэ ашIотыушъэфынэп
Зиусхьаным ишIэгъуашIэхэу,
щытхъу зыпылъхэр.
Ащ ыкIуачIэ, иIэшIэгъэ гъэшIэгъонхэр
къэкIощт лIэужымэ къафэтIотэжьыных.
5 Ащ гущыIэ гъуазэ
Якъубэ текIыгъэхэм афигъэнэфагъ.
Израиль лъэпкъым хабзэ фигъэуцугъ.
Тятэжъхэм унашъо афишIыгъ
ахэр ясабыймэ араIотэжьынэу, –
6 къэкIощт лIэужым,
джыри къэмыхъугъэ сабыйхэм ашIэнышъ,
яуахътэ къэсмэ, ахэми
къалъфыхэрэми араIотэжьынэу.

7 Аущтэу фагъэзэщт Тхьэм ягугъэ,
Тхьэм иIофхэр ащымыгъупшэхэу,
иунашъохэр агъэцэкIэщтых.
8 Ятэжъхэми афэдэщтхэп –
къаигъэхэу, Тхьэм пэуцугъэхэу,
теубытагъэ зимыIэу,
зыгу-зыпсэкIэ Тхьэм фэмышъыпкъэхэм.
9 Ефраим дзэлIхэр,
щабзэкIэ уIэшыгъэхэу,
зэо мафэм зэкIэкIожьыгъэх.
10 Ахэр Тхьэм адишIыгъэ
Iуагъэм гокIыгъэх.
Ащ ихабзэкIэ псэунхэр адагъэп.
11 Ащыгъупшагъэх иIофхэри,
Ащ шIэгъуашIэхэу къаригъэлъэгъугъэхэри.
12 Мысыр чIыгум ит ЦоIан губгъом,
янэрлъэгъоу ахэмэ ятэжъхэм,
Ащ шIэгъуашIэхэр къыщигъэлъэгъуагъэх.
13 Хыр зэгуищи,
псыхэр дэпкъэу ыгъэуцухи,
зэпырищыгъагъэх;
14 мафэм – ошъуапщэхэр,
чэщ реным машIом инэфынэ апэ итэу
зэрищэгъагъэх.
15 Шъоф нэкIым щызэгуиути мыжъобгыр,
чIэ куу дэдэм къырихи,
афекъуфэ псы ригъэшъуагъэх.
16 Мыжъобгым псыр къыригъэчъи,
псыхъом фэдэу, къыритIупщэхыгъ.

17 Ау ахэмэ псэкIодшIэныр
Ащ ыпашъхьэ щызэпагъэугъэп.
ЗэкIэмэ анахь Лъагэм пэуцухэу,
шъоф нэкIым джыри
зыщагъэкъаигъэщтыгъ.
18 АгукIэ ашIэзэ, Тхьэр аушэтыщтыгъ,
агу рихьырэ гъомылэм кIэдэухэу.
19 Тхьэм ыгу хагъэкIэу аIуагъ:
«Шъоф нэкIым Тхьэм
Iанэ къыщигъэхьазырын ылъэкIына?
20 Шъыпкъэ. Ар мыжъобгым еуи,
псыхэр ригъэчъэжьагъэх,
псыхъожъыехэр зэлъычъагъэх.
Адэ хьалыгъуи къытын Ащ ылъэкIына,
ицIыф лъэпкъ пае
лыр къафихьын ылъэкIына?»
21 Зиусхьаным ар къызэхихи,
губжым зэлъиубытыгъ,
машIор афызэхани Якъубэ текIыгъэхэм,
израиль лъэпкъым игубж фигъэлъэшыгъ.
22 Ахэмэ Тхьэр ашIошъ мыхъоу,
Ащ къыгъэнэжьынхэм цыхьэ фашIыгъэп.
23 АшъхьагъыкIэ щыIэу ошъуапщэмэ
Ащ унашъо къафишIи,
ошъогум ипчъэхэр къызэIуихыгъэх;
24 мэн зыцIэ шхыныр
ощхым фэдэу къафыригъэхи,
къаритыгъ ошъогу гъомлапхъэр.
25 МэлэIич гъомлапхъэр
цIыфым ышхыщтыгъэ,

Ащ къаритыгъ ашхыщтыр,
къялыжьыфэ ашхын алъэкIынэу.
26 Ащ ошъогум къыригъэхи,
тыгъэжьыр къыригъэжьагъ,
Ежь ыкIуачIэкIэ
гужьыр* къырифыжьагъ.
27 ЕтIанэ, сапэм яхьыщырэу,
лыр ахэмэ къафыригъэхыгъ,
хы пшахъом фэдэу – бзыухэри;
28 яуцупIэ, ящэтырхэм адэжь,
ахэр къыритэкъохыгъэх.
29 Ахэр шхагъэх, загъэшхэкIыгъ,
къаритыгъ зыкIэхъопсыгъэхэр.
30 Ау зыгъэшхэкIыгъо имыфэхэзэ,
шхыныр джыри ажэ зэрэдэлъэу,
31 Тхьэм игубж ахэмэ къафэси,
анахь кIочIашIохэр зэлъиукIыгъэх,
Израиль икIэлэ хэшыпыкIыгъэхэр
Ащ ыгъэкIодыгъэх.
32 Аущтми псэкIод ашIэныр
ахэмэ зэпагъэугъэп,
Ащ ишIэгъошIагъэхэр,
алъэгъугъэ пэтзэ,
ашIошъ хъуущтыгъэп.
33 Джащ пае ахэмэ ямафэхэр
зы жьы къэщэгъукIэ ыгъэбзэхыгъэх,
щынагъом хэтхэу
яилъэсхэри аригъэгъэшIагъэх.

---

* 77:26 КъыблэмкIэ къикIырэ жьыбгъ.

34 Ахэр Тхьэм ыукIыхэ зыхъукIэ,
Ащ еупчIыщтыгъэх,
зыфагъэзэжьти, игъогу лъыхъущтыгъэх;
35 агу къэкIыжьыщтыгъэ
Тхьэр ежьхэм зэрямыжъобгыр,
зэкIэми анахь Лъагэр
ахэмэ Шъхьэщэфыжьэу зэряIэр.
36 Агу имылъэу щытхъур фаIозэ,
пцIы щаусыщтыгъэ Ащ ыпашъхьэ.
37 Ахэмэ агукIэ
шъыпкъагъэ фыряIагъэп.
Ащ Iуагъэу
къадишIыгъэми фэшъыпкъэжьыгъэхэп.
38 Ау гукIэгъу хэлъэу, ябзэджагъэ
Ащ афигъэгъузэ, ыгъэкIодыгъэхэп,
игубж пчъагъэрэ зэкIигъэкIожьыгъ,
гъунэм нэсэу ар зэкIимыгъаблэу.
39 Ащ щыгъупшэщтыгъэп: ахэр –
цIыф къодыех,
жьы къепщэгъу фэдэх, къыдэкIыжьышъ,
ащ къыгъэзэжьырэп.
40 Тхьапшырэ шъоф нэкIым
Ащ ахэр щыпэуцухэу
зыщагъэкъаигъэщтыгъ,
цIыф зэрымыс хэкум
ыгуи щыхагъэкIыщтыгъ!
41 ИкIэрыкIэуи Ар аушэтыщтыгъ,
Израиль и Тхьэ ЛъапIэ
шъхьакIо рахыщтыгъ.

42 Ахэмэ къашIэжьыщтыгъэп,
Ащ ыкIуачIи,
пыим зыщыIэкIихыжьыгъэхэ мафэри,
43 шIэгъошIагъэхэу, нэшэнэ гъэшIэгъонхэу
Мысырым ит ЦоIан губгъом
къыщигъэлъэгъуагъэхэри.
44 Япсыхъохэри япсы лъакъохэри
Ащ лъы ышIыгъэх,
ешъонхэ амылъэкIынэу;*
45 хьацIэ-пIацIэхэр къафигъэкIуагъэх,
къяцэкъэнхэу,
якIодылIэнхэу – хьантIаркъохэр;
46 чIыгум къыщыкIхэрэр – пкIэшъэхъум,
ялэжьыгъэ мацIэм аритыгъэх;
47 ясэнашъхьэ ыутыгъ ошъумкIэ,
яшхынцумпэ чъыгхэр –
псы къиугъэшхомкIэ;
48 ябылымхэр ошъум ритыгъэх,
яIэхъогъухэр – пчыкIэмэ.
49 Игубж машIо зэкIэгъэплъыхьагъэ
Ащ афитIупщыгъ,
губжыри, гузэжъогъури, тхьамыкIагъори –
зыгъэкIодыхэрэ мэлэIич купым фэдэу.
50 Игубжы гъогу фызэIуихыгъ,
хьадэгъум щиухъумагъэхэп ахэр,
пщыныжьымемынэм ригъэхьыгъэх.

* 77:44-51 Мы чIыпIэм зигугъу къащишIыхэрэр джуртхэр Мысырым къырамыгъэкIыжьхэ зэхъум, Тхьэм мысыр цIыфхэм къафыригъэхыгъэгъэ пщыныжь тхьамыкIэгъуиблыр ары.

51 Мысырым, Хъам ихэгъэгум,
апэу къэхъугъэ шъэожъыехэр
щигъэкIодыгъэх;
52 илъэпкъ, мэлмэ афэдэу, рищэжьагъ,
Iэхъогъум фэдэу,
шъоф нэкIымкIэ ахэр ыщагъэх;
53 щынэгъончъэу ахэр ыщагъэх,
ахэмэ щынагъо яIагъэп,
ау япыймэ хыр къатеуагъ;
54 ихэку лъапIэ ахэр къыщагъэх,
мы къушъхьэу, Ежь ыIэ джабгъукIэ
къызфихьыжьыгъэм дэжь;
55 ахэмэ акIэрифхи цIыф лъэпкъхэр,
ячIыгухэр къафэнэжьынхэу ыгощыгъэх,
Израиль ицIыф лъэпкъхэр
яунэхэм ачIигъэтIысхьагъэх.
56 Ау джыри ахэмэ Тхьэу
зэкIэми анахь Лъагэр аушэтыщтыгъ,
пэуцухэу загъэкъаигъэщтыгъ,
игущыIэ гъуазэхэм ядэIущтыгъэхэп;
57 зэкIэкIожьыщтыгъэх, ятэмэ афэдэу,
язекIуакIэ шъыпкъагъэ хэлъыгъэп,
щэбзэ охъугъэу, дэхыщтыгъэх.
58 ЛъэгапIэм тхьэ нэпцIхэм
тхьэлъэIупIэхэр афытрагъэуцохэзэ,
агъэгубжыгъ.
Тхьэ нэпцI сурэтхэмкIэ
шъугъоныр ыгу къырагъэхьагъ.

59 Тхьэм ашIагъэр зызэхехым,
губжышхом Ар зэлъиштагъ,
пхъэтэпэмыхьы ышIыгъ Израиль;
60 ипсэупIэ Щылэу* щибгынагъ, –
цIыфмэ ахэт зэхъум унэу иIагъэр.
61 Ащ Тхьэм ыкIуачIэ**
пыим ыIэ рилъхьагъ,
илъэкI, ищытхъу зыдэщыIагъэр.
62 ИцIыф лъэпкъ чэтэ чIэгъ ышIыгъ,
Ежь ицIыфхэм Ар афэгубжыгъ.
63 Яшъаохэр зэо машIом ыхьыгъэхэти,
нысэщэ орэд къафаIощтыгъэп
япшъашъэхэм.
64 ЯкъурмэнышIхэр чатэм риутыгъэх,
щымыIэжьхэр амыгъэежьхэу
шъузабэхэр къэнагъэх.
65 Ау къэущыжьыгъэм фэдэу,
Зиусхьаным гу ышIыжьыгъ –
санэм кIуачIэ езгъэшIырэ цIыфым фэдэу,
66 зэкIифагъэх ипыйхэр,
емыкIу мыухыжь къафихьыгъ;
67 Юсыф текIыгъэхэм афэмыеу,
Ефраим лIакъори Ащ къахихыгъэп,
68 къахихыгъэр Ехъудэ илIакъу,
Цион Iуашъхьэу шIу ылъэгъугъэр.

---

* 77:60 Пачъыхьэу Даут изэманым ыпэкIэ израиль лъэпкъым иIэгъэ тхьэлъэIупIэр ары.

** 77:61 МычIыпIэмзигугъукъыщишIырэрзэхьылIагъэрТхьэмипхъонтэ лъапIэ фылистхэм зэраIэкIэхьэгъагъэр ары. Ащ пкъыгъо лъапIэхэмрэ Тхьэм иунэшъуипшI зытетхэгъэ мыжъобгъухэмрэ дэлъыгъэх. Еплъ тхылъэу «Апэрэ Самуел» 4:1-22.

69 И Унэ ошъо лъагэхэм афэдэу,
ыгъэуцугъ
чIыгоу егъэшIэрэу ыгъэпсыгъэм фэдэу,
ыгъэпытагъ.
70 Ежь иIумэт Даут къахихыгъ,
мэлхэр зыдэт щагухэу, –
71 Iэхъогъухэм зыщалъыплъагъэхэм къыдищи,
Израиль ипачъыхьэ ышIыгъ,
мэлахъом фэдэу, Тхьэм
ицIыф лъэпкъ зэрищэнэу.
72 Ахэр Ащ ыгъэхъугъэх гукъабзэкIэ,
ыIэ къулайхэмкIэ Ащ зэрищагъэх.

## Я 78-рэ Орэд

### Лъэпкъым итхьамыкIагъо пае гукIэгъу

*Асаф иорэд*

1 Тхьэр! Хымэ лъэпкъыхэр уичIыгу
къихьагъэх,
уи Унэ лъапIэ ауцIэпIи,
Ерусэлэм зэхакъутагъ;
2 уиIумэтхэм яхьадэхэр – ошъогу бзыумэ,
уищынагъо зыгу илъмэ апкъхэр –
чIыгу хьэкIэ-къуакIэмэ
аратыгъэх гъомылэ папкIэхэу;

3 псым фэдэу, Ерусэлэм тыдэкIи
ахэмэ алъ щагъэчъагъ,
ахэр зыгъэтIылъыжьынхи щыIагъэп.
4 Тигъунэгъухэм мыскъарэ ташIы,
къыддэхьащхых,
тызхэс лъэпкъхэр тэ къыткIэнакIэх.
5 Сыд фэдизрэ, Зиусхьаныр,
губжым ухэтыщта,
шъугъоныр угу
машIом фэдэу щыблэщта?
6 ЦIыф лъэпкъхэу О узымышIэхэрэм,
пачъыхьагъухэу О къыомылъэIухэрэм
уигубж атекъут,
7 сыда пIомэ Якъубэ* зэхашхыхьи,
хэкужъ ашIыгъ,
ипсэупIи ахэмэ зэхакъутагъ.
8 Тятэжъмэ бзэджагъэу ашIагъэхэр
тэ къытфэмылъэгъу;
уигукIэгъу, тыгу цIыкIу хъугъэшъ,
псынкIаIоу къытлъыгъэIэс.
9 КъыддеI, тыкъэзгъэнэжьырэ Тхьэр,
О пцIэ илъэпIагъэ пае;
тыхэщыжьыри О пцIэ лъэпIэнэу,
типсэкIодхэр тэ къытфэгъэгъух.
10 Сыд пае хымэ лъэпкъхэм аIощта:
«Тыдэ щыI ахэмэ я Тхьэ?»
Хымэ лъэпкъхэм
уиIумэтэу аукIыгъэмэ алъ
ахэмэ арэпщыныжь, тэ тлъэгъузэ.

* 78:7 Якъуб: израиль лъэпкъыр ары.

11 Хьапсыдэсым игырз макъэ
О уапашъхьэ къерэхь;
укI зытралъхьагъэхэр
пкIочIэ лъэшкIэ О къэгъэнэжьых.
12 Тигъунэгъумэ узэраубыгъэр,
фэдиблыкIэ ягъэпщыныжь, Зиусхьан,
13 Тэ, уицIыф лъэпкъ, уихъупIэ ит мэлхэм,
гъэшIэным тыпфэразэу
лIэуж зэкIэлъыкIохэм уищытхъу тIотэщт.

## Я 79-рэ Орэд

### Лъэпкъым пае тхьэлъэIу

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Орэдэу «Шушаним-Эдут» имэкъамэ илъэу къырагъаIо.*
*Асаф иорэд*

2 Израиль имэлахъу! КъэдаIу;
мэлмэ афэдэу Юсыф илIакъо зезыщэрэр,
къэрыубмэ ашъхьагъ тесыр, закъыфэгъэнэф
3 Ефраим, Бинямин, Мэнасэ.
ПкIуачIэ къехьыжьэри,
типыймэ таIэкIэпхыжьынэу къытфакIу.
4 О Тхьэр! Зыпкъ тыкъигъэуцожь;
унэгу инэф къыттегъапс,
тымыкIодэу тыкъэнэжьынэу!

5 Зиусхьанэу, ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ
Тхьэр!
Уиц1ыф лъэпкъ итхьэлъэIухэр
сыд фэдизрэ джэуапынчъэ О пшIыщт?
6 О нэшхъэигъо хьалыгъукIэ тыбгъэшхэкIыгъ,
нэпсы бэ дэдэкIэ тыбгъэшъокIыгъ.
7 Гъунэгъухэр къытэогъэнэкъокъух,
агукIэ къыддэхьащхых типыйхэр.
8 Ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Тхьэр!
Тызэтегъэуцожь,
унэгу къытфэрэнэф,
тымыкIодэу тыкъэнэжьынэу!
9 Мысырым уилъэпкъ сэнэшъхьэ бжалэу
къиипхыгъ,
цIыф лъэпкъхэр ипфыхи,
ар бгъэтIысхьагъэ;
10 Ащ пае чIыпIэ уукъэбзи,
ылъапсэхэр куоу зедзыхэм,
ар чIыгум тизыбзэ хъугъэ.
11 Ащ иныбжьыкъу къушъхьэмэ атыридзагъ,
ибжалэхэм яныбжьыкъу –
кедрэ чъыг лъагэхэм.
12 Ащ ибжалэхэр хым нэс ытIупщыгъэх,
идэчъэххэр – псыхъом* нэс.
13 Сыд пае сэнашъхьэм къешIэкIыгъэ чэур
зэщыбгъэкъуагъ?
Ащ къыхэкIэу блэкIырэ пстэуми
ащ къыпыкIэрэр пачы.

* 79:12 Псыхъом: Ефрат псыхъор.

14 Мэзыкъом ар къычIетIыкIы,
зэкIэ губгъо хьэкIэ-къуакIэхэм ашхыхьэ.
15 Ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Тхьэр!
Зыкъытфэгъазэба,
уашъом къеплъыхи, къытэплъ,
мы сэнашъхьэми унаIэ къытегъэт,
16 О пIэ джабгъу ыгъэтIысхьагъэм;
дэчъэххэуи Ощ пай бгъэпытагъэхэм.
17 Пыйхэм ар машIокIэ
зэхагъэстыхьагъ, зэхаупкIэтагъ,
губжым ухэтэу яплъыри, гъэкIодых.
18 О хэпхыгъэ лъэпкъым
пIэ терэщэягъ –
цIыфым ыкъоу
Ощ пае лэжьэн зэбгъэлъэкIырэм, кIуачIэ
ептэу;
19 джащ фэдэу щытмэ, егъашIэми
тэ утыбгынэщтэп; тыкъэгъэпсэужьи,
О пцIэ щытхъу фэтшIыщт.
20 Зиусхьанэу, ошъогу дзэхэр Тхьэу
зиIэрылъхьэр!
Зыпкъ тыкъигъэуцожь;
унэгу инэф къыттегъапс
тымыкIодэу тыкъэнэжьынэу!

# Я 80-рэ Орэд

## МэфэкI орэд

[1] *ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Гъытыт* пщынэм къырагъаIо. Асаф иорэд*

[2] Тхьэу тиухъумакIом
орэд къыфашъуIу шъугушIозэ;
Якъубэ и Тхьэ
мэкъэ лъэшкIэ щытхъу фэшъушI.
[3] Къежъугъажь орэдыр,
къяжъугъаIу шъонтрыпым, щыкIэпщынэм,
пщынэтIаркъоу зымакъэ IэшIум.
[4] МэфэкI мафэу бжъэмыем шъуепщ,
мэзакIэми, мазэм изыми,
[5] сыда пIомэ ар ИзраилькIэ хабзэ,
Якъубэ и Тхьэ ыгъэуцугъэ унашъу.
[6] Ащ хабзэ Юсыф къыритыгъ,
Мысыр къызекIыжьым,
ащ ис цIыфхэм атекIуи.
Сэ сымышIэрэ макъэ зэхэсхыгъ къыIоу:
[7] «О уаплIэIумэ хьылъэхэр атесхыжьыгъэх,
матэхэр аIэкIэсхыжьыхи,
пIэхэр шъхьафит сшIыжьыгъэх.
[8] КъиныпIэм узхэтым о укъысэджагъэти,
укъыхэсщыжьыгъ;

* 8:1 Гъытыт: еплъ 8:1.

шыблэ макъэм сыхэтэу сыкъыбдеIагъ,
Мэрыбэ* ипсымэ уащысыушэтыгъ.
9 КъысэдэIури, сицIыф лъэпкъ,
сыоушъыищт: Израиль!
Зэ, Сэ укъысэдэIугъагъэмэ!
10 Фэшъхьаф тхьэ уерэмыI,
хымэ тхьэ шъхьащэ фэмышI.
11 Сэры Зиусхьанэу, уи Тхьэу,
Мысыр чIыгум укъизыщыжьыгъэр,
ужэ къызэтехи, дизы къэсшIыщт».
12 Ау сицIыф лъэпкъ
Сэ сымакъэ
къедэIущтыгъэп,
Израили IорышIэ
Сэ зыкъысфишIыгъэп.
13 Джащ пае якъаигъагъэ
ахэмэ агухэр къылъэхэсынагъэх,
зэрашIоигъоу псэунхэу.
14 Е, сицIыф лъэпкъ къысэдэIоу,
Израиль сигъогу тетыгъагъэмэ!
15 Сэ псынкIэу ахэмэ япыйхэр
къезгъэуцолIэныехэшъ,
ахэмэ апэуцухэрэм
сIэ афэзгъазэщтыгъэ;
16 Сэ, Зиусхьанып, сызылъэгъу мыхъурэмэ
шъхьэкIэубзэ къысфашIыныгъи.
Ащ фэдэ насып егъашIэми яIэныгъи.

* 80:8 Мэрыбэ: псы зыдэщымыIэ чIыпI. Ижъырэ джуртыбзэмкIэ къикIырэр: ушэтыпI. Еплъ: «Мосэ иятIонэрэ тхылъ», 17:1–7.

17 Сэ коцым идэгъукIэ шъузгъэшхэныгъи,
шъооу къушъхьэбгым къыхэкIырэмкIэ
шъузгъэшхэкIызэ шъузгъэрэзэныгъи.

## Я 81-рэ Орэд

### Тхьэу зэкIэмэ апшъхьагъ щыIэр

*Асаф иорэд*

1 Тхьэхэм* язэIукIэ щыIэу,
Тхьэр итахътэ тес,
уашъом щыIэу фэлажьэрэмэ апашъхьэ
хьыкум щешIы:
2 Сыд фэдизрэ шъыпкъэгъэнчъэу
хьыкум зешъухьащта,
цIыф бзаджэхэм
афэжъугъэкIуатэзэ шъушIыщта?
3 ТхьамыкIэм, ибэм яхьакъ яшъут;
егъэзыгъэм, мылъкунчъэм
зэфагъэ адызешъухь;
4 ТхьамыкIэр, мылъкунчъэр хэшъущыжьых,
цIыф бзаджэхэм къаIэкIэшъухыжьых.
5 АшIэрэп, къагурыIорэп,
шIункIым хэтых,
чIыгулъачIэхэр зэкIэ мэсысых.

* 81:1 Тхьэхэм: ошъогум щыIэ псэхэр е нэмыкI цIыф лъэпкъмэ ятхьэхэр.

[6] Сэ къэсIуагъ: «Шъо – шъутхь,
Анахь Лъагэм ыкъохэри – шъо зэкIэри;
[7] ары шъхьакIэ шъо, цIыфмэ афэдэу,
шъулIэщт,
шъукIодыщт, пщы пстэуми афэдэу».
[8] Егъажь, Тхьэр, чIыгум хьыкум тешIыхь;
сыда пIомэ зэкIэ цIыф лъэпкъхэр
Оры зыехэр.

## Я 82-рэ Орэд

### Тхьэр Израиль ипыйхэм атекIоным фэгъэхьыгъэ тхьэлъэIу

*[1] Орэд. Асаф иорэд*

[2] О, Тхьэр! Зымыушъэф, мэкъэнчъэ зымышI,
гугъуемылI зымышI, Тхьэр!
[3] Сыда пIомэ, мары, уипыйхэр мэбырсырых,
узлъэгъу мыхъурэмэ ашъхьэ къаIэтыгъ;
[4] уицIыф лъэпкъ пэшIуекIоу
гухэлъ бзаджэ ашIы,
О къэуухъумэрэмэ
ягоонхэу зэрэгъэуIушыжьых;
[5] ахэмэ къаIо: «ТыкIонышъ,
цIыф лъэпкъмэ ахэдгъэкIодыкIыщт,
Израиль ыцIэ егъашIэми агу
къэмыкIыжьынэу».

6 Зэдырагъаштэу зэрэгъэуIушыжьых,
зэзэгъых, О къыппэшIуекIохэу
7 едом цIыфхэр, Исмахьил текIыгъэхэр,
моаб цIыфхэр,
Хьэджэр текIыгъэ цIыфхэр,
8 Гъэбал, Iамон, Iамалэкъхэр,
фылистмэ яхэку,
Цэур къалэм щыпсэухэрэр акIыгъухэу.
9 Ахэмэ агоуцуагъэх ашур цIыфхэри;
Лот текIыгъэхэр гъусэ лъэш афэхъугъэх.
10 Къышон псыхъом дэжь Мыдиан, Сисэрэ,
Ябын щяпшIагъэр ахэми яшI.
11 Ахэр Iэндор къуаджэм щаукIхи,
ебзы фэхъужьыгъэх чIыгум.
12 АдэзекIу яцIыф лъэрыхьхэм,
Iорэб, Зэеб узэрадэзекIуагъэу,
зэкIэ япщыхэми яшI
Зэбахъ, ЦалмунаI япшIагъэр,
13 моущтэу зыIощтыгъэхэм: «Тхьэм ихэку
тэ тиенэу тштэщт».
14 Жьы хьарзэм рихьыжьэгъэ сапэм фэдэу,
ахэр шIых, си Тхь,
жьым зэрихьэрэ фыркъом фэдэхэу.
15 МашIом мэзыр зэристэу,
мэшIо тхъуабзэм къушъхьэхэр
зэрилыбжьэхэу,
16 джаущтэу уижьыуае ахэр регъэфыжьэх,
О уижьыбгъэшхо егъэгъэщынэх;
17 анэгу зэлъегъашт нэпэнчъагъэм,
О зыкъыпфагъэзэжьынэу, Зиусхьан!

[18] ЕмыкIу къарэхь, орэщынэх егъэшIэрэу,
хьэйнапэ орэхъухэри, орэкIодых.
[19] ЗэхарэшIыкI, О, зызакъоу Зиусхьан зыцIэу,
зэрэчIыгоу анахь Лъагэу узэрэщытыр.

## Я 83-рэ Орэд

### Тхьэм иунэ уфэзэщыныр

*[1] ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Гъытыт пщынэм къырагъаIо. Къорахъ ыкъомэ яорэд*

[2] Ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэу Зиусхьан,
Сыдэу гуIэтыпIэха о уипсэупIэхэр!
[3] СакIэхъопсы, сафызэгоуты
Зиусхьаным ищагумэ,
сыгуи, спкъышъоли
Тхьэу щыIэныгъэ къэзытырэм
щытхъу орэд къыфаIо.
[4] Бзыгу цIыкIуми зыщыпсэун,
пцIашхъоми ищырхэр
зэригъэтIысхьан набгъо къащагъоты
уикъурмэншIыпIэхэм адэжь,
Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэр,
сэ си Пачъыхьэу си Тхь!
[5] Сыхьатмафэ ежьагъэх О уиунэ щыпсэухэу,
зэпымыоу О щытхъу къыпфэзышIхэрэр.

6 Сыхьатмафэ ежьагъэх цIыфэу кIуачIэ
О къыпхэзгъуатэхэрэр,
Цион Iуашъхьэм О ущагъэлъэпIэнэу,
гъогу техьаным фызэгоутыхэрэр.
7 Гъынэпсым икIэй* зэпачы зыхъукIэ,
псыкъэкIуапIэ ащ иIэ мэхъу,
бжыхьэ ощхыри ащ къытещхэ,
ынэшIу щифагъэм фэдэу.
8 Ахэр кIохэзэ, акIуачIэ хэхъо,
Цион Iуашъхьэм щалъэгъущт
Тхьэу зэкIэмэ анахь Лъагэр.
9 Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ
Тхьэр!
СитхьэлъэIу къызэхэх,
къысэдэIу, Якъубэ и Тхь!
10 О, Тхьэ, тиухъумакIу!
Уихэх нэшIукIэ къеплъ.
11 Сыда пIомэ О уищагумэ
зы мафэрэ уащыпсэуныр
мэфэ минмэ ауас.
БзэджашIэхэм ящэтырмэ сачIэсэу
сигъашIэ къэсхьыным нахьи,
Тхьэм и Унэ чIэхьапIэ дэжь
сыIутыныр сэ къыхэсэхы.
12 Сыда пIомэ Зиусхьанэу Тхьэр – тыгъэ, мэIу,
Зиусхьаным шIугъэмрэ щытхъумрэ къеты;
лажьэ ямыIэу псэухэрэр
Ащ шIугъэм хигъэныхэрэп.

* 83:7 Гъынэпсым икIэй: чIыпIэм ыцI.

13 Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэр!
Сыхьатмафэ ежьагъ зицыхьэ къыптелъ
цIыфыр!

## Я 84-рэ Орэд

**Лъэпкъым ишIугъэ фэгъэхьыгъэ тхьэлъэIу**

*1 ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.
Къорахъ ыкъомэ яорэд*

2 Зиусхьан! О уичIыгу нэшIукIэ
укъеплъыгъагъ,
Якъубэ къытекIыгъэхэм
ямылъку* ябгъэгъотыжьыгъагъ.
3 УицIыф лъэпкъ ибзэджэшIагъэхэр
фэбгъэгъугъэх,
ипсэкIодшIагъэхэр О зэкIэ
фэбгъэкIодыгъэх.
4 Уигубж зэкIэпхьажьыгъэ,
уигубж лъэш уакIыб фэбгъэзагъ.
5 Зыпкъ тигъэуцожь, тымыкIодэу
тыкъэзгъэнэжьырэ Тхьэ,
губжэу къытфэпшIырэр щыгъэзый.

* 84:2 Мы къэIуакIэм ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым нэмыкI мэхьанэ щыриI: израиль лъэпкъыр гъэрыпIэм къипщыжьыгъагъ, еплъ: я 52-рэ Орэдым ия 7-рэ усэ.

6 Адэ гъэшIэным губж къытфыуиIэщта,
лIэуж зэкIэлъыкIомэ зэкIэмэ
уигубж апхырыпщыщта?
7 КIочIакIэ тэбгъэшIыжьынба,
тэ, – уицIыф лъэпкъ – гушIуагъо
пхэдгъотэнэу?
8 УишIулъэгъу мыкIодыжь къытэгъэлъэгъу,
Зиусхьан, тымыкIодэу тыкъэгъэнэжь.
9 Зиусхьанэу Тхьэм къыIорэм сердэIу.
ИцIыф лъэпкъэу, Тхьэм ищынагъо зыгу
илъхэр
мамырныгъэм щегъэгугъых,
ау акъылынчъагъэм зыфарэмыгъэзэжь.
10 Ары, Ащ щынагъо фызиIэхэр
къыгъэнэжьынхэм пэчыжьэхэп,
Ащ ищытхъу тичIыгу тизы хъунэу!
11 ЗэIукIэнхэшъ,
шIулъэгъу мыкIодыжьымрэ
фэшъыпкъэныгъэмрэ,
шъыпкъэмрэ мамырныгъэмрэ зэбэущтых.
12 Фэшъыпкъэныгъэр чIым къыхэкIыщт,
Тхьэм ишъыпкъагъэ огум къеплъыхыщт.
13 Зиусхьаным шIугъэр къытлъигъэIэсыщт,
чIыгуми илэжьыгъэ къытыщт;
14 шъыпкъагъэр Ащ ыпэ итыщт,
ылъэ гъогур къыфигъэхьазырынэу.

## Я 85-рэ Орэд

**IэпыIэгъум пае тхьэлъэIу**

*Даут итхьэлъэIу*

1 Зыкъысфэгъази, Зиусхьан, сыкъызэхэх,
сыда пIомэ сытхьамыкI сэ,
сыекIагъ.
2 Спсэ къэгъэнэжь, сыда пIомэ
О уищынагъо сыгу илъ;
къэгъэнэжь мыкIодэу,
уиIумэтэу къыпщыгугъырэр, си Тхь.
3 ГукIэгъу къысфэшI, Зиусхьан,
мэфэ реным мэкъэшхокIэ сыкъыоджэшъ.
4 УиIумэт ыгу къэгъэчэф,
сыда пIомэ, Зиусхьан,
сыгукIэ сыкъыпфыдэплъые.
5 Сыда пIомэ, Зиусхьан,
О къытфэогъэгъу, ушIу.
О къыолъэIурэмэ зэкIэмэ
шIулъэгъу мыкIодыжь афыуиI.
6 Къызэхэх, Зиусхьан,
ситхьэлъэIу,
силъэIу макъэ къыкIэдэIу.
7 Къин зыщыслъэгъурэ мафэм
сэ О зыкъыпфэсэгъазэ,
сыда пIомэ сыкъызэхэоxы.

8 О пфэдэ тхьэ щыIэп, Зиусхьан,
Iофэу пшIагъэмэ афэди щыIэп.
9 ЦIыф лъэпкъэу О къэбгъэшIыгъэхэр
зэкIэ уадэжь къэкIонхэшъ,
шъхьащэ уапашъхьэ щашIыщт,
Зиусхьан, ПцIэ ищытхъуи аIощт.
10 Сыда пIомэ О уин дэд,
шIэгъошIагъэхэр уадэжь къекIых.
О зы закъор ары Тхьэр.
11 УилъэгъошIухэм сащыгъэгъуаз, Зиусхьан,
уишъыпкъагъэ сигъогогъунэу;
О пцIэ згъэлъэпIэным пае
Ащ щынагъо фысиIэу орэхъу.
12 Щытхъу пфэсшIыщт, Зиусхьанэу си Тхьэ,
сыгу лъэкIэу иIэмкIэ
О пцIэ щытхъур гъэшIэным фэсIощт.
13 Сыда пIомэ О мыкIодыжь шIулъэгъоу
къысфыуиIэр ин дэд:
О спсэ хьадрыхэ икуупIэмэ къахэпщи,
сыкъэбгъэнэжьыгъ.
14 Тхьэр! Зызгъэпагэхэрэр къыспэтэджыгъэх,
цIыф жъалымыбэхэр спсэ къешэх;
О пхъэтэпэмыхь уашIы.
15 Ау О, Зиусхьаныр, Тхьэ гукIэгъукIэ
хьалэлыр,
щэIэгъэшхо зиIэу,
шIулъэгъу мыкIодыжьрэ
фэшъыпкъэныгъэрэ зыхэлъыр,
16 зыкъысфэгъази, гукIэгъу къысфэшI;
уиIумэт кIуачIэ къет,

сэ, уиIумэт бзылъфыгъэм ыкъор,
сымыкIодэу сыкъэгъэнэжь.
17 О уишIугъэ къысфэгъэшъыпкъ, Зиусхьан,
сызлъэгъу мыхъурэмэ арэлъэгъуи,
емыкIу къарэхь,
сыда пIомэ О, Зиусхьан,
укъыздеIи, сыбгъэгупсэфыжьыгъ.

## Я 86-рэ Орэд

### Ерусэлэм ищытхъу

*1 Къорахъ ыкъомэ яорэд*

2 Зиусхьаным икъалэ
Iошъхьэ лъапIэм тыригъэуцуагъ.
Якъубэ ипсэупIэ пстэуми анахьэу,
Цион икъэлапчъэхэр*
шIу елъэгъух Зиусхьаным.
3 Дэхэ дэд уигугъу зэрашIырэр,
Тхьэм икъал!
4 Лъэпкъэу сызышIэхэрэм
ягугъу зысшIыкIэ,
Мысыри Бабилэни ахэтых,
фылист цIыфхэри,
Цэур щыщ цIыфхэри,

* 86:2 Цион икъэлапчъэхэр: Ерусэлэм къалэр.

Эфиопым щыщ·цIыфхэри, – ахэр зэкIэ
Ерусэлэм къыщыхъугъэхэу алъытэщт.
5 Цион къалэм пае Тхьэм ыIощт:
«ЦIыф лъэпкъ пстэуми ащыщхэр
мыщ къыщыхъугъэх,
сыда пIомэ зэкIэми анахь Лъагэр ары
а къалэр зыгъэпытэщтыр».
6 КIитхыкIыжьхэ зыхъукIэ цIыф лъэпкъхэр,
Зиусхьаным ытхыщт: «Мыщ фэдэр ащ
къыщыхъугъ».
7 Орэд къэзыIохэрэми къашъохэрэми
зэдаштэу аIо:
«ЗэкIэ шIугъэр къызыпкъырыкIырэр
Цион къалэр ары».

## Я 87-рэ Орэд

### Къиным хэт цIыфым итхьаусых

*1 Къорахъ ыкъомэ яорэд.*
*ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай.*
*Махалат Леанот ехьылIагъ.*
*Езрахъ ыкъо Хъэмэн ытхыгъэ усэр*

2 Зиусхьан, сыкъэзгъэнэжьырэ Тхьэр!
Мафэм нэшхъэеу сыкъыоджэ,
чэщыми уапашъхьэ сыкъеуцо.

3 Ситхьэлъэlу уапашъхьэ къерэхь;
къызэхэх сиджэ макъэ.
4 Сыда пlомэ къиныгъохэм
спсэ зэлъаубытыгъ,
сигъашlи хьадрыхэ пэблагъэ хъугъэ.
5 Хьадрыхэ кlожьыхэрэм сахалъытэ,
кlуачlэ зимыlэжь цlыфэу сыхъугъ.
6 ЩымыІэжьмэ сахадзэжьыгъ –
аукlыгъэхэу, О уинэплъэгъу lэкlэзыгъэхэу,
О пlэхэр зынэмысыжьыхэу,
пхъэмбаим дэлъхэм сафэд.
7 Хьадрыхэ икуупlэ сыхэбдзагъ,
шlункlым, чlэ зимыlэм.
8 Къысэхьылъэкlы хъугъэ уигубж,
зэкlэ ащ иорхэм сызэкlаlулlагъ.
9 Синэlуасэхэм зыкъысщадзые пшlыгъэ,
ахэмкlэ гоlуджэ дэдэ сыпшlыгъ;
сычlэшlыхьагъ,
сыкъычlэкlыжьын сымылъэкlэу.
10 Сынэхэр ыгъэпшъыгъэх гукъаом;
мэфэ реным сыкъыоджэ, Зиусхьан;
сlэхэр къыпфэсэщэих.
11 Лlагъэмэ lофышхо шlагъоу
зыфэдэ мыхъурэр О афэошlа?
Лlагъэхэр къэтэджыжьынхэшъ,
О щытхъу къыпфашlына?
12 Хьаумэ бэным игугъу щашlа
О уишlулъэгъу мыкlодыжь?
Уифэшъыпкъэныгъэ къыщаlуата
кlодыпlэм?

13 ШIункIым хэтхэу
О уишIэгъошIагъэхэр зэлъашIэнха?
Ащыгъупшэжьыгъэмэ ячIыгу
О уифэшъыпкъэныгъэ щашIэна?
14 Ау сэ сыкъыолъэIу
О, Зиусхьаныр;
пчэдыжьым жьэу
ситхьэлъэIу уапашъхьэ къехьэ.
15 Сыд пае, Зиусхьан, зыкъысщыбдзыера?
Сыд пае унэгу сшIобгъэбылъыра?
16 СыекIагъ,
сикIэлэгъум къыщегъэжьагъэу сэткIу;
О сэбгъэщэчырэ щынагъомэ
скIуачIэ къыщагъакIэ.
17 Уигубж лъэш сэ сызэредзэ,
хьалэч сэошIы, щынагъоу укъыстебанэзэ.
18 Псыхъом фэдэу,
сыкъаухъурэи мэфэ реным;
зэгъусэхэу зэкIэмэ сыкъауцухьэ.
19 Ныбджэгъухэмрэ шIу слъэгъухэрэмрэ
зыкъысщадзыенэу О пшIыгъэ;
сэ сыздэщыIэм щышIункI.

## Я 88-рэ Орэд

**Лъэпкъым икъиныгъом къаIорэ орэд**

*[1] Езрахъ ыкъо Етан ытхыгъэ усэр*

[2] УишIушIагъэхэр, Зиусхьан,
гъэшIэным орэдкIэ сIотэщт,
сигущыIэкIэ лIэуж зэкIэлъыкIомэ зэкIэмэ
къафэсIотэщт фэшъыпкъэныгъэу
О зепхьэрэр.
[3] Сыда пIомэ сэшIэ: уишIулъэгъу мыкIодыжь
егъашIэми щыIэнэу гъэпсыгъэ,
фэшъыпкъэныгъэу О пхэлъыр
ошъогум пытэу щыбгъэуцугъ;
[4] О къэпIуагъ: «Сэ къахэсхыгъэм
Iуагъэ дэсшIыгъагъ,
СиIумэтэу Даут
гущыIэ пытэ Сэ фэсшIыгъагъ.
[5] КъыпкIэхъухьащтхэр гъэшIэным
пачъыхьэнхэу Сэ згъэуцущтых,
уитетыгъо лIэуж зэкIэлъыкIомэ
ащымыкIодынэу згъэпсыщт».
[6] УишIэгъошIагъэхэм
ящытхъу ащарэIуат ошъогухэм,
Зиусхьан, ошъогум щыIэ псэхэм язэIукIи
ащарэIуат шъыпкъагъэу пхэлъыр.
[7] Сыда пIомэ хэт къыуагъэпшэна
ошъогум щыIэу?

Ошъогум щыIэ псэхэм* ащыщэу хэта
Зиусхьаным фэдэр?
8 Бэдэдэ хъоу уашъом щыIэхэм
язэIукIэ Тхьэм щынэгъошхо щыфашIы,
зэкIэ зыхэтхэмкIэ Ар щынэгъошху.
9 Зиусхьанэу, ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Тхьэр!
Хэта Ощ фэдэу кIочIэшхор, Зиусхьан?
Лъэныкъо пстэухэмкIи
уифэшъыпкъэныгъэ О къыошIэкIыгъ.
10 Хым игубж лъэш О пIэ илъ;
ащ иорхэм зыкъызаIэткIэ,
О ахэр огъэIэсэжьых.
11 ХьэкIэ-къокIэжъэу Рахьаб**
О зэхэбгъэтакъуи, уукIыгъ;
Iэ пытэкIэ О уипыйхэр
иптэкъухьагъэх.
12 Ошъогухэр О уиех, чIыгури О уий,
дунаишхори ащ щыщыIэ пстэури
Оры зыгъэуцугъэр.
13 Темырри къыблэри
Оры къэзыгъэшIыгъэхэр;
Табори Хъэрмони
ягуапэу О пцIэ ищытхъу аIуатэ.
14 Пытэ О уилыпцэ,
О пIэ кIочIэшху,
лъагэ пIэ джабгъу!

---

* 88:7 Мы чIыпIэм ижъырэ джуртыбзэмкIэ къикIырэр: Тхьэмэ акъохэм.

** 88:11 Тхыдэхэм ахэт хьэкIэ-къокIэжъ; къикIырэр: зэIыхьаныгъ, бзэджагъ.

15 Шъыпкъагъэмрэ зэфагъэмрэ
О уитахътэ ылъапсэх;
уишIулъэгъу мыкIодыжьырэ фэ-
шъыпкъэныгъэмрэ
лIыкIоу итых О уапэ.
16 Сыхьатмафэ ежьагъ щытхъу орэдкIэ
узгъэлъапIэрэ цIыф лъэпкъыр! –
О уинэшIу инэфынэ
щыпсэуухэрэр, Зиусхьан!
17 Мэфэ псэум О пцIэ ахэр рэгушIох,
О шъыпкъагъэу пхэлъыр агъэлъапIэ,
18 Сыда пIомэ ахэмэ ящытхъуи
акIуачIи къыздикIырэр О уадэжь.
Укъызэрэтфэшlум ихьатыркIэ
ткIуачIэ къыхэхъо.
19 О, Зиусхьан, къытфыхэпхыгъ тиухъумакIор,
О, Израиль и Тхьэ лъапIэр –
къытэптыгъ типачъыхьэ.
20 О къыпфэшъыпкъэу уиIумэтым,
зэгорэм укъызфэлъагъом, къэпIогъагъ:
«ЛIыгъэ зыхэлъым Сэ щыслъагъ
пачъыхьэ танджыр,
лъэпкъым Сэ къыхэсхыгъэр лъагэу сIэтыгъэ.
21 СиIумэтэу Даут
Сэ пачъыхьэ сшIыгъэ, Ар Сихэхэу,
сидэгъэ лъапIэ ащ ышъхьэ щысфагъ.
22 Сэ сIапшъэ ащ игъусэщт,
сIэ ар пытэ ышIыщт.

23 Пыир ащ фырикъущтэп,
бзэджагъэкӀэ зекӀорэ цӀыфми
ар егъэзыгъэ фэшӀыщтэп.
24 Ащ ыпашъхьэ хьэлэч-сэлачэ щизгъэфэщтых
ипыйхэр,
сяощт зылъэгъу мыхъухэрэм.
25 Сэ фэшъыпкъэныгъэу фысиӀэри
сишӀулъэгъу мыкӀодыжьи игъусэх,
Сэ сцӀэкӀэ ащ ыкӀуачӀэ хэхъощт.
26 Хыр ащ ыӀэ ислъхьащт.
Псыхъохэми тетыгъо афыриӀэу сшӀыщт.
27 Ар Сэ къысэджэщт:
Оры си Тхьэу сятэр,
сыкъэзгъэнэжьырэ къушъхьэ цакӀэр Оры.
28 Сэ ар щыпэлъфы сшӀыщт,
чӀыгу пачъыхьэмэ анахь лъагэу.
29 Сэ ащ мыкӀодыжьын шӀулъэгъу
фысиӀэщт гъэшӀэныым,
Ӏуагъэу дэсшӀыгъэри
къэзгъэшъыпкъэжь зэпытыщт.
30 Ащ текӀыгъэхэм гъэшӀэным
пачъыхьэ чӀыпӀэр язгъэӀыгъыщт,
итахъти ошъогур щэӀэфэ щызгъэӀэщт.
31 Ащ текӀыхэрэм
згъэуцугъэ хабзэр щагъэзыеу,
къафэзгъэнэфагъэхэм адимыштэу
зекӀохэмэ,
32 исхъухьагъэхэр аукъохэу,
сиунашъохэр амыгъэцакӀэхэмэ,

33 яхэбзэнчъагъэ пае
бэщкIэ згъэпщынэщтых, ябзэджагъэ пайи
къамыщкIэ утын язгъэхьыщт.
34 Ау ар сишIулъэгъу мыкIодыжь хэзгъэныщтэп,
фэшъыпкъэныгъэу схэлъыми Сэ
сытекIыщтэп,
35 Сыукъощтэп Iуагъэу Даут дэсшIыгъэр,
гущыIэу сыжэ дэкIыгъэри Сэ
зэблэсхъущтэп.
36 Сэ зэгорэм сцIэ лъапIэкIэ
гущыIэ пытэ сшIыгъагъэ:
зэблэсхъущтэп Даут есIуагъэр.
37 Ащ текIыщтхэр гъэшIэным щыIэщтых,
тыгъэр щэIэфэ, ащ итахъти сапашъхьэ итыщт.
38 Даут ипачъыхьэгъу гъэшIэным щыIэщт,
шыхьат зафэу ошъогум ит мазэм фэдэу».
39 Ау О Уихэх къибдзэрэп,
пхъэтэпэмыхь ошIы,
лъэшэу уфэгубжы.
40 УиIумэт Iуагъэу дэпшIыгъэр
щыбгъэзыягъ,
ипачъыхьэ тандж чIыгум тебдзи,
бгъэушIоигъэ;
41 Ащ икъалэ къызэрэшIыхьэгъэ дэпкъ пстэури
зэхэбгъэшъхъэшъхьагъ,
ипытапIэхэр хьэпэ-сапэ ибгъэфагъэх.
42 ЕбгъукIорэхэм ар зэрапхъо;
игъунэгъу лъэпкъхэр къыдэхьащхых;
43 Ащ ипыйхэр къыщытебгъэкIуагъэх О заом,
ипыйхэр О бгъэгушIуагъэх;

44 ичэтацэ зэкIэпхьажьыгъ,
бэнэнымкIэ Уихэх удеIагъэп.
45 Ищытхъуи О ащ Iыпхыгъ,
итахъти чIыгум тебдзагъ;
46 иныбжьыкIэгъум имафэхэр бгъэкIэкIи,
емыкIур ащ къебгъэхьыгъ.
47 Сыд фэдизрэ зэпымыоу
зыбгъэбылъыщта, Зиусхьан,
уигубж гъэшIэным
машIом фэдэу зэкIэгъэнэгъэщта?
48 Угу игъэлъ
сигъашIэ зэрэкIакор:
Iэчъэ-лъэчъэ щыIакIэм хэтынхэу ара
цIыфхэр къызфэбгъэшIыгъэхэр?
49 Хэта цIыфхэм ащыщэу щыIэу,
хьадэгъур зымылъэгъущтыр?
хэта хьадрыхэ ебгъукIон зылъэкIыщтыр?
50 Ипэум уиIэгъэ шIулъэгъу мыкIодыжьыр
тыдэ хъугъа, Зиусхьан?
Даут зэрэбгъэгугъэгъэ шъыпкъагъэхэр
тыдэ хъугъэха?
51 Угу игъэлъ, Зиусхьан,
УиIумэт зэраушъхьакIугъэр,
сызыубырэ лъэпкъхэр зэрэсщэчхэрэр.
52 Уипыймэ О Уихэх аубы, Зиусхьан,
ащ илъэужхэр ахэмэ щытхъунчъэ ашIы.
53 ГъэшIэным Зиусхьаным щытхъур ий!
Амин, амин*.

* 88:53 Тхьэм ищытхъу къэзыIотэрэ мы усэмкIэ «Гугъэ Орэдхэм» яящэнэрэ тхылъ къеухы.

# ЯплIэнэрэ тхылъ

## Я 89-рэ Орэд

[1] *Тхьэм ицIыфэу Мосэ итхьэлъэIу*

[2] Зиусхьан! ЛIэуж зэкIэлъыкIохэм зэкIэми
ухъумапIэу тиIэр тэ Ооры.
[3] Къушъхьэхэр къэхъунхэм ыпэкIи,
чIыр, дунаир О къызыогъэшIхэми,
лIэшIэгъумэ къащегъэжьагъэу
лIэшIэгъумэ анэсыжьэу О – у Тхь.
[4] Сапэ хъужьынэу О цIыфым
еогъэгъэзэжьышъ,
къэоIо: «Жъугъэзэжьых, цIыфмэ акъохэр!»
[5] Сыда пIомэ илъэс минхэр ОркIэ
блэкIыгъэ тыгъуасэми,
чэщым хэт къэрэгъулэми фэдэх.
[6] Псы къиугъэм ыхьыхэрэм фэдэу,
цIыфхэр О блэохых;
ахэр – пкIыхьым фэдэх,

пчэдыжьым къэкIыхэу,
пчэдыжьыми къэгъагъэ къэхъухэу,
къэушхъонтIхэу
пчыхьэм егъонлэхэу,
гъонлэжьырэ уцым фэдэх.
7 Сыда пIомэ тэ О уигубж
тегъэкIоды,
уигубж лъэш тегъэщынэ.
8 Тибзэджэшlагъэхэр уапашъхьэ
О иплъхьагъэх,
тэ типсэкIодшIэгъэ шъэфхэри
къыщэлъагъох унэгу инэфынэ.
9 Тэ тимафэхэр зэкIэ
уигубж хэтхэу кIуагъэх;
хэщэтыкI макъэм фэдэу,
тиилъэсхэр псынкIэу блэкIых.
10 Тэ дгъашIэрэ илъэсмэ ямафэхэр –
илъэс тIокIищырэ пшIырэ,
нахь пытаIохэм – илъэс тIокIиплI;
анахь охътэшIоу къахафэрэр –
улэумрэ къиныгъомрэ апэIохьэ,
сыда пIомэ псынкIэу екIыхэшъ,
тэри тадэбзэхыжьы.
11 Хэта уигубж илъэшыгъэ зышIэрэр,
Ори уигубжи ащыщынэрэр хэта?
12 Тыгухэр Iушы хъунхэу,
тимафэхэм пчъагъэ зэряIэм тегъас.
13 Зыкъытфэгъаз, Зиусхьан!
Сыд фэдизрэ тебгъэжэщта?
УиIумэтмэ гукIэгъу къафэшI.

[14] Пчэдыжьым уишIулъэгъу мыкIодыжь
тызэлъикIоу къытлъыгъэIэс,
къэдгъэшIэрэ мэфэ пстэуми къакIоцI
тыгушIонэу тэ, тычэфынэу.
[15] Къиныгъо егъэзыгъэм
тызыхэбгъэфэгъэ мафэхэм апае
тыгъэчэфыжь,
тхьамыкIагъор зыщытлъэгъугъэ илъэсхэм
апайи.
[16] О Iофэу пшIагъэр тэ, уиIумэтхэм,
къафэрэшъыпкъ,
тэ къыттекIыщтхэм
О уищытхъу арэлъэгъу;
[17] Зиусхьанэу ти Тхьэ инэшIугъэ
ташъхьагъ ерэт,
къадэрэхъу тIэхэм Iофэу ашIэрэр.

## Я 90-рэ Орэд

### Тхьэр тиухъумакIо

[1] ЗэкIэми анахь Лъагэм ибгъагъэ щыпсэоу,
лъэкIыныгъэшхо пстэури зиIэм
ижьау чIэтым,
[2] Зиусхьаным реIо: Оры сиухъумапIэу,
сишъхьэегъэзыпIэр,
Оры си Тхьэу сызщыгугъырэр!

3 Къыуашэрэм ихъытыу,
укъызэмылын зэпахырэ узым
Ащ уащиухъумэщт.
4 ИкъамзыйхэмкӀэ уиухъумэщт,
Ащ ытэмэ чӀэгъхэми
шъхьэегъэзыпӀэ ащыбгъотыщт;
Тхьэр фэшъыпкъэныгъ,
мэӀум фэдэу Ащ укъиухъумэщт.
5 Уащыщынэщтэп: чэщым – ищынэгъошхо,
мафэм – умышӀахэу къыптебэнэщтхэм*,
6 шӀункӀым къыщекӀокӀырэ зэпахырэ узым,
къутэжьэу щэджагъом
зэкӀэ зыхъункӀэжьырэм.
7 УисэмэгукӀэ – миныр,
минипшӀыр – уиджабгъукӀэ о щыфэхыщт;
ау о благъэу къыокӀолӀэщтэп.
8 УнитӀукӀэ уплъэщт ныӀэп,
Тхьэм цӀыф бзаджэхэр
зэригъэпщынэхэрэм уеплъыщт.
9 Сыда пӀомэ о Зиусхьаныр
шъхьэегъэзыпӀэ зыфэпшӀыгъ;
зэкӀэми анахь Лъагэр ухъумакӀоу
о къыхэпхыгъ.
10 Бзэджагъэ зи къыохъулӀэщтэп,
ери уипсэупӀэ благъэу къекӀолӀэщтэп.
11 Сыда пӀомэ имэлэӀичмэ
Ащ къафишӀыщт унашъо –
уигъогу пстэуми укъащаухъумэнэу.

---

* 90:5 «УмышӀахэу къыптебэнэщтхэм» – ижъырэ джуртыбзэмкӀэ къикӀырэр: быбырэ щэбзащ.

12 АIэхэмкIэ уаIэтыщт,
мыжъом плъакъокIэ уемыутэкIынэу.
13 Уатеуцощт аслъанымрэ блэгъожъымрэ;
пщытIэщтых аслъан щырымрэ благъомрэ.
14 «ШIу силъэгъоу, къызэрэсэпкIылIэрэм пае
Сэ ар къыхэсщыжьыщт;
къэсыухъумэщт ар,
сэ сцIэ зыфэдэр зэригъэшIагъэшъ.
15 Къысэджэнышъ – къызэхэсхыщт;
къиныгъом сыригъусэщт ащ;
тхьамыкIагъомэ къахэсщыжьынышъ,
лъытэныгъэ ащ фэсшIыщт.
16 ГъэшIэ кIыхьэкIэ ар згъэрэзэщт,
мыкIодынэу къэзгъэнэжьыщт».

## Я 91-рэ Орэд

### ШIъыпкъагъэ зиIэм иIахьышIу

*1 Шэмбэт мафэм къаIорэ орэд*

2 Зиусхьаным щытхъур фэтшIыныр,
О, зэкIэми анахь Лъагэр,
пцIэ щытхъу орэд къыфэтIоныр шIу;
3 уишIулъэгъу мыкIодыжь пчэдыжьрэ
тIотэныр,
чэщырэ – уишъыпкъагъэ,

4 бзэпсипшI зэрылъ пщынэтIаркъомкIэ,
шыкIэпщынэмкIэ орэд къыдатIозэ.
5 Сыда пIомэ О, Зиусхьан,
уиIэшIагъэкIэ сыбгъэчэфыгъ;
О пIэмэ агъэхъагъэмэ
гушIогъо орэд къысагъаIо.
6 УиIэшIагъэхэр сыдэу ин дэдэха
О, Зиусхьан! ГъэшIэгъонэу кууха
О уигупшысэхэр!
7 ЦIыф мыкъ-мыджми ышIэхэнэп,
зигулъытэ макIэми ар къыгурыIонэп.
8 Нэпэнчъэхэр, уцмэ афэдэу, багъохэми,
зэкIэ бзэджашIэхэм яIоф къадэхъуми,
егъэшIэрэу кIодыжьыщтых ахэр.
9 О гъэшIэным, Зиусхьан,
ЗэкIэмэ Уанахь Лъаг!
10 Сыда пIомэ, мары, уипыйхэр,
О, Зиусхьан, уипыйхэр – мары, кIодыщтых,
зэкIэ бзэджагъэкIэ зекIохэрэри
зэбгырафыжьыщтых;
11 домбаим иIэ кIуачIэм фэдэ къысэптыгъ,
уидэгъэ лъапIэ къысщыпфи,
силъэкI хэбгъэхъуагъ.
12 Сипыйхэми уатекIоу сынэмэ алъэгъугъ,
бзэджашIэхэу зыкъыспэзыIэтхэрэми
ягукIод макъэ
стхьакIумэхэмкIэ сэ зэхэсхыгъ.
13 Шъыпкъагъэ зиIэм
пальмэ чъыгым фэдэу зыкъызэIуехы,

Ливан къыщыкIырэ
кедрэм фэдэуи зыкъеIэты.
14 Зиусхьаным и Унэ
рагъэтIысхьэгъэ чъыгхэм афэдэу,
ти Тхьэ и Унэ щагумэ закъыщызэIуахы.
15 Жъы хъугъэхэми, ахэмэ шIур къапэкIэ,
псыр акIиз, къэкIыгъакIэм фэдэх,
16 Зиусхьанэу сэ сиухъумакIо зэрэзафэр,
шъыпкъэнчъагъи Ащ зэрэхэмылъыр
къагъэлъэгъонэу.

## Я 92-рэ Орэд

### Тхьэу типачъыхьэр

1 Зиусхьаным тетыгъор ыIыгъ;
Тетыгъошхор ишъуаш Зиусхьаным,
лъэкIыныгъэ иныр иIэрылъхь,
дунаишхор пытэу ыгъэуцугъ,
зыми ар ичIыпIэ ригъэкIыщтэп.
2 Уитахътэ гъэшIэным щытынэу
бгъэуцугъэ, О – упIэлъэнчъ.
3 Амакъэ зеIэты, Зиусхьан,
псыхъомэ амакъэ зеIэты,
псыхъомэ яжъорыжъот макъэ зеIэты.

4 Ау псыбэмэ якъорэлъэ макъи,
хыор кIочIэшхомэ амакъэ нахьи
Зиусхьаныр лъэгапIэм щынахь лъэш.
5 УигущыIэ гъуаззэхэр уямыщэчынэу тэрэзых,
О уиунэ, Зиусхьан,
гъэшIэным зыгъэкIэракIэрэр
шIугъэ-къэбзагъэр ары.

## Я 93-рэ Орэд

### Тхьэм изэфагъэр

1 О, Зиусхьан, цIыфыр зыгъэпщынэжьырэр,
О, Тхьэу, цIыфым игъэпщынакIор,
уигубж къэгъэлъагъу!
2 Тыкъэлъэгъу, чIым ихьыкумэшI,
зызышIошIыжьыхэрэм яфэшъуашэ арэгъот.
3 Сыд фэдизрэ, Зиусхьан, цIыф бзаджэхэр,
сыд фэдизрэ цIыф бзаджэхэр
ябзэджэшIагъэ щыгушIукIыщтха?
4 Псэлъэ пагэхэр абзэгу къытекIых;
бзэджэшIэ пстэуми зашIолъэш.
5 УицIыф лъэпкъ зэхагукIэ, Зиусхьан,
О уиунэе цIыфхэр егъэзыгъэ ашIых.
6 Шъузабэр, хэхэсыр аукIых,
ибэми ыпсэ хахы.

7 ЕтIанэ аIо: «Зиусхьаным
къылъэгъурэп,
Якъубэ и Тхьэ гу лъитэрэп».
8 Акъыл къызфэжъугъотыжь,
гулъытэ зимыIэ цIыфхэр!
Сыдигъо Iушы шъухъущт, акъылынчъэхэр?
9 ТхьакIумэр къыозытыгъэм
зэхимыхынэу хъуна?
Нэр зыгъэпсыгъэм
къымылъэгъунэу мэхъуа?
10 ЦIыф лъэпкъхэр зыгъэдаIорэм
ахэр ымыгъэпщынэнхэу хъуна?
ЦIыфхэр зыгъасэхэрэм
зэхэшIыкI имыIэ хъуна?
11 Зиусхьаным ешIэх цIыф гупшысэхэр
кIодыжьырэ Iугъом зэрэфэдэхэр.
12 Сыхьатмафэ ежьагъ
О бгъэдэIорэ цIыфыр, Зиусхьан,
уихабзэкIэ бгъасэрэр,
13 мэфэ къинхэм гупсэф ептынэу,
цIыф бзаджэм машэр фатIыфэ!
14 Сыда пIомэ Зиусхьаным ицIыфхэр
гум ринэщтхэп,
Ежь иунэе цIыфхэр Ащ чIидзыжьыщтхэп.
15 Сыда пIомэ хьыкумым
шъыпкъагъэм къыфигъэзэжьыщт,
зыгу шъыпкъагъэ илъхэр зэкIэ
ащ гоуцощтых.

16 Хэта сэщ пае
цIыф Iаемэ апэуцурэр?
Хэта сащызыухъумэрэр бзэджашIэхэм?
17 Зиусхьаныр арымырыгъэмэ
сэ IэпыIэгъоу сиIагъэр,
бэ темышIэу мэкъэнчъэ хьадрыхэ
сэ спсэ кIожьыщтыгъэ.
18 «Сэхъыртэ», сIо зэхъум,
О уишIулъэгъу мыкIодыжь, Зиусхьан,
сэ кIэгъэкъон къысфэхъугъ.
19 СигумэкIыгъохэр
сыгу щыбагъохэ зыхъукIэ,
гупсэфэу къысэптырэм
сыгу егъэтхъэжьы.
20 ХьыкумышIэ хьилэхэр
уигъусэхэ хъуна,
хабзэр мызафэу зэпырызыгъазэхэрэр?
21 Тхьэм фэшъыпкъэм
ахэр купышхоу тебанэх,
лажьэ зимыIэм
лIэныгъэр тыралъхьэ.
22 Ау Зиусхьаныр – сэ сипытапI,
си Тхьэ – сиухъумапI, сишъхьэегъэзыпI.
23 Ахэр ябзэджэшIагъэ IуигъэкIэжьыщтых,
лъэпсэкIод ышIыщтых ябзэджагъэ пае,
ыгъэкIодыщтых Зиусхьанэу ти Тхьэ.

## Я 94-рэ Орэд

**Тыкъэзгъэхъугъэр тэжъугъэгъэлъапI**

1 НекIох, щытхъу орэд Зиусхьаным
фэтэжъугъаIу,
гушIогъо макъэ тиухъумакIоу,
тикъэгъэнэжьакIо фэтэжъугъэIэт.
2 Щытхъу фэтшIызэ, Ащ ыпашъхьэ
тижъугъахь,
рэзэныгъэм иорэд къатIозэ,
гушIогъо макъэ фэтэжъугъэIэт.
3 Сыда пIомэ Тхьэ ин дэд Зиусхьаныр,
Пачъыхьэшхоу тхьэ пстэуми ашъхьагъ.
4 ЧIы кууп Iэхэр Ащ ыIэ илъых,
къушъхьэ шыгухэри Ащ иIэрылъхьэх.
5 Ащ ий – хыр, ар Ащ къыгъэшIыгъ,
агъэпсыгъ ыIитIу гъушъапIэр.
6 НекIох, шъхьащэ фэтэжъугъэшI,
Тхьэу тыкъэзыгъэшIыгъэм ыпашъхьэ
лъэгонджэмышъхьэкIэ тыщыжъугъэтIыс.
7 Сыда пIомэ Ары тэ ти Тхьэр,
Ащ имэл Iэхъогъу тыщыщ,
Ащ ыIэ зэрищэрэ мэлхэр тэры.
Е! Ащ ымакъэ
непэ шъо шъуедэIугъагъэмэ:
8 «Шъугухэр гуркъэхэу щышъумыгъэтых,
шъуятэжъхэм Мэрыбэ дэжь,

шъоф нэкIым, Масэ дэжь,
зэрэщашIыщтыгъэм фэдэу.
9 Шъо шъуятэжъхэм сищыIагъэ зынэсырэри
Сэри сагъэунэфыгъ, сиIэшIагъэ зыфэдэр
алъэгъугъагъэ пэтми.
10 Илъэс тIокIитIум къыкIоцI Сэ мы лъэпкъыр
пхъэтэпэмыхь сшIыгъэ,
арыти къэсIуагъ: “Мыр ыгукIэ гъощэгъэ
цIыф лъэпкъ;
ахэр Сэ сигъогухэм атетхэп”.
11 Джащ пае Сэ губжым сыхэтэу
гущыIэ пытэкIэ сIуагъэ:
“Ахэр сигупсэфыпIэ исымыгъэхьанхэу”».

## Я 95-рэ Орэд

### Тхьэу ЗэкIэмэ Анахь Пачъыхьэшхор

1 Зиусхьаным орэдыкIэ къыфашъуIу;
къыфашъуIу зэрэчIыгоу Зиусхьаным!
2 Орэд къыфашъуIу Зиусхьаным,
Ащ ыцIэ щытхъу фэшъушI,
тыкъызэригъэнэжьыгъэм икъэбар
мафэ къэс шъуIуатэ!
3 Ищытхъу цIыф лъэпкъхэм яшъуIуат,
ишIэгъошIагъэхэр лъэпкъ пстэуми
яжъугъашIэх!

4 Сыда пIомэ ин дэд Зиусхьаныр,
щытхъу пстэури Ащ ифэшъуаш,
Ар тхьэ пстэуми анахь щынагъу.
5 Сыда пIомэ цIыф лъэпкъмэ
зэкIэ ятхьэхэр – тхьэ нэпцIых,
ау Зиусхьаным къыгъэшIыгъэх уашъохэр.
6 Щытхъумрэ лъытэныгъэшхомрэ
Ащ ыпашъхьэх,
лъэкIымрэ дэхагъэмрэ
Ащ и Унэ щыIэх.
7 Фэшъулъэгъу Зиусхьаным,
цIыф лъэпкъмэ
яунэгъо зэфэшъхьафхэр,
фэшъулъэгъу щытхъумрэ лъэкIымрэ
Зиусхьаным.
8 Зиусхьаным ыцIэ
фэшъошэ щытхъур фэшъулъэгъу,
тынхэр фэшъухьыхи,
Ащ ищагумэ шъуадахь!
9 Зиусхъьаным и Унэ шъошэ лъапIэ
шъущыгъэу,
шъхьащэ щыфэшъушI Зиусхьаным.
Ащ ыпашъхьэ щыкIэзэз, зэрэчIыгоу!
10 ЦIыф лъэпкъмэ яшъуIу:
Зиусхьаным тетыгъор ыIыгъ!
Джащ пае дунаишхор пытэу ыгъэуцугъ,
тхыощтэп ар.
ШъыпкъагъэкIэ цIыф лъэпкъмэ
яIофхэр Ащ зэхифыщтых.

11 Орэчэфых уашъохэр,
чIыгум ерэгъэмэфэкI;
хыр, ащ щыщыIэ пстэури
орэбырсырых.
12 ОрэгушIо губгъор, зэкIэ ащ хэлъыри,
орэгушIо зэкIэ мэз чъыгхэр –
13 Зиусхьаным ыпашъхьэ,
сыда пIомэ ар къэкIо,
хьыкум чIыгум тыришIыхьанэу.
Шъыпкъэмкlэ Ащ дунаишхом
иIофхэр къызэхифыщтых,
цIыф лъэпкъхэри –
Ежь фэшъыпкъэныгъэу хэлъымкIэ.

## Я 96-рэ Орэд

### Тетыгъор Анахь ЗиIэ Тхьэр

1 Тетыгъор ыIыгъ Зиусхьаным:
орэгушIо чIыгур;
орэчэфых чIылъэм ыгъунэхэр.
2 Ахэт Ар пщагъомрэ шIункIышхомрэ;
шъыпкъагъэм, зэфагъэм Ащ итахътэ атет.
3 ЫIпэ итэу Ащ имашIо егъакIо,
ипыйхэр тыдэкIи егъэстых.
4 Ащ ипчыкIэмэ зэлъагъэнэфы дунаишхор;
ар чIыгум елъэгъушъ, къэтхытхы.

5 Зиусхьаным ыпашъхьэ
шаком фэдэу къушъхьэхэр щэткIух,
зэкIэ чIыгум и Зиусхьан ыпашъхьэ.
6 Ошъогумэ Ащ ишъыпкъагъэ аIуатэ,
зэкIэ цIыф лъэпкъхэм
Ащ щытхъоу пылъыр алъэгъу.
7 Тхьэ нэпцI сурэтхэм афэлажьэхэу,
пкIэ зимыIэ тхьэ нэпцIхэмкIэ
зыщытхъужьыхэрэр нэпэнчъэхэу къэнэх.
ЗэкIэ тхьэхэм шъхьащэ щашIы Ащ
ыпашъхьэ.
8 Цион къалэм зэхехышъ, мэгушIо,
О хьыкумэу пшIыхэрэм апае
Ехъудэ икъуаджэхэр* мэчэфых,
Зиусхьан.
9 Сыда пIомэ, Зиусхьан, зэрэчIыгоу
О уелъэгэкIы,
тхьэ пстэуми
ашъхьагъ ущыIэтыгъ.
10 Зиусхьаным шIу елъэгъух
ер зыуджэгъухэрэр!**
Тхьэ щынагъор зыгу илъхэм
апсэхэр Ащ къеухъумэ,
псэкIодышIэмэ къаIэкIехыжьых.
11 Нэфынэр къыфыкъокIы шъыпкъагъэ зиIэм,
зыгу шъыпкъагъэ илъхэм – гушIуагъор.

---

* 96:8 Къуаджэхэр: ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым зэритыр – ыпхъухэр.

** 96:10 Е: «Зиусхьаныр шIу зылъэгъухэрэм ер ауджэгъу».

12 Шъыпкъагъэ зиIэхэр,
Зиусхьаным ыцIэкIэ шъугушIу,
Ащ иIоф лъапIэхэр
зыщышъумыгъэгъупшэх.

## Я 97-рэ Орэд

### Тхьэм дунаим тетыгъо фыриI

*Орэд*

1 КъыфашъуIу орэдыкIэ Зиусхьаным;
шIэгъо дэдэх Ащ иIэшIагъэхэр.
ЫIэ джабгъурэ илъэкI лъапIэрэ
текIоныгъэр Ащ къыфыдахыгъ.
2 ТекIоныгъэр къызэрихьыгъэр
Зиусхьаным къыгъэлъэгъуагъ,
ипыйхэр зэригъэпщынэжьыгъэхэр
цIыф лъэпкъхэм нафэ къафишIыгъ.
3 ШIулъэгъу мыкIодыжьэу,
шъыпкъагъэу израиль лъэпкъым
Ащ фыриIагъэр ыгу илъ зэпыт.
Ти Тхьэ текIоныгъэр къызэрихьыгъэр
чIыгум зэкIэ игъунапкъэмэ алъэгъугъ.
4 ГушIо макъэр Зиусхьаным фэшъуIэт,
зэрэчIыгоу ары;
гушIогъо орэди, щытхъу орэди
къыфашъуIу.

5 ПщынэтIаркъор кIыгъоу
Зиусхьаным щытхъу орэд къыфашъуIу,
пщынэтIаркъомрэ орэд макъэмрэ кIыгъухэу.
6 Сырынэм, бжъэмыемэ амакъэ кIыгъоу,
пачъыхьэу Зиусхьаным
гушIо макъэ фэшъуIэт.
7 Хыми, ащ хэс пстэуми, дунаишхоми,
ащ зэкIэ щыпсэухэрэми
мэкъэшхо апэрэIукI;
8 псыхъохэр Iэгушъо терэох;
гушIогъошхом хэтхэу
къушъхьэхэм орэд къащарэIу
9 Зиусхьаным ыпашъхьэ; сыда пIомэ
чIыгум хьыкум тыришIыхьэу Ар къэкIо.
Дунаишхом шъыпкъагъэкIэ
Ащ хьыкум тыришIыхьащт,
цIыф лъэпкъхэми зэфагъэкIэ
яIофхэр зэхифыщтых.

## Я 98-рэ Орэд

### Тхьэу Анахь Пачъыхьэ ШъхьаIэр

1 Зиусхьаным тетыгъор ыIыгъышъ,
цIыф лъэпкъхэр орэкIэзэзых!
Къэрыубмэ ашъхьагъэу итахътэ Ар тесышъ,
чIыгур орэтхытхы!

2 Зиусхьаныр Цион щыин,
цIыф лъэпкъ пстэуми Ар лъагэу ашъхьагъ.
3 О пцIэ ин дэдэу щынагъом
щытхъур фарэшI!
ЛъэпIэ дэд Ар!
4 О лъэкIышхо зиIэ Пачъыхьэу
тэрэзныгъэр зикIасэр,
О зэфагъэр бгъэпсыгъэ:
зэфагъэмрэ шъыпкъагъэмрэ
Израиль ибгъэуцуагъэх.
5 ЖъугъэлъапIэ Зиусхьаныр, ти Тхьэ,
шъхьащэ щыфэшъушI итэхьтэ пашъхьэ:
Ар лъапIэ!
6 Мосэрэ Хьарунэрэ
икъурмэнышIхэм ащыщыгъэх –
Самуели – елъэIугъэхэм.
МэкъэшхокIэ Зиусхьаным елъэIугъэх,
Ащ ахэр зэхихыгъэх.
7 Ошъопщэ кореным хэтэу,
Ар ахэмэ къадэгущыIагъ;
Ащ игущыIэ гъуазэхэри
шапхъэу ыгъэуцугъэхэри
ахэмэ агъэцэкIагъэх.
8 Зиусхьанэу ти Тхь! О ахэмэ
ялъэIу зэхэпхыгъ:
О афэзгъэгъурэ Тхьэу уряIагъ,
ау етIани
ябзэджэшIагъэхэмкIи бгъэпщынэжьыгъэх.
9 Ищытхъу шъуIэты Зиусхьанэу ти Тхьэ,
икъушъхьэ лъапIэ

Ащ шъхьащэ щыфэшъушI –
лъапIэшъ Зиусхьанэу ти Тхьэ!

## Я 99-рэ Орэд

### Зиусхьаным дунаир ыIэ илъ

*Рэзэныгъэм иорэд*

1 Зиусхьаным гушIогъо макъэр
фэшъуIэт, зэрэчIыгоу ары!
2 Чэфэу шъуфэлажь Зиусхьаным;
орэд къашъуIозэ, шъуихь Ащ ыпашъхьэ!
3 Зиусхьаныр Тхьэу зэрэщытыр
зыгурыжъугъаIу:
Ежьыр ары тыкъэзыгъэхъугъэр,
Ащ тырий,
ицIыф лъэпкъэу тыщыт,
имэл Iэхъогъоу тегъэхъу.
4 Рэзэныгъэ шъугу илъэу, Ащ икъэлапчъэмэ,
ищагумэ, щытхъу фэшъушIызэ, шъуадахь.
Ащ щытхъур фэшъушI,
Ащ ыцIэ къэшъуIэт!
5 Сыда пIомэ шIу Зиусхьаныр:
егъэшIэрэ Ащ ишIулъэгъу мыкIодыжь,
лIэуж пстэуми ифэшъыпкъэныгъэ анэсыщт.

# Я 100-рэ Орэд

## Пачъыхьэм Тхьэр зэригъэгугъагъэр

*Даут иорэд*

1 Орэд къафэсIощт Тхьэм фэшъыпкъагъэмрэ
цIыфхэм афэзэфагъэмрэ;
Ощ пае, Зиусхьан, орэд сэ къэсIощт.
2 Сызэрагъэмысэн зи щымыIэным пае,
Сигъогу сынаIэ тезгъэтыщт:
«О сыдигъо садэжь укъэкIощт?»
Сыгу зэрэкъабзэу,
сиунэ сыщыпсэущт.
3 ЕмыкIу къызпыкIын Iоф
сапашъхьэщашIэе сезгъырэп:
Тхьэм фэмышъыпкъэхэм яIоф
сфэлъэгъурэп; Ахэмэ яIоф
зыщысыдзыещт.
4 Гоу къуанчэм сэ зыщысыдзыещт;
Iоф бзаджэ зыхэзгъэфэщтэп.
5 Игъунэгъу шъэфэу зыубырэр
сэ зыпысфыщт,
инэплъэгъукIэ пагэу,
ыгукIэ зызшIошIыжьырэр
сфэщэчыщтэп.
6 Тхьэм фэшъыпкъэхэу чIыгум тетхэм
нэшIукIэ сяплъыщт,
ренэу къыскIыгъунхэу;

лажьэ зи имыIэу игъогу рыкIорэр
къысфэлэжьэщт.
7 Хьилагъэ хэлъэу зекIорэр
сиунэ щыпсэущтэп;
Хэти пцIы зыусырэм
сапашъхьэ зыщигъэшъыпкъэжьын
ылъэкIыщтэп.
8 Пчэдыжь къэс зэкIэ бзаджэхэу
чIыгум тетхэр лъэпсэкIоды сшIыщтых.
БзэджашIэхэр зэкIэ
Зиусхьаным икъалэ дэзгъэкIодыкIыщтых.

## Я 101-рэ Орэд

**Къин зыщэчырэм итхьэлъэIу**

*1 Къин хэтыр епэгъогъохэу, игукъао Зиусхьаным къыфыриIотыкIы зыхъукIэ, къыIорэ тхьэлъэIур*

2 Зиусхьан! СитхьэлъэIу къызэхэх,
сигухэкI макъи уадэжь къэрэIу.
3 СшIомыгъэбылъ унэгу сигузэжъогъу мафэм!
ПтхьакIумэ О къысфэгъаз,
сыкъызыоджэрэ мафэм
псынкIэу сыкъызэхэх.
4 Сыда пIомэ, Iугъом фэдэу,
симафэхэр блэсыкIых,

скъупшъхьэхэр
пхъэцэкІэ ныкъостым фэдэх.
5 Сыгу зэхэукІагъ,
игъукІыгъ уцым фэдэу,
джащ къыхэкІэуи сихьалыгъу
сшхынэу сщэгъупшэ.
6 Скъупшъхьэхэр сигырзы макъэ
спкъышъолы ригъэпкІылІагъэх.
7 Бзыушхоу шъоф нэкІым исым фэдэу
сыхъугъ,
унэ зэхэкъутагъэмэ
атес тыгъурыгъум яхьыщыр сыхъугъ.
8 Сычъыерэп, изакъоу унашъхьэм
тес бзыум фэдэу сыщыс.
9 Мэфэ реным сипыймэ саубы,
къыздэхьащхыхэрэр, сэ сцІэ къаІозэ,
цІыфхэм ябгых,
10 хьалыгъум фэдэу яжьэр сэ сэшхы,
сишъон зэхэсэгъэкІухьэ нэпсыкІэ,
11 уигубж, угу зэрэплъырэм къахэкІэу;
сыда пІомэ лъагэу сыпІэти,
сычІэбдзыжьыгъ О.
12 ЗыхэкІырэ пчыхьэшъхьэ ныбжьыкъум
яхьыщырых симафэхэр;
уцым фэдэу сыгъугъ.
13 О егъэшІэрэу уитахътэ утес,
лІэуж зэкІэлъыкІохэм
уищытхъу ащыгъупшэщтэп.
14 ЗыкъэпІэтыжьыщт О,
Цион угу егъущт;

сыда пIомэ ащ шIу фэпшIэнэу
игъо къэсыгъ;
пIалъэр къэсыгъ;
15 сыда пIомэ уиIумэтхэм
ащ имыжъо тэкъуафэхэр шIу алъэгъух,
ияжьэу къэнэжьыгъэми агу фэгъу.
16 Зиусхьаным ыцIэ цIыф лъэпкъмэ
щынагъо фашIыщт,
уилъэкI щыщынэщтых
чIыгу пачъыхьэхэр.
17 Сыда пIомэ Зиусхьаным
Цион къалэр къыгъэуцужьыщт,
ищытхъу хэтэу
Ар къэлъэгъощт.
18 Амалынчъэмэ ятхьэлъэIу
ынаIэ къытыридзэщт,
ялъэIухэр пхъэтэпэмыхь ышIыщтхэп.
19 КъыкIэлъыкIощт лIэужмэ
афагъэхьэу атхыщт,
къэхъущт цIыфхэм
Ащ щытхъу фашIыщт:
20 сыда пIомэ илъэгэпIэ лъапIэ къеплъэхыгъ;
ошъогум щыIэу Зиусхьаныр
чIыгум къеплъыгъ,
21 хьапсэчIэсхэм ягырз макъэ къызэхихынэу,
хьадэгъур зытралъхьагъэхэр
шъхьафит ышIынхэу;
22 Зиусхьаным ыцIэ
Цион къалэм къыщыраIонэу,

Ащ пылъ щытхъури
Ерусэлэм щарагъэшIэнэу,
23 цIыф лъэпкъхэр, пачъыхьагъухэр
Зиусхьаныр агъэлъэпIэнэу
зызэрэугъойхэкIэ.
24 СкIуачIэ, сигъашIэ ызыныкъом секIолIагъэу,
гъунэм Ащ нигъэсыгъ,
симафэхэр ыгъэкIэкIыгъэх.
25 Сэ къэсIуагъ: «Си Тхь! Симафэхэм
азыныкъо щэхъу сымыгъэшIагъэу
дунаим семыгъэхыжь,
О, зиилъэсхэр зэкIэ
лIэшIэгъухэм адыщыIэщтым.
26 ИжъыкIэ чIыгум лъапсэхэр фэбгъэуцугъэх,
ошъогухэри О уиIэшIагъэх.
27 Ахэр кIодыщтых, ау О сыдигъуи ущыIэщт;
ахэр зэкIэ, щыгъыным фэдэу,
жъы мэхъух,
щыгъыным фэдэуи
зэблэпхъунхэшъ, чIэбдзыжьыщтых.
28 Ау О узтетыгъэм узэрэтет,
уиилъэсхэри ухыгъэ хъущтхэп.
29 УиIумэтмэ ябынхэр щынэгъончъэу
псэущтых,
къатекIыгъэхэр щыпытэщтых уапашъхьэ».

## Я 102-рэ Орэд

### Тхьэм ицIыфхэр шIу елъэгъух

*Даут иорэд*

1 Зиусхьаным щытхъу фэшI, о, спсэ,
Ащ ыцIэ лъапIэ щытхъу фэшъушI, сыгуи
спси.
2 Зиусхьаным щытхъу фэшI, о, спсэ,
О зыщымыгъэгъупш ишIушIэ пстэури.
3 Ащ О бзэджагъэу пшIагъэхэр зэкIэ
къыпфегъэгъух,
уиузхэр зэкIэри Ащ егъэхъужьых;
4 уищыIэныгъэ хьадрыхэ щеухъумэ,
къыпфегъэшъуашэх шIулъэгъу
мыкIодыжьрэ гукIэгъурэ.
5 О бгъэшIэщтым шIугъэкIэ уегъэразэ,
уиныбжьыкIэгъуи бгъашхъом фэдэу
къыпфегъэзэжьы.
6 ЗэкIэ егъэзыгъэхэм
Зиусхьаным яхьакъ ареты,
хьыкум зафэ афешIы.
7 Ащ Мосэ ригъэшIагъэх игухэлъхэр,
иIоф шIагъохэр – израиль цIыфхэм.
8 ГукIэгъушI, хьалэл Зиусхьаныр,
псынкIэу мыгубжэу,
шIулъэгъу мыкIодыжь Ащ хэлъ.

9 Ар къыогый зэпытыщтэп,
игубжи бэрэ ыIыгъыщтэп.
10 ТипсэкIодшIагъэхэм атефэрэр къытишIэрэп,
тимыхъо-мышIагъэхэм япэгъокIэу
тигъэпщынэжьырэп.
11 Сыда пIомэ чIыгум ышъхьагъ
ошъогур зэрэщылъагэу,
джащ фэдэу щынагъо фызиIэхэм
Зиусхьаным мыкIодыжь шIулъэгъу афыриI.
12 Тыгъэ къокIыпIэр къохьапIэм зэрэпэчыжьэу,
хэбзэнчъагъэу тшIагъэхэр Ащ тпэчыжьэ
ешIых;
13 тым исабыйхэм гукIэгъу зэрафишIырэм
фэдэу,
Зиусхьаным щынагъо къыфызиIэмэ
гукIэгъу афешIы.
14 ЕшIэшъ ары тизэхэлъыкIэ,
ешIэ тэ сапэм тыкъызэрэхэкIыгъэр.
15 Уцым фэдэх цIыфым имафэхэр;
губгъо къэгъагъэу ащ зыкъызэIуехы.
16 Жьыбгъэр шъхьарэкIышъ, егъэгъу,
лъэуж къымыгъанэу ар мэкIодыжьы.
17 Зиусхьаным ишIулъэгъу мыкIодыжь
гъэшIэным
Ащ щынагъо фызиIэхэм афыриIэщт.
Ащ ишъыпкъагъи къафигъэнэщт
цIыфым ыкъомэ акъожьхэу,
18 иIуагъэ фэшъыпкъэхэу,
иунашъохэр зыщымыгъупшэхэу,
ахэр зыгъэцакIэхэрэм.

19 Зиусхьаным итахъатэ
уашъомэ атыригъэуцуагъ,
итетыгъокIэ хэз имыIэу
пстэури IэкIэлъ.
20 Зиусхьаным щытхъу фэшъушI шъо,
Ащ зэкIэ имэлэIичхэу,
кIочIэ лъэшхэу,
игущыIэ макъэкIэ IорышIэхэу,
зыгъэцакIэхэрэр Ащ иунашъо.
21 Зиусхьаным щытхъу фэшъушI, зэкIэ
иошъогу дзэхэу,
Ащ фэлажьэхэу, Ащ шIоигъор
зыгъэцакIэхэрэр.
22 Зиусхьаным щытхъу фэшъушI,
Ащ къыгъэхъугъэ пстэуми,
Ащ тетыгъор зыщиIыгъ чIыпIэ пстэуми.
Щытхъу фэшI, о, спсэ, Зиусхьаным!

## Я 103-рэ Орэд

### Дунаир къэзыгъэшIыгъэм ищытхъу

1 Щытхъур фэшI, о, спсэ, Зиусхьаным!
Зиусхьанэу си Тхь, О гъэшIэгъон дэдэу уин!
Лъытэныгъэщхуи щытхъуи О уишъуашэх.
2 О нэфынэр зыщыолъэ шъуашэу,
ошъогухэр огъаIэх щэтырхэу;

3 ошъогу псымэ акIыIу уипсэупIэ щэогъэуцу,
ошъуапщэхэр купсынкIэ зыфэошIыжьых,
жьыбгъэ тамэхэмкIэ О къэокIухьэ.
4 Жьыбгъэхэр къэогъэшIых мэкъэгъэIухэу,
уиIофтабгэхэу – мэшIо зэкIаблэхэр.
5 Лъэпсэ пытэмэ атебгъэуцуагъ О чIыгур;
кIэзэзыщтэп ар ныбжьи.
6 Хы куушхор шъуашэу тепхъуагъ,
къушъхьэмэ псыхэр атепхъуагъэх.
7 Узафэгубжым, псымэ кIатхъужьыгъ,
уишыблэ макъэ псынкIэу IуигъэкIыгъэх;
8 ЧIыпIэу О афэбгъэнэфагъэм
къушъхьэмэ адэкIых,
кIэймэ яхых псыхэр.
9 ЗэпырыкIын зыфимытхэ гъунапкъэр
О афэбгъэнэфагъ,
чIыгур зэлъабгъэнэу ахэмэ
къябгъэгъэзэжьыщтэп.
10 О кIэймэ адэбгъэхьагъэх псыкIэчъхэр:
къушъхьэ тIуакIэмэ ащэчъэх псыхъохэр,
11 агъэшъокIых шъоф хьэкIэ-къуакIэхэр,
щыд Iэлхэми зытрагъэкIы псыфалIэр.
12 Псыхэм апэблагъэу мэпсэух огу бзыухэр,
яорэд макъэ къахэIукIы къутамэхэм.
13 УилъэгапIэмэ уащыIэу
къушъхьэхэр огъэшъокIых,
О IуиIэшIагъэхэм яхьатыркIэ
чIым зегъэшхэкIы.

14 О былымхэм апае уцыр къэогъэкIы,
шхъонтIэгъакIэри – цIыфым къышгъхьапэнэу,
гъомлапхъэр чIыгум къыхихыным пае,
15 санэу цIыфым ыгу зыгъэчэфрэр,
дагъэу ащ ынэгу зыгъэжъыурэр,
ыгу пытэ зышIырэ хьалыгъур.
16 Загъэшъокlы Зиусхьаным ичъыгхэм,
Ливан кедрэхэу ыгъэтIысхьагъэхэм.
17 Бзыумэ набгъохэр ахэмэ ащашIых,
ельхэр ипсэупIэх псыхаом.
18 Къушъхьэ лъагэхэр къушъхьэ пчэнхэм яех;
даман ухъумапIэх мыжъобгхэр.
19 Уахътэхэр къыгъэнэфэнхэу
мазэр О къэбгъэшIыгъ;
тыгъэр икъохьажьыпIэ щыгъуаз.
20 О шIункIыр къэопхъышъ, чэщ къэхъу.
А уахътэр
мэз хьэкIэ-къуакIэхэм яжъобгыгъу.
21 Къонтхъ ашIынэу
аслъан щырхэр мэгъогых,
Тхьэм зыфагъазэ ахэмэ ашхыщтым пае.
22 Тыгъэр къыкъокIышъ,
ахэмэ агъэзэжьы;
ябымэ якIужьых.
23 ИIоф, иIофшIэн пчыхьэ нэс пылъынэу
цIыфыр къыдэкIы.
24 Сыдэу бэ хъухэра уиIэшIагъэхэр, Зиусхьан!
О акъылышхо хэлъэу зэкIэ бгъэпсыгъэ;
псэ зыфэпшIыгъэхэр О чIыгум тиз.

25 Мы хыр – ины дэд, хъоо-пщау:
къыпфэмылъытэнэу ащ псэ зыпытыр хэс,
псэушъхьэ инхэмрэ цIыкIухэмрэ
зэгъусэхэу.
26 Ащ къухьэхэр щесых,
лэбятан хьакIэ-къокIэжъэу,
хым щыджэгунэу О къэбгъэшIыгъэри хэс.
27 Ахэр зэкIэ о къыожэх,
ягъомылэ игъом яптынэу.
28 Яотышъ – пIахы;
пIэ зэкIэпхмэ –
загъэшхэкIы ахэмэ шIукIэ;
29 унэгу огъэбылъышъ – мэщынэх;
апсэ хэпхмэ – малIэх,
къызхэкIыгъэхэ ятIэм хэхьажьых.
30 О ппсэ захаплъхьэкIэ, къэогъэхъух,
джаущтэу чIыгум тет пстэури огъэкIэжьы.
31 Зиусхьаным дэжь щытхъур
гъэшIэным щэрэI;
Зиусхьанып Iофэу ышIагъэмэ
акIэрэгушIу!
32 ЧIыгум къеплъышъ – ар мэкIэзэзы;
затеIабэкIэ къушъхьэмэ,
Iугъом ахэмэ закъыщеIэты.
33 СыщэIэфэ Зиусхьаным орэд къыфэсIощт,
орэд къыфэсIощт си Тхьэ сыщэIэфэ.
34 Сигупшысэхэр ыгу рерэхьых,
сыда пIомэ сызыгъэгушIорэр Зиусхьанып
ары.

35 ПсэкIодышIэхэр чIым терэкIодыкIых,
цIыф бзаджэхэри ащ нахьэу щэрэ-
мыIэжьых.
Зиусхьаным щытхъу фэшI, о, спсэ,
Зиусхьаным щытхъур ий!

## Я 104-рэ Орэд

### Тхьэмрэ ицIыф лъэпкъырэ

1 Щытхъур фашъуIу Зиусхьаным;
Ащ ыцIэ зыфэжъугъаз;
Ащ ыгъэхъагъэхэр
зэлъяжъугъашIэх зэкIэ цIыф лъэпкъмэ.
2 Ащ орэд къыфыхэшъудз,
щытхъу орэд къыфашъуIу;
Iоф шIагъохэу зэшIуихыгъэхэм
ащыжъугъэгъуазэх.
3 Ащ ыцIэ лъапIэ шъурыгушIу!
Щытхъу фэшъушI,
Зиусхьаным лъыхъурэмэ
агухэр зэлъерэштэх чэфыгъом.
4 Зиусхьанми Ащ ыкIуачIи зафэжъугъаз,
сыдрэ уахъти Ащ пэгъунэгъу зышъушI.
5-6 Шъо, Тхьэм иIумэт Ибрахьимэ
къытекIыгъэхэр,

Ащ къахихыгъэ Якъубэ къытекIыгъэхэр –
ишIэгъуашIэхэр шъугу ижъугъэлъых,
иIофышхохэр, хьыкумэу ыухыгъэхэр.
7 Ар ти Зиусхьан, ти Тхьэ.
ЗэрэчIыгоу Ащ щешIых хьыкумхэр.
8 Зэзэгъыныгъэу илъэпкъ дишIырэр
Ащ егъэцакIэ гъэшIэным, –
лIэуж минхэр къызэригъэгугъагъэхэр,
9 Ибрахьим зэзэгъыныгъэу дишIыгъэр,
Исхьакъ гущыIэ пытэу ритыгъэр.
10 Рихъухьагъэр Зиусхьаным
къыгъэшъыпкъэжьыгъ
егъэшIэрэ зэзэгъыныгъэу
Ащ Якъубэ къызэригъэгугъагъэр;
11 КъыIуи: «КъэнаIан чIыгур
шъуиIахьышIоу о къыостыщт».
12 ЯпчъагъэкIэ ахэр макIэхэу,
мэкIэ дэдэхэу, хэхэс цIыфхэу щытыгъэх,
13 зы хэгъэгум икIыхэти,
адрэ хэгъэгум ихьэщтыгъэх,
зы пачъыхьэгъум икIыхэти,
нэмыкI цIыф лъэпкъ хахьэщтыгъэх.
14 Агу зыми харигъэгъэкIыгъэп Зиусхьаным;
пачъыхьэхэми афигъэпытагъ:
15 «Шъуанэмыс Сэ къахэсхыгъэмэ,
ситхьэлIыкIохэм яшъумышI бзэджагъэ».
16 ЧIыгум гъаблэ къыщишIи,
сыд фэдэрэ лэжьыгъэ щэпкъи зегъэкIодым,
17 ахэмэ апэ итэу цIыф ыгъэкIогъагъ:
Юсыф пщылI папкIэу ащэгъагъэр.

18 Ащ ылъакъохэр Iэхъу-лъэхъукIэ афызхи,
гъучI пшъэхъу ыпшъэ ралъхьагъ;
19 Тхьэм къыIуагъэр къэшъыпкъэжьыфэ,
Зиусхьаным ипсалъэ ар ыушэтыгъ.
20 Пачъыхьэм ыгъакIохи,
цIыф лъэпкъхэр зыIэ илъым
ар ригъэтIупщыжьыгъ.
21 Ежь иуни ащ ыIэ рилъхьагъ,
пащэ афишIыгъ иIэ пстэуми,
22 ежь ыгу къызэриIоу,
ипщыхэр ыгъэсэнхэу,
инахьыжъхэм акъылышIуагъэ ахилъхьанэу.
23 Джащыгъум Якъубэ Мысырым къэкIуагъ,
Хъам* ичIыгу итIысхьагъ.
24 Тхьэм Ежь ицIыф лъэпкъ
лъэш дэдэу ыгъэбэгъуагъ,
ащ ипыйхэм
анахь кIочIэшхоуи ышIыгъ.
25 ЦIыф лъэпкъэу Ежь къахихыгъэр
ахэмэ афэмылъэгъоу,
фэлэжьэрэ цIыфхэм къятхьагъэпцIэкIхэу
Ащ ышIыгъ.
26 ЫгъэкIуагъэх Мысырым Ежь иIумэт Мосэ,
Ежь къахихыгъэ Хьарунэ.
27 Ахэмэ Ащ нэшэнэ гъэшIэгъонхэр
къаригъэлъэгъуагъ,
Iофышхо шIагъохэр
Хъам ичIыгу щаригъэшIагъэх.

---

* 104:23 Мысырыр: еплъ 77:51.

28 ШIункIыр афигъакIуи,
хэгъэгур ыгъэушIункIыгъ,
Ащ игущыIэ
къыпэуцужьыгъэх* ахэр.
29 Япсыхэр Ащ лъы ышIыхи,
япцэжъыехэр ыгъэлIагъэх.
30 Ахэмэ ячIыгуи
аужыпкъэм япачъыхьэмэ яунэхэри
хьантIэркъо тIысыпIэ ышIыгъэх.
31 Ащ къыIуагъэти,
хьэцIэ-пIацIэхэр, бэдзэнэшъухэр,
хэгъэгум бэдэдэ щыхъугъэх.
32 Ощхым ычIыпIэкIэ ошъур,
узылыбжьэрэ машIори
ячIыгу къыфигъэкIуагъ,
33 ясэнашъхьи инжыр чъыгхэри ыутыгъэх,
зэфэдэкIэ чъыгхэри щырикIыкIыгъэх
ячIыгу.
34 КъыIуагъэти, мацIи пкIэшъэхъуи
пчъагъэ ямыIэу къэкIуагъэх;
35 ячIыгу тет уцыр зэкIэ
ахэмэ ашхыгъ,
ягубгъомэ арыт лэжьыгъэри
лъэпсэкIод ашIыгъ.
36 Ахэмэ ящыпэлъф пстэури,
акIуачIэ пэублэу иIэри
ячIыгу тыригъэкIодыкIыгъ.

* 104:28 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: къыпэуцужьыгъэхэп.

37 Тыжьыни дышъи зыдаIыгъэу,
израиль цIыфхэр къырищыжьыгъэх,
ахэмэ ахэтыгъэп зигъуаджи.
38 Ахэр зекIыжьхэм,
мысыр цIыфхэр гушIуагъэх;
сыда пIомэ ахэмэ ящынагъо
мысыр цIыфхэм къатеогъагъ.
39 Ошъуапщэр техъонэу
ахэмэ къафиубгъугъ,
машIори – чэщым къафигъэнэфынэу.
40 КъыкIэлъэIугъэхэти,
ныбгъухэр къаритыгъэх,
уашъом къехыгъэ гъомлапхъэкIэ
ыгъэшхэкIыгъэх.
41 Мыжъор зэгуигъэкIи,
псыхэр къечъэжьагъэх,
чIыпIэлъэ гъушъэмэ
псыхъом фэдэу къателъэдагъэх,
42 сыда пIомэ Ащ щыгъупшагъэп
игущыIэ лъапIэу
иIумэт Ибрахьимэ Ащ ритыгъагъэр.
43 ИцIыф лъэпкъ, къыхихыгъэхэр,
гушIуагъом хэтхэу,
орэд къаIозэ, къырищыжьыгъэх.
44 Къаритыгъэх хымэ лъэпкъмэ ячIыгухэр,
нэмыкI лъэпкъмэ алэжьыгъэри
къаIукIэжьыгъ,
45 Ащ шапхъэу къафигъэуцугъэхэр агъэцэкIэнхэу,
ыгъэуцугъэ хабзэхэри ащымыгъупшэнхэу.
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI!

## Я 105-рэ Орэд

### Зиусхьаным щытхъу фэшъушI

1 Зиусхьаным щытхъу фэшъушI: Ар – шIу,
Ащ ишIулъэгъу мыкIодыжь.
2 Зиусхьаным илъэкIыныгъэшхо зыхэлъ
IофхэрI
хэт къэзыIошъущтыр,
Ащ щытхъоу пылъ пстэури
хэт къэзыгъэлъэгъошъущтыр?
3 Гъогу мафэ техьагъэх
Тхьэм ихьыкум зыщымыгъупшэхэу,
сыдрэ уахъти шъыпкъагъэ хэлъэу
зекIохэрэр!
4 УицIыф лъэпкъ шIур угу филъэу
угу сыкъэгъэкIыжь, Зиусхьан;
ахэр къиным зыхэпщыжьыхэкIэ,
унаIэ сэри къыстегъэт!
5 О къыхэпхыгъэ цIыфхэм
щыIэкIэшIоу яIэр слъэгъунэу,
уицIыф лъэпкъ ичэф сырычэфэу,
О уиунэе цIыфхэм сырягъусэу
уищытхъу къэсIэтынэу.
6 Тэри тятэжъхэми псэкIод тшIагъэ,
бзэджагъэ зетхьагъ,
мыхъунэу тызекIуагъ.

[7] Мысырым къыщыбгъэлъэгъогъэ
шIэгъуашIэхэр
зэхашIыкIыгъэхэп тятэжъхэм,
уишIулъэгъу мыкIодыжь ащыгъупшагъ,
ау Хы Къамылым иIушъо
Тхьэу анахь Лъагэм щыпэуцугъэх.
[8] Ау Ежь ыцIэ ихьатыркIэ ахэр
Ащ къыгъэнэжьыгъэх,
илъэкIышхо зэпстэуми къаригъэлъэгъунэу.
[9] Пхъашэу зыдэгущыIэм Хы Къамылым,
ар игъукIыгъ;
чIыгу гъушъэм фэдэу,
куупIэм ахэр зэпырищыгъэх,
[10] зиджэгъогъухэм къаIэкIихыжьыгъэх,
пыим ыIэмэ ащиухъумагъэх.
[11] Ахэмэ япыймэ псыхэр къатеуагъэх,
псаоу зы нэбгыри
ахэмэ ащыщэу къэнагъэп.
[12] Ащыгъум ахэмэ Ащ игущыIэхэр
ашIошъ хъугъэх,
Ащ щытхъур фашIыгъ.
[13] Ау Ащ къафишIагъэхэр
псынкIэу ащыгъупшагъэх,
Тхьэр упчIэжьэгъу амышIэу,
Ащ ежэжьыгъэхэп;
[14] ау шъоф нэкIым итхэу
шхыным кIэхъопсыщтыгъэх,
губгъо нэкIым Тхьэр щаушэтыгъ.
[15] Зыфаехэр аритыгъэх,
ау уз щынагъо афигъэкIуагъ.

16 ЯуцупIэ щыIэхэу Мосэрэ
Зиусхьаным илъапIэу Хьарунэрэ
ахэр зяхъопсэжьыхэм,
17 чIыгур зэгози, Датан ыдырыгъ,
Абирам икуп ащ чIиухъумагъ.
18 Ахэмэ азыфагу къыщызэхани машIор,
псэкIодышIэхэр мэшIо тхъуабзэм зэ-
лъилыбжьагъэх.
19 Хъорэб дэжь дышъэ шкIэхъужъ щагъэчъи,
а гъэчъыгъэм шъхьащэ фашIыгъ.
20 Тхьэм щытхъу фашIын амыдэу,
цоу уцыр зышхырэм
исурэт шъхьащэ фашIыгъ.
21 Тхьэр ахэмэ ащыгъупшагъ,
КъэгъэнэжьакIоу яIэр,
Iоф иныдэхэр – Мысырым,
22 Iоф шIагъохэр – Хъам чIыгум,
Iоф щынагъохэр Хы Къамылым адэжьхэм
ащызышIагъэр.
23 Ахэр ыгъэкIодынхэу ыIуагъ Тхьэм,
Ежь къыхихыгъэ Мосэ
Тхьэм игубж зэкIигъэкIонэу,
цIыфхэр ымыгъэкIодынхэу
ыпашъхьэ къимыуцуагъэмэ.
24 ЗыкIэнэцIыщтыгъэхэ чIыгур ахэмэ
пхъэтэпэмыхь ашIыгъ,
ашIошъ хъугъэп Ащ игущыIэ.
25 Ящэтырмэ ащыгъумтIымхэзэ,
едэIугъэхэп Зиусхьаным ымакъэ.

26 Джащ пае Ащ ыIэ ахэмэ атырищэягъ,
шъоф нэкIым щигъэкIодынхэу
гущыIэ пытэкIэ ыIуагъ,
27 ахэмэ ялIакъо цIыф лъэпкъмэ
ахигъэкIухьанышъдж,
чIыналъэмэ арытэкъуагъэ ышIынхэу.
28 ПэIор къушъхьэм дэжь
БаIал тхьэнэпцIыр адагъэлъапIэзэ,
псэ зимыIэмэ афашIыгъэ къурмэнхэр
ашхыгъэх.
29 АшIагъэхэмкIэ Тхьэр агъэгубжыщтыгъэти,
зэпахырэ узыр ахэмэ къатебэнагъ.
30 Ау Пинэхъас къэтэджи,
хьыкум зешIым, узыр къэуцугъ.
31 ЛIэуж зэкIэлъыкIомэ
егъэшIэрэу ащымыгъупшэнэу
Тхьэм ащ шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъ.
32 Мэрыбэ ипсымэ адэжь
Тхьэм губж щырагъэшIыгъэти,
ахэмэ апае Мосэ
къиныпIэ ифагъ.
33 Сыда пIомэ ащ ыгу хэуIагъэхэти,
емыгупшысэу къэгущыIагъ.
34 Зиусхьаным унашъо афишIыгъэми,
хымэ лъэпкъхэр агъэкIодыгъэхэп,
35 ау ахэмэ захагъэкIухьи,
яIофхэм зарагъэсагъ.
36 Ахэмэ ятхьэ нэпцIхэм зафэIорышIэхэм,
яхъытыу ифагъэхэу къычIэкIыгъ.

37 ДжынапцIэхэм апае
яшъаохэмрэ япшъашъэхэмрэ
ашIыщтыгъ къурмэн.
38 КъэнаIан итхьэхэм апае акъохэр,
апхъухэр къурмэн ашIыхэзэ,
лъы хыер загъачъэкIэ,
чIыгум емыкIу рахыщтыгъ.
39 АшIагъэмкIэ заушIоижьызэ,
язекIуакIэкIэ Тхьэм фэшъыпкъагъэхэп.
40 Арыти Тхьэр ицIыф лъэпкъ фэгубжыгъ,
Ежь ицIыфхэр пхъэтэпэмыхь ышIыгъэх;
41 хымэ лъэпкъхэм ахэр аIэкIилъхьагъэх,
зылъэгъу мыхъухэрэм тетыгъо афыряIэнэу.
42 Егъэзыгъэу япыймэ аIыгъхэу,
аIэмычIэ чIэлъхэу псэущтыгъэх.
43 Ахэр бэрэ Ащ хищыжьыгъэх;
аущтми загъэкъаигъэти,
етIани япсэкIодшIагъэхэмкIи загъэунэ-
хъужьыщтыгъ.
44 Ау якуо макъэ зызэхихкIэ,
Ащ ахэмэ ятхьамыкIагъо
ынаIэ тыригъэтыщтыгъ.
45 Зэзэгъыныгъэу адишIыгъэри
ыгу илъыгъ,
ишIулъэгъу мыкIодыжь къыхэкIэуи
гукIэгъу афишIыщтыгъэ.
46 Ахэр гъэры зышIырэмэ зэкIэмэ
афаригъэшIыщтыгъэ гукIэгъу.
47 ТымыкIодэу тыкъэгъэнэжь,
Зиусхьанэу ти Тхь,

цIыф лъэпкъмэ такъыхэщыжьи, тыугъоижь,
О пцIэ лъапIэ ищытхъу къэтIэтынэу,
тыпфэрэзэнэу.
48 Щытхъур ий Зиусхьаным,
Израиль и Тхьэ, егъэшIэрэу!
ЦIыф лъэпкъым зэрэпсэоу къерэIу: Амин!
Зиусхьаным щытхъур ий!*

* 105:48 Тхьэм ищытхъу къэзыIотэрэ мы усэмкIэ «Гугъэ Орэдхэм» яплIэнэрэ тхылъ къеухы.

# Ятфэнэрэ тхылъ

## Я 106-рэ Орэд

### Тхьэм ихьалэлныгъэ ищытхъу

1 Зиусхьаным щытхъу фэшъушI –
Ар шIушъ.
МыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу!
2 Джаущтэу къарэIу Зиусхьаным
къыгъэнэжьыгъэхэм псэухэу,
къаIэкIихыжьыгъэхэм пыйхэм,
3 хымэ хэгъэгухэм къарищыжьыгъэхэм;
къокIыпIэм, къохьапIэм, темырым,
къыблэм къащыкIэдзагъэу.
4 Ахэмэ шъоф нэкI гъогунчъэм
къыщакIухьагъ,
цIыф щыпсэоу къалэ къамыгъотышъоу.
5 Гъаблэм ыгъалIэхэу, псым фалIэхэу,
агу кIодэу бэри къыхэкIыгъ.
6 Ау якъин хэтхэу
ахэр Зиусхьаным зелъэIухэм,

Ащ ахэр чIыпIэ гузэжъогъум
къырищыжьыгъэх.
7 Рищэжьагъэх ахэр гъогу занкIэкIэ
кIонхэу цIыф зыдэс къалэ.
8 Зиусхьаным щытхъур фарэшI:
ишIулъэгъу мыкIодыжь,
цIыфхэм афишIырэ Iоф шIагъохэм апае,
9 сыда пIомэ псым фызэгоутырэм
Ащ зырегъэгъэшъокIы,
зигъаблэми Ащ шхын фырегъэкъу.
10 Ахэмэ ащыщхэр шIункIымрэ
хьадэгъум ижьаурэ ахэсыгъэх –
гукIаем хэтхэу,
Iэхъу-лъэхъухэр ателъхэу;
11 сыда пIомэ Тхьэм игущыIэмэ
язэгъыгъэхэп,
Ар упчIэжьэгъу зыфашIынэу
зэрапэсыгъэп.
12 IофшIэн хьылъэм агу ыгъэкIодыгъ,
ебэджыгъэхэу,
IэпыIэгъу къафэхъуни амыгъотэу.
13 Ау якъин хэтхэу
ахэр Зиусхьаным зелъэIухэм,
Ащ ахэр чIыпIэ гузэжъогъум
къырищыжьыгъэх,
14 шIункIымрэ хьадэгъу жьаумрэ къахищыжьхи,
яIэхъу-лъэхъухэри зэпиутыгъэх.
15 Зиусхьаным щытхъур фарэшI –
ишIулъэгъу мыкIодыжь,
цIыфхэм афишIэрэ Iоф шIагъохэм апае:

16 сыда пIомэ гъоплъэ къэлапчъэхэр
Ащ екъутэх,
гъучI хьалъкъхэр зэпеутых.
17 ПсэкIодышIэ гъогоу зытетыгъэхэм,
ябзэджагъэ апае
акъылынчъэмэ къин ащэчыгъ.
18 Сыд фэдэ гъомлапхъи агу емыкIоу,
хьадэгъу къэлапчъэм пэблагъэ хъущтыгъэх.
19 Ау якъин хэтхэу
ахэр Зиусхьаным зелъэIухэм,
Ащ ахэр чIыпIэ гузэжъогъум
къырищыжьыгъэх;
20 игущыIэ Ащ афигъакIуи, ыгъэхъужьыгъэх,
хьадэгъу машэми щиухъумагъэх.
21 Зиусхьаным щытхъур фарэшI
ишIулъэгъу мыкIодыжь пае,
цIыфхэм афишIэрэ Iоф шIагъохэм апае!
22 Щытхъу къурмэнхэр Ащ фарэшIых,
ыгъэхъагъэхэр орэдкIэ къарэIуатэх!
23 Зыгорэхэр къухьэхэмкIэ хым ехыгъэх,
хышхомэ сатыу ащашIагъ;
24 хы быжъутэм халъэгъуагъэх
Зиусхьаным иIофшIагъи ишIэгъуашIи.
25 Ащ къыIуагъэти, жьышхор къилъыгъ,
ащ иорхэм лъагэу заIэтыгъ.
26 Ошъогумэ анэсэу дэкIоягъэх,
чIэнчъэ куум нэсэуи ехыгъэх;
къиным хэтхэу агухэр иткIукIыгъэх.
27 Ахэр чэрэгъугъэх, ешъуагъэхэм афэдэхэу,
щэо-плIэуагъэх, яакъыли щыуагъэх.

28 Ау якъин хэтхэу
ахэр Зиусхьаным зелъэIухэм,
чIыпIэ гузэжъогъум къырищыжьыгъэх.
29 Хыуаер кIым-сым Ащ ышIыгъ,
хыорхэр ыгъэIэсэжьыгъэх.
30 Хыорхэр зэIасэхэм, чэфыгъэх ахэр,
зыкIэхъопсырэ къухьэуцупIэм
къырищэлIагъэх.
31 Щытхъур фарэшI Зиусхьаным
мыкIодыжьырэ ишIулъэгъу,
цIыфхэм афишIэрэ Iоф шIагъохэм апае.
32 ЦIыфхэм язэIукIэшхо
щытхъур Ащ щыфарэIэт,
нахьыжъхэм язэфэс ищытхъу къыщарэIуат!
33 Ащ псыхъохэр – шъоф нэкIы,
псы къэкIуапIэхэр – чIыгу гъушъэ ешIых,
34 гъэбэжъу чIыгум щыгъу хизы ешIы,
ащ щыпсэухэрэм япсэкIодхэм къахэкIэу.
35 Шъоф нэкIыр Ащ псыутIэ ешIы,
псы къэкIуапIэу – чIыгу игъукIыгъэр.
36 Ащ мэлэкIалIэхэр тырегъэтIысхьэхэшъ,
дэсынхэу къалэр агъэпсы;
37 губгъохэр апхъых, сэнашъхьэу
бэу къызпыкIэрэр ахэмэ агъэтIысхьэ.
38 Ахэмэ ынэшIу ащефэшъ, мэбагъох,
ябылыми зи къыщигъакIэрэп.
39 Ахэр нахь макIэ хъугъэх,
тхьамыкIагъом, егъэзыгъэ щыIакIэм,
нэшхъэигъом екIагъэ ышIыгъэх.

40 Ащ пщыхэм емыкIу арешIэ,
шъоф нэкI гъогунчъэм
къыщакIухьанэу къыренэх.
41 Ау тхьамыкIэр къиным къыхещышъ,
егъэбагъо мэл Iэхъогъоу илIакъо.
42 Ар алъэгъушъ,
шъыпкъагъэ зиIэхэр мэгушIох,
ау зэкIэ цIыф бзаджэхэм
ажэхэр зэтракъузэ.
43 АкъылышIом а Iофхэм ынаIэ атырерэгъэт,
ерэгупшысэх цIыфхэр
Зиусхьаным ишIулъэгъу мыкIодыжь.

## Я 107-рэ Орэд

### Тхьэр Израиль ипыйхэм атекIоным пае тхьэлъэIу

*[1] Даут иорэд*

2 Сыгу хьазыр,
сыгукIэ сыпыт, Тхьэр;
орэд къэсIощт,
щытхъоу Ощ пае сиIэр
орэдкIэ сIотэщт.
СпсэкIэ орэд къыпфэсIощт.
3 Къэущ, пщынэтIаркъор, бзэпс пщынэр!
Сэ нэфшъагъор къэзгъэущын.

4 ЦIыф лъэпкъмэ сахэтэу
уищытхъу,
Зиусхьан, сэ сIотэщт;
лъэпкъ макIэмэ сахэтэу
орэдкIэ уищытхъу сэ сIотэщт.
5 Сыда пIомэ уишIулъэгъу мыкIодыжь
ошъогумэ анахь лъаг,
уишъыпкъагъэ ошъуапщэхэм анэсы.
6 Ошъогумэ анахь лъагэу
уIэтыгъэу орэхъу О, Тхьэр!
ТыдэкIи чIыгум ышъхьагъ
уищытхъу щэрэгъэIагъ,
7 О шIу плъэгъугъэхэр
къиным хэкIыжьынхэу;
сыкъэгъэнэжьи пIэ джабгъукIэ,
сыкъэлъэгъу.
8 Иунэ лъапIэ Тхьэм къыщиIуагъ:
«СэгушIо лъэшэу, Щэхэм згощыщт,
Сукъот кIэйри зэтесыутыщт.
9 ГъылыIад, Мэнасэ сэсый;
Ефраим – ситандж;
Ехъудэ – сидышъэ бэщ.
10 Моаб – зызэрыстхьакIэрэ лэджэн,
Едом – сищазымэ чIэгъ,
фылист чIыгум ситекIоныгъэ ымакъэ
гушIогъошхокIэ сэ щысIэтыщт».
11 Къэлэ гъэпытагъэм хэта сыдэзыщэщтыр?
Едом хэт сищэщт?

[12] Тхьэ, тычIэбдзыгъэу ара?
Тидзэхэр гъусэ пшIыгъэхэу,
О удэмыкIэу удэс, ара?
[13] Пыйхэм татекIонэу къытэт IэпыIэгъу –
пкIэнчъэ цIыфым ущыгугъыныр.
[14] Тхьэр тигъусэмэ, тымыгъэхъэн щыIэп.
Ар атекIощт типыйхэм.

## Я 108-рэ Орэд

**ТхьамыкIагъом хэт цIыфым Тхьэм зыфегъазэ**

*ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Даут иорэд*

[1] Щытхъоу сшIырэм и Тхь, зымыушъэф!
[2] Сыда пIомэ цIыф бзаджэхэм,
хьилэхэм ажэ сыдэлъ,
псэлъэ нэпцIыхэмкIэ сигугъу ашIы.
[3] Бгъу пстэухэмкIи, силажьэ хэмылъэу,
джэгъогъу гущыIэкIэ сыкъэуцухьэ,
сыхьакъынчъэу сагъэпыи.
[4] СишIулъэгъу пае сэ ахэмэ сагъэмысэ,
сэ Тхьэм сафелъэIуми.
[5] СишIушIагъэ бзэджагъэкIэ пэгъокIыжьых,
сишIулъэгъу – уджэгъуныгъэкIэ.

6 ХьыкумышIэ бзаджэр
ыгъэмысэнэу фэгъэуцу,
ежь иочыл ыгъэмысэнэу орэхъу*.
7 Хьыкум шIыгъом ар мысэ орэхъу,
итхьэлъэIуи псэкIод фэрэхъу;
8 имафэхэр кIако орэхъух,
ащ ычIыпIи нэмыкI ерэуцу;
9 исабыйхэр ибэ орэхъух,
ишъузи шъузабэу къэрэн;
10 къарэкIухь исабыймэ лъэIуакIохэу,
яунэ зэхэтэкъуагъэ чIарэфых;
11 чIыфэ къезытыгъэм
ежь имылъку зэкIэ шIуерэштэжь,
иIофшIагъи зэкIэ хымэ Iахьы орэхъу;
12 шIулъэгъу мыкIодыжь фэзышIын
къэрэмыхъу,
исабый ибэхэм – афэгумэкIын;
13 лъэпсэкIоды орэхъух ащ текIыгъэхэр,
къакIэлъыкIорэ лIэужхэми
ащ ыцIэ ащэрэгъупшэжь.
14 Ащ ятэжъхэм ямыхъо-мышIагъэ
Зиусхьаным ыгу къэрэкIыжь,
ащ янэ псэкIодэу ышIагъэр
ныбжьырэм лъэпсэкIоды орэмыхъу;
15 Зиусхьаным ыпашъхьэ
япсэкIодхэр ренэу ерэтых,
ежьхэр чIыгум
цIыфхэм агу къыщэрэмыкIыжь.

---

* 108:6 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ: зыгъэмысэрэр иджабгъоу щэрэт.

16 Сыда пIомэ тхьамыкIэу, щыкIагъэ зиIэм,
зыгу кIодыгъэм
шIу афишIэнкIэ фэмыеу,
лIэнхэм нэсыфэ къырифэкIыгъэх.
17 Бгыбзэр шIу ылъэгъугъэшъ,
ар ащ къытерэфэжь;
Тхьэм ынэшIу ащифэнэу фэягъэпышъ,
Тхьэм ынэшIу пэчыжьэ орэхъу.
18 Бгыбзэр ащ шъуашэу зыфишIыжьыгъ,
ар псым фэдэу ыкIоцI ерэхь,
дагъэм фэдэу ыкъупшъхьэ хэрэхь.
19 Шъошэ папкIэу фэрэхъу ар,
бгырыпхэу мафэ къэс
ыбгы рилъхьэрэм фэдэу орэхъу.
20 Джар Зиусхьаным
сызыгъэмысэхэрэм аферэгъэшъуаш –
мыхъунхэр зыIорэмэ сэ къысфэгъэхьыгъэу!
21 Сэ О, Тхьэу си Зиусхьан,
О пцIэ лъапIэ ихьатыркIэ шIу къысфашI:
уишIугъэшхорэ
уишIулъэгъу мыкIодыжьырэ апае
сыхэщыжь.
22 Сыда пIомэ сытхьамыкI, сыекIагъ,
сыгуи лъэшэу къыхэуIагъэх.
23 Пчыхьэрэ ныбжьыкъум фэдэу
сэкIодыжьы;
сыкъырафэкIы мацIэр зэрэзэрафэу.
24 ЗэрэсинэкIым къыхэкIэу
слъэгуанджэхэр хъыбэй хъугъэх,
спкъышъоли оды хъугъэ.

25 Сэ ахэмэ кIэнэкIалъэ сашIыгъ;
ашъхьэхэр зэфагъэсысы сызалъэгъукIэ.
26 Зиусхьанэу си Тхь, къыздеI,
уишIулъэгъу мыкIодыжькIэ сыкъэгъэнэжь,
27 ау О уиIэшIагъэхэр арэшI,
зэхарэшIыкI О ар зэрэпшIагъэр.
28 Ахэр къысэрэбгых, ау О
унэшIу къысщыгъаф;
ахэмэ зыкъыспаIэтыгъ,
ау нэпэнчъэ хъугъэх;
сыуиIумэтышъ, сыгъэгушIожь.
29 Сызыгъэмысэхэрэм нэпэнчъагъэр яшъуашэ
орэхъу,
хьэйнэпагъэр ящыгъынэу орэхъу.
30 Сэ Зиусхьаным сIупэхэмкIэ сымакъэ
Iэтыгъэу
щытхъур фэсшIыщт,
цIыфыбэмэ сахэтэу
ищытхъу сIотэщт,
31 сыда пIомэ Ар тхьамыкIэм иджабгъоу щыт –
ыпсэ лъыхъухэрэм ащиухъумэнэу.

## Я 109-рэ Орэд

### Зиусхьанымрэ Ащ ихэхыгъэ Пачъыхьэмрэ

*Даут иорэд*

1 Тхьэу Зиусхьаным
Си Зиусхьан риIуагъ:
«Уипыйхэр лъэгукIэтын сэшIыфэхэ,
сиджабгъукIэ О щыс».
2 О пкIуачIэ ипачъыхьэ бэщ
Цион къикIэу къыуитыщт,
Зиусхьаным О къыпфигъэхьыщт:
тетыгъор уипыйхэм азыфагу щыIыгъ.
3 Уипыймэ узщязаорэ мафэм,
ежь яшIоигъоныгъэкIэ уицIыфхэр
О къыбдеIэнхэу хьазырых.
Пчэдыжь нэфылъым къыпэу,
осэпсым икъакIо фэдэу,
уиныбжьыкIэгъу къыпфэкIощт.
4 Тхьэу Зиусхьаным гущыIэ пытэ ышIыгъэшъ,
кIэгъожьыщтэп: «Малкъыцэдэкъ* фэдэу,
ори егъашIэм укъурмэнышIыщт».
5 Тхьэу Зиусхьаныр О, пачъыхьэр,
уиджабгъукIэ щыI,
Ащ игубжыгъо мафэм
пачъыхьэхэр зэтыриукIэщтых;

* 109:4 Малкъыцэдэкъ – Тхьэу ЗэкIэми Анахь Иным икъурмэнышIэу щытыгъ, еплъ: «УблапIэ» 14:18.

6 ЦIыф лъэпкъмэ хьыкум атыришIыхьащт,
чIым хьадэр тизыбзэ ышIыщт,
чIыгу хъоо-пщаум
пачъыхьэхэр щигъэтэкъощтых.
7 Пачъыхьэр гъогу тетэу
псэу чъэрэм ешъощт,
тетыгъошхо джащ пае ритыщт.

## Я 110-рэ Орэд

**Тхьэм ишIэгъуашIэхэр**

*Зиусхьаным щытхъу фэшъушI*

1 О щытхъур пфэсшIыщт, Зиусхьан,
сыгу зэрэпсаоу къыздеIэу,
Тхьэм фэшъыпкъэхэм язэIукIэгъум.
2 Зиусхьаным иIофхэр иных,
ахэр зыгу рихьырэ пстэури
ахэмэ ахэгупшысыхьэх.
3 Ащ иIоф – икъукIэ щытхъу, дэхагъ,
Ащ ишъыпкъагъэ гъэшIэным щыIэщт.
4 Ащ ишIэгъошIагъэхэр
цIыфхэм агу къагъэкIыжьы;
хьалэл, гукIэгъушI Зиусхьаныр.
5 Щынагъо Ащ фызиIэхэм
гъомлапхъэр къареты;

Iуагъэу ышIыгъэр
гъэшIэным къешIэжьы.
6 Ащ иIофшIагъэмэ кIуачIэу ахэлъыр
ицIыфхэм Ащ къаригъэлъэгъугъ,
хымэ лъэпкъхэм ячIыгу къаритызэ.
7 Ащ иIэшIагъэхэр шъыпкъэх, зафэх,
къышIыгъэ пшъэрылъхэр цыхьэшIэгъу
закIэх.
8 ГъэшIэнхэм ащызэщыкъощтхэп ахэр,
цIыфхэм шъыпкъагъэрэ
зэфагъэкIэрэ агъэцэкIэнхэу.
9 Ащ ицIыф лъэпкъ шъхьафит ышIыгъ;
мыкIодыжьын Iуагъэ адишIыгъ.
ЛъапIэ, щынагъу Ащ ыцIэ!
10 АкъылышIуагъэм ылъапс –
Зиусхьаным ищынагъо угу илъыныр;
Ащ ипшъэрылъхэр зыгъэцакIэрэмэ
зэкIэмэ язэхэшIыкI тэрэз.
Зиусхьаным щытхъур ий гъэшIэным.

## Я 111-рэ Орэд

**ШъыпкъагЪэ зиIэ цIыфым**
**Тхьэм ынэшIу зэрэщифэрэр**

*Зиусхьаным щытхъу фэшъушI*

1 Сыхьатмафэ ежьагъ
Зиусхьаным щыщынэу,

Ащ иунашъохэм
лъэшэу ащыгушIукIырэ цIыфыр.
2 Ащ къытекIыхэрэр щылъэшыщтых чIыгум;
Ежь фэшъыпкъэмэ,
Тхьэм ынэшIу къащифэщт.
3 Ащ иунэ мылъкушхорэ нэхъойрэ илъ,
ащ ишъыпкъагъэ гъэшIэным щыIэщт.
4 ЦIыф зафэмэ шIункIым
нэфынэр къащыфыхэнэ;
ахэр шIух, гукIэгъушIэх,
Тхьэм ахэр фэшъыпкъэх.
5 ЦIыфышIу – гукIэгъу зыхэлъэу
чIыфэ зытэу,
зиIоф зэфагъэкIэ зезыхьэрэр;
6 ар лъэпэощтэп гъэшIэным,
агу илъыщт Тхьэм фэшъыпкъэр гъэшIэным.
7 Ыгу къеон къэбар къыраIоным
щыщынэщтэп;
Зиусхьаным щэгугъышъ, ыгу пытэ.
8 Ащ ыгу пытэ хъугъэ, щынэщтэп,
Тхьэр ипыйхэм атекIонэу мэгугъэшъ.
9 Ащ имылъку ыгощыгъ хьалэлэу,
тхьамыкIэмэ ар аритыгъ,
ащ шъыпкъагъэу Тхьэм фыриIэр
кIодыщтэп,
щытхъурэ кIуачIэрэ ащ Тхьэм
къыфегъэшъуашэ.
10 ЦIыф бзаджэм ар елъэгъушъ,
ыгу фэщэчырэп, ыцэхэр зэригъэшхэу,
зестыжьы.

ЦӀыф бзаджэм
зыкӀэхъопсырэр къыӀэкӀэхьащтэп.

## Я 112-рэ Орэд

**Зиусхьаныр хьалэл, щытхъу фэтэжъугъэшӀ**

*Зиусхьаным щытхъу фэшъушӀ*

1 Шъущытхъу Зиусхьаным, Ащ иӀумэтхэр,
Зиусхьаным ыцӀэ шъущытхъу!
2 Джы щегъэжьагъэу гъэшӀэным
Зиусхьаным ыцӀэ щытхъу фарэшӀ!
3 тыгъэр къызщыкъокӀырэм щегъэжьагъэу
зыщыкъохьажьырэм нэс
Зиусхьаным ыцӀэ
щытхъур щыфарэшӀ!
4 Зиусхьаныр цӀыф лъэпкъ пстэуми
лъагэу ашъхьащыт;
Ащ ищытхъу
ошъогумэ ашъхьагъ нэсы.
5 Хэта Зиусхьанэу, ти Тхьэ фэдэр:
лъагэм щыпсэузэ,
6 Ащ зыкъещэи,
чӀыгумрэ ошъогумрэ къылъэгъунхэу;
7 къыхещыжьы сапэм тхьамыкӀэр,
хэкӀым къыщегъэпсэужьы щыкӀагъэ зиӀэр,

8 пщымэ агуегъэтIысхьэх,
зыщыщ цIыф лъэпкъым ипщымэ;
9 сабый зыхэмыкIырэр ны хъугъэу,
сабыймэ ащыгушIукIэу,
унэм регъэтIысхьэ.
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI!

## Я 113-рэ Орэд

### Пэсахъ орэд

1 Израиль цIыфхэр Мысырым къызекIыжьхэм,
Якъубэ къытекIыгъэмэ
хымабзэкIэ гущыIэрэ цIыф лъэпкъыр
къызабгынэм,
2 Ехъудэ – Зиусхьаным илъэпкъ лъапIэу,
Израиль – Ащ иунаеу хъугъэ.
3 Къылъэгъуи хыр, ечъэжьагъ,
Иордан псыхъори зэкIэкIожьыгъ.
4 Къушъхьэхэр мэлмэ афэдэхэу,
шъхьэчъэ-псачъэу зечъэщтыгъэх,
Iуашъхьэхэр шъынэхэм афэдэхэу,
дэщтэ-даоу дэзэрэгъэпкIаещтыгъэх.
5 Сыда, хыр, къыпщышIыгъэр,
сыда зыфыкIэптхъугъэр?
Сыда, Иордан, къыпщышIыгъэр,
узэкIэмыкIомэ мыхъунэу?

6 Сыда шъо, къушъхьэхэр, мэлмэ афэдэу,
сыда, Іуашъхьэхэр, шъынэмэ афэдэу,
шъузфыдэпкІаерэр?
7 Зиусхьаным ыпашъхьэ щыкІэзэз, чІыгур,
Якъубэ и Тхьэ ыпашъхьэ щыкІэзэз,
8 къушъхьэ цакІэр – псылъэбанэ,
мыжъор псы къэкІуапІэу зышІырэм.
9 * Тэрэп, Зиусхьан,
тэрэп щытхъу зифэшъуашэр,
щытхъур О пцІэ фэрэшъуаш –
уишІулъэгъу мыкІодыжьырэ
уифэшъыпкъэныгъэрэ яхьатыркІэ.
10 Хымэ лъэпкъхэм сыд пае аІощт:
«Тыдэ щыІа ахэмэ я Тхьэ?»
11 Тэ ти Тхьэ – ошъогумэ адэжь;
зыфаер зэкІэ Ащ ешІэ.
12 Ежьхэм ятхьэхэр –
тыжьынымрэ дышъэмрэ ахэшІыкІыгъэхэу,
ахэр цІыф ІэшІагъэх.
13 Ахэмэ жэ яІ, ау гущыІэхэрэп;
ахэмэ нэ яІ, ау плъэхэрэп;
14 тхьакІумэ яІ, ау ахэмэ зэхахырэп;
пэбзый яІ, ау мэр зэхашІэрэп;
15 Іэхэр яІэх, ау зынэсхэрэр къашІэрэп;
яІэх лъакъохэр, ау ахэр кІохэрэп,
ахэмэ ачыишъхьэ
макъэ къырагъэкІын алъэкІырэп.

---

* 113:9 Мы усэр ижъырэ джуртыбзэмкІэ щыІэ Іэпэрытхым ия 115-рэ Орэд иапэрэ усэу щыт.

16 Ахэр зышIи, ахэмэ ащыгугъри
ятхьэмэ афэдэ орэхъух.
17 Израиль лъэпкъ! Зиусхьаным щыгугъ!
Ар шъуиIэпыIэгъу, шъуимэIу.
18 Хьарунэ къурмэнышIхэр!
Зиусхьаным шъущыгугъ!
Ар шъуиIэпыIэгъу, шъуимэIу.
19 Зиусхьаным щынагъо фызиIэхэр,
шъущыгугъ Зиусхьаным!
Ар шъуиIэпыIэгъу шъо, шъуимэIу.
20 Зиусхьаным ыгу тилъ,
Ащ ынэшIу къытщифэщт,
Израили хьарунэ къурмэнышIхэми
ынэшIу къащифэщт;
21 Зиусхьаным щынагъо фызиIэмэ
цIыкIуи ини ынэшIу къащифэщт.
22 Нахьыбэу, нахьыбэу Зиусхьаным
хахъо шъуерэгъэшI –
шъуисабыйхэми шъори.
23 Зиусхьанэу
ошъогуи чIыгуи къэзыгъэшIыгъэхэм
ынэшIу къышъущерэф.
24 Ошъогу – ошъогур Зиусхьаным ий,
чIыгур къаритыгъ цIыфмэ.
25 ЛIагъэхэр арэп Зиусхьаным
щытхъу фэзышIыхэрэр,
зэкIэ
хэгъэгу мэкъэнчъэм еххэри арэп;
26 Ау тэ Зиусхьаным щытхъу фэтшIыщт –
джы къыщегъэжьагъэу гъэшIэным.
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI.

# Я 114-рэ Орэд

**Тхьэм хьадэгъум къыIэкIихыжьыгъэ лIым**
**Ащ щытхъу фешIы**

1 Зиусхьаным ситхьэлъэIу,
силъэIу макъэ зэхихыгъэшъ,
Ар шIу сэлъэгъу;
2 Сэ Ащ зыкъысфигъэзагъэшъ,
сыщэIэфэ Ащ селъэIущт.
3 Хьадэгъу Iэхъу-лъэхъухэм сызэкIаубытагъ,
хьадрыхэ ищынагъохэр сэ къыстеуагъэх;
сахэфагъ гузэжъогъу-нэшхъэигъомэ.
4 Джащыгъум сэ Зиусхьаным селъэIугъ:
«Зиусхьан! СыолъэIу: спсэ къэгъэнэжь.»
5 Хьалэл Зиусхьаныр, иI шъыпкъагъэ,
ти Тхьэ гукIэгъушIэ.
6 Зиусхьаным цIыф къулайцызхэр къеухъумэх:
кIочIаджэ сыхъугъэти, сикъыгъэнэжьыгъ.
7 Сыгу, рэхьатыгъоу уиIагъэр къэгъотыжь:
сыда пIомэ Зиусхьаным
о шIугъэр къыуипэсыгъ.
8 Спсэ хьадэгъум О къыIэкIэпхыжьыгъ,
сынэхэр – нэпсым,
слъакъохэр – лъэпэонхэм ащыуухъумагъэх.
9 Зиусхьаным инэплъэгъу ситэу,
псэумэ ячIыгу къыщэсэкIухьэ.

## Я 115-рэ Орэд

1 СишIошъхъуныгъэ сэ сытекIыгъэп*,
гухэкIышхо сиIэу сIощтыгъэми.
2 Гузэжьогъум сыхэтэу къэсIогъагъ:
цIыфым ущыгугъыныр хьаулый.
3 Зиусхьаным шIоу къысфишIэгъэ пстэуми
япэгъокIэу сыда Ащ фэсшIэжьыщтыр?
4 Сэнэпс Iэгубжъэ
Зиусхьаным къурмэн фэсшIыщт
сыкъызэригъэнэжьыгъэм пае.
5 Зиусхьаным зэкIэ ицIыфмэ
апашъхьэ ситэу
гущыIэу Ащ естыгъэр
къэзгъэшъыпкъэжьыщт.
6 Тхьэм щынагъо фызиIэхэм хьадэгъу
къякIуныр
ЗиусхьанымкIэ нэшхъэигъэшху.
7 О, Зиусхьан! СыуиIумэт,
сянэу уиIумэт сырикIал;
Iэхъу-лъэхъухэр сэ О степхыгъэх.
8 Щытхъур къурмэныпхъэу О пфэсшIыщт,
Зиусхьаным сэ селъэIущт.
9 Зиусхьаным зэкIэ ицIыфмэ
апашъхьэ ситэу,

---

* 115:1 Мы усэр ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым ия 11-рэ Орэд яяпшIэнэрэ усэу щыт.

Ащ фэсшIыгъэ тхьэлъанэр
кЪэзгъэшъыпкъэжьыщт,
10 Зиусхьаным и Унэ ищагумэ садэтэу,
Ерусэлэм къалэ сыщыIэу!
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI.

## Я 116-рэ Орэд

**ЗэкIэ цIыф лъэпкъхэм Зиусхьаным щытхъу фарэшI**

1 ЗэкIэ цIыф лъэпкъхэр,
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI,
ищытхъу шъуIэты,
зэкIэ цIыф лъэпкъ пстэуми;
2 сыда пIомэ Ащ тэрыкIэ
ишIульэгъу мыкIодыжь ин дэд,
Ащ къытфыриIэ фэшъыпкъэныгъэр
егъэшIэрэ.
Щытхъу фэшъушI Зиусхьаным.

## Я 117-рэ Орэд

**ТекIоныгъэм ищытхъу тхьэлъэIу**

1 Зиусхьанымкlэ рэзэныгъэ зижъугъаl,
сыда пIомэ Ар шIу,
Ащ ишIулъэгъу мыкIодыжьын.
2 Израиль ицIыфхэм непэ къашъуIо:
«Ащ ишIулъэгъу мыкIодыжьын».
3 Хьарунэ къурмэнышI пстэуми
непэ къашъуIо:
«Ащ ишIулъэгъу мыкIодыжьын».
4 Зиусхьаным щынагъо фызиIэхэр,
непэ къашъуIо:
«Ащ ишIулъэгъу мыкIодыжьын».
5 Гузэжъогъум сыхэтэу
Зиусхьаным селъэIугъэти,
Ащ сыкъызэхихи, шъхьафит сишIыжьыгъ.
6 Зиусхьаныр къызготышъ, сыкъэщтэщтэп;
сыд къысишIэна сэ цIыфым?
7 Зиусхьаныр IэпыIэгъоу къызгот;
сиджэгъогъухэм атекIуагъэхэу слъэгъущт.
8 ЦIыфым цыхьэ фэпшIын нахьи,
Зиусхьаныр шъхьэегъэзыпIэ зыфэпшIымэ
нахьышIу.
9 Тетыгъо зиIэхэм цыхьэ афэпшIын нахьи,
Зиусхьаныр шъхьэегъэзыпIэ зыфэпшIымэ
нахьышIу.

10 ЗэкIэ цIыф лъэпкъэу щыIэмэ сыкъауцухьагъ,
ау Зиусхьаным ыцIэкIэ зэхэзгъэтэкъуагъэх.
11 Iужъоу сыкъадзыхьагъ;
ау Зиусхьаным ыцIэкIэ зэхэзгъэтэкъуагъэх.
12 Бжьэ куп фэдэу къыстебанэхи,
пхъэжъые машIом фэдэу, кIосэжьыгъэх;
Зиусхьаным ыцIэкIэ сэ ахэр
зэхэзгъэтэкъуагъэх.
13 Сыраутын ямурадэу, ахэмэ лъэшэу
сырагъэзыгъ;
ау Зиусхьаныр сэ къыскIэIагъ.
14 Зиусхьаныр ары кIуачIэ къысэзытырэр,
Ары сиорэд зэхьылIагъэр;
си КъэгъэнэжьакIоу Ар хъугъэ.
15 Тхьэм фэшъыпкъэмэ псэупIэу яIэмэ
текIоныгъэм игушIогъо макъэ арэIукIы:
«Тхьэм ыIэ джабгъу фызэшIокIырэр бэ дэд!
16 Зиусхьаныр ыIэ джабгъукIэ мао,
атещэягъ Зиусхьаным ыIэ джабгъу,
Ащ фызэшIокIырэр бэ дэд!».
17 СылIэщтэп, сыщыIэщт нахь,
зэлъязгъэшIэнэу Зиусхьаным
иIофшIагъэхэр.
18 Сигъэпщынагъ Зиусхьаным пхъашэу,
ау хьадэгъум сыIэкIигъэфагъэп.
19 КъысфыIушъух Тхьэм и Унэ икъэлапчъэ,
ащ сычIэхьэнышъ,
Зиусхьаным щытхъур фэсшIыщт.
20 Мары икъэлапчъэ Зиусхьаным;
Ежь фэшъыпкъэхэр ащ дэхьащтых.

21 Рэзэныгъэ пфэсшIыщт, сыкъызэхэпхи,
сыкъызэрэбгъэнэжьыгъэм пае.
22 Унэ зышIыхэрэм чIадзыжьыгъэ мыжъор
а унэр зытет мыжъо дэдэу хъужьыгъэ.
23 Мыр Зиусхьаным иIэшIэгъэ Iоф,
ар тэркIэ шIэгъо дэд.
24 Мыр Зиусхьаным къышIыгъэ маф;
тыкIэжъугъэгушIу, тыкIэжъугъэчэф ащ.
25 ТыолъэIу, Зиусхьан, тыкъэгъэнэжь,
тыолъэIу, къыддэгъэхъух тиIофхэр!
26 Сыхьатмафэ ежьагъ
Зиусхьаным ыцIэкIэ къакIорэр.
Зиусхьаным иунэ титэу
Ащ ынэшIу къышъущыфэнэу тэлъаIо.
27 Зиусхьаныр – Тхьэ, шIу къытфишIагъ.
Къутамэхэр шъуIыгъхэу
мэфэшхор ежъугъажь,
къурмэнышIыпIэр къэшъукIухь.
28 Си Тхьэр – Оры: рэзэныгъэ пфэсшIыщт;
Си Тхьэр – Оры: пцIэ лъагэу сIэтыщт.
29 ЗиусхьанымкIэ рэзэныгъэ зижъугъаI,
Ащ ишIулъэгъу мыкIодыжьын.

# Я 118-рэ Орэд

## Зиусхьаным ихабз

1 Зигъогу къабзэхэр гъогу мафэ теуцуагъэх, –
Зиусхьаным ихабзэ игъогу рыкIохэрэр.
2 Сыхьатмафэ ежьагъэх
Ащ игущыIэ гъуазэхэр зыгъэцакIэхэрэр,
гоу яIэмкIэ Ащ лъыхъухэрэр.
3 Мыхъун зи амышIэу,
Ащ игъогумэ ахэр арэкIох.
4 Пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэр
пытэу тIыгъынхэу
унашъо О къытфэпшIыгъ.
5 А-ей, ипхъухьагъэхэр згъэцэкIэнхэу,
сигъогу теубытагъэ хэлъэу сырыкIозэ,
6 зэкIэ уиунашъомэ сынаIэ атетмэ,
сыкъэукIытэжьыщтэп.
7 ГупцIэнагъэу сиIэмкIэ
О щытхъу пфэсшIыщт,
сарыгъуазэзэ уизэфагъэрэ уишъыпкъагъэрэ.
8 Ипхъухьагъэхэр сэ згъэцэкIэщтых;
утыгум сыкъимыгъан егъашIэми.
9 Сыдэущтэу шъэожъыер
игъогу къабзэу рыкIощта? –
УигущыIэ тетэу ащ фэсакъымэ ары.
10 Сыгу зэрэпсэоу къыплъэхъу;
уиунашъомэ садэмыгъэх.

11 О уигущыIэ сыгу ислъхьагъ,
уапашъхьэ псэкIод щысымышIэнэу.
12 Щытхъу пфэсэшIы О, Зиусхьан!
Ипхъухьагъэхэм О сафэгъас.
13 СымакъэкIэ къэсэIотэ зэпыт
О уизэфагъэкIэ къэпIуагъэхэр.
14 О уигущыIэ гъуазэмэ ягъогумэ
сащэгушIо,
мылъкушхом нахь сшIолъапIэхэу.
15 Сягупшысэ пшъэрылъэу
къытфэпшIыгъэхэм,
уигъогумэ сынаIэ атет.
16 Ипхъухьагъэхэм сарыгушIощт,
сщыгъупшэрэп сэ О уипсалъэ.
17 СыуиIумэтышъ, шIу къысфашI,
сыпсэунэу, згъэцэкIэнэу уигущыIэ.
18 Сынэхэр къэгъаплъэх,
уихабзэ ишIагъохэр зэзгъэлъэгъунхэу.
19 Сэ дунаим сыщыхьакI;
сшIомыушъэфых уиунашъохэр.
20 О уихьыкумэу зэпыугъо имыIэу
сызыкIэхъопсырэмэ, сызэгуагъэуты.
21 Уягыи О укIытэ зимыIэхэм,
бгыбзэ зытелъхэм, уиунашъохэм
атекIыхэрэм.
22 Мыхъун къысарэмыIуалI,
пхъэтэпэмыхь сарэмышI,
уигущыIэ гъуазэхэр згъэцэкIагъэхэшъ.
23 Сэ сыкъагъэпыеу, зэрэгъэIушыжьхэу,
тетыгъо зиIэхэр зэхэсых;

ипхъухьагъэхэм
сэ, уиIумэтым, сягупшысэ.
24 О уигущыIэхэр – гъуазэх,
ахэмэ сагъэгушIо, сиупчIэжьэгъух.
25 Сапэм щыщ сыхъугъ,
сызэрэбгъэгугъагъэу сыкъэгъэпсэужь.
26 Сэ гъогоу сызэрыкIуагъэм
икъэбар къызыпфэсэIуатэм,
сыкъызэхэпхыгъ,
сафэгъас О ипхъухьагъэхэм.
27 Пшъэрылъэу къэпшIыгъэхэм ягъогу
къэсшIэнэу къызгурыгъаIуи,
шIэгъошIагъэхэм сягупшысэщт.
28 Гукъэошхом спсэ регъэгъукIы:
тызэрэбгъэгугъагъэм тетэу сыгу къэгъэпыт.
29 Гъогу пхэнджхэм сапэчыжьэ шIыри,
шIу къысфашIи, уихабзэ сэгъашI.
30 Сыпфэшъыпкъэным игъогу къахэсхыгъ,
уихьыкумхэр сапашъхьэ сшIыгъэх.
31 СяпкIылIагъ уигущыIэ гъуазэмэ,
Зиусхьан: нэпэнчъэ сымыгъэхъу!
32 Сарычъэщт уиунашъохэм ягъогумэ,
сиакъыл нахь ины къызыпшIыкIэ.
33 Ипхъухьагъэхэм ягъогу къэгъэлъагъуи,
Зиусхьан, гъунэм нэсыфэ ахэмэ сарыкIощт.
34 Акъыл къысэтри,
О хабзэу бгъэуцугъэм сэ сыдэхыщтэп,
гоу сиIэмкIэ ащ сытетыщт.
35 Уиунашъохэм ялъагъо сырыгъакIу,
ахэр силъапIэхэшъ.

36 Мылъкур арэп,
уигущыIэ гъуазэмэ сыгу афэгъаз.
37 Синэплъэгъу
Iоф мышъо-мылмэ апэIух,
уигъогу сытетэу кIуачIэ къысхалъхь.
38 ГущыIэу щынагъо къыпфызиIэхэм яптыгъэр
сэ, уиIумэтым, къысфэгъэшъыпкъэжь.
39 Сямыгъэуб, сыщэщынэшъ убэным,
сыда пIомэ уихьыкумхэр шIух.
40 Мары, О пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэм
сафалIэ сыхъугъ;
О шъыпкъагъэ уиIэшъ, сыкъэгъэпсэужь.
41 МыкIодыжьын уишIулъэгъукIэ
къыздэзекIу, Зиусхьан, –
сызэрэбгъэгугъагъэм тетэу сыкъэгъэнэжь.
42 ЕтIанэ сэ мыхъун къысэзыIуалIэхэрэм
джэуап ястыщт,
сыда пIомэ сыщэгугъы О уигущыIэ.
43 СIымыхып
сыжэ къыдэкIырэ шъыпкъэгъэ гущыIэр,
уихьыкуммэ сэ сащэгугъышъ;
44 уихабзэ згъэцэкIэ зэпытыщт гъэшIэным,
лIэшIэгъумэ лIэшIэгъухэр къакIэлъыкIоу.
45 Шъхьафитэу сыкъекIокIыщт,
сыда пIомэ пшъэрылъэу
къытфэпшIыгъэхэр
зэрэзгъэцэкIэнхэм ыуж ситыгъ;
46 уигущыIэ гъуазэхэр
пачъыхьэмэ апашъхьэ къыщысIотэщтых,
нэпэнчъэ сыхъущтэп.

47 Уиунашъохэр шIу слъэгъугъэхэшъ,
сагъэгушIо.
48 Уиунашъохэу шIу слъэгъугъэмэ
сIэхэр афэсэщэи,
сягупшысэщт ухэсыгъэу бгъэуцугъэхэм.
49 Угу игъэлъ сэ, уиIумэтым,
гущыIэу къысэптыгъагъэр,
О ащ сыщыбгъэгугъыгъ.
50 ТхьамыкIагъом сызыщыхэтым,
гупсэфыгъо къысэзытырэр
сыкъэбгъэпсэужьынэу
сызэрэбгъэгугъагъэр ары.
51 УкIытэ зимыIэ цIыфхэр
Iаеу къыздэхьащхыпэх,
ау О уихабзэ сэ сыдэхыгъэп.
52 Хьыкумхэу бэшIагъэу къэпшIыгъэхэр,
Зиусхьан, сыгу къызыкIыжьхэкIэ,
ахэмэ сагъэрэхьатыжьы.
53 ЦIыф бзаджэхэм
уихабзэ аукъоу зыслъэгъукIэ,
сызэлъештэ губжым.
54 Мы дунаим сыхымэу сытетыфэ,
ухэсыгъэу бгъэуцугъэхэр сиорэдыгъэх.
55 Чэщыри О пцIэ сыгу къэкIыжьы,
Зиусхьан, сэгъэцакIэ уихабзэ.
56 Мары сигухахъор –
пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэр
згъэцэкIэнхэр ары.
57 Сэ сиIахьыр, сIуагъэ, Зиусхьан,
О уигущыIэхэр згъэцэкIэнхэу ары.

58 СыгукIэ къогъанэ сымышIэу
сыкъыолъэIу.
Сызэрэбгъэгугъагъэу, шIугъэ къысфашI.
59 Сигъогумэ сягупшысагъ сэ,
гъозэ гущыIэу къэпшIыгъэмэ
слъакъохэр афэсэгъазэх.
60 СэгуIэ, уиунашъохэр згъэцэкIэнхэм
зезгъэшIырэп сэ кIыхьэ-лыхьэ.
61 КъысагъэуцокIых цIыф бзаджэхэм
ялъахъэхэр,
О уихабзэ сэ сщыгъупшэрэп.
62 ШъыпкъагъэкIэ пшIыгъэ хьыкумхэм апае
щытхъу пфэсшIынэу,
чэщныкъом сэ сыкъэтэджыжьы.
63 О щынагъо къыпфызиIэхэу,
зэкIэ пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэр
зыгъэцакIэхэрэм сырягъус.
64 УишIулъэгъу мыкIодыжь, Зиусхьан,
чIыгум тиз;
сафэгъас ипхъухьагъэхэм!
65 ГущыIэу къысэптыгъагъэм тетэу
сэ, уиIумэтым,
шIу къысфэпшIагъ, Зиусхьан.
66 Уихабзэхэм уасэ афэсшIынэу,
ахэмэ сащыгъозэнэуи сэгъашIэ;
сыда пIомэ уиунашъохэр сшIошъ мэхъух.
67 Къинщэчым сыхэмыгъафэзэ, сыгъощэгъагъ;
ау джы сэгъэцакIэ О уигущыIэ.

68 О ушIу, шIугъэри къысфэошIэ.
Ухэсыгъэу бгъэуцугъэхэм,
Зиусхьан, сафэгъас.
69 УкIытэ зимыIэ цIыфхэм пцIыр сфаухъыты;
сыгукIэ къогъанэ сымышIэу,
пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэр
сэгъэцакIэх.
70 Ахэмэ агухэм язэхашIэ макIэ хъугъэ,
сэ О уихабзэмэ сарэгушIо.
71 СэркIэ шIугъэ къинщэчым сызэрэхэфагъэр,
зэзгъэшIэнхэм пае ухэсыгъэу бгъэуцугъэхэр.
72 Ужэ къыдэкIыгъэ хабзэр –
сэркIэ тыжьын, дышъэ миным анахьышIу.
73 О пIэмэ сыкъагъэшIыгъ, сагъэпсыгъ;
зэхэсэгъэшIыкIыри, зэзгъэшIэщтых
уиунашъохэр.
74 Къыпщыщынэхэрэм сыкъалъэгъунышъ,
уигущыIэ сызэрэщыгугъырэм пае
ахэр гушIощтых.
75 Уихьыкумхэр О зэрэзафэхэр
сэшIэ, Зиусхьан,
зэфагъэкIи сэ О сыбгъэпщынагъ.
76 УишIулъэгъу мыкIодыжь
гупсэфыгъо къысерэт,
О сэ, уиIумэтым,
гущыIэу къысэптыгъэм тетэу.
77 УигукIэгъу къыслъэрэIэс,
етIанэ сэ сыпсэущт;
бгъэуцугъэ хабзэм сэ сырэгушIошъ.

78 УкIытэ зимыIэхэр нэпэнчъэ орэхъух,
лажьэ симыIэу сырагъэзышъ;
сягупшысэ пшъэрылъэу
къытфэпшIыгъэхэм.
79 Щынагъо О къыпфызиIэхэр,
уигущыIэ гъуазэхэр зышIэхэрэр,
гъусэ къысфэрэхъух.
80 Сыгу етыгъэу ипхъухьагъэхэм
сафэрэIорышI,
нэпэнчъэ сымыхъуным пае.
81 Сыпаплъэзэ сыкъэбгъэнэжьыным
спсэ есэухылIэ;
уигущыIэ сыщэгугъы.
82 Сызэрэбгъэгугъагъэм кIэхъопсыхэзэ,
сынэхэр егъукIых;
сэ къэсэIо: «Сыдигъо сыбгъэгупсэфыщт?»
83 Хъурышъор Iугъом зэришIырэм фэдэу,
сэ сызэхагъо,
ау сщыгъупшагъэхэп О ипхъухьагъэхэр.
84 Мэфэ тхьапшырэ джыри сежэщта
сэ, уиIумэтым?
СыкъезыфэкIырэмэ сыдигъо
атепшIыхьащта хьыкум?
85 УкIыти нэхаши зимыIэмэ
машэр сфатIыгъ,
бгъэуцугъэ хабзэм гокIыгъэхэу.
86 Шъыпкъэх зэкIэ уиунашъохэр;
пцIыр къысаупцIызэ, сыкъырафэкIы;
IэпыIэгъу къысфэхъу.

87 ЧIым сыщагъэкIоды пэтыгъ;
ау О пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэр
сыбгынагъэхэп.
88 УишIулъэгъу мыкIодыжькIэ спсэ
къэгъэнэжь,
згъэцэкIэщтых
ужэ къыдэкIырэ гущыIэ гъуазэхэр.
89 МыкIодыжьынэу, Зиусхьан,
уигущыIэ ошъогумэ ащыгъэпытагъ.
90 ЛIэшIэгъухэр къызэкIэлъыкIохэу,
уишъыпкъагъэ щыIэ зэпытыщт.
О чIыгур бгъэуцугъэшъ,
ичIыпIэ ар пытэу ит.
91 О уизэфагъэкIэ зэрэбгъэпсыгъэу зэкIэри
джы къызнэсыгъэми щыт,
щыIэ пстэури О къыпфэIорышIэшъ.
92 О бгъэуцугъэ хабзэр
сигушIуагъоу сэ щымытыгъэмэ,
сихьазаб секIодылIэныгъи.
93 ГъэшIэным сэ сщыгъупшэщтхэп
пшъэрылъэу къэпшIыгъэхэр,
ахэмкIэ О сыкъэбгъэпсэужьыгъ.
94 О сыуиешъ – сыкъэгъэнэжь;
сыда пIомэ пшъэрылъэу
къытфэпшIыгъэхэм
ауж сит згъэцэкIэнхэу.
95 ЦIыф бзаджэхэр
сагъэкIодынэу къысэжэх;
ау сэ уигущыIэ гъуазэхэм сягупшысэ.

96 ЩыIэмэ анахь икъугъэхэм
гъунэ зэряIэр слъэгъугъэ;
ау О уиунашъо гъунэнчъэу ины.
97 О бгъэуцугъэ хабзэр
шIу дэдэ сыдэу сэ слъэгъура!
Мэфэ псаум ащ сегупшысэ.
98 Уиунашъо сипыймэ анахь Iуш сишIыгъ,
ар ренэу сигъусэшъ.
99 Сезыгъаджэхэрэм зэкIэмэ
анахь Iуш сыхъугъ;
сыда пIомэ сэ сягупшысэ уигущыIэ гъуазэмэ.
100 Нэжъ-Iужъмэ анахьыбэ сэшIэ, –
пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэр
ренэу сыгу илъхэшъ.
101 УигущыIэ згъэцэкIэным пае,
сыдрэ гъогу пхэнджи
тезгъэуцорэп сэ слъакъо.
102 Уихьыкумхэм защысыдзыерэп,
сыда пIомэ О сэогъасэ.
103 УигущыIэхэр сыдэу сыбзэгу шIоIэшIуха!
СэрыкIэ ахэр шъоум нахь дэгъух.
104 Пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэм
акъыл сагъэшIыгъ;
джащ пай сыдрэ гъогу пхэнджи
сфэлъэгъурэп.
105 УигущыIэ слъакъо иостыгъ,
силъагъо ар инэфын.
106 О уихьыкумхэу
шъыпкъагъэ зыхэлъхэм сатетынэу
тхьэлъанэ сшIыгъэшъ, ар згъэцэкIэщт.

107 Сыгъэзыгъэ дэд сэ, Зиусхьан;
гущыIэу къытэптыгъэм тетэу
сыкъэгъэпсэужь.
108 Зиусхьан, сэр-сэрэу сыбзэгукIэ
щытхъу къурмэнэу къыпфэсшIырэр сIыхи,
уихьыкумхэр къызгурыIонхэу сыгъасэба.
109 Зэпымыоу щынагъом спсэ хэфэ*,
ау О бгъэуцугъэ хабзэр сщыгъупшэрэп.
110 ЦIыф бзаджэхэм сэщ пае
лъахъэ агъэуцугъ;
ау садэхыгъэп пшъэрылъэу къытфэп-
шIыгъэхэм.
111 О уигущыIэ гъуазэхэр
мыкIодыжьынхэу сиIахьых,
сыда пIомэ ахэр сыгу ичэфых.
112 О ипхъухьагъэхэр
гъэшIэным згъэцэкIэнхэу гъунэм нэсыфэ,
сэ сыгукIэ тесыубытагъ.
113 ГуитIу зиIэ цIыфхэр сфэлъэгъухэрэп,
О уихабзэ сэ шIу сэлъэгъу.
114 О – усиухъумапI, усимэIу;
уигущыIэ сэ сыщэгугъы.
115 БзэджашIэхэр, спэчыжьэ зышъушIи,
си Тхьэ иунашъохэм сарыкIощт.
116 ГущыIэу къысэптыгъэм тетэу
сыкъэгъэпыти, сэ сыщыIэщт;
гугъапIэу сиIэмкIэ сыкIэмыгъэгъожь.
117 СыкъэIыгъи,
сыкъэнэжьыщт сымыкIодэу,

* 118:109 Е: «Щынагъом сыхэфэнэу сыдигъуи сыхьазыр».

ипхъухьагъэхэм
зэпымыоу сынаIэ атезгъэтыщт.
118 Ипхъухьагъэхэм адэххэрэр
зэкIэ пхъэтэпэмыхь ошIых –
шъыпкъэмкIэ ягухэлъ нэпцIхэр хьаулыех.
119 ЦIыф бзаджэу чIым тетхэр зэкIэ
стафэм фэдэу О огъэкIодых,
джащ пае шIу слъэгъугъэх
уигущыIэ гъуазэхэр.
120 Щынагъоу къыпфысиIэм къыхэкIэу
спкъынэ-лынэ сэ мэкIэзэзы,
уихьыкумхэми сэ сащэщынэ.
121 Зэфагъэм, шъыпкъагъэм сэ сатетыгъ,
егъэзыгъэ сызышIыжьырэмэ саIэкIэмылъхь.
122 Сэ, уиIумэтым,
шIу къыздэхъуным пае къыздеI,
укIыти нэхаши зимыIэхэм
егъэзыгъэу сыщарэмыгъаI.
123 Сыкъэбгъэнэжьыным,
уишъыпкъагъэкIэ сызэрэбгъэгугъагъэу,
сызхэфагъэм сыхэпщыжьыным
сыпаплъэзэ, сынэхэр егъукIых.
124 УишIулъэгъу мыкIодыжькIэ сэ, уиIумэтым,
къыспэгъокI,
ипхъухьагъэхэм сафэгъас.
125 Сэ сыуиIумэт; зэхэсэгъэшIыкIыри,
О уигущыIэ гъуазэхэр къызгурыIощтых.
126 Зиусхьаным иIофшIэгъу къэсыгъ;
уихабзэ аукъуагъ.

127 Шъыпкъэ, уиунашъохэр сэ шIу сэлъэгъух;
дышъэм, дышъэ къабзэм нахьэу.
128 ЗэкIэ пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэм
афэсэгъазэх силъэбэкъухэр*;
сыдрэ гъогу пхэнджи сфэлъэгъурэп.
129 УигущыIэ гъуазэхэр шIэгъо дэдэх,
джащ пае сымыгъэцакIэхэу сябгъукIорэп.
130 О уигущыIэхэр агурыбгъаIохэзэ,
ахэр цIыфхэм нэфынэ афэхъух:
цIыф къызэрыкIомэ зэхэшIыкIи къареты.
131 Сыжэ къыIузыгъэу сыкъядэIу уиунашъомэ,
сафызэгоуты сэ ахэмэ.
132 Садэжь зыкъэгъази, гукIэгъу къысфэшI,
пцIэ зикIасэмэ узэрадэзекIоу.
133 Тызэрэбгъэгугъагъэм тетэу
слъэ гъэпытэ,
бзэджагъэ гори
къыстемыкIонэу О шIы.
134 Пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэр
згъэцэкIэнхэу,
сезыгъэзырэ цIыфхэм саIэпыгъэкI.
135 Унэгу инэфынэ уиIумэт фэгъаз,
сэгъашIэх сэ ипхъухьагъэхэр.
136 О хабзэу бгъэуцугъэр аукъошъ,
сынэмэ нэпсыхэр къакIэчъых.
137 О шъыпкъагъэр зеохьэ, Зиусхьан,
О уихьыкумхэри зафэх.
138 ГущыIэ гъуазэу къытфэбгъэнагъэхэр
шъыпкъэх, цыхьэшIэгъух.

---

* 118:128 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэ нафэп.

139 Шъугъоным сеухы,
сипыймэ уигущыIэхэр ащыгъупшагъэхэшъ.
140 Къэбзэ дэд О гущыIэу къэптыгъэр,
Сэ, уиIумэтым, ар шIу сэлъэгъу.
141 СыцIыкIу сэ, сыкъырадзэрэп;
ау сщыгъупшэхэрэп
О пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэр.
142 О уишъыпкъагъэ – мыкIодыжьын
шъыпкъагъ,
Уихабзи – шъыпкъэгъэ дэд.
143 Сызэлъаубытыгъ гузэжъогъум, гухэкIым,
ау уиунашъомэ
гухахъо ясэгъотылIэ.
144 УигущыIэ гъуазэхэр сыдигъуи шъыпкъэх, –
зэхэшIыкI къысэт сыпсэунэу.
145 Сыгу зэрэпсэоу къыоджэ:
сыкъызэхэх, Зиусхьан,
ипхъухьагъэхэр згъэцэкIэщтых.
146 Сыкъыоджэ сэ О: сыкъэгъэнэжьи,
уигущыIэ гъуазэхэм сарыкIощт.
147 УкъыздэIэпыIэнэу сыкъыоджэ
нэфшъагъом ыпэу;
уигущыIэ сэ сыщэгугъы.
148 Чэщ къэрэгъулэмэ сынэхэр апэ ешъых,
уигущыIэ куоу сегупшысэн симурадэу.
149 УишIулъэгъу мыкIодыжькIэ къызэхэх
сымакъэ,
Зиусхьан;
О уизэфагъэ ихьатыркIэ
спсэ къэгъэнэжь.

150 Бзэджагъэкlэ сыкъезыфэкlхэрэр къэблагъэх;
О уихабзэ ахэр пэчыжьэх.
151 Ау благъэу ущыI О, Зиусхьан,
уиунашъохэри зэкlэ цыхьэшlэгъух.
152 УигущыIэ гъуазэхэр
мыкlодыжьынхэу зэрэбгъэуцугъэхэр
бэшlагъэу сэ зэзгъэшlагъ.
153 Сызхэт тхьамыкlагъом къеплъи,
сыкъыхэщыжь;
сыда пlомэ сщыгъупшэрэп сэ О уихабзэ.
154 СиIоф къыхэлажьи, шъхьафит сышI,
уигущыIэкlэ сыгъэпсэужь.
155 ЦIыф бзаджэхэр
псэоу къэнэжьынхэм пэчыжьэх,
ямыщыкlагъэу алъытэхэшъ уиунашъохэр.
156 О уигукIэгъу ин дэд, Зиусхьан;
уизэфагъэкlэ сыкъэгъэпсэужь.
157 Бэ сыкъезыфэкlэу, пыеу сиIэр,
ау уигущыIэ гъуазэхэм сатекlырэп.
158 Къыпфэмышъыпкъэхэр сэлъэгъухэшъ,
пхъэтэпэмыхь сэшIых,
уигущыIэхэр агъэцакlэхэрэпышъ ахэмэ.
159 Пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэр
шIу зэрэслъэгъухэрэр къэлъэгъу,
уишIулъэгъу мыкlодыжь ихьатыркlэ
сыкъэгъэнэжь, Зиусхьан.
160 О уигущыIэ ылъапсэр – фэшъыпкъэныгъ,
уихьыкум шъыпкъэхэр мыкlодыжьыных.

161 Лажьэ симыIэу
тетыгъо зиIэхэм сызэрафэ;
ау сэ сыгу уигущыIэ шIолIыкIы.
162 Мылъкушхо зыгъотырэм фэдэу,
уигущыIэ сегъэгушIо.
163 ПцIыр сфэлъэгъурэп, зыщысэдзые;
О уихабзэ сэ шIу сэлъэгъу.
164 Уишъыпкъагъэ ихьыкумхэм апае
мафэм блэ сэ щытхъу О пфэсэшIы.
165 Гупсэфыныгъэшхо яI
О уихабзэ шIу зылъэгъурэмэ,
ахэр зыгъэпэрыохъуджэн щыIэп.
166 Сицыхьэ къыптелъ сыкъэбгъэнэжьынэу, Зиусхьан,
сэгъэцакIэх уиунашъохэри.
167 УигущыIэ гъуазэхэм сыгукIэ ягъогу сытет,
ахэр сэ шIу дэдэ сэлъэгъух.
168 Пшъэрылъэу къытфэпшIыгъэхэри
уигущыIэ гъуазэхэри сэгъэцакIэх;
сыда пIомэ зэкIэ сэ сигъогухэр
О уапашъхьэх.
169 СигукIэе макъэ къыплъэрэIэс, Зиусхьан;
сызэрэбгъэгугъагъэу, акъыл сэгъэгъот.
170 СитхьэлъэIу уапашъхьэ къерэхь;
сызэрэбгъэгугъагъэм тетэу сыхэщыжь.
171 О ухэсыгъэу бгъэуцугъэхэр сэогъашIэхэшъ,
щытхъу пфэсшIыщт.
172 О уигущыIэ орэд фэсIощт сыбзэгукIэ;
сыда пIомэ уиунашъохэр зэкIэ зафэх.

173 О пIэ IэпыIэгъоу серэI –
сатетыгъэшъ пшъэрылъэу
къытфэпшIыгъэхэм.
174 СымыкIодэу сыкъэбгъэнэжьыным
сыфызэгоуты, Зиусхьан,
уихабзэ сегъэгушIо.
175 Спсэ щэрэI; щытхъури пферэшI,
уихьыкумхэри IэпыIэгъу къысфэрэхъух.
176 Мэл кIодыгъэу сэ сыгъощагъ:
О уиIумэт къэгъотыжь;
сыда пIомэ сщыгъупшагъэхэп
сэ уиунашъохэр.

## Я 119-рэ Орэд

### ЩынэгъуапIэм итым итхьэлъэIу

*УдэкIоеным иорэд*

1 СигухэкI сыхэтэу
Зиусхьаным селъэIугъэти,
Ащ сыкъызэхихыгъ.
2 «О, Зиусхьан! ПцIыусмэ япсалъэ,
хьилэм ыбзэгу сащыухъум».
3 Бзэгу пцIыусым сыд къыпфишIэна,
сыд пщыныжьа ащ къыпфихьыщтыр?
4 ДзэлIым ищэбзэщэ папцIэхэр,
стырэ мэшIо тэпыр ащ къыпфихьыщт.

5 Сымыгъу сэ,
Мэщэх* – дэжь сыщыIэшъ, сахэтышъ
къэдар** – цIыфмэ япсэупIэмэ.
6 Мамырныгъэр зылъэгъу мыхъурэмэ
бащэрэ садэпсэугъ.
7 Сэ сымамыр; ау «мамыр» къызэрэсIоу,
ахэмэ зао къаIэты.

## Я 120-рэ Орэд

**Зиусхьанэу тиухъумакIор**

*УдэкIоеным иорэд*

1 Iуашъхьэхэм синэплъэгъу афэсэгъазэ.
СиIэпыIэгъу тыдэ къикIыщта?
2 Зиусхьаным ыдэжь къекIы
сиIэпыIэгъу –
уашъомрэ чIыгумрэ къэзыгъэшIыгъэм.
3 Ащ уигъэлъэпэощтэп,
шъхьаукъэщтэп укъэзыухъумэрэр.
4 Шъыпкъэ, шъхьаукъэрэп, хэчъыерэп
Израиль иухъумакIо.
5 Зиусхьаныр – уиухъумакIу;
Зиусхьаныр – уижьау,
пIэ джабгъукIэ щыт уижьау.

* 119:5 Хымэ цIыф лъэпкъ Iэлхэм сахэт.
** 119:5 Хымэ цIыф лъэпкъ Iэлхэм сахэт.

6 Мафэм иягъэ къыуигъэкІыщтэп тыгъэм,
мазэми – чэщым.
7 Сыд фэдэрэ бзэджагъи
Зиусхьаным ущиухъумэщт;
Зиусхьаным ппсэ къыухъумэщт.
8 Зиусхьаным, зекІо укІуагъэми,
къэбгъэзэжьыгъэми, –
джы щегъэжьагъэу
гъэшІэным укъиухъумэщт.

## Я 121-рэ Орэд

**Ерусэлэм пае тхьэлъэІу**

*УдэкІоеным иорэд. Даут иорэд*

1 СыгушІуагъ сэ, къызысаІом:
«Зиусхьаным и Унэ тыжъугъакІу».
2 Мары тлъакъохэр, Ерусэлэм,
о уикъэлапчъэмэ адэтых.
3 Зэу зэхэгъэуцуагъэ фэдэу шІыгъэу,
Ерусэлэм къалэр гъэпсыгъэ.
4 ЛІакъохэр ащ дэхьэх,
Зиусхьаным илІакъохэр,
Израиль фагъэуцугъэ хабзэмкІэ
Ащ ыцІэ щытхъу фашІынэу.

5 Хьыкум щашIынэу,
тахътэхэр ащ щагъэуцугъэх,
Даут иунэгъо тахътэхэр.
6 Ерусэлэм имамырныгъэ шъуфэлъаIу:
«О шIу узылъэгъухэрэр шIоу орэпсэух».
7 Уикъэлэ дэпкъымэ акIоцI мамырныгъэ,
Уиунэ-пытапIэхэм щынэгъончъагъэ арэрэлъ.
8 Сшыхэм, къыспэблэгъэ цIыфхэм апае
Ерусэлэм есэIо: «Мамырныгъэ огъот»!
9 Ти Зиусхьанэу Тхьэм и Унэ ихьатыркIэ
сыпфэлъаIо шIу къыбдэхъунэу.

## Я 122-рэ Орэд

**ГукIэгъум пае тхьэлъэIу**

*УдэкIоеным иорэд*

1 О, уашъом щыпсэурэр,
уадэжь синэплъэгъу сэ къэсэгъазэ.
2 УнэIутхэм янэплъэгъу
язиусхьанмэ аIэмэ зэрафагъазэу,
унэIут бзылъфыгъэр игуащэ ыIэ зэреплъэу,
джащ фэдэу тэ тынэхэр фэгъэзагъэх
ти Зиусхьанэу Тхьэм,
Ащ гукIэгъу къытфешIыфэ нэс.
3 ГукIэгъу къытфэшI, Зиусхьан,
уигукIэгъу тыхэмыгъэн,

сыда пIомэ икъунрэ
тэ пхъэтэпымыхь ташIыгъ.
4 Ежь зыфэрэзэжьхэр къызэрэддэхьащххэрэм,
пагэхэм нэмыплъ къызэрэтахырэм
икъунэу тырагъэзэщыгъ.

## Я 123-рэ Орэд

### Тхьэу Израиль и КъэгъэнэжьакIор

*УдэкIоеным иорэд. Даут иорэд*

1 Зиусхьаныр армырыгъэмэ къыткIыгъугъэр, –
Израиль ерэIу, –
2 Зиусхьаныр армырыгъэмэ къыткIыгъугъэр,
цIыфхэм зыкъызытпаIэтым,
3 ахэмэ ягубж къызытфызэкIанэм,
тадырыныгъи тызэрэпсэузэ;
4 псымэ тырахьыжьэныгъи,
псы быжъутэхэр такIыIу щычъэныгъэхи,
5 псы орышхохэм татхьалэныгъи.
6 Ахэмэ тязымыгъэшхыгъэ Зиусхьаным
щытхъур фэшъушI.
7 Бзыуубытмэ яхъытыу
бзыур зэрикIыжьэу, тпсэ къэнэжьыгъ;
хъытыур зэIытхъи, тэри тыкъикIыжьыгъ.
8 Тэ IэпыIэгъу къытфэхъурэр –
уашъор, чIыгур
къэзыгъэшIыгъэхэ Зиусхьаныр ары.

# Я 124-рэ Орэд

## Зиусхьаныр Израиль иухъумакIу

*УдэкIоеным иорэд*

1 Зиусхьаным цыхьэ фэзышIырэр Цион
IуашъхьэУ,
ичIыпIэ имыкIэу,
гъэшIэным щытыщтым фэд.
2 Iуашъхьэхэм Ерусэлэм бгъу пстэухэмкIи
къызэраухъурэйрэм фэдэу,
Зиусхьаныр ицIыф лъэпкъы
джы къыщегъэжьагъэу
егъашIэми бгъу пстэухэмкIи къыкIэрытыщт.
3 Сыда пIомэ цIыф бзаджэхэм ятетыгъо
шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм яхэку ышъхьагъ
Зиусхьаным ренэу ригъэтыщтэп,
шъыпкъагъэ зиIэхэм аIэхэр
мыхъо-мышIагъэхэм афамыщэинхэу.
4 ШIу афашI, Зиусхьан, зыгу зафэу,
зыгу шъыпкъэу щытхэм.
5 Ау зигъогу IонтIэ-щантIэхэм,
бзэджагъэ адрэ зышIэхэрэм акIыгъухэу,
яфэшъошэ къин аригъэщэчыщт;
Израиль мамырныгъэр ерэI.

# Я 125-рэ Орэд

**ГъэрыпIэм къикIыжьыгъэхэм яорэд**

*УдэкIоеным иорэд*

1 Тыкъырищыжьи Зиусхьаным гъэрыпIэм,
Цион къалэм Ащ тищэ зэхъум,
пкIыхьапIэ зылъэгъурэмэ тэ тафэдагъ.
2 Ащыгъум тыгу чэфыр изыгъ,
тыбзэгу IашIур тизыгъ.
Ащыгъум хымэ лъэпкъмэ азыфагукIэ щаIощтыгъ:
«ШIэгъошIагъэхэр Зиусхьаным
ахэмэ афишIагъэх!»
3 ШIэгъошIагъэхэр
Зиусхьаным къытфишIагъэх.
ГушIуагъо тыгу илъ.
4 ГъэрыпIэм къищыжьхи,
къягъэгъэзэжь, Зиусхьан, тицIыфхэм,
псыхъо кIэй нэкIхэм
псыр къызэрадэпщэжьырэм фэдэу.
5 Анэпсхэр къехызэ пхъэхэрэм
Iуарэхыжь гушIуагъом хэтхэу.
6 Гъызэ чылапхъэр зыпхъыхэрэм
бганэхэр аIыгъхэу
гушIуагъокIэ къарэгъэзэжь.

## Я 126-рэ Орэд

**Зиусхьаныр шIугъэ пстэуми якъэкIуапI**

*УдэкIоеным иорэд. Сэлмэн иорэд*

[1] Зиусхьаным унэр ымышIымэ,
ар зышIыхэрэм пкIэнчъэу Iоф ашIэ;
Зиусхьаным къымыухъумэмэ къалэр,
къэрэгъулэр сакъэу зэрэмычъыерэр
пкIэнчъэ.

[2] Жьэу шъукъызэрэтэджыжьрэри,
кIасэу шъузэрэгъолъыжьрэри,
гузэжъогъукIэ хьалыгъу зэрэшъушхырэри
– пкIэнчъэ.
Зиусхьаным Ежьым шIу ылъэгъухэрэм
чъыехэзэ ящыкIагъэр аретышъ ары.

[3] Мары Зиусхьаным итыныр – сабыйхэр;
Ащ ишIухьафтыныр –
ныбэ кIоцIым къикIырэр ары.

[4] КIочIэшхом ыIыгъ щэбзащэмэ афэдэх
икIэлэгъум къыфэхъугъэ ыкъохэр.

[5] АхэмкIэ зисагъындакъ зыушъэгъэ цIыфыр
гъогу мафэ теуцуагъ!
Ипыйхэу хьыкумшIыпIэ къэлапчъэмэ
аIутмэ
янэкъокъу зыхъукIэ,
ар укIытэжьыщтэп.

## Я 127-рэ Орэд

**Гъогу мафэ теуцогъэ цIыфыр**

*УдэкIоеным иорэд*

1 Сыхьатмафэ ежьагъ Зиусхьаным щынагъо
фызиIэу,
Ащ игъогумэ арыкIорэр.
2 О пIэмэ къалэжьырэр пшхыжьыщт;
унасыпышIу, шIур уадэжь о!
3 Уишъуз, бжалэу зыпизым фэдэу,
уиунэ исыщт;
зейтун дэчъэххэу,
пкъохэр уиIанэ кIэрысыщтых.
4 Джаущтэу гъогу мафэ теуцощт
Зиусхьаным щынагъо фызиIэр!
5 Цион къалэм щыIэу,
Зиусхьаным ынэшIу къыпщерэф,
ущэIэфэ мафэ къэс,
Ерусэлэм ищыIэкIэ тхъагъо орэлъэгъу.
6 Пкъомэ акъохэр къэплъэгъужьынхэу орэхъу.
Израиль мамырныгъэр ерэI!

# Я 128-рэ Орэд

## Зиусхьаным шъхьафитныгъэ къеты

*УдэкIоеным иорэд*

1 Израиль цIыфхэм къарэIу:
«Израиль икъежьапIэ къыщегъэжьагъэу
бэрэ тыкъырафэкIыгъ,
2 Израиль икъежьапIэ къыщегъэжьагъэу
бэрэ тыкъырафэкIыгъ,
ау къытфырикъунхэ алъэкIыгъэп.
3 Ттхы щыжъуагъэх жъонакIохэр,
ттхыцIэ щыпхыращыгъэх
жъогъэбзыгъэ кIыхьэхэр».
4 Ау зафэ Зиусхьаныр;
цIыф бзаджэмэ такъыIэпихыгъ.
5 Цион зэкIэ зыфэмылъэгъухэрэр
нэпэнчъэ шIыжьыгъэхэу
зэкIарэгъэкIожьых.
6 Унашъхьэм тет уцэу,
къэмыкIызэ гъужьырэм фэдэу орэхъух;
7 хынакIом IапIэ фэрэмыхъу,
бгэнэпхыми – IаплIы;
8 блэкIырэмэ аIощтэп:
«Зиусхьаным ынэшIу къышъуищерэф!»
«Зиусхьаным ынэшIу къышъуищерэфэжь!» –
аIожьыщтэп хынакIохэми.

## Я 129-рэ Орэд

**ПсэкIодышIэ цIыфым итхьэлъэIу**

*УдэкIоеным иорэд*

1 ГукIаемэ якуупIэ сыхэтэу
О сыкъыоджэ, Зиусхьан.
2 Зиусхьан! Къызэхэх сымакъэ.
СилъэIу гущыIэхэм амакъэ
О птхьакIумэхэр къыфэрэсакъых.
3 О, Зиусхьан, бзэджагъэхэр къэплъытэхэмэ,
хэта, Зиусхьан, умыгъэмысэу къэнэщтыр?
4 Ау О афэогъэгъу,
лъэш дэдэу къыпщыщынэнхэм пае.
5 Зиусхьаным сыфэзэщэу сежэ,
сигугъапI Ащ игущыIэ,
6 Къэрэгъулэр пчэдыжьым зэрежэрэм нахьэу,
сежэ Зиусхьаным,
къэрэгъулэр пчэдыжьым зэрежэрэм нахьэу.
7 Израиль щэрэгугъ Зиусхьаным;
шIулъэгъу мыкIодыжьыр Зиусхьаным
ыдэжьышъ,
Ащ кIочIэшхо иI ухищыжьынэу.
8 Ежьыр ары мыхъо-мышIэу иIэ пстэуми
Израиль аIэпызыхыжьыщтыр.

## Я 130-рэ Орэд

### Гупсэфыныгъэм ишъэф

*УдэкIоеным иорэд. Даут иорэд*

1 СыгукIэ зысшIошIыжьырэп, Зиусхьан,
сынэхэми укIытэ акIэлъ,
Iофышхо шIагъохэу
сфэмыукIочIыщтмэ сафежьэрэп.
2 Ау ны быдзыщэм пагъэзыжьыгъэ сабыим фэдэу,
сыгу згъэIэсагъэ, къезгъэуцолIагъ.
Ны быдзыщэр зимыщыкIэгъэжь сабыим фэдэу,
джы сыгукIэ сыхъугъ.
3 Джы щегъэжьагъэу гъэшIэным
Израиль щэрэгугъ Зиусхьаным.

## Я 131-рэ Орэд

### Тхьэм и Унэ ищытхъу

*УдэкIоеным иорэд*

1 Угу игъэлъ, Зиусхьан, Даут,
зэкIэ ащ къинэу ылъэгъугъэр:

2 Угу къэгъэкIыжь Зиусхьаным
тхьэлъанэу фишIыгъэр,
Якъубэ и Тхьэ кIочIэшхо
гущыIэ зэрэритыгъэр:
3 «СычIэхьанэп сиунэ щэтыр,
сигъолъыжьыпIэ секIолIэжьынэп;
4 сынэмэ чъые ястынэп;
сынапIэхэр къезгъэфэхынхэп,
5 Зиусхьаным есэтыфэ чIыпIэ,
Якъубэ и Тхьэ кIочIэшхо – псэупIэ».
6 Мары, Тхьэм ицIыфхэм
Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ икъэбар
Ефрат* щызэхахыгъ,
ЯIар** игубгъомэ къащыдгъотыгъ ар.
7 «ИпсэупIэ тыкIонышъ,
ылъакъо зытетым дэжь шъхьащэ фэтшIын».
8 УигупсэфыпIэ Унэ кIо, Зиусхьан, –
Ори уипхъонтэ лъапIэу
уилъэкIыныгъэшхо къэзыгъэлъагъорэри.
9 КъурмэнышIэу уиIэмэ
шъыпкъагъэр яшъуашэу орэхъу,
Зиусхьаным ищынагъо зыгу илъхэри
мэкъэшхокIэ къэрэгушIожьых.
10 Даут – уиIумэтым ихьатыркIэ,
пачъыхьэнэу къахэпхырэм ынэгу
умыгъэхым.
11 Зиусхьаным шъыпкъагъэкIэ
Даут гущыIэ пытэ ритыгъагъ,

---

* 131:6 Пасэм Бэтлэхъэм зэреджэщтыгъэхэр ары.

** 131:6 ЯIар – Кириат-ЕIэрим, еплъ тхылъэу «Апэрэ Самуел» 7:1.

арышъ, игущыIэ Ар епцIыжьыщтэп;
«Шъаоу къыпфэхъущтхэм ащыщ
уитахътэ тезгъэтIысхьащт,
12 Iуагъэ адэсшIыми,
гущыIэ гъуазэ адэсшIыми,
пкъохэр ахэмэ афэшъыпкъэмэ,
джащыгъум ахэмэ акъохэри
О уитахътэ гъэшIэным тесыщтых».
13 Сыда пIомэ Зиусхьаным
Цион къалэр къахихыгъ;
ар псэупIэ зыфишIымэ шIоигъо хъугъэ.
14 «Мыр гъэшIэным сигупсэфыпI,
мыщ цIыфхэр щызгъэIорышIэщтых;
сыда пIомэ сэ аущтэу хъумэ сшIоигъуагъ.
15 Цион къалэм ищыкIагъэр зэкIэ
икъугъэу езгъэгъотыщт,
згъэшхэкIыщтых тхьамыкIэу дэсхэр
хьалыгъукIэ.
16 ИкъурмэнышIхэри
Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэри
къызэрэзгъэнэжьыгъэхэм пае
мэкъэшхокIэ къэгушIожьыщтых.
17 Мыщ Даут текIыщтхэм ащыщ
пачъыхьэшхо щысшIыщт,
хэсхыгъэ пачъыхьэр,
жъогъо нэфэу ащ къыщыхэзгъэнэщт,
итетыгъо лъызгъэкIотэщт.
18 Ащ ипыйхэм анапэ тырязгъэхыщт,
ежь ипачъыхьэ тандж
зэпэжъыужьэу щыгъыщт».

# Я 132-рэ Орэд

**Зэкъошныгъ**

*УдэкIоеным иорэд. Даут иорэд*

[1] Сыдэу дэгъуа, сыдэу гуапа
зэшхэр зэдэпсэунхэр!
[2] Ар дэгъэ лъапIэу шъхьэм хэлъэу,
жакIэм къыхэлъадэрэм фэд, –
Хьарунэ ыжакIэ,
ищыгъын пакIэмэ
къателъадэрэм фэд;
[3] Хъэрмон къушъхьэм иосэпсэу
Цион Iуашъхьэмэ
къатехэрэм фэд.
Сыда пIомэ Ащ ынэшIу
егъэшIэрэу къащифэнэуи,
мыкIодыжьын щыIэныгъэ
щаригъэгъотынэуи
Зиусхьаным ицIыфхэм
гущыIэ аритыгъагъ.

## Я 133-рэ Орэд

### Тхьэм щытхъу фэшъушI

*УдэкIоеным иорэд*

1 Зиусхьаным иIумэтхэу,
чэщ уахътэм Ащ и Унэ зэкIэ итхэр,
некIох, Зиусхьаным
джы щытхъур фэтэжъугъэшI!
2 ШъуIэхэр чIыпIэ лъапIэм фэшъуIэтхи,
фешъутIупщ Зиусхьаным щытхъур.
3 Уашъомрэ чIыгумрэ
къэзыгъэшIыгъэ Зиусхьаным
Цион щыIэу
ынэшIу шъо къышъущерэф.

## Я 134-рэ Орэд

### Щытхъу орэд

1 Зиусхьаным щытхъу фэшъушI,
Зиусхьаным ыцIэ шъущытхъу,
шъущытхъу, Зиусхьаным иIумэтхэу,
2 Зиусхьаным и Унэ IофышIэхэр,
ти Тхьэ и Унэ ищагумэ адэтхэр.

3 Зиусхьаным щытхъу фэшъуш1,
Зиусхьаныр – ш1у;
ыц1э орэд къыфашъу1у;
сыда п1омэ ар тхъэгъо дэд*.
4 Сыда п1омэ Зиусхьаным Якъубэ зыфыхихыгъ,
израиль лъэпкъыр къахихыгъ иенэу.
5 Сэ сэш1э Зиусхьаныр
зэрэин дэдэр,
Ти Зиусхьан
тхьэ пстэуми зэранахь лъагэр.
6 Уашъоми, ч1ыгуми,
хыхэми, хыхэм якуп1эхэми
Зиусхьаным ащегъэпсы зэк1э зыфаер;
7 ч1ым ыгъунэ къыщыдещаех ошъуапщэхэр,
ошх къещхы зыхъук1э,
пчык1эхэр къегъэхъопск1ых,
Ежь и1ыгъып1эмэ жьыбгъэр къарещы.
8 Ащ ыгъэк1одыгъэх
Мысырым ищыпэлъфхэр,
ц1ыфым къыщежьэу,
былымхэм ащык1эк1ыжьэу;
9 Ащ инэшанэхэр, иш1эгъош1агъэхэр
Мысырым къыщафигъэк1огъагъэх
фырхьаунэми ащ иц1ыфхэми.
10 Ц1ыф лъэпкъыбэхэр ыгъэк1одыгъэх,
ыук1ыгъэх пачъыхьэ лъэшхэри:
11 амэр пачъыхьэу Сыхъон,
бащан пачъыхьэу 1огъ,
къэна1анхэм зэк1э япачъыхьэхэр;

* 134:3 Е: «Сыда п1омэ Зиусхьаныр хьалэл».

12 ячIыгуи Iахьэу ытыгъ,
Iахьэ фэхъунэу Израиль ицIыф лъэпкъ.
13 Зиусхьаныр!
О пцIэ гъэшIэным щыIэщт,
лIэуж зэкIэлъыкIомэ
якъэшIэжь О ухэлъыщт.
14 Сыда пIомэ Зиусхьаным ихьыкум
ицIыф лъэпкъ хыеу хигъэкIыщт,
иIумэтхэм гукIэгъу афишIыщт.
15 Хымэ лъэпкъыхэм ятхьэ нэпцIыхэр –
тыжьын, дышъэ –
цIыф IэшIагъэх ахэр.
16 IупшIэ яI, ау гущыIэшъухэрэп;
нэхэр яIэх, ау зи алъэгъурэп;
17 тхьакIумэ яI, ау зэхахрэп,
ажэхэм жьы къащэрэп.
18 Ахэмэ афэдэ орэхъух
ахэр зышIыхэрэр,
цыхьэ афэзышIырэр ахэмэ.
19 Израиль лъэпкъыр, Зиусхьаным
щытхъу фэшъушI!
Хьарунэ къурмэнышIхэр,
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI!
20 Лэуйхэм яун! Зиусхьаным щытхъу фэшъушI.
Зиусхьаным щынагъо фызиIэхэр,
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI.
21 Ерусэлэм зипсэупIэ Зиусхьаным
Цион къалэм шъудэтэу
щытхъушхо фэшъушI.
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI.

## Я 135-рэ Орэд

### Тхьэм щытхъур фэшъуаш

1 Зиусхьаным рэзэныгъэ фэшъушI, Ар шIу,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу.
2 Тхьэмэ я Тхьэжьым рэзэныгъэ фэшъушI,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу.
3 Зиусхьанмэ я Зиусхьаныжьым рэзэныгъэ
фэшъушI,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу:
4 Зизакъоу Iофышхо шIагъохэр
зэшIозыхынхэ зылъэкIырэм, –
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
5 акъылышIуагъэкIэ уашъохэр
къэзыгъэшIыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
6 чIыгур псымэ атезыгъэуцуагъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
7 къэзыгъэнэфрэ ин дэдэхэр къэзыгъэшIыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
8 тыгъэр – мафэр ыгъэзекIонэу,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
9 мазэр, жъуагъохэр – агъэзекIонэу чэщыр,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
10 мысыр щыпэлъфхэр ыгъэкIодхи,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;

11 израиль лъэпкъыр Мысырым
къизыщыжьыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
12 Iэ пытэкIэ, Iэ лъэшыкIэ ар зышIыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
13 Хы Къамылыр зэгозыщыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
14 Израиль ащ пхырызыщыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
15 Хы Къамылым фирхьаунэри
ащ идзи хэзыдзагъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
16 ицIыф лъэпкъ зэпрызыщыгъэм шъоф нэкIым,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
17 пачъыхьэшхохэр зыгъэкIодыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
18 зыукIыгъэм пачъыхьэ цIэрыIохэр,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу:
19 амэрхэм япачъыхьэу Сыхъон зыукIыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
20 бащан пачъыхьэу Iогъ зыцIэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
21 ахэмэ ячIыгухэр Iахьэу зытыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
22 израиль цIыфхэу иIумэтхэм
Iахьэу аIукIэжьынэу,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
23 шъхьакIо къытахы зэхъум,
тэ зыгу тыкъэкIыжьыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;

24 типыймэ таIэпызыхыгъэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
25 пкъынэ-лынэу щыIэр зыгъашхэрэм,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу;
26 рэзэныгъэ фэшъушI уашъомэ я Тхьэ,
мыкIодыжь Ащ ишIулъэгъу.

## Я 136-рэ Орэд

**Хымэ хэгъэгу рафыгъэм иорэд**

*Даут иорэд*

1 Бабилэн хэгъэгум ипсыхъомэ адэжь
Цион къалэр тыгу къыщыкIыжьы зэхъум,
тыгъыщтыгъэ тэ джау тыщысэу.
2 Ащ пцел чъыгэу къыщыкIрэмэ
тэ апытлъагъэх тишыкIэпщынэхэр.
3 Гъэры тызышIыгъэхэм – орэдмэ
ахэлъ гущыIэхэр къафэтIонхэу,
егъэзыгъэу тыщызыгъаIэхэрэм
дгъэгушIонхэу къытаIуагъ:
«КъытфашъуIу Цион орэдмэ ащыщ».
4 Зиусхьаным иорэд сыдэущтэу
хымэ чIыгум тэ къыщытIощта?
5 Ерусэлэм, усщыгъупшэмэ,
ащыгъум сIэ джабгъу горэлIыкI.

6 Сыбзэгу счый ерэпкIылI,
сыгу уимылъыщтмэ,
Ерусэлэм сианахь гушIуагъоу
сымылъытэщтмэ.
7 Ерусэлэм заубытыгъэ мафэм
едом цIыфхэм ащ рашIагъэр
угу игъэлъ, Зиусхьан.
«Зэхэжъугъэшъхъашъхъ,
зэхэжъугъэпхъапхъ лъачIэм нэсэу» аIозэ.
8 Бабилэн хъункIакIор!*
О къытэпшIагъэм ифэшъуашэр
насыпышIу озыгъэпщыныжьыщтыр!
9 НасыпышIу о уисабыйхэр ыштэнхэшъ,
мыжъом риутэкIхэзэ, зыукIыщтхэр!

## Я 137-рэ Орэд

**Тхьэм рэзэныгъэ фыуиIэным иорэд**

*Даут иорэд*

1 Зэрэпсэоу сыгукIэ сыпщэтхъу,
тхьэмэ апашъхьэ орэд къыщыпфэсэIо;
2 Уи Унэ лъапIэ зыфэзгъэзагъэу,
шъхьащэ пфэсэшIы,
мыкIодыжь шIулъэгъоу пхэлъымрэ

* 136:8 Е: «О, Бабилэн, уахъункIэщт!»

уифэшъыпкъэныгъэрэ апае
пцІэ щытхъу фэсэшІы:
сыда пІомэ тызэрэщыгугъыгъэм на-
хьышІужьэуи
О пцІэ къычІэкІыжьыгъ*
3 Сыкъызщыоджэгъэ мафэм
О сыкъызэхэпхыгъ,
скІуачІэ къыхэбгъэхъуагъ.
4 УигущыІэхэр зызэхаххэкІэ, Зиусхьан,
чІыгум ипачъыхьэмэ зэкІэмэ
О щытхъу къыпфашІыщт,
5 орэд къафаІощт Зиусхьаным игъогухэми,
Зиусхьаным ищытхъу – ины дэдэшъ.
6 Зиусхьаныр лъагэ,
цІыф къызэрыкІоми фэгумэкІы,
пагэри ешІэжьы чыжьэкІэ.
7 Къиныгъомэ сыкъаухъурэймэ,
спсэ уухъумэщт,
сипыймэ ягубжы пІэ тепщэещт,
сэ О пІэ джабгъу къиныпІэм
сыкъырещыжьы.
8 Зиусхьаным гухэлъэу къысфыриІэр
зэшІуихыщт.
ИшІулъэгъу мыкІодыжь щыІэщт
гъэшІэным,
О къэбгъэхъугъэр гум имын,
Зиусхьан.

* 137:2 Е: «О пцІэрэ уигущыІэрэ нахь лъагэу къэпІэтыгъэх».

## Я 138-рэ Орэд

**ТыдэкIи щыIэ Тхьэм ымышIэрэ щыIэп**

*ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Даут иорэд*

1 Зиусхьан! О сыуушэтыгъ, сэошIэ.
2 СызытIысырэри сыкъызщытэджыжьырэри
О ошIэ.
Сигупшысэхэр чыжьэкIэ къэошIэх.
3 СэкIоми, зысэгъэпсэфми,
О ар зэхэошIыкIы.
ЗэкIэ сигъогухэм О уащыгъуаз.
4 Джыри сыбзэгу гущыIэр темылъзэ,
О, Зиусхьан, дэгъу дэдэу ар зэхэошIыкIы.
5 Сыкъэоухъурэи саужкIи сапэкIи,
пIэкIэ сыкъэоухъумэ.
6 СшIогъэшIэгъон дэд
О зэхэшIыкIэу къысфыуиIэр –
куу, сылъыIэсын слъэкIырэп.
7 Уапашъхьэ сикIэу, тыдэ сыкIона,
унэгу сыбгынэу, тыдэ сычъэна?
8 Уашъом сыдэкIуаеми, ащ ущыI;
хьадрыхэ сыкIоми, ащи ущыI.
9 Нэфшъагъом ытамэхэр сштагъэхэу,
къохьапIэмкIэ хым иадырабгъу
сыщетIысэхми,
10 ащи пIэ сыщызэрищэщт,
О пIэ джабгъу сыкъыщиIыгъыщт.

11 КъасIоми: «ШIункIым серэгъэбылъ,
шIункIы орэхъу нэфынэу сызхэтри»,
12 шIункIыми сыпшIуигъэбылъын
ылъэкIыщтэп,
мафэм фэдэу чэщыри нэфын.
ОрыкIэ шIункIыри нэфынэм фэд.
13 СкIоцI илъхэр О бгъэпсыгъэхэба,
сянэ ыныбэ силъызэ сызэхэплъхьагъ.
14 Щытхъур пфэсэшIы, сыда пIомэ
шIэгъо дэдэу сыбгъэпсыгъ.
ШIэгъо дэдэх О уиIофшIагъэхэр,
икъоу сызэхэошIыкIы.
15 СыкъэбгъэшIы зэхъум,
О шъэфэу ныбэ кIоцIым сыщызэхаплъхьэ
зэхъум,
сIэпкъ-лъэпкъхэр оркIэ нэрылъэгъугъэх.
16 ГъэпсыкIэ зимыIэ сIэпкъ-лъэпкъ
О унэмэ алъэгъущтыгъ,
сэщ пае зэкIэ бгъэнэфэгъэ мафэхэр,
ахэмэ ащыщ гори щымыIэзэ,
О уитхылъ дэтхэгъагъэх.
17 Сыдэу хэIэтыкIыгъэха, Тхьэр,
О уигухэлъхэр,
ахэмэ япчъагъи сыдэу бэ хъура!
18 Ахэр къэслъытэнхэу сыфежьэмэ,
пшахъом нахьыбэ мэхъух;
къэлъытэныр сыухыгъэми, О сыпкIыгъу*.
19 Е, О, Тхьэр, цIыфы бзаджэр
бгъэкIодыгъагъэмэ!

* 138:18 Е: «сыкъызыущыжькIи джыри О сыпкIыгъу».

Лъым кIэнэцIыхэрэм
спэчыжьэ зашIыгъагъэмэ!
20 БзэджагъэкIэ О къыппэшIуекIохэу
ахэр мэгущыIэх; гухэлъ Iае яIэу
зыкъаIэты уипыйхэм*.
21 Зиусхьан, О узыфэмылъэгъухэрэр
сэуджэгъухэба!
ЗыкъыппэзыIэтхэрэр пхъэтэпымыхь
сэшIыхэба!
22 ЛъэкIэу сиIэмкIэ ахэр сэри сэуджэгъух,
ахэр сипыих.
23 Сыушэт, Зиусхьан,
сыгу изытет зэгъашIэ;
сыуплъэкIури, сигупшысэхэр зэгъашIэх.
24 Гъогу пхэндж сытетмэ къеплъыри,
мыкIодыжьын гъогу сытегъахь.

## Я 139-рэ Орэд

**Тхьэм укъиухъумэным итхьэлъэIу**

*ОрэдыIохэмрэ пщынаохэмрэ япащэ пай. Даут иорэд*

1 Апэчыжьэ сышI, Зиусхьан, цIыф бзаджэхэм;
сащыухъум жъалымыгъэ зезыхьэрэ
цIыфхэм.

---

* 138:20 Ежъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэ нафэп.

2 Ахэмэ агукIэ бзэджагъэ къаугупшысы,
мафэ къэс зэщыхьанхэу
цIыфхэр зэфагъэблых.
3 Блэм фэдэу абзэгу агъэчаны;
блэм ищэнаут абзэгу чIэлъ.
4 СаIэкIэмыгъаф, Зиусхьан, бзэджашIэхэм,
жъалымыгъэ зезыхьэу,
сыхэзгъэукъон зыгу хэлъмэ сащыухъум.
5 ЗызшIошIыжьрэмэ
сэщ пае убытыпIэхэр агъэбылъыгъэх,
хъытыухэр къысфагъэIагъэх,
саубытынэу лъахъэхэр агъэтIылъыгъэх.
6 Сэ Зиусхьаным есIуагъ: О – уси Тхь;
къызэхэх, Зиусхьан, ситхьэлъэIу макъэ!
7 Зиусхьан, си Зиусхьан, сиухъумэкIо лъэш!
Танджым фэдэу,
сыкъэуухъумагъ заом игъом.
8 ЦIыф бзаджэм емыт зыкIэхъопсырэр,
Зиусхьан;
гухэлъ бзаджэу ышIыгъэр
къыдэмыгъэхъу, зышIошIыжьыщтышъ.
9 Сыкъэзыуцухьэрэмэ
абзэгу иIэягъэ ежьхэм атерэфэжь.
10 Атерэфэх ахэмэ мэшIо тэпхэр,
машIом хэрэфэх, тIокIэ куумэ адэрэфэх,
къадэмыкIыжьынхэу.
11 ЦIыф ябгэм иIоф
чIыгум къыщыдэрэмыхъу;
жъалымыгъэ зезыхьэрэм
ибзэджагъэ IэкIерэлъхь хьадэгъум.

12 СэшIэ, егъэзыгъэхэр
Зиусхьаным ихьыкум ыухыищтых,
тхьамыкIэмэ апае зэфагъэр
Ащ ыгъэпсыщт.
13 Арэу щыт!
Шъыпкъагъэ зыгу илъхэр къыпфэрэзэщтых,
гупцIанэхэр щыпсэущтых уапашъхьэ.

## Я 140-рэ Орэд

**Пчыхьэшъхьэ тхьэлъэIу**

*Даут иорэд*

1 Зиусхьан! О сыкъыоджэ, къыздэIэпыI;
садэжь къеужьыр, ситхьэлъэIу къызэхэх,
сыкъыуаджэ зыхъукIэ.
2 Мэ IэшIу гъэугъэм фэдэу,
ситхьэлъэIу уапашъхьэ къерэхь,
сIэхэр къызэрэпфэсIэтырэр
сипчыхьэ къурмэн фэдэу орэхъу.
3 Зиусхьан, сыбзэгу къэухъум,
сIупэ гъэсакъ.
4 ШIэпхъэджагъэ зезыхьэрэ цIыфхэм
сакIыгъоу
бзэджэшIэным зестынэу
сыгу сыдемыгъэхьых,
яешхэ-ешъошхо щыщ Iахь къысIорэмыф.

5 Серэгъэпщынэжь шъыпкъагъэ зиIэ цIыфым:
ар гукIэгъу, къычIерэгъэщ ащ симысагъэ:
ар сшъхьэ къемыгоон дэгъэ дэгъу,
сыда пIомэ ситхьэлъэIухэр
ябзэджэшIагъэхэм апэшIуекIох.
6 Ахэмэ япащэхэр,
бгы дысмэ къарадзыхыгъэхэу,
зэхэтэкъуагъэу зэхэлъых,
сигущыIэхэр зэрэшъыпкъэхэр алъэгъу.
7 ЧIыгур зэIабзыкIызэ,
тагъэтакъорэм фэд;
тэ ткъупшъхьэхэр
щымыIэжьымэ ядунае
ыжэпкъ къупшъхьэмэ атетакъох.
8 Ау О уадэжь, Зиусхьан,
Зиусхьан, сыкъэплъэ;
шъхьэегъэзыпIэу уадэжь сыкъэкIо,
гум сизакъоу сыкъимыгъан.
9 Сэщ пае агъэуцугъэ лъахъэмэ сащыухъум,
бзэджашIэхэм ялъахъи ары.
10 БзэджашIэхэр зырызхэу
арэрэфэжьых ялъахъэмэ,
сэ сашъхьарыкIызэ.

# Я 141-рэ Орэд

## Оры сишъхьэегъэзыпIэр

*Даут гъочIэгъым къыщиIогъэ тхьэлъэIур**

1 Сэ мэкъэшхокIэ зыфэсэгъазэ Зиусхьаным,
сымакъэкIэ тхьэлъэIу фэсэшIы сэ;
2 къыщесэIотыкIы Ащ ыпашъхьэ ситхьаусыхэ;
нафэ фэсэшIы сигухэкI.
3 Спсэ фэмылъэкIыжьы зыхъукIэ,
унаIэ О сигъогу къытеты.
Гъэбылъыгъэу ахэмэ сигъогу
лъахъэ къытырагъэуцуагъ.
4 Джабгъу лъэныкъомкIэ сэплъэ,
ау зыми сэ гу къыслъитэрэп;
шъхьэегъэзыпIэ сиIэжьэп,
зы цIыфи сыкъыридзэжьрэп.
5 Сыкъыоджэ О, Зиусхьан,
къэсэIо: «СэркIэ шъхьэегъэзыпIэр,
псэ зыпытмэ ядунай сытетыфэ,
сищыкIагъэр зэкIэ Оры».
6 СигухэкI макъэ къедэIу,
кIочIаджэ сыхъугъ;
сащыухъум сыкъезыфэкIрэмэ,
сэщ нахь кIочIэшхохэшъ ахэр.

* 141:0 Тхылъэу «Апэрэ Самуел» ия 22-рэ шъхьэ итхагъ.

7 ПцIэ щытхъу фэсшIыным пае,
сыкъычIэщыжь хьапсым.
Шъыпкъагъэ зиIэхэр,
шIугъэу къысфапшIэрэм пае,
къыщызэрэугъоищтых садэжь.

## Я 142-рэ Орэд

### Тхьэм иIэпыIэгъу пае тхьэлъэIу

*Даут иорэд*

1 Зиусхьан, ситхьэлъэIу къызэхэх;
уифэшъыпкъэныгъэкIэ силъэIу къедэIу;
шъыпкъэу уиIэмкIэ зыкъысфэгъаз.
2 Сэ сыуиIумэт. Хьыкум къыстемышIыхь,
сыда пIомэ псэурэмэ ащыщ
О уапашъхьэ хые щыхъущтэп.
3 Пыир сауж ит,
сигъашIэ чIыгум хищытIагъ;
бэшIагъэу лIагъэмэ афэдэу
шIункIым сыщыпсэунэу сишIыгъ;
4 Арышъ, гукIодыгъо чIыпIэ сит,
гоу сиIэри щтэм къыхэкIэу бзэмыIу.
5 Сыгу къэкIыжьых пэсэрэ мафэхэр,
сягупшысэ зэкIэ уиIофшIагъэхэм,
О пIэмэ ашIэгъэ Iофхэр
сыгукIэ сэ зэхэсэфых.

6 СIэхэр О къыпфэсэщэих;
чIыгоу псым фызэгоутрэм фэдэу,
спсэ къыпкIэхъопсы.
7 ШIэхэу зыкъысфэгъаз, Зиусхьан;
сыгу фэлъэкIыжьырэп;
хьадрыхэ кIожьырэмэ афэдэ сымыхъунэу,
унэгу сшIомыгъэбылъ.
8 УишIулъэгъу мыкIодыжь икъэбар
пчэдыжьым зэхэсэгъэх,
сыда пIомэ цыхьэ къыпфэсэшIы.
СызэрыкIон фае гъогур сэгъашI,
сыда пIомэ сэ сыгу О къыпфызэIусэхы.
9 Сипыймэ, Зиусхьан, саIэкIэх;
шъхьэегъэзыпIэу уадэжь сыкъэкIо.
10 ПшIоигъор згъэцэкIэнэу сыгъас,
орышъ си Тхьэр;
О уи Псэ ишIугъэкIэ
гъогу зэшъхьэ-зашъом сырыщ.
11 О пцIэ ихьатыркIэ, Зиусхьан, сыкъэгъэнэжь;
шъыпкъагъэу зепхьэрэмкIэ
къиныпIэм сыкъыхэщыжь.
12 МыкIодыжь шIулъэгъоу пхэлъымкIэ
сипыйхэр зэтеукIэх,
къыспэуцухэрэр зэкIэ гъэкIодых,
сэ сыуиIумэтышъ.

## Я 143-рэ Орэд

**Пачъыхьэм итхьэлъэIу**

*Даут иорэд*

1 Мыжъобгэу Зиусхьаным
щытхъу фэсэшIы,
сIэхэр – заом,
сIэхъуамбэхэр бэнэным
фэзыгъасэхэрэм;
2 Ежьыр ары
шIулъэгъу мыкIодыжь къысфэзышIырэр,
пытапIэу ыкIи ухъумапIэу сиIэр;
сыхэзыщыжьырэр, мэIоу къысфэхъурэр,
шъхьэегъэзыпIэу сиIэр,
цIыф лъэпкъхэр сфэIорышIэнхэу
Ащ сIэ къырелъхьэх.
3 Зиусхьан! Сыд лIэужыгъуа цIыфыр,
О ащ унаIэ тебгъэтынэу,
цIыфым ыкъори –
О ащ уегупшысэнэу?
4 ЦIыфыр жьыор макIэм яхьыщыр;
ащ имафэхэр
ныбжьыкъоу кIодыжьырэм фэдэх.
5 Зиусхьан! Уиуашъохэр къэукъощхи, къех!
АтеIабэри къушъхьэмэ,
ахэр зэлъиштэщтых Iугъом;

6 пчыкIэр къэгъэлыди,
уипыйхэр зэбгырыфых;
О уищэбзащэхэр тIупщыхэри,
ахэр зэбгырыфых.
7 ЛъэгапIэм пIэ къещэехи,
псыбэмэ сахэщыжьи, сыкъэгъэнэжь;
хымэ цIыфхэм саIэкIэхыжь,
8 мышъыпкъэр зыжэ къыдэкIхэу,
тхьэлъанэ ашIыми, пцIы зыусхэрэм.
9 Тхьэр, къыпфэсIощт орэдыкIэ,
пщынэтIаркъоу бзэпсишI зэрылъымкIэ
сэ орэд къыпфезгъэIощт.
10 О, пачъыхьэхэм текIоныгъэр язытырэм,
уиIумэт Даут къэзыгъэнэжьырэм,
чэтэ жъалымым щызыухъумэрэм.
11 Хымэ цIыфхэм саIэпыхыжь,
мышъыпкъэр зыжэ къыдэкIхэу,
тхьэлъанэ ашIыми, пцIы зыусхэрэм.
12 КъэкIыхэрэр яхэхъогъу уахътэм
Iужъоу зэрэзэхэкIыхьэхэу
ткъохэр орэхъух,
тпхъухэр – дахэу гъэчъыгъэ кIэсэнхэу
къэлэсэраймэ ахэтмэ афэдэхэу.
13 Тиконхэр орэушъагъэх,
лэжьыгъэу щыIэр арэрэз;
тимэлхэр шъэрэ-минрэ орэбагъох;
тихъупIэмэ минипшIыхэу ащэрэбагъох.
14 Тибылымхэр пщэры орэхъух,
хахъо ренэу ярэI,
гухэкI макъэ урамхэм атерэмыт.

15 Сыхьатмафэ ежьагъ
аущтэу зиIоф щыт лъэпкъыр.
Сыхьатмафэ ежьагъ цIыф лъэпкъэу
Зиусхьаныр Тхьэу зиIэр.

## Я 144-рэ Орэд

### Тхьэм ищынагъорэ ишIугъэрэ

*Даут ищытхъу орэд*

1 Сэ узгъэлъэпIэщт,
си Тхьэу, си Пачъыхь,
лIэшIэгъум лъэшIэгъур къыкIэлъыкIоу
пцIэ щытхъур фэсшIыщт.
2 Сыд фэдэрэ мафи узгъэлъэпIэщт,
лIэшIэгъум лIэшIэгъур къыкIэлъыкIоу,
пцIэ щытхъур фэсшIыщт.
3 Ины дэд Зиусхьаныр,
щытхъушхори ифэшъуаш,
Ащ иинагъэ зыфэдизыр
къызышIобгъэшIын плъэкIыщтэп.
4 Зы лIэужым адрэ лIэужым риIотэжьыщт
О уиIэшIагъэхэм ящытхъу;
уиIофышхохэм якъэбар зэлъашIэщт.
5 Сэ уиинагъэ ищытхъу лъагэрэ
уиIоф шIагъохэмрэ сягупшысэщт.

6 Iоф щынагъоу О зэшIопхыгъэмэ
ялъэкIышхо икъэбар къаIотэщт цIыфхэм,
сэри О уиинагъэ икъэбар зэлъязгъэшIэщт.
7 О зыфэдэ мыхъурэ шIугъэшхоу пхэлъыр
цIыфхэм арагъэIущт,
О шъыпкъагъэу пхэлъыри
гушIогъо орэдкIэ къаIощт.
8 Хьалэл, гукIэгъушI Зиусхьаныр,
шIэхэу мыгубжэу,
шIулъэгъу мыкIодыжь Ащ хэлъ.
9 ЗэкIэми афэшIу Зиусхьаныр,
Ащ къыгъэшIыгъэ пстэуми
афешIы гукIэгъу.
10 ЗэкIэ къэбгъэшIыгъэу псэ зыпытхэм
щытхъу къыпфашIыщт, Зиусхьан,
уищынагъо зыгу илъхэми уагъэлъэпIэщт.
11 Уитетыгъошхо ищытхъу икъэбар араIощт,
лъэкIыныгъэ инэу пхэлъыр къафаIотэщт –
12 лъэкI ин зыхэлъ уиIэшIагъэхэри,
щытхъу зыпылъэу
уитетыгъошхо зэрэинри
дунэе цIыфхэм ашIэным пае.
13 О уитетыгъошхо – егъэшIэрэ тетыгъу.
Уитетыгъуи лIэуж пстэуми ащыщыIэщт.
Зиусхьаныр игущыIэ пстэуми афэшъыпкъ,
зэкIэ иIофшIагъэхэм шIугъэшхо ахэлъ*.

* 144:13 Аужырэ сатыритIур ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэтэп.

14 Ебэджырэ пстэуми Зиусхьаныр акIэIэ,
къиным къыуфэгъэ пстэури
Ащ зыпкъ регъэуцожьы.
15 Къыпщыгугъэу зэкIэ къыоплъы,
игъом ахэмэ ашхын яоты.
16 ПIэ къызэкIэохышъ,
псэ зыпыт пстэуми
ящыкIагъэр яогъэгъоты.
17 Зиусхьаныр шъыпкъагъэ хэлъэу
зэкIэ игъогумэ атет,
иIоф пстэуми Ащ
фэшъыпкъэныгъэр ахэлъ.
18 Зыфэзыгъазэхэрэм,
гукъэбзагъэкIэ къеджэхэрэм
зэкIэмэ апэблагъ Зиусхьаныр.
19 Щынагъо фызиIэхэм
ящыкIагъэр афешIэ,
ягухэкI макъэ зэхехы,
къегъэнэжьых ахэр.
20 Зиусхьаныр шIу зылъэгъухэрэр
зэкIэ Ащ къеухъумэх,
Ащ цIыф бзаджэхэр
зэкIэ лъэпсэкIоды ышIыщтых.
21 СIупшIэмэ
Зиусхьаным ищытхъу къаIощт,
псэ зыпыт пстэуми
Ащ ыцIэ лъапIэ ищытхъу
гъэшIэным зырарэгъэIэт.

## Я 145-рэ Орэд

### Тхьэр зафэ

1 Зиусхьаным щытхъур ий.
Фэшl, спсэ, Зиусхьаным щытхъу.
2 СыщэIэфэ Зиусхьаным щытхъур фэсшIыщт;
спсэ хэтыфэ
Зиусхьаным щытхъу орэд къыфэсIощт.
3 Тетыгъо зиIэхэм цыхьэ афэшъумышI,
цIыфым ыкъоу
IэпыIэгъу хъун зымылъэкIыщтмэ.
4 ЫIпсэ хэкIышъ,
ащ ичIыгу Iахьэ егъотыжьы;
игухэлъхэр мэкIодыжьых а мафэм.
5 Сыхьатмафэ ежьагъ
Якъубэ и Тхьэ зиIэпыIэгъур,
Зиусхьанэу и Тхьэ щыгугъырэр,
6 уашъор, чIыгур, хыр –
зэкIэ ахэмэ ащыIэр къэзыгъэшIыгъэхэу,
фэшъыпкъэныгъэр гъэшIэным зыхэлъыр,
7 егъэзыгъэхэм яхьакъ языгъэгъотэу,
мэлэкIалIэмэ хьалыгъу язытрэр.
Зиусхьаным хьапсмэ адэсхэр
шъхьафит ешIыжьых;
8 нэшъухэр къегъэплъэжьых Зиусхьаным,
къиным ыуфагъэхэр

зыпкъ регъэуцожьых Зиусхьаным;
шъыпкъагъэ зиIэхэр Ащ шIу елъэгъух.
9 Афэсакъы хэхэсмэ Зиусхьаныр,
шъузабэм, ибэм адеIэ;
ау цIыф бзаджэхэм ягъогу
кIодыпIэм фегъазэ.
10 Цион, израиль лъэпкъ,
Зиусхьанэу уи Тхьэ,
ыIыгъыщт тетыгъор гъэшIэным,
лIэужым лIэужыр кIэлъыкIоу.
Зиусхьаным щытхъур ий!

## Я 146-рэ Орэд

**Тхьэу лъэкIыныгъэ пстэури зиIэм щытхъур ыдэжь**

1 Зиусхьаным щытхъур ий,
шIушъ ти Тхьэ щытхъу орэд къыфэтIоныр,
сыда пIомэ ар гуапэ –
тефэрэ щытхъур тIотэныр.
2 Зиусхьаным Ерусэлэм егъэуцужьы,
еугъоижьых Израиль рафыгъэхэр.
3 Зыгу кIодыгъэхэр Ащ егъэхъужьых,
ахэмэ ягухэкI-гукъаомэ яIазэ.
4 Жъуагъомэ япчъагъэ къыгъэнэфагъ;
ахэмэ цIэхэр Ащ афиусыгъ.

5 Ти Зиусхьан ин дэд,
ин дэд Ащ ыкIуачIи,
Ащ иакъыли гъунэнчъ.
6 ЛъэгукIэтын ашIыгъэ цIыфхэр
Зиусхьаным лъагэу еIэтых,
цIыф бзаджэхэр чIым щизы ешIых.
7 Зиусхьаным рэзэныгъэ орэдыр къыфашъуIу;
пщынэтIаркъомкIэ ти Тхьэ шъуфыдежъыу.
8 Ащ уашъом ошъуапщэхэр тырехъох,
ощхыр чIым пае къегъэхьазыры,
Iуашъхьэмэ уц къащегъэкIы.
9 Былымхэм ашхын ареты,
къолэжъым ищырхэу
IушкIашкIэхэрэр егъашхэх.
10 Шым ыкIуачIэп Ащ ыгу рихьырэр;
цIыфым ылъакъомэ япсынкIагъэп
Ар зэрыразэр;
11 Зиусхьаным ыгу рихьыхэрэр –
щынагъо Ащ фызиIэхэу,
ишIулъэгъу мыкIодыжь щыгугъхэрэр арых.

## Я 147-рэ Орэд

**Къыгъэхъугъэ пстэуми Зиусхьаным щытхъу фашIы**

1 Зиусхьаныр гъэлъапIэ, Ерусэлэм;
щытхъу фэшI, Цион, уи Тхьэ.

2 Сыда пIомэ уикъэлэпчъэ блыпкъхэр
Ащ егъэпытэх,
пкъохэу къыбдэпсэурэмэ ынэшIу къащефэ;
3 уипсэупIэмэ ащегъэпытэ мамырныгъэр;
коцышIукIэ уегъашхэ.
4 ИгущыIэ чIыгум къытыретIупщыхьэ;
псынкIэу зеубгъу Ащ ипсалъэ.
5 Цым фэдэу осыр къеты;
чъэпыр яжьэу къыретэкъохы.
6 Такъыр-такъырэу ошъур къетэкъу;
Ащ чъыIэу къышIырэр
хэт зыфэщыIэщтыр?
7 ИгущыIэ къытIупщыныщъ –
зэкIэри жъужьыщт;
ижьыбгъэ къыригъэпщэныщъ,
псыхэр къечъэжьэщтых.
8 Ащ игущыIэ Якъубэ къыреIо,
рихъухьагъэхэр, ыгъэнэфагъэхэр – Израиль.
9 Ащ фэдэ нэмыкI цIыф лъэпкъ горэми
Ащ фишIагъэп,
Ащ ыгъэнэфагъэхэри – ахэмэ ашIэрэп.
Зиусхьаным щытхъур ий!

## Я 148-рэ Орэд

**КъыгъэшIыгъэ пстэуми Тхьэм щытхъу фарэшI!**

*Зиусхьаным щытхъур ий*

1 Уашъохэм ащыIэхэр,
щытхъу фэшъушI Зиусхьаным.
Ошъогумэ ащыпсэухэрэр,
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI.
2 Шъущытхъу, зэкIэ Ащ имэлэIичхэр,
щытхъу фэшъушI Ащ, зэкIэ Ащ иошъогу
дзэхэр.
3 Щытхъу фэшъушI Ащ, тыгъэри мазэри,
шъущытхъу, зэкIэ лыдырэ жъуагъохэр.
4 Щытхъур фэшъушI Ащ, анахь ошъо
лъагэхэр,
псыхэу, уашъомэ анахьы лъагэхэр*.
5 Щытхъу фарэшI Зиусхьаным ыцIэ;
Ащ унашъо ышIи, ахэр къыгъэшIыгъэх;
6 егъэшIэрэу ахэр ыгъэуцугъэх,
амыукъон ихъухьагъэр къаритыгъ.
7 ЧIыгум щыIэхэр, щытхъу фэшъушI
Зиусхьаным,
псым хэс хьэкIэ-къокIэжъхэр, зэкIэ
куупIэхэр,

* 148:4 Ижъырэ цIыфхэм зэралъытэщтыгъэмкIэ, ошъо гъэIагъэм ыкIыIу псэу щыIэм оцхыр къыхэкIыщтыгъэу ары, еплъ: «УблапIэ» 1:6-7.

8 машIоу, ошъоу, осэу, пщагъоу, жьыбгъэшхоу,
Ащ игущыIэ зыгъэцакIэхэрэр,
щытхъу фэшъуşI!
9 Къушъхьэу щыIэхэм, Iуашъхьэхэм зэкIэ,
къызпыкIэрэ чъыгхэм, зэкIэ мэзхэм!
10 ХьэкIэ-къуакIэхэм, зэкIэ былымхэм,
цохъорэ-пшыхэрэм, быбыхэрэм!
11 ЧIыгу пачъыхьэмэ, зэкIэ цIыф лъэпкъхэм,
пщыхэм, чIыгум тетыгъо щызиIэхэм!
12 КIэлэ ныбжьыкIэхэм, пшъэшъэжъыехэм,
лIыжъхэм, шъэо Iэтахъохэм!
13 Зиусхьаным ыцIэ щытхъур фарэшI;
сыда пIомэ Ащ ыцIэ
зэкIэмэ анахь лъагэу Iэтыгъэ.
Ащ щытхъоу иIэр –
чIыгуми уашъоми ащыIэхэм
зэкIэмэ анахь ин.
14 Илъэпкъ Ащ кIуачIэ хилъхьагъ,
зэкIэ Зиусхьаным ищынагъо зыгу илъхэм,
израиль лъэпкъэу Ежь ыгу пэблагъэм
щытхъу фашIыным пае.
Зиусхьаным щытхъур ий!

# Я 149-рэ Орэд

## Щытхъу орэд

*Зиусхьаным щытхъур ий*

1 ОрэдыкIэ Зиусхьаным къыфашъуIу:
Зиусхьаным ищынагъо зыгу илъхэм
язэIукIэ
Ащ щытхъур щыфарэшI.
2 Ар къэзгъэшIыгъэм ихьатыркIэ
Израиль орэгушIу;
Цион ицIыфхэр я Пачъыхьэ пае орэгушIох.
3 Ащ щытхъу фэшъушIынэу шъукъашъу;
тимпанымрэ пщынэтIаркъомрэкIэ
орэд къыфашъуIу.
4 Сыда пIомэ ицIыф лъэпкъ
Зиусхьаныр щэгушIукIы,
пэгагъэ зыгу имылъхэм
текIоныгъэр къыдарегъэхы.
5 Ащ ищынагъо зыгу илъхэм арэгъэмэфэкI,
текIоныгъэр къыдахыгъэу,
гушIохэзэ, орэд къарэIу
ятIысыпIэмэ атесхэу.
6 Ахэмэ Тхьэм фашIырэ щытхъушхор
абзэгу терэлъ,
арэIыгъ чэтэ бгъуитIуцэри,

7 цIыф лъэпкъмэ
Тхьэм атыришIыхьэгъэ хьыкумыр
агъэцэкIэнэу,
агъэпщынэнхэу цIыфхэр,
8 ахэмэ япачъыхьэхэр апхынхэу пшъэхъукIэ,
гъучI Iэхъу-лъэхъу атыралъхьанэу
яцIыф цIэрыIохэм.
9 Тхьэм афиухэсыгъэ хьыкум афашIынэу.
Мы шъхьэкIэфэныгъэр –
зэкIэ Ащ ищынагъо зыгу илъхэм яй.
Зиусхьаным щытхъур ий!

## Я 150-рэ Орэд

### Аужырэ щытхъу орэд

1 Зиусхьаным щытхъур ий!
ЧIыпIэ лъапIэм Тхьэм щытхъур
щыфэшъушI;
Иошъо гъэIагъэ щыIэу щытхъур Ащ
фэшъушI.
2 ИIофышхо гъэшIэгъонхэм апае щытхъу
фэшъушI,
зэкIэ щыIэмэ анахь зэрэиным пае
щытхъу фэшъушI.

3 Бжъэмые мэкъэхъухэм шъуяпщэзэ,
бзэпспщынэмрэ пщынэтIаркъомрэ
къяжъугъаIозэ,
щытхъур фэшъуIуат.
4 ШъонтырыпIым шъутеозэ, шъукъашъозэ,
бзэпсырэ сырынэрэкIэ шытхъу фэшъушI.
5 Щытхъу фэшъушI пхъэкIыч* жъынчхэмкIэ,
пхъэкIыч мэкъэшхомкIэ шъущытхъу.
6 Жьы къэзыщэрэр зэкIэ
Зиусхьаным щэрэтхъу!
Зиусхьаным щытхъур ий!

---

* 150:5 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтымкIэ, гъучIым хэшIыкIыгъэ музыкальнэ Iэмэ-псым.